**SAMARQAND MÁMLEKETLIK VETERINARIYA MEDICINASÍ, SHARWASHÍLÍQ HÁM BIOTEXNOLOGIYALAR UNIVERSITETI NÓKIS FILIALÍ**

**"Ekonomika  hám gumanitar pánler" kafedrası**

**JAMALOV NURLAN YUSUPOVICH**

# FILOSOFIYA PÁNINEN

**Metodikalıq  qollanba**

NÓKIS
«NUR TURAN PRINT»
2025

**UOK 31(072)**
**KBK 87ya73**
**J 41**

**Jamalov, N.Yu. Filosofiya** [Tekst] : metodikalıq qollanba / N.Yu. Jamalov ; redaktor Sh. Tursinbaeva .- Nókis: Nur turan print, 2025.- 156 b.

Bul metodikalıq qollanba házirgi kúndegi aktual mashqalalar, filosofiya túsiniginiń kelip shıǵıwı, filosofiyanıń qáliplesiwiniń tiykarǵı basqıshları, dúnyaǵa kózqarastıń intellektuallıq, emocional hám psixikalıq tiykarları. Dúnyaǵa kózqarastıń dúzilisi. dúnyaǵa kózqarastıń tariyxıy formaları mif, dinge sıyınıw hám filosofiya. filosofiyanıń predmeti jáne onıń ózgeriwsheń xarakteri. filosofiyanıń funkciyaları, filosofiyanıń jámiyettegi roli yamasa ámeliy filosofiya. filosofiyanıń dóretiwshilik xarakteri. Házirgi dáwirde milliy filosofiyanı rawajlandırıw hám xalıqaralıq baylanıslardı shólkemlestiriwdiń áhmiyeti. pán rawajlanıwına tiyisli jantasıwlar prezentizm hám áyyemgi varizm, eksternalizm hám internalizm, stsientizm hám antistsientizm haqqındaǵı túsiniklerdi ózinde jámlegen. Metodikalıq qollanba joqarı oqıw orınları studentleri ushın arnalǵan.

**Pikir bildiriwshiler**:

A.Embergenov - Ájiniyaz atındaǵı NMPI "Magistratura bólim" baslıǵı filosofiya ilimleriniń kandidatı (PhD)

J.Biyimbetov - Berdaq atındaǵı QMU "sociallıq pánler" kafedrası oqıtıwshısı docent w.a.

P.Xojalepesov-"Ekonomika hám gumanitar pánler" kafedra baslıǵı doc.w.a., e.i.f.d (PhD).

SamMBMShBUNF ilimiy Metodikalıq keńesinde 2025-jıl 23-may bayanlaması menen baspaǵa usınıs etildi.

**ISBN 978-9910-657-95-5**

**© JAMALOV, N.YU., 2025**
**© «NUR TURAN PRINT», 2025.**

## 1-TEMA. FILOSOFIYANÍŃ MÁNISI HÁM JÁMIYET RAWAJLANÍWÍNDAǴÍ ROLI

### Reje

1. Filosofiya pániniń predmeti hám filosofiyalıq bilimniń xarakteristikası.
2. Filosofiyanıń tiykarǵı máselesi hám tiykarǵı filosofiyalıq baǵdarlar.
3. Filosofiyanıń jámiyettegi roli.

Filosofiya sózi greksheden awdarǵanda «danıshpanlıqtı jaqsı kóriw» degendi ańlatadı. «Filosofiya» termininiń ózi filosofiyadan hám filosoflardan keyin payda bolǵan. Antik dáwirdegi filosofiya tariyxshısı Diogen Laertskiydiń (b.e.sh. II ásirdiń aqırı III ásirdiń bası) kórsetiwinshe Pifagor filosoflar kimler? degen sorawǵa «Ómir misli oyın ushın jıyınǵa megzes: birewler oǵan jarısıwǵa, taǵı birewler sawda islewge, al eń baxıtlıları qarawǵa keledi, ómirde taǵı birewler qullarǵa uqsap, dańqqa, tegin payda túsiriwge qumar ashkóz bolıp tuwılsa, filosoflar tek shınlıq izlewge keledi.» dep juwap qaytarǵan (*Diogen Laertskiy O жизнь,учениях и изречениях знаментих философов M. , 1979. St. 334*)**.**

Álbette búgingi kúni danıshpanlıqtı, oǵan muhabbattı, shınlıqtı izlewdi tek filosofiyanıń monopoliyasına aynaldırıw natuwrı bolǵan bolar edi. degen menen «filosofiya degen ne» degen sorawǵa juwap beriw filosofiya boyınsha arnawlı bilim alǵan diplomı bar adamlar ushın da ańsat emes. Neniń filosofiya emes ekenligin anıqlaw jeńil**:**

Máselen, filosofiya DNKnıń strukturasın anıqlaw menen shuǵıllanbaydı, differenciallıq teńlemelerdi sheshpeydi, jırtqısh haywanlar onıń izertlew obyekti emes h.t.b.

Filosofiyanıń ózin-ózi anıqlaw máselesindegi natıqlıq jańasha dáwir filosofiyası ushın xarakterli. Sebebi, kóplegen filosofiyalıq mektepler, baǵdarlar payda boldı. Onıń ústine áyyemgi dáwir yamasa orta ásir filosofları pikirlerdiń hár túrliligine qaramastan filosofiyanıń predmetlik tarawınıń belgili shegarasın usladı (máselen, filosofiya bolmıstıń birinshi baslaması haqqındaǵı ilim).

Al XX ásir filosofları «filosofiya ne?» degen sorawǵa juwap bergende, sonshelli bir-birinen ayırmashılıqqa, parıqqa iye, gáp bir predmet tuwralı bolıp atırǵanına da gúmanlanasań. . .

Filosofiyanıń predmetin anıqlawdaǵı qıyınshılıq tiplik dárejede bolǵanı sonshelli dárejede, Batıs filosoflarınıń biri X. Mor filosofiyaǵa baylanıslı situaciyanı bılay sıpatlaydı**:** **«**Filosofiya**»** sózi arqalı biz neni túsinemiz, bunı anıqlaw hár qashan qıyın boladı, biraq XX ásirdiń aqırında filosofiyanı anıqlawdıń qıyınlıǵı sonshelli ósti, olardı boldırmaw múmkin bolmay baratır. (Qarańız**:** *Oyzerman P. I. Проблемй историко - философской науки М., 1982 s. 57).*

Shınında da filosofiyanıń definiciyası júdá kóp. Máselen, T.Gobbs onı «Durıs pikirlewdiń járdeminde biliwge erisiw» dese, Gegel, «predmetlerdi oysha qaraw», L. Feyerbax «bar nárseni tanıp biliw» dep keń mánisti názerde tutsa, L. Vitgenshteyn «oylardıń logikalıq anıqlanıwı», V. Videlband «ulıwma minnetli bahalaw tuwralı ilim» dep tar mániste qollanadı.

Ádette, filosofiyanıń predmetlik tarawınıń anaw ya mınaw anıqlaması ulıwma filosofiyanıń emes, al sáykes filosofiyalardıń ózin-ózi anıqlawı bolıp tabıladı. Durıs, filosoflardıń kópshiligi álbette óz filosofiyasın haqıyqıy, shınlıqqa iye adekvat filosofiya dep esaplaydı. Biraq filosoflar tárepinen beriletuǵın bul predmettiń anıqlamalarına bul anıqlamalardıń sol dáwirdiń jetekshi, belgilewshi mashqalaları menen baylanısın kóriw múmkin. Bul, álbette paradigmal xarakterge hám filosofiyanı túsindiriwde belgili konkret-tariyxıylıqqa iye.

Soraw payda boladı: Filosofiyanı anıqlaw ulıwma múmkin be? degen. Bul sorawǵa juwap dógereginde de filosoflar bir-birinen ajıralıp turadı. Máselen, Gegeldiń (1770-1831) pikirinshe konkret filosofiyalar bir ǵana qubılıstıń-jerjúzilik filosofiyanıń basqıshları, qáliplesiw hám rawajlanıw momentleri. Basqa bir filosoflardıń pikirinshe tariyxıy-filosofiyalıq process-bul konkret filosofiyalardıń tariyxı, al filosofiyanıń tariyxı tutas hám rawajlanıwshı qubılıs sıpatında bolmaydı. Bunnan juwmaq: konkret filosofiyanıń predmetin, máselen, Aristoteldiń filosofiyasınıń yamasa analitikalıq filosofiyanıń predmetin anıqlaw múmkin. Ulıwma filosofiyanıń predmeti anıqlanbaydı.

Biraq qarapayım empiriyalıq faktke súyensek, mınanı ańlaymız. Ózlerin filosoflarǵa kirgiziwshilerdiń qay qaysısı da ózleriniń filosofiya menen shuǵıllanıp atırǵanına gúmanlanbaydı. Óziniń qarsılaslarına qanday yarlık taqsa da olardıń da filosofiya menen shuǵıllanatuǵınlıǵı biykarlanbaydı. Demek filosoflardıń shuǵıllanıp atırǵanında sonday bir nárse bar, bul olardıń ózlerin filosoflarmız dep atawǵa, jumısı filosofiya ekenligine tolıq tiykar bar. Meyli olar filosofiyanı - pikirdiń logikalıq analizi desin, ya bolmıstıń birinshi baslaması haqqında táliymat desin, ya málim tájiriybege kritikalıq bahalaw aq dey qoysın, báribir aytılǵan ulıwmalıq tiykar bar. Meyli olar filosofiyanı pikirdiń logikalıq analizi degeni, ya bolmıstıń birinshi baslaması haqqında táliymat desin, ya málim tájiriybege kritikalıq bahalaw-aq desin, báribir aytılǵan ulıwmalıq tiykar bar.

Solay eken, filosoflardı, olar Kantshılarǵa tiyisli me, ekzistencialistler me, ya pozitivshılar ma, ne birlestiredi degen sorawǵa juwap izlew kerek boladı. Bul sorawǵa juwap beriw ushın, demek «filosofiya degen ne?» degen sorawǵa juwap beriw ushın filosofiyanıń sapalıq, tiykarǵı belgilerin, ol atqaratuǵın funkciyalardı anıqlaw zárúr.

Filosofiyanıń tiykarǵı belgileriniń basında onıń dúnyaǵa kózqarası turadı. Qálegen filosofiya adamnıń dúnyaǵa anaw ya mınaw qatnasın bildirip, onıń dúnyaǵa kózqarasın ańlatadı. Basqasha aytqanda filosofiyanıń predmetlik oblastı dúnya-adam sisteması.

Dúnyaǵa kózqaras − bul adamnıń ózin qorshap turǵan dúnyaǵa hám bul dúnyadaǵı adamnıń ornına baylanıslı kózqaraslarınıń jıyındısı. Dúnyaǵa kózqarastıń tiykarǵı máselesi − bul «Men» menen (ya) «Men emestiń» (ne-ya) arasındaǵı baylanıs, demek subyekt penen subyektke baylanıslı sırtqı dúnyanıń qatnası.

Qálegen dúnyaǵa kózqarastıń strukturasına bilimler, bahalaw, isenimler, diniy isenimler kiredi. Dúnyaǵa kózqaras hár túrli formada kúndelikli mifologiyalıq, diniy, kórkemlik hám ilimiy pikirlerde boladı. Dúnyaǵa kózqaras individuallıq sananıń jámiyetlik sananıń faktı bola aladı. Máselen, mifologiyalıq dúnyaǵa kózqaras tuwralı aytqanda, dúnya tuwralı konkret individtiń kózqarasları emes, áyyemgi dáwirdiń kollektivlik kózqarasların názerde tutamız. Usı sebepli dúnyaǵa kózqaras individtiń, sociallıq topardıń (diniy, milliy, jasqa baylanıslı, jınısına, professionallıq ózgesheliklerine h.t.b. baylanıslı), mámlekettiń, jámiyettiń dúnyaǵa kózqarası boladı.

Sonday-aq filosofiya bul teoriyalıq oylawdıń forması. Dúnyaǵa kózqarastıń kúndelikli, diniy-mifologiyalıq, kórkemlik tiplerine qaraǵanda filosofiyalıq dúnyaǵa kózqaras teoriyalıq formada ómir súredi. Filosofiya sanalı túrde aldına belgili mashqalalardı qoyıp, olardı arnawlı engizilgen hám islenip shıǵılǵan túsinikler (kategoriyalar) hám metodlardıń járdeminde belgili principlerdiń tiykarında sheshedi.

Filosofiya teoriyalıq xarakterge iye. Jáne de ol ulıwma teoriyalıq oylawdıń tariyxıy jaqtan birinshi forması bolıp tabıladı.

Filosofiya payda bolǵan dáwirden baslap-aq tájiriybege (empiriyalıq bilimlerge, ámeliy kónligiwlerge, dástúrlerge) zatlardı teoriyalıq qarawdı qarsı qoydı. Bul logikaǵa hám dálillewge, kúndelikli pikirlerge kritikalıq qatnasqa tiykarlanıp, oy juwmaǵınıń járdeminde qubılıslardıń tereń mánisin ashıwǵa qaratılǵan. Antik dáwir filosofları tájiriybe (jeke zatlar tuwralı bilim) hám ilim (ulıwmalıq sebep, baslama tuwralı bilim) niń parqın ajıratıp kórsetti. Birinshi baslama hám sebeplerdi biliwge antik dáwir filosofları dıqqat awdardı. Antikalıq filosofiya sıpatlaw menen túsindiriwdiń ayırmashılıǵın anıq túrde túsindirdi. Máselen, áyyemgi

grek filosofı Aristotel (b.e.sh. *384-322*) bılay jazdı: «tájiriybege iyeler «ne ekenligin biledi», «ne sebep ekenligin bilmeydi, demek sebepti bilmeydi». (Aristotel. Сочинения T. 1. s. 66).

Dúnyanıń dástúriy diniy mifologiyalıq kartinası menen ǵana sheklenip qalǵan adamlardıń kópshiligi menen salıstırǵanda eń áyyemgi filosoflar hár túrli tábiyiy, sociallıq proceslerdiń hám qubılıslardıń payda bolıw hám ótiw nızamlıqların hám sebeplerin racionallıq dárejede túsiniwge hám túsindiriwge umtıldı. Filosoflardıń názerine ilingen hámme nárse -kún, ay, juldızlar, aspan jaqtırtqıshlarınıń tutılıwı, jıldıń waqtınıń almasıwı, muzıkalıq instrumentlerdiń qurılıs, haywanlardıń hám adamlardıń kelip shıǵıwı, dáryalardıń tasıwı, mámlekettiń siyasiy dúzilisi h.t.b. - bulardıń barlıǵı filosofiyanıń (teoriyalıq oylawdıń) predmeti boldı. Sonıń ushın da Gegel filosofiyanı bılay túsindiredi: «Filosofiya aldın ala predmetlerdi oyda sáwlelendiriw».(*Gegel Soch. M.,1929 T.1.s.18*). Filosofiya teoriyalıq dúnyaǵa kózqaras bolǵanlıqtan logikalıq sistemalasqan dúnyaǵa kózqaras boladı. Basqasha aytqanda, ol dúnyaǵa, adamǵa kózqaraslardıń ápiwayı jıyındısı emes, al racionallıq-logikalıq usıl menen qurılǵan kategoriyalardıń sisteması.

Sonday-aq, filosofiya teoriyalastırıwdıń eń joqarǵı forması. Bul mınalarda kórinedi. Birinshiden, filosofiyanıń predmetiniń óziniń keńligi menen baylanıslı. Bilimlerdiń birde-bir tarawı, ya bolmıstıń sferası filosofiyanıń predmetlik oblastına baylanıslı aspektlerge iye emes. Sonıń ushın da tábiyattanıwdıń, siyasattıń, huqıqtıń h. t. b filosofiyalıq mashqalaları  tuwralı aytamız.

Ekinshiden, hár túrli qubılıslar hám procesler filosofiyada júdá joqarı ulıwma dárejedegi sıpatlawǵa hám túsindiriwge iye. Filosofiyanı hámme nárse emes, al eń aldı menen ulıwmalıq, universallıq qızıqtıradı.

Úshinshiden, filosofiya bir nárseni izertlep qoymaydı, sonıń menen birge bunı izertlewdiń sharayatların, jolın filosofiyanıń predmeti ete aladı. Filosofiya biliwdiń hám ámeliyattıń universallıq principlerin izertley otırıp, ǵalaba metod hám metodologiyada bola aladı.

Adamzat óziniń praktikalıq hám biliw iskerliginde qanday jollar, priemlar, usıllar arqalı anaw ya mınaw nátiyjege erise alatuǵınlıǵı

haqqında oylanbawı múmkin emes  Aqırı, adamzat iskerliginiń ózi-aq maqsetke muwapıqlıǵı menen universallıq belgini metodikalıqtı talap etedi. Basqasha aytqanda, adamzat ómirinde hár túrli wazıypalardı (kúndelikli, teoriyalıq, pedagogikalıq, texnikalıq hám basqalar) sheshiw ushın qollanatuǵın ulıwmalastırılǵan priemlar, usıllar hám principlerdiń jıyındısı metodlar boladı.

Ádette ádebiyatta jeke ilimiy, ulıwma ámeliy hám ǵalaba metodlar dep bóliw bar. Sońǵısına filosofiyanı, filosofiyalıq metodtı kirgizedi. Ne sebep filosofiyanı ǵalaba metod dep ataymız ?

Birinshiden, jeke ilimiy hám ulıwma ilimiy metodlar menen tikkeley ilimge qatnaslı bolsa, filosofiya óziniń metodologiyalıq tásirin kórkem ónerge hám siyasatqa  tiygizedi.

Ekinshiden, filosofiyalıq metodlar praktikalıq metodlardan hám biliwdiń metodlarınan adamnıń hám praktikalıq iskerligin hám biliw iskerliginde óz ishine aladı.

Filosofiya tek metod emes, metodologiya da boladı. Demek ol biliw hám ámeliy iskerlikti shólkemlestiriw hám qurıwdıń principleri usıllarınıń sisteması hám usı sistema tuwralı táliymat boladı.

Filosofiyanıń ramkasında biliw hám oylawǵa baylanıslı principial áhmiyetke iye metodlar islep shıǵılǵan. Aristoteldiń logikasın mısalǵa alayıq. Ol XVIII ásirge shekem haqıyqıy bilimlerge erisiwde universal metod sıpatında esaplandı. F. Bekonnıń eksperimentallıq (tájiriybelik-induktivlik) metodı, R. Dekarttıń deduktivlik-racionallıq metodı, Gegeldiń dialektikalıq metodı h.t.b.

Filosofiyanıń metodologiyalıq funkciyası, onıń dúnyaǵa kózqaraslıq funkciyası menen ajıralmas baylanısta. Bul degen sóz, filosofiyada qáliplesetuǵın  dúnyaǵa kózqaraslıq kartinası basında metodologiya da bola aladı. Sebebi adamlardıń oyına hám minez qulqına, iskerliginiń hár qıylı sferasına (ilim, dóretiwshilik, siyasat h.t.b.) tásir etedi.

Solay etip, filosofiya óziniń metodologiyalıq funkciyasın ámelge asıra otırıp, ol oylawdıń hám minez-qulıqtıń, iskerliktiń qáliplesiwinde tikkeley qatnasadı. Bul usıllar sonday faktorlar boladı, onda hárbir

tariyxıy dáwir ózin kórsetip, sáwlelendire aladı. Onıń ústine hárbir filosofiyalıq sistema óz dáwiriniń tuwındısı. Sonıń menen birge sol dáwirdiń mánisin hám tiykarǵı tendenciyaların sáwlelendiredi. Filosofiya óziniń mashqalalarında hám túsinik apparatında adamzattıń toplanǵan praktikalıq hám biliw tájiriybesin sintezleydi, sistemalastıradı. Basqasha aytqanda, filosofiya óziniń problematikasında hám kategoriyalıq dúzilisinde ulıwmalastırılǵan, teoriyalastırılǵan formada bolmıs penen sananıń tereń, tiykarlıq proceslerin sáwlelendiredi.

Sonday-aq filosofiya aksiologiyalıq qásiyetke de iye. «Dúnya-adam» sistemasın túsiniw ushın filosofiya onda bolıp atırǵan proceslerdi tek «haqıyqat», «shınlıq» kózqarasınan emes, al, «iygilik», «jaqsılıq», «jamanlıq» poziciyasınan da, «payda», «sulıwlıq» h.t.b. poziciyalarınan da bahalaydı. Bul filosofiyanıń dúnyaǵa kózqaras tábiyatınan kelip shıǵadı. Bul dúnya hárqashan «adamlar menen tolı». Bul degen sóz, filosofiya dúnyanı tanıp bilip ǵana qoymaydı. Oǵan baha beriw sisteması kózqarasınan bahalaydı da. Filosofiya óziniń aksiologiyalıq funkciyasın «Dúnya jetilgen be?», «Bul dúnyada neni ózgertiw múmkin», «Bul dúnya qanday bolıwı kerek» degen sıyaqlı sorawlardı qoya otırıp, ómir súrip turǵan menen bolıwı miynettiń arasındaǵı qarama-qarsılıqtı ashadı. Filosofiya sın. Ol bolıwı tiyis máseleni qaray otırıp, adamzat idealdı izlewge, bolmıstıń garmoniyasına umtıladı.

Dúnyanı ideallıq (bolıwı tiyis) kózqarasınan bahalay otırıp, onı sın prizması arqalı ámelge asıradı. Filosofiya óziniń birinshi adımın gúmannan baslaydı. Bul filosofiyanıń filosofiyaǵa deyingi (kúndelikli, mifologiyalıq, diniy) kózqaraslardan ayırmashılıǵı.

Turaqlasqan pikirlerge birinshilerden bolıp gúmanlanıp qaraǵan Sakrat (b.e.sh. 470-399-jıllar). Ol**:** «Men hesh nárseni bilmeytuǵınımdı bilemen» degen edi. Sakrat adamlar menen básekige túse otırıp, soraw-juwap jolı menen sáwbetlesleriniń pikirleriniń sayızlıǵın ashadı hám olardı absolyut shınlıq dep qabıllamastan tek olardıń ózleriniń pikirleri ekenligi ekenligin moyınlatadı.

Jańa dáwir ullı filosofları (F. Bekon, R. Dekart, I. Kant) gúman hám sındı ózleriniń ayrıqsha izertlewiniń predmeti etti. Filosofiya bir nársege baylanıslı áytewir gúmanlana bermeydi, al sınǵa da aladı. Dúnyaǵa kózqaras bola otırıp, dúnyaǵa kózqarastıń hámme komponentlerin (bilimler, wazıypa, minnet) tolıq sınǵa aladı. Sonlıqtan hámme waqıtları filosofiya bılay deydi: «Hámmesin bilemen be?», «Tolıq, tiykarınan minnetlimen be?», «Tiykarınan men isenemen be?»

Dúnyaǵa kózqarastıń baslamasına gúmanlana otırıp, filosofiya onı sınǵa alıwǵa ótedi. Sóytip filosofiya óziniń kritikalıq funkciyasın ámelge asıra otırıp, ómir súrip turǵan reallıqtı da sınǵa aladı hám jańa kózqarastıń payda bolıwı ushın sharayat jasaydı. Haqıyqıy bar bolmıs hám oylawdı kritikalıq jaqtan analizley otırıp, gúman payda boladı hám filosofiya sananıń qáliplesiwine sharayat jasaydı. Tradiciyalıq jámiyetlerde (ózgermeytuǵın burın ornaǵan kanonlarǵa tiykarlanǵan), sonday-aq basqarıwdıń demokratiyalıq emes usıllarına tiykarlanǵan jámiyetlerde (totalitarlıq, avtoritarlıq hám soǵan uqsaǵan rejimler) oylawdıń kritikalıq baǵdarlanıwı bunday oylawdı alıp keliwshiler ushın jiyi-jiyi qáwipli boladı. Bunday jámiyetlerde bahalısı - tıńlaw hám atqarıw. Dóretiwshilik hám kriticizmge húkim súriwshi ideologiyanı, bahalawdı hám dúnyaǵa kózqaraslıq orientaciyalarda ózgermeytuǵınday jaǵdayda ǵana ruqsat etiledi.

Sınǵa alatuǵın oylawdı nigilizmnen hám kritikashılıqtan ajıratıp qaraw kerek. Sońǵısı oylaw mádeniyatınıń tómenligi. Filosofiyalıq kritika – bul hámme waqıt analiz, predmetti, logikasın hám rawajlanıw dinamikasın tereń túsiniw bolıp tabıladı.

Filosofiya boljaw hám proektlewde. Dáwirdiń rawajlanıwınıń dinamikasın sáwlelendirip hám teoriyalıq oylawdıń metodın qollana otırıp, bar procesti kostataciyalap otıra bermeydi al, alǵa háreket etedi. keleshektiń scenariyin jasaydı, múmkin dúnyalardı jasaydı. Sonıń óziniń boljaw, proektlew hám eristikalıq funkciyaların ámelge asıradı.

«Hár túrli dúnyanı» jasay otırıp, filosofiya «polivalentlik» oylawdıń rawajlanıwına múmkinshilik beredi. Bul adam bolmısınıń erkinliginiń sharayatlarınıń biri.

Solay etip, filosofiya bir waqıtta dúnyaǵa kózqaras, teoriyalıq oylaw, metod hám metodologiya, tariyxıy procestiń ózin-ózi ańlawı, aksiologiya, sın, proektlew hám boljaw bola aladı. Usıǵan sáykes filosofiyaǵa dúnyaǵa kózqaras, gnoseologiyalıq, metodologiyalıq, sintetikalıq, aksiologiyalıq, kritikalıq, boljaw, proektlew hám evristikalıq funkciyalar tán. Filosofiyanıń hár túrliligi funkciyalarınıń ashılıwı menen onıń predmetlik oblastın anıqlaw múmkin. Filosofiyanıń predmetlik oblastı «dúnya-adam» sisteması**.** Biraq filosofiyanı bul sistemada hámmesi hám dúnyaǵa qálegen qatnas qızıqtırmaydı. Óziniń teoriyalıǵına hám sheksizligine, keńligine muwapıq filosofiya eń aldı menen dúnya-adam» sistemasındaǵı ǵalaba, universal qatnaslarǵa baǵdarlanǵan. Bular antologiyalıq, gnoseologiyalıq, aksiologiyalıq hám praksiologiyalıq qatnaslar.

Solay etip, filosofiya bul jámiyetlik sananıń ayrıqsha forması, teoriyalıq dúnyaǵa kózqarastıń túri, onda ulıwmalastırılǵan formada kategoriyalardıń belgili sistemalarınıń járdeminde adamnıń dúnyaǵa universallıq qatnasları (antologiyalıq, gnoseologiyalıq, aksiologiyalıq, praksiologiyalıq) sáwlelenedi. Adamzat mádeniyatınıń jetiskenlikleri sintezlenedi. (*Alekseev V. P. Предмет, структура й функсий диалектического материализма. M. , 1982. Oyzerman T.I. Проблеми историко-философской наукы. M, 1982*)**.**

Filosofiyalıq mashqalalardıń principiallıq ayırmashılıǵı sonda olar eki túrli xarakterge iye. Bir tárepten, olar waqıttıń hárbir tariyxıy aralıǵında konkret-tariyxıy formaǵa iye. Ol sol dáwirdiń ózgeshelikleri menen belgilengen. Máselen, orta ásir mádeniyatında dinniń húkimdarlıǵın bildirdi hám soǵan sáykes filosofiyalıq máselelerdi belgiledi.

XVII-XVIII ásirlerde birinshi orınǵa mexanika shıǵadı hám sol dáwirdiń filosofiyasınıń ayırmashılıǵın belgiledi. Sebebi, filosofiyalıq mashqalalardıń mexanistlik kózqaraslar prizmasınan qaraldı.

Ekinshi tárepten, filosofiyalıq máseleler bolmıstıń tiykarǵı máselelerin qaraǵanlıqtan, olar «máńgi» mashqalalar toparına kiredi.

Filosofiyalıq mashqalalardıń «máńgiligi» sonda, olar birden hámme waqıt hám hámme áwladlar ushın sheshilmeydi. Hárbir tariyxıy dáwir ushın, adamlardıń áwladları ushın bul mashqalalar jańadan qoyıla beredi. Máselen, haqıyqıy bilimge jetisiw hám bahalaw mashqalası. Hár qıylı dáwirde olar hár túrli mazmunǵa iye boldı. Olar adamnıń dúnyaǵa fundamentallıq, universallıq (biliw hám bahalaw) qatnasların bildire otırıp, hámme waqıt adamzattıń aldında jańa kóriniste boldı. Biliwdiń tábiyatınıń sheksizligi sebepli hám progrestiń sheksiz múmkinshiliklerine baylanıslı adamzat mudamı tınıshlıqqa jetiwdiń jolların jetildiriwge, jańa ideyalardı izlewge umtıladı, jańa hám góne bahalaw tuwralı sorawlarǵa  juwap izleydi.

Filosofiyanıń tiykarǵı quralı (metodı) teoriyalıq oylaw. Filosofiya óz arsenalında ya ximiyalıq reaktivlik mikroskoplarǵa ya teleskoplarǵa iye emes, onıń quralı abstrakciyanıń kúshi.

Jańa dáwirge deyin filosofiya faktologiyalıq hám eksperimentallıq bazaǵa iye bolǵan joq. Sonıń ushın filosofiyada tiykarǵı usıl oy juwırtıw (umozrenie) boldı. Empiriyalıq bazanıń jarlılıǵınan filosofiyalıq oy juwırtıw (umozrenie) baqlaw hám eksperimenttiń faktları menen ilimiy tastıyıqlanbaytuǵın logikalıq qurılmalarǵa qurılǵan edi. Filosofiyalıq oy juwırttırıwdıń ramkasında oysha eksperiment, ekstrapoliaciya, idealizaciya h.t.b. qollanıldı. Oy juwırtıwdıń kómeginde materianıń atomlıq hám molekulalıq qurılısı, onıń ózinshe rawajlanıwı tuwralı h.t.b. áhmiyetli jorıwlar boldı. Filosofiyalıq biliwdiń taǵı bir quralı - intellektuallıq intuiciya. Interpretaciya hám filosofiyalıq biliwdiń áhmiyetli quralı.

Dúnyanı biliwge baǵdarlanǵan oylawdıń qálegen forması óziniń rawajlanıwınıń belgili etapında ózin-ózi belgilew mashqalasına tap boladı. Bul ózin-ózi belgilewde hárqashan tiykarǵını onıń kórinisiniń ayrıqsha formalarınan ajıratıw, belgilewshini belgileniwshiden, tiykarǵını baǵınıwshıdan ajıratıw procesin ótedi. Aytayıq, matematikaday áyyemgi hám qatań ilim óziniń predmetlik oblastı boyınsha tiykarǵı máseleleri boyınsha diskussiyanı talap etpeydi.

XX ásirdegi belgili matematik, logik hám filosof B. Rassel usı júz jıllıqtıń basında mınaday degen edi**:** «jańasha matematikanıń bas triumflarınıń biri matematikanıń ne ekenligi haqqında máseleniń ashılıwında» (*B. Rassel. новейший работы о началах математики // V st. Новые прйеми в математики. SPB, 1913. T, 1. s. 83*).

Basqa waqıtlar mınaday da túsinikler boldı. Matematikanıń predmetiniń hám tiykarǵı máselesiniń nede ekenligin bilmew matematikler ushın jańa ashılıwlar jaratıwǵa múmkinshilik berdi. XX ásirde matematika degen ne? Degen sorawdı hár túrli túsiniw matematikada kóp ǵana baǵdarlardı payda etti.

Qálegen ilimniń predmetlik oblastı mudamı ózgerip otıradı, sonıń ishinde tiykarǵı másele de. Haqıyqıy substanciyalıq tiykardı ilim kóp túrli hám empiriyalıq qubılıslardıń ishinen ajıratadı. Bul ilimniń empiriyalıq dárejeden teoriyalıq dárejege ótiwi menen baylanıslı.

Fizika buǵan Nyutonnıń mexanikasınıń, biologiya Darvinniń teoriyasınıń payda bolıwı menen keldi. Bilimniń tiykarǵı máselesi (tiykarǵı mashqala) qarama-qarsı tárepler arasındaǵı ǵalaba hám qarapayım qatnaslardı óz ishine aladı. Biraq bunı kórsetiw tek ilimiy-teoriyalıq dárejede ǵana múmkin. Kúndelikli, ilimiy-empiriyalıq dárejede predmettiń substanciallıq tiykarı kórinbeydi.

Filosofiyanıń tiykarǵı máselesi sıpatında neni túsinemiz Barlıq filosofiyalıq mashqalalardı úsh tiykarǵı toparǵa bóliw múmkin.

1. Dúnya degen ne**?** (Что есть мир?)

2. Adam degen ne**?** (Что есть человек?**)**

3. Dúnya menen adam arasındaǵı kózqaras qanday? (Каковы отношения между человеком и мир?)

Qálegen filosofiyalıq sistema usı úsh topardıń birewi menen baylanıslı boladı.

Solay etip, filosofiyanıń tiykarǵı máselesi-«dúnya-adam» sisteması arasındaǵı qatnas máselesi.

Dúzilisi boyınsha filosofiyanıń tiykarǵı máselesi filosofiyanıń predmetlik oblastı menen sáykes keldi. Bul túsinikli. Sebebi ol

filosofiyanıń mashqalalı maydanın, predmettiń shegarasın belgiley-tuǵın substanciallıq qatnastı bildiredi. Biraq mazmunı boyınsha filosofiyanıń predmetlik oblastı onıń tiykarǵı máselesinen keń.

Filosofiyanıń tiykarǵı máselesiniń dúzilisi hám rawajlanıw máselesine kelsek, sonı názerde tutıwımız kerek, filosofiyanıń predmetlik oblastın belgilewshi mashqalalarınıń ózgeriwi menen filosofiyanıń tiykarǵı máselesi de ózgeredi. Tiykarǵı másele anaw ya mınaw tariyxıy dáwirdiń filosoflarınıń dıqqat orayındaǵı másele boladı. Basqasha aytqanda, filosofiyanıń tiykarǵı máselesi óziniń tariyxıy formalarına iye, bular filosofiyalıq oylawdıń baǵdarın bildiredi.

Filosofiyanıń tiykarǵı máselesiniń tariyxıy formaların qarasaq, mınalardı kóremiz:

Mifologiya menen salıstırǵanda filosofiya subyektivlik penen obyektivlikti ajıratıwdan baslanadı. Sonlıqtan birinshi filosoflardıń dúnyaǵa qatnası sırtqı, jekelikten ústinlikke (kosmos, tábiyat), adamǵa qarsı turıwshıǵa qatnası.

Antikalıq filosofiyada filosofiyanıń tiykarǵı máselesi birinshi tiykardı izlew menen, pútkil dúnyanıń tiykarında ne bar ekenligin anıqlaw menen baylanıslı boldı.

Faleste - suw, Anaksimandrda - hawa, Geraklitte - ot, Platonnıń ideyaları, Demokrittiń atomları - usınday baslamalardıń variantları.

Basqasha aytqanda, antikalıq filosofiyanıń tiykarǵı máselesi antologiyalıq boyawǵa iye.

Orta ásirlik filosofiya hám antologiyalıq boyawdı saqlaydı. Biraq ayırmashılıqqa iye. Teologiya dúnya - quday (mir - bog) sistemasına iye.

Sońın ala antologiyalıq másele ekinshi planǵa ótip, gnoseologiyalıq máseleler birinshi planǵa shıǵadı. Bul jańa dáwirde sanaattıń hám tábiyattanıwdıń rawajlanıwı menen haqıyqıy bilimdi onıń oraylıq máselege aylandırıwı menen baylanıslı. Jańa dáwirden baslap ilimniń gúlleniwi baslandı. Jer hám aspan deneleriniń mexanikası (I. Kepler, G. Galiley, I. Nyuton), analitikalıq geometriya (R. Dekart), differenciallıq hám integrallıq esaplaw (Ferma, Dekart, Nyuton, Leybnic h.t.b.),

ximiya oblastındaǵı ashılıwlar (R. Boyl), geografiya, geologiya, botanika, zoologiya h.t.b. oblastlarındaǵı ashılıwlar. Texnikalıq qurallar**:** mikroskop, teleskop, termometr, gigrometr, sınap, barometr hám basqalar.

Jańa dáwir filosofiyasınıń tiykarın salıwshı F. Bekon hám R. Dekart ózleriniń filosofiyasınıń tiykarǵı baǵdarlamaların gnoseologiyalıq-metodologiyalıq aspektte qaraydı. Empirizm (Bekon), induktivizm (Bekon), deduktivizm (Dekart).

«Ómir súrip turǵan dúnya jetilgen be?»**,** «Bul dúnyada XX ásirde ne jaǵadı, ne jaqpaydı?» (aksiologiya), «Dúnyanı praktikalıq jaqtan ózgertiw múmkin be hám qalay?» sıyaqlı sorawlar jańa dáwir payda etken máseleler esaplanadı.

Filosofiyalıq baǵdarlar filosofiyanıń tiykarǵı máselesi, metod, predmetlik tiykarları, klassikalıq miyrasqa qatnası boyınsha ayrılıp turadı.

1. Filosofiyanıń tiykarǵı máselesin antologiyalıq formada mısalǵa alsaq (ne birinshi**:** ruwx pa ya tábiyat pa?), filosofiyalıq baǵdarlardı materializm hám idealizm dep bóliw múmkin. Materializm materiallıq substanciyanıń birinshiliginen, idealizm ideallıq baslamanıń birinshiliginen, meyli individuallıq sananıń birinshiligi me ya jekelikten joqarı jer júzilik ruwx pa  obyektiv idealizmdi moyınlaydı.

**A)** Baslamanıń tábiyatı (природа начала) boyınsha filosofiyalıq baǵdarlar tiykarı bir substanciya (***monizm***), eki teń substanciya (materiallıq hám ruwxıy) substanciyalar (***dualizm***), substanciyalardıń kópligi (***plyuralizm***) boladı.

**B)** Eger filosofiyanıń tiykarǵı máselesin onıń gnoseologiyalıq formasında esapqa alsaq («Neni biliwim múmkin?»), onda filosoflar haqıyqıy ilimge jetiliwdi moyınlamaytuǵınlar hám onı biykarlaytuǵınlar bolıp bólinedi. Sońǵı baǵdar ***agnosticizm*** degen atamaǵa iye. Shınlıqqa jetiwdiń múmkinshiligin moyınlamaytuǵınlardıń arasında biliwdiń seziwlik basqıshına ayrıqsha áhmiyet beriwshiler ***sensualizm,*** aqıl-oyǵa (razumǵa) áhmiyet beriwshiler ***racionalizm***, diniy yamasa

mistikalıq intuiciyaǵa áhmiyet beriwshi baǵdar ***irracionalizm*** dep ataladı.

2. Metodı boyınsha da filosofiyalıq baǵdarlar empirizm, racionalizm hám irracionalizm bolıp bólindi. Filosoflar dialektika poziciyasında (predmetlerdi de qabılladı. Óz ara baylanıs hám rawajlanıwına qaraytuǵın oylaw metodı) da metafizika (predmetler hám qubılıslardı ǵalaba baylanıstan tısqarı, sapalı ózinshe rawajlanıwǵa tiyisli emes) poziciyasında da boladı.

3. Predmetlik tiykarı boyınsha filosofiyalıq baǵdarlar gnoseologiya, antropologiya, aksiologiya, antologiya h.t.b. baǵdarlardıń mashqalalarına orientaciyalanatuǵın aǵımlarǵa bólinedi.

4. Klassikalıq miyrasqa qatnası boyınsha filosofiyalıq baǵdarlar neoklassikalıq (neokantianstvo, neotomizm, neogegelyanstvo h.t.b.), antiklassikalıq (nicsheanlıq), klassikalıq emes (marksizm) bolıp bólinedi.

Filosofiyalıq bilimniń dúzilisine kelsek, antikalıq dáwirde ilim matematikanı esapqa almaǵanda jańa payda bolıp kiyatırǵan halatta edi. Sonıń ushın da filosofiya marksizm pikirlew hám qıyallawdı paydalanıp, ilim ele de juwap bermegen sorawlarǵa juwap beriwge umtıldı. Tanıp bilinbegen real baylanıslar oydan tabılǵanlar menen almastırılsa, ilimiy izertlewler antologiya hám boljaw, jorıw menen almastırıldı. Filosofiya tikkeley óziniń mashqalaları menen hám búginliginde jeke ilimlerdiń: fizikanıń, astronomiyanıń, biologiya h.t.b. predmetin quraytuǵın máseleler menen shuǵıllandı.

Tábiyattanıw ilimleriniń ózinshe ilim sıpatında qáliplesiwi boyınsha natur filosofiya qáliplesken tábiyattanıwǵa ornın berip baslaydı. Bular menen bir waqıtta filosofiyalıq bilimniń óziniń de differenciyası ótedi.

Tiykarǵı filosoflar disciplinalardı názerde tutsaq, házirgi filosofiyada mınanday ózinshe disciplinalar bar: filosofiyanıń tariyxı, antologiya bolmıs tuwralı táliymat, gnoseologiya biliw tuwralı táliymat, aksiologiya kriteriyalar tuwralı táliymat, filosofiyalıq antropologiya adam tuwralı táliymat, sociallıq filosofiya jámiyet tuwralı táliymat, logika oylawdıń

nızamları hám formaları tuwralı táliymat, etika ádep-ikramlılıq tuwralı táliymat, estetika - gózzallıq tuwralı táliymat. Sonday-aq tábiyattanıw filosofiyası, din filosofiyası, huqıq filosofiyası, ilim filosofiyası, texnika filosofiyası, tariyx filosofiyası, minez filosofiyası, ǵalabalıq mashqalaları filosofiyası dep te bólinedi, olar házir tutas filosofiyalıq baǵdarları sıpatında ózinshe statusqa iye. Qáliplesken problematika, kategoriallıq apparat hám mashqalalardı sheshiw metodları bar.

Filosofiyanıń mádeniyat salasındaǵı ornın názerde tutsaq, onıń máselelerin ilim menen baylanıslı máselesinen baslaymız.

Filosofiyanıń táǵdiri ilim menen tıǵız baylanıslı.

Áyyemgi jámiyetlerde, filosofiyanıń hám ilimniń qáliplesip atırǵan payıtında diniy-mifologiyalıq oylar, kózqaraslar, filosofiyalıq ideyalar, empiriyalıq bilimler bólinbegen, sinkretikalıq birlikke iye boldı. Sońın ala rawajlanıw barısında filosofiya hám ilim ózgeshelikke iye bola basladı. Degen menen bul proceste olarǵa tán bolǵan ulıwmalıqlar bar. Ilim óziniń jetisken dáwirin sanaat revolyuciyaları tusınan baslaydı. Al, kóp ǵana, búgin bizge málim ilimiy disciplinalar XIX-XX ásirlerde payda boldı. Usıǵan baylanıslı kóp ǵana házirgi ilimiy ideyalar óziniń dáslepki formasında filosofiyanıń ishinde payda boldı. Bul máselen, atomizm, Kún sistemasınıń tábiyiy payda bolıw sinergetika ideyalarına tiyisli. Filosofiyanıń ramkasında ilimiy biliwde qollanılatuǵın logikalıq-metodologiyalıq instrumentariy islenip shıǵıldı. Aristotel, Bekon, Dekart, Leybnic, Gegel - bulardıń hámmesi de logika nızamların islep shıǵıwǵa, induktiv, deduktiv, dialektikalıq hám basqa da metodlardı islep shıǵıwǵa qatnasqan. Máselen, dialektikalıq metod házirgi eń aldıńǵı ilimiy disciplinalardıń biri — sinergetikada qollanıladı.

Filosofiya bilimge baylanıslı tek ǵana metodologiyalıq funkciyanı atqarıp qoymaydı. Teoriyalıq dúnyaǵa kózqaras sıpatında, filosofiya anaw ya mınaw dárejede anaw ya mınaw ilimiy ideyanıń qáliplesiwine ya tómenlewine tásir etedi.

Máselen, Batıs Evropalı orta ásirler filosofiya teologiyanıń qaramaǵında bolıp (baǵındırılıwında bolıp) ilimiy oydıń erkin

rawajlanıwına tosqınlıq etti. Bunda ol qálegen pikirlewdi, hátteki empiriyalıq pikirlewdi hám Aristotellik-xristianlıq interpritaciyalıq prizmasınan qaradı. Oyanıw dáwirinde gumanizm filosofiyası ilimler hám kórkem óner ushın qolaylı rawajlanıwı ushın tiykar jarattı.

Óz gezeginde filosofiya hám ilim tárepinen kúshli tásirge iye boldı. Eger burın bizdi qorshaǵan dúnya tuwralı kóp ǵana ideyalar naturfilosofiyanıń tiykarında, ádette umozritelli-spekuliativ formada qáliplesken bolsa, ilimlerdiń qáliplesiw dárejesi boyınsha, empiriyalıqlardıń hám teoriyalıq tábiyattanıw-ilimiy juwmaqlawlardıń bolıwında ilim umozritelli pikirlewlerden qutılıp ǵana qoymastan ózi filosofiyaǵa tásir etedi. Filosofiya ilim ramkasında alǵanların esapqa almawı múmkin emes. Onıń ústine filosofiya anaw ya mınaw dáwirde tábiyattanıwdıń anaw ya mınaw ideyalına baǵdarlanıp baslaydı. Máselen XVII-XVIII ásirlerde mexanikanıń jetekshi ilimiy disciplina sıpatında qáliplesiwi filosofiyanıń mexanistlik formaǵa iye bolıwına sharayat jarattı. Derlik hámme procesler, hátteki adamda hám jámiyette ótetuǵın hámme procesler filosoflar tárepinen mexanika nızamlarınıń tiykarında túsindirildi. Búginliginde filosofiya tábiyat hám jámiyet tuwralı ilimlerde bolıp atırǵan proceslerden tısqarıda rawajlana almaydı.

Filosofiya menen ilimniń ara qatnasınıń úshinshi aspekti sonda, filosofiya ilimiy biliwdiń hár túrli otraslleriniń jetiskenliklerin ulıwmalastırıwdı hám olardı keń ulıwmalastırılǵan filosofiyalıq kategoriyalarda sáwlelendiredi. Aytayıq, XVII ásirde «háreket» filosofiyalıq túsiniginde sol dáwirdiń ilimiy disciplinasınıń- mexanikanıń jetiskenlikleri sáwlelendi. Búginliginde háreket filosofiyalıq kategoriyası ózine tek mexanikalıq háreket tuwralı bilimlerdi ǵana emes, mikrodúnyada, tiri tábiyatta, jámiyette bolıp atırǵan bilimlerdi hám ózi ishine qamtıydı.

Dúnyanı tanıp biliw nızamlardı sáwlelendiretuǵın tek kategoriyalar, túsinikler arqalı ǵana emes, al obrazlar arqalı, dóretiwshilikte jaralatuǵın kórkem obrazlar arqalı ámelge asırıladı. Qálegen biliw ózine adamnıń eki biliw uqıbın jámleydi. Olar, racionallıq, abstrakt logikalıq hám

seziwsheńlik, obrazlı-emocionallıq. Eger matematika, logika hám basqa ilimler tiykarınan biliwdiń birinshi uqıbın esapqa alsa hám onı rawajlandırsa, kórkem óner  ekinshisin rawajlandıradı.

Logika hám psixologiya oblastındaǵı ilimiy dóretiwshilik boyınsha sońǵı izertlewler sonı kórsetip otır, kóp ǵana fundamen-tallıq ilimiy ashılıwlar, máselen, benzoldıń dóńgelegi (kolec), reaktiv dvigateldiń principi, elektromagnitlik duga hám basqa da principler dáslep intuitiv-obrazlı formada boldı. Tek sońınan oylaw tárepinen qayta islenip, olar qatań logikalıq-matematikalıq formaǵa iye boldı. Mádeniy jaqtan rawajlanǵan, bay, intuitiv obrazlar dóretiwshilik tárepinen islenip shıǵıladı. Kórkem ónerdiń ilimiy dóretiwshiligindegi áhmiyeti haqqında A. Eynshteyn, N. Bor hám basqa ullı alımlar aytqan.

Estetikalıq jaqtan tómen rawajlanǵan individuum «joqarı materiya» haqqında pikirlerinde ǵana emes, óndiriste, turmısta da az erkinlikke iye. Sebebi, ómir mudamı ózgeriste. Bunıń hám iyiliwshilik qatnastı, qıyallawdıń produktivli (ónimli) kúshin talap etedi. Dóretiwshilik qıyalǵa iye emes adam jańanı dóretiwge, sheshim qabıllawǵa tayar emes. Bunday adamlar jańaǵa qarsı.

Dóretiwshilik filosofiyadan burın payda bolǵan. Alǵashqı, diniy-mifologiyalıq kózqaras bazasında kórkem óner payda bolǵan hám tikkeley ol erte dáwirdegi ámeliyattıń talabı menen belgilenedi. Taslarǵa oyılǵan súwretler, rituallıq qosıq aytıwlar hám ayaq oyınlar ashıq praktikalıq baǵdarǵa iye boldı. Bularda tek alǵashqı adamnıń turmısına tiyisli situaciyalar emes, sonıń menen birge ol situaciyalarǵa tásir de bar. Filosofiya rawajlanıp teoriyalıq dúnyaǵa kózqarasqa aynalıp, dóretiwshiliktiń rawajlanıwına tásir etedi. Máselen, Áyyemgi ideyalar hám Rimniń kórkem ónerinde antiklik dúnyaǵa kózqarastıń ayrıqshalıqları, kosmostı meńgeriwge baǵdar-lanǵan ózgesheliklerin sáwlelendiriwi menen ajıralıp turadı. Máselen, antik dáwirdiń skulpturasında adamnıń sırtqı pishimi kóbirek kórinedi. Al adamnıń ishki dúnyası (mikrokosmos) ekinshi planda qaladı.

Orta ásirlik Batıs Evropa mádeniyatında diniy kózqarastıń tańbası basım. Ikonopis, psalmalar, shirkewdegi xor qosıqlar bas baǵdarlar.

Jańa dáwirge metafizikalıq oylaw usılı tán. Máselen, Molerdiń pyesalarında qaharmannıń xarakterleri statikalıqqa iye. Xızmetker (malay bul jádigóy, monax-nápsiqaw, sawdager-sıqmar, dvoryan-jaqsı adam h.t.b. Xarakterlerdiń dinamikası hár túrliligi dialektikalıq ideyalardıń rawajlanıwı menen payda boladı.

Házirgi kúnde jivopistegi, ádebiyattaǵı, teatrdaǵı, muzıkadaǵı, kinematografdaǵı, xoreografiya, arxitekturadaǵı belgili baǵdarlar anaw ya mınaw filosofiyalıq kózqaraslardıń tásirlik tańbasına iye. Máselen, realizm hám syurrealizmniń ayırmashılıqları olarda atqarıwdıń texnikası menen ǵana ajıralıp turmaydı. Olardı bul baǵdarlar qálipleskende tiykar bolǵan filosofiyalıq, dúnyaǵa kóz-qaraslıq metodologiyalıq ornatıwlarsız túsiniw qıyın.

Óz gezeginde kórkem óner dúnyanı kóriwdiń usılı sıpatında filosofiyaǵa tásir etedi. Onıń ústine birde-bir iri filosof óziniń dóretiwshiliginde kórkem óner temasın sóz etpewi múmkin emes Filosofiyadaǵı ómir filosofiyası, ekzistencializm, germenevtika, strukturalizm hám posstrukturalizm sıyaqlı iri baǵdarlar ózleriniń mashqalaların kórkem óner teması menen baylanıstırdı hám kóp jaǵdayda kórkem ónerdiń dúnyanı logikalıq racionallıq meńgeriwiniń ústinen ústinligine tiykarlandı.

Filosofiya menen dinniń óz ara qatnasın sóz etkende olardıń táǵdiriniń ázel bastan birleskenin kóriw múmkin. Filosofiya hám kórkem óner dúnyanıń dúnyaǵa kózqaraslıq kartinasın quradı.

Logikalıq-racionallıqqa tiykarlanǵan filosofiyaǵa salıstırǵanda din isenimge (vera) tiykarlanǵan. Dinniń bul ózgesheligin xristian shirkewlerin tiykarın salıwshılardıń biri Tertullian atap kórsetip, mınaday postulattı formulirovkaladı. «Isenemen, sebebi absurd».

Qálegen rawajlanǵan diniy sistema filosofiyanıń logikalıq metodologiyalıq instumentariyin óziniń dogmatların tastıyıqlaw ushın qollanıwǵa umtıladı. Sonıń ushın katolicizmniń, islam, buddizmniń doktrinaları

haqqında aytıw múmkin. Diniy ideyalarda qurılǵan tomizm, neotomizm, sufizm, teyyardizm hám basqa da filosofiyalıq baǵdarlar belgili.

Filosofiya menen jámiyettiń ara qatnası máselesine kelsek, filosofiyanıń óziniń payda bolıwı jámiyettiń ruwlıq dúzimniń qulawı menen payda bolǵan tariyxıy jaqtan belgilengen talapları menen baylanıslı. Aqıl hám fizikalıq miynettiń bóliniwi, mámleketliktiń, klaslardıń, óndiristiń quramlı túrleriniń, ilimniń payda bolıwı, biliwdi hám sociallıq praktikadaǵı sapalı jańa podxodlarǵa baylanıslı talap haqıyqatlıqqa qatnastıń jańa formasınıń filosofiyanıń payda bolıw zárúrligine alıp keldi. Sońın ala sociallıq-tariyxıy transformaciyalar filosofiyalıq oydıń rawajlanıwına úlken tásir etti. Batıs Evropa orta ásirlerde shirkew hám dinniń roliniń ósiwi filosofiyanıń teologiyanıń xızmetkerine aynalıwına alıp keldi. Jańa dáwirde tábiyattanıw ilim-leriniń hám sanaattıń rawajlanıwına baylanıslı talap filosofiyanıń logika metodologiyalıq hám gnoseologiyalıq problematikasın birden kúsheytti. Bul boyınsha burınǵı SSSR tusında filosofiyanıń táǵdirine jámiyetlik sistemanıń tásiri jeterli dálil. KPSS tiń monopolizmi hám totalitarizm filosofiyanıń dogmatlastırdı, siyasiy ideologiyaǵa baǵındırıp, sxolastikalıq hám sofistlik elementlerdiń rawajlanıwına alıp keldi. Socializm ellerinde stalinizm, maocizm h.t.b. filosofiyalıq baǵdarlar rásmiy status alǵan hám tastıyıqlanǵan mámleketlik ideologiya dárejesine kóterilip administrativlik instrumentke aynaldı. Onıń funkciyasına ómir súrip turǵan sistemanı qorǵaw, oǵan jalpıldaqlıq, basqasha oylaytuǵınlar menen gúres, jámiyetlik hám individuallıq sananıń rawajlanıwına baylanıslı cenzorlıq-policeylik qadaǵalaw, avtoritetlerge qarata haq niyetligin tekseriw h.t.b. kiredi. Alımlardıń pikirinshe, bunday hákimshilikke kúshlew hám qorqıtıwǵa tiykarlanǵan, «monofilosofiyalanıwshılıqtı» Áyyemgi ideyalar hám házirgi kóp túrli filosofiyalıq mektep hám aǵımlarǵa panoramasına iye batıs dúnyası da bilgen emes.

Sıpatlanıp atırǵan situaciyada jámiyetlik ómirdiń orta ásirlik shólkemlestiriwdiń belgilerin kóriw múmkin. Katoliklik shirkew kúshlew hám zorlıqtıń quralların (inkviziciya, otta jaǵıw, shirkewden alaslaw, anafemaǵa beriw) paydalana otırıp, jámiyetlik sananıń

rawajlanıwın sonıń ishinde filosofiyanı óziniń qadaǵalawına baǵındırdı hám diniy dogmatlardıń jıyındısın hám olardıń shirkew xızmetkerleri tárepinen túsindiriliwin shınlıqtıń sońǵı instanciyası sıpatında daǵazalaǵan edi.

Qudaydıń patshalıǵın jer betinde ornatıw ushın gúres penen «kommunizm ushın gúres» dáwiriniń parallelizmi anıq, ras. Ol belgili dúnyaǵa kózqaraslıq hám ideologiyalıq konstrukciyalardı dogmalawda absolyut bir oylawdı, «intellektuallıq» tartıslardı citatalıq «dálillew hám terminologiyalıq sofistika» dárejesine deyin bardı. Sóytip ideologiyanıń jámiyet ómirinde ulǵaytılǵan roli h.t.b. ómir súrdi.

Bul aytılǵan ruwxıy atmosfera tek orta ásirlik Evropa ya socialistlik lager ellerine ǵana tiyisli emes, al bundaydı shıǵıs despatiyalarında hám (Áyyemgi Egipet) hám fashistlik Germaniyadan birqansha islamlasqan mámleketlerden de kóriw múmkin. Bul jaǵdaylardıń hámmesinde de Sistemanıń filosofiyanıń jámiyettegi statusına tásiri kórinedi. Qálegen filosofiya, meyli ol Marksqa tiyislime, ya Nicshe, Xaydeggerdiki me, olardı absolyutlesken hám kanonlasqan dogmatlardıń dárejesine jetkeriw hám total dárejede jámiyetlik hám individuallıq sanaǵa tanılǵanları dogmalıq oylawdıń qáliplesiwine alıp kelgen bolar edi.

Filosofiya óziniń dúnyaǵa kózqaraslıq, metodologiyalıq, aksiologiyalıq, kritikalıq, boljawlıq, sintetikalıq funkciyalardan ámelge asıra otırıp sociallıq tariyxıy proceslerdiń rawajlanıwına tásir etedi.

Jámlengen-ulıwmalasqan formada filosofiya biliw procesiniń hám sociallıq praktikanıń rawajlanıw baǵdarına tásir etedi. Aytayıq, oyanıw dáwiri hám jańa dáwir filosofiyasındaǵı gumanizm hám aǵartıw ideyaları shirkewlik absloyutlikti biraz sheklewge, soslaviyalardıń statusın ózgertiwge, puqaralıq jámiyettiń qáliplesiwine jaǵday jasadı. Al nemec klassikalıq filosofiyasınıń ideyaları kóp ǵana ilimlerdiń, máselen, geologiyanıń, biologiyanıń, jámiyettanıw h.t.b. túsiniklerin túbirinen ózgertiwge alıp keldi. Totalitarlıq jámiyetlerde filosofiya ideologiyanıń apologetika hám cenzuranıń instrumenti bola otırıp progressivliktiń rawajlanıwın irkiwi múmkin. Buǵan waqtında stalinizmniń genetikanı hám kibernetikanı burjuaziyalıq ilim dep daǵazalawı gúwa.

## 2-TEMA. SHÍǴÍS FILOSOFIYASÍNÍŃ MÁNISI JÁNE SOCIAL RAWAJLANÍWDAǴÍ ROLI

**Joba** :

1. Shıǵıs - jáhán civilizaciyasınıń oraylarınan biri.
2. Oraylıq Aziyadaǵı eń áyyemgi filosofiyalıq kózqaraslar.
3. Oraylıq Aziyadaǵı diniy, ilimiy hám filosofiyalıq qaraslar.

Shıǵıs áyyemgi mádeniyat oshaǵı hám jáhán civilizaciyasınıń besigi dep biykarǵa táriyiplemegen.

Oraylıq Aziya xalıqları milliy ruwxıylıǵınıń rawajlanıw basqıshları bul úlke xalıqlarınıń mádeniy ósiw procesi menen baylanıslı bolıp, sol mákanda júz beriwshi qubılıs sanaladı. Xalqımızdı, mádeniy rawajlanıwı júdá qıyın tariyxıy hádiyseler jıyındısın júzege keltirip, óz ishine birneshe mıń jıllıqlardı aladı. Sol qıyın hám kóp mıń jıllıq ruwxıy baylıǵımız procesinen tiykarǵı buwınlardı ajıratıp alıwımız tiyis “Renessans” sózi “qayta oyanıw”, “qayta tuwılıw” degen mánisti bildiredi. Ilimde orın alǵan dástúr boyınsha Renessans dep Áyyemgi dáwirde kelip shıqqan mádeniyattıń qayta tuwılıwı túsiniledi. Bul túsinik dáslep XVI ásirde Evropada Italiyanıń tariyxında XIV-XV ásirlerde bolǵan ilimiy hám ruwxıy ullı ózgerislerdi hám dáwirdi xarakterlewshi sóz túrinde qollanılǵan.

Oyanıw atamasın (italiyansha-francuzsha – Renessans - Oyanıw) dáslep italiyan gumanistleri tárepinen qollanılǵan. Atap aytqanda, italiyan jazıwshısı J.Bakachcho bul atamanı Djottonıń miynetine qarap, “ol antik iskusstvonı oyattı” dep birinshi ret aytqan edi. Úlken bir dáwirdi ańlatıwshı túsinik sıpatında kórkem óner tariyxshısı J.Vazari (1511-1574) tárepinen onıń “Ataqlı kórkem óner ǵayratkerleri ómirinen kórinisler” kitabında tilge alınǵan. Bul túsinik dáslep antik mádeniyatı miyrasların Italiyada “mıń jıllıq jabayıshılıqtan soń” tikleniwdi ańlatıp, sońıraq ilimiy izertlewlerde keńnen qollanıla basladı. Ya.Burxart

Oyanıw (Renessans)dı jeke tiptegi mádeniyat dep bahaladı. Máselege qızıǵıwshılıq artıp, ilimiy izleniwler kóbeyip barǵan sayın Oyanıw túsinigi, bul dáwir mádeniyatınıń xronologiyalıq hám geografiyalıq shegaraları, onı dáwirlestiriw tuwralı qarsılıqlı túrli pikirler bildirile basladı. Y.Xeyzing óziniń "Orta ásirdiń gúz máwsimi" atlı miynetinde Oyanıw dáwiri – orta ásir mádeniyatınıń aqırǵı dáwiri dep esaplansa, basqa alımlar Oyanıw dáwiri jańa dáwir mádeniyatınıń baslanıwı dep esaplaydı. Kópshilik alımlar Evropa oyanıw dáwirin klassik tárizde dáwirlestirip ol XIV-XVI ásirlerge tán dep tanısa, basqalar Oyanıw mádeniyatın birqansha aldınıraq XII ásir Karolingler Renessansınan baslap, Ispaniya, Italiya da XVII ásir menen juwmaqlaydı, dep esaplaydı. 1950-jıllardıń ortalarınan baslap Shıǵıs Oyanıw dáwiri máselesinde keskin pikirler tartısı júzege keldi. Shıǵıstıń oyanıwı, Shıǵıs Renessans haqqında gáp ketkende túrli taraw alımları, tariyxshılar, ádebiyatshılar, filosoflar hám kórkem óner wákilleri bul máselege biyparıq bolmaǵanınday, kózqaraslar tiykarınan ekige bólinedi. Qıtay mádeniyat tariyxınıń analizi arqalı akademik N.Konrad Oyanıw dáwirin Áyyemgi, Orta ásirler sıyaqlı insaniyat civilizaciyasınıń barlıq regionlarına tán ulıwma civilizaciyalıq hádiyse dep qaraydı. Dúnya júzilik process sanalǵan Oyanıw Shıǵısta (Qıtay) VIII-VIII ásirden baslanıp, Batısqa qaray jılısqan hám XIV ásirde Evropa hádiysesine aylanǵan. Oyanıwdıń bunday talqılanıwına qarsı bunday waqıya túrli mámleketlerde regionallıq ayrım kórinislerde júzege keliwi múmkin, biraq ol dúnya júzilik fenomen bolıwı múmkin emes, dep esaplawshılar da bar. Oyanıw dáwiri Qıtayda (Konrad), Koreyada (Ten), Iran, Tájikstanda (Braginskiy, Nikitin), Hindstanda (Celishev), Turkiyada (Mellov), Armeniyada (Chaloyan), Azerbayjanda (Gajiev), Gruziyada (Nucubidze, Natadze) keshkenligi haqqında ayırım maǵlıwmatlar keltiriledi.

Sonıń menen birge, bul eki kózqaras tárepdarların Evropa Oyanıw dáwirin ulıwma tákirarlanbaytuǵın qubılıs dep qarawshı avtorlar (A.Losev, M.Petrov) qattı kritikalaydı. Ulıwma alǵanda, Renessanslıq mádeniyat belgileri tómendegilerden ibarat:

1. Dúnyalıq aǵartıwshılıqqa umtılıw, bul jolda ótmish hám qońsı mámleketlerdiń mádeniyatınıń tabıslarınan keń paydalanıw, ásirese, tábiyiy filosofiyalıq, diniy, tariyxıy hám jámiyetlik ilimlerdi rawajlandırıw.

2. Tábiyatqa qızıǵıw, tábiyattanıw ilimleriniń rawajlanıwı racionalizm, aqıl-kúshine iseniw, tiykarǵı itibardı shınlıqtı tabıwǵa qaratılǵan pánlerge beriw, shınlıqtı insan sana-seziminiń, iliminiń tiykarı dep esaplaw.

3. Insandı ullılaw, onıń bilimin, tábiyiy ruwxıy, kórkem, mánawiy páziyletlerin qádirlew, insanıylıq, joqarı ádep-ikramlılıq nızam hám qaǵıydalardı júzege shıǵarıw, kámil insandı tárbiyalaw.

4. Universallıq – enciklopediyalıq, barlıq tábiyat qubılısları menen qızıǵıw, onıń mánisine umtılıw.

5. Mámleket qurılısı hám basqarıwınıń teoriyalıq negizlerin ádalatlılıq, ádep-ikramlılıq principlerinde qáliplestiriw, olardıń huqıqıy hám de ámeliy tiykarlarınıń rawajlandırılıwı.

6. Mámleket basshısı hám xızmetkerleriniń iskerlik dárejelerin klassifikaciyalaw, olardıń juwapkershilik ólshemleriniń sistemasın teoriyalıq negizleriniń jaratılıwı.

Házirgi zaman ádebiyatında Renessans sózi tek Evropada grek mádeniyatınıń tikleniwin belgilew ushın ǵana emes, al ayrım Shıǵıs elleriniń yamasa ulıwma Shıǵısta áyyemgi mádeniyattıń qayta tikleniwin xarakterlew ushın qollanıladı. Soǵan baylanıslı Adam "Men Musılman renessansı" degen túsinikti kirgizgen hám usı atamada kitap jazǵan (M.,"Nauka",1966). Ulıwma alǵanda kópshilik jaǵdayda qayta tuwılıw dep mádeniyattıń joqarı dárejege kóteriliwin hám rawajlanıwın aytadı. Joqarıda aytqanımızday Akademik N.I.Konradtıń pikirinshe, qayta tuwılıw tek Evropaǵa ǵana tán emes, al tariyxıy procestiń ulıwmalıq nızamlılıǵınıń kórinisi bolıp, ullı civilizaciyalar hám xalıqlardıń tariyxıy rawajlanıwınıń belgili bir dáwirinde sózsiz kelip shıǵatuǵın qubılıs bolıp tabıladı.

Dúnya júzilik tariyxtıń kórsetiwinshe Renessanslıq dáwir mádeniyatta erteden úzliksiz rawajlanıp kiyatırǵan hám házirde

rawajlanıp atırǵan xalıqlardıń ómirinde payda bolǵan. Qayta tuwılıw dáwiri eń áyyemgi dáwirde payda bolǵan, soń umtılǵan nárselerdi qaytadan tiklew emes, sonıń menen birge, olardı jańa sapada, zamanǵa ılayıq, joqarı basqıshqa kóteriw, ilim-pán hám kórkem óner jańa basqıshqa kóteriw. Qalalardıń rawajlanıwı menen olarda jámiyetlik hám mádeniy ómirdi hám hár tárepleme gúlleniwi menen inteligenciyanıń rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Akademik N.Konrad usınday dáwir Qıtay xalqınıń tariyxında VIII-XV ásirlerde, Irak, Orta Aziya, Arqa Batıs Indiyada IX-XVI ásirlerde hám Evropa tariyxında XIV-XVI ásirlerde bolǵan, dep esaplaydı.

Shıǵıs Renessansı Oraylıq Aziyadaǵı renessanslıq qubılıslar máselesi Akademik Xayrullaevtıń miynetlerinde keń túrde analizlengen. IX-XII ásirler Orta Aziya xalıqları tariyxında oǵada quramalı dáwir boldı. Xalıqtıń óz ǵárezsizligin árman etiwi hám ol ushın gúresi, usıǵan baylanıslı dórelgen insan erkinligi hám ruwxıy jetilisiw ideyaları xalıqtı ádiwlilikke qaray basladı. Biz sóz etip otırǵan dáwir óz mazmunı hám salmaǵı boyınsha Orta Aziya Oyanıw dáwiri dep tariyxqa kirgen. Ózbekstanda Shıǵıs Oyanıw dáwiri máselesi jergilikli materiallardı ulıwmalastırılǵan halda jeterli islenbegen, al qaraqalpaq alımları ulıwma bul tuwralı sóz etken joq. Oraylıq Aziya regionındaǵı Oyanıw haqqında gáp barǵanında IX-XII ásirler dáslep sırt el mádeniyatı da payda bolǵan islamshılıq isenimge salıstırǵanda rawajlanǵan hám bayıǵan áyyemgi mádeniyat negizinde milliy Oyanıw dep qaralıwı lazım. Oraylıq Aziya uzaq jıllıq tariyxta kóp basqınshılıq hám talan-tarajlıqlardı kórdi, olarǵa qarsı azatlıq hám erkinlik ushın gúres alıp bardı. Haqıyqatında da hárbir basqınshılıqtan soń milliy mámleketshilik hám mádeniyat tiklendi. Ǵárezsizlikke umtılıw ideyası hám háreketi ózge xalıqlar tárepinen dóretilgen mádeniyatlardıń biykarlanıwı emes. Oraylıq Aziya mádeniyatında ulıwma insanıylıq áhmiyetke iye barlıq mádeniyat jetiskenlikleri dóretiwshilik penen ózlestirildi, al sol waqıttaǵı regionımız mádeniyatı basqa xalıqlar mádeniyatlarına unamlı tásir kórsetti hám olardı bayıttı.

Alımlarımızdıń pikirlerine tiykarlanıp Oraylıq Aziyadağı xalıqlardıń milliy Oyanıwın úsh dáwirge bólip qaraw múmkin:

1. IX-XIII ásirler – arab basqınshılığınan keyingi dáwir.

2. XIV-XV ásirler – mońǵol basqınshılığınan keyingi dáwir.

3. XX ásir bası hám házirgi dáwir ─ Anıǵıraǵı koloniyalıq basqınshılıq hám sovetlik dáwirinen keyingi siyasiy, milliy, mádeniyat Oyanıw.

Ǵárezsizlik hám milliy mádeniyat, Oyanıw procesleri mazmunı jaǵınan, ishki tárepten tıǵız baylanıslı bolıp, bul tuwralı akademik M.M.Xayrullaev bılay dep jazadı: "Ǵárezsizlik hám Oyanıw, Ǵárezsizlik hám rawajlanıw tıǵız baylanıslı, ol bizden aqıllılıqtı, bilimdi, talantlı qábiletti, belsendilikti, kúsh-ǵayrattı talap etedi".

Ulıwma aytqanda, akademik M.M.Xayrullaev tárepinen islep shıǵılǵan hám kópshilik alımlar tán alǵan Oraylıq Aziyada Oyanıw dáwiri mádeniyatınıń belgileri tómendegishe:

Dúnyalıq ilimlerge umtılıw, din hám diniy bilimlerdi jámiyet, insanlar mápi kózqarasınan túsindiriw;

Túrli xalıqlardıń ruwxıy-mádeniy miyrası - ótmish, mádeniy qádiriyatlarınan (arab, iran, grek mádeniyatı baylıqları) paydalanıw;

Tábiyattı, jasap turǵan ómirdi, tirishilikti úyreniwge qızıǵıwshılıqtıń kúsheyiwi, onıń sırların ashıwǵa hám onnan paydalanıwǵa, onıń umtılıwshılıǵınıń artıp barıwı, sol múnásibet penen tábiyattanıw ilimleriniń rawajlanıwı;

Biliwde aqıldı ólshem dep biliw, aqılıy biliw, racionalistlik usıl, ilimiyliktiń roliniń artıp barıwı;

Insanǵa muhabbat, onıń morallıq aqılıy qásiyetlerin, qábiletlerin úyreniw hám páziyletlerin ashıp beriwge umtılıw, logika ilimine úlken itibar beriw, kámil insandı tárbiyalaw, jetik pazıl jámáát haqqındaǵı pikirlerdi tiykarlap beriw;

Diniy túsinik, diniy táliymatlardıń rawajlanıwında diniy-ádep-ikramlılıq tematikasınıń ústinligi, insan xarakteri, mápleriniń diniy ideyalarda jetekshi máselege aylanıwı, ishki mánawiy kamalat, Allaǵa

subyektiv ishki jetilisiw, mánawiy-ruwxıy kóteriliw, jetilisiw járdeminde erisiw hám onıń sıpatlarına miyasar bolıwǵa qaratılǵan iskerlik;

Awızeki hám jazba sózge úlken itibar, onıń sociallıq ádep-ikramlıq qúdiretin jırlaw, táriyplew, qosıqshılıq, filosofiya, kórkem mádeniyattıń joqarı rawajlanıwı, sóz sheberligi, ritorika menen shuǵıllanıw mádeniyatlılıqtıń áhmiyetli belgisine aynalıp qalıwı.

Shıǵıs hám Batıstaǵı Renessanslıq waqıyalardıń bir-birine uqsas tárepleri: olardıń qalalıq mádeniyat bolǵanlıǵı, oraylasqan kúshli mámleketlerdiń bazasında kelip shıǵıwı, miyraslıq principleriniń háreket etiwi, gumanizm, kámil insan mashqalasınıń filosofiyada oraylıq máselege aynalıwı filosofiyalıq ilimler, ádebiyat, kórkem ónerdiń rawajlanıwı h.t.b. Evropada qayta tuwılıw burjuaziyalıq qatnasıqlarǵa ótiw menen xarakterlense, Oraylıq Aziyadaǵı Renessanslıq qubılıslar feodalizmniń ádewir joqarı basqıshqa ótiwi menen belgilenedi.

Evropada hám Oraylıq Aziyadaǵı bolǵan Renessanslıq dinniń roli ayrıqsha boldı. Xristian dininde isenim bilimnen joqarı qoyıladı, al islamda bilim isenimniń zárúrli shárti dep esaplanadı. Sonıń ushın, xristian dini bilimniń rawajlanıwına oǵada qıyınshılıq tuwǵızdı, al islam mádeniy-ilimiy rawajlanıwǵa unamlı tásir etti. Bul xalıqtı bilimlendiriwge, ilimiy izleniwge, filosofiyalıq oy-pikirlerdiń rawajlanıwına jol ashtı. Oraylıq Aziyadaǵı Renessanslıq mádeniyattıń rawajlanıw basqıshları tuwralı sóz etkende, mınanı ayrıqsha atap ótiw orınlı. Onıń *birinshi basqıshınıń* kelip shıǵıwı Oraylıq Aziyaǵa islam mádeniyatınıń keliwi hám arablar basqınshılıǵınan qutılıp, ǵárezsiz mámleket bolıw menen baylanıslı boldı. Oraylıq Aziyalıq Renessanstıń *ekinshi basqıshı* Ámir Temur babamız atı menen, monǵollar basqınshılıǵınan qutılıp ǵárezsiz ullı mámleketshiliktiń – Temur imperiyasınıń payda bolıwı menen baylanıslı, álbette bul dáwir "Temur hám temuriyler dáwiri mádeniyatı" dep ataladı. Renessanslıq mádeniyattıń *úshinshi basqıshı* – bul sovetlik totalitaristlik hákimshiliginen qutılıp, ǵárezsiz milliy mámleketimizdiń payda bolıwı menen baylanıslı. Alımlardıń tán alıwınsha, Ózbekstanda jańa civilizaciya, jańa hár tárepleme mádeniy rawajlanıw qáliplespekte.

Ózbekstanda hám Qaraqalpaqstanda haqıyqıy qayta tuwılıw, Milliy Oyanıw mádeniyatı hám jańasha oylaytuǵın, zamanagóy mádeniy dúnyası bar insanlar qáliplespekte. VIII ásirge kelip Oraylıq Aziya arablar tárepinen tolıq basıp alındı hám arab xalifalıǵınıń quramına kirdi. Xalifalıq Shıǵıs hám Batıs mámleketlerin ózine boysındırdı. Nátiyjede VIII ásir aqırına kelip, Atlantika okeanınan Tyanshanǵa shekemgi, Kavkazdan Hind okeanına shekem bolǵan úlken territoriya, túrli tilde sóylesetuǵın kóplegen xalıqlar ullı arablar mámleketi – Xalifat payda boldı. Arablar Orta Aziyanı sózdiń shın mánisinde VIII ásir aqırında basıp aldı, tariyxtı basqınshılar qanday siyasat júrgizse olar da sonday siyasat alıp bardı. Abu Rayxan Beruniy "Qádimgi xalıqlardan qalǵan estelikler" atlı miynetinde jurtımızǵa basıp kirgen arab basqınshı sárkardası Qutayba ibn Muslim xalqımız mádeniyatın wayran etkenin, alımlardı joq etkenin bılay bayanlaydı: "Qutayba Xorezm jazıwın jaqsı biletuǵın, xalıq tariyxı hám ráwayatların úyrengen hám basqa adamlarǵa úyretetuǵın adamlardı óltirip, pútkilley joq etip jibergen edi". Bul basqınshılıqqa qarsı jer xalıq arasınan shıqqan batırlar Abu Muslim, Muqanna, Xamza al-Xarij, Rafn ibn Layslar basshılıǵında kóterilislerge shıqtı, biraq olar ayawsız bastırıldı. Orta Aziyada Xorezm, Soǵd, Túrk jazıwları ornına arab tili hám arab jazıwı járiyalandı. Ullı imperiya – Xalifattıń tiline aynalǵan arab tili, arab jazıwı basqa xalıqlar mádeniyatın úyreniwge járdem etti.

Islam dúnyalıq din sıpatında burınǵı ótken dinlerge tán unamlı belgilerdi ózinde sáwlelendirdi. Atap aytqanda, Quranı Kárimde, Hádislerde insandı ullılaw, ádep-ikramlılıq, iymanlılıq, shańaraqtı bekkemlew, ata-anaǵa húrmet, jámiyetke xızmet etiw uqsaǵan máseleler keń túrde dodalandı. Ismayıl al-Buxariy, Imam Muslim ibn al-Xajjaj, Abu Isa Muxammad ibn at-Termiziy, Imam Abu Dawıd Sulayman, Imam Axmad ibn Shuchayb an Nasoniy toplaǵan Hádisler xalqımız tárbiyasına xızmet etti. VIII ásir aqırı IX ásir basında arab xalifatınıń orayı bolǵan Baǵdat qalasında ilim-pán rawajlandı. Platon (Aflatun), Aristotel (Arestotel), Sakrat (Suqrat), Gippokrat (Buqrat), Golen

(Jolinus), Evrklid (Iqlidus) usaǵan grek alımlarınıń shıǵarmaları arab tiline awdarıldı, xristian hám islam alımları ortasında birge islesiw jolǵa qoyıldı, 813-jılı xalifa Xorun ar Rashid ólgennen keyin onıń ornına ulı al-Mamun xalifa boldı. Usı dáwirde Baǵdatta ilimiy Oray – Akademiya shólkemlestirildi. Oǵan barlıq úlkelerden, sonıń ishinde Orta Aziyadan da alımlar, bilimli adamlar shaqırıldı. Akademiyada Xorasannan Musa Xorezmiy, Axmed Ferǵaniy, Marvaziy, Marvardiy, Javxariyler jumıs alıp bardı, akademiyanıń dańqın dúnyaǵa tarattı.

IX ásirdiń aqırına kelip Orta Aziyada arab xalifatlıǵınıń hákimshiligi saplastırılıp, Samaniyler mámleketi qáliplesti, sońınan Taxiriyler, Xorezmshax, Ǵaznawiyler mámleketi dúzildi. Buxara, Samarqand, Marv, Góne Úrgenish, Xiywa uqsaǵan qalalar óz dáwiriniń mádeniy orayları sıpatında dańq tarattı. Olarda sawda-satıq, óndiris, jámiyetlik-siyasiy ómir menen birqatarda mádeniy baylanıslar, bilim oshaqları rawajlandı. Bul mádeniy oraylar úlken musılman Shıǵısınıń túrli táreplerin baylanıstırıp turdı. Baslısı bul qalalar Batıs hám Shıǵıstı, Arqa hám Qubladaǵı mámleketlerdi, olardıń mádeniyatın baylanıstırıwı dástúrlerin dawam ettirdi. Orta Aziyadaǵı ǵárezsiz mámleketler musılman mámleketleri menen jaqınnan baylanıs ornatıldı, jergilikli alımlar basqa jurtlarǵa barıp ilim-pán úyreniw, kásiplesleri menen jaqınnan baylanısta, pikir alısıwǵa múmkinshilik tuwıldı. Oraylıq Aziyada ilim-pán, islam huqıqtanıwı, hádistanıw tarawları gúrkirep rawajlandı. IX-XII ásirler dawamında Orta Aziyadan dúnyaǵa dańqı belgili Xorezmiy, Ferǵaniy, Ismayıl al-Buxariy, at-Termiziy, Axmad Yassawiy, Abu Nasr Farabiy, Abu ali ibn Sina, Abu Rayxan Beruniy, Ismayıl Jurjaniy, Burxanidin Marǵinaniy, Zamaxshariy, Maxmud Qashǵariy uqsaǵan úlken alımlardı jetistirip berdi. Bul alımlar ózleriniń ilimiy shıǵarmaları menen óz xalıqlarınıń, ulıwma Orta Aziyanıń dańqın álemge tarattı. Bul zamanlarda Orta Aziyada ádebiyat hám kórkem óner salasında da dúnya mádeniyatında óshpes iz qaldırǵan dúnyanıń mádeniy ǵáziynesine úles qosqan Firdavsiy, Rudakiy, Daqıqıy, Axmad Yugnakiy, Yusup Xas Hajib sıyaqlı ádebiyat ǵayratkerleri dóretiwshilik

penen shuǵıllandı. Olar hám basqa da shayırlar parsı, túrk, arab tillerinde qosıqlar jazdı. Olar bunnan keyingi elimizdegi ádebiy rawajlanıwǵa kúshli tásir etti.

VIII-XIII ásirlerde jasaǵan oyshıllar, alımlar shayır hám islam dininiń teoriyasın rawajlandırǵan alımlar óz shıǵarmalarında tárbiyalıq mashqalalardı da ortaǵa qoydı, insansúyiwshilik mánawiyattı qáliplestiriw, kámil insan jetilistirip shıǵarıw máselelerine ayrıqsha dıqqat awdardı.

XIII ásirdiń 20-jıllarında Orta Aziyaǵa Shıńǵısxan baslaǵan monǵol basqınshıları basıp kirdi, bunıń nátiyjesinde qalalar, suwǵarıw sistemaları, mádeniy orınlar wayran boldı, mádeniy rawajlanıwda qarańǵılıq jılları baslandı. Mayda feodal hákimler arasında urıslar xalıqtıń dińkesin quryttı. Áne, usınday payıtta
Ámir Temur siyasat maydanına babamız ullı Ámir Temur shıqtı. Ol 1370-1405-jılları alıp barǵan azatlıq háreketi nátiyjesinde xalqımız monǵollar zulımınan azat boldı, qaytadan mádeniy rawajlanıw qayta tiklendi. Anıǵıraq aytqanda, Oraylıq Aziyanıń Renessanstıń ekinshi basqıshı bolǵan Sońǵı Renessans mádeniyatı qáliplesti. Ullı arxitekturalıq qurılıslar ámelge asırıldı, Uluǵbek basqarǵan Samarqandta ilimiy oray – Uluǵbek akademiyası kelip shıqtı. Sońın ala bul dáwirde Alisher Nawayı ullı shayırlar Xusayn Voiz al-Kashifiy, Jalaladdin Davoniyday alım hám oyshıllar, Xoja Bahawaddin Naqshbandiy ulama alımlar dúnyaǵa keldi.

IX-XII hám XIV-XV ásirlerde Oraylıq Aziya Shıǵıstıń ilimiy oy-pikiriniń orayında aylandı. Oraylıq Aziyadan jetilisip shıqqan oyshıllar hám ilimpazlar pútkil Shıǵıstıń mádeniyatında sheshiwshi rol atqardı. Bul dáwirde tábiyiy-ilimiy bilimler rawajlandı, aldıńǵı qatar gumanistlik jámiyetlik hám filosofiyalıq oy-pikirler payda boldı. Tábiyat qubılısları tuwralı diniy, panteistlik kózqaraslar hám materialistlik tendenciyalar birge jasadı, olardıń wákilleri arasında dialoglar bolıp turdı. Oraylıq Aziya Renessanslıq mádeniyatınıń wákilleri bolǵan, atları pútkil dúnyaǵa tanılǵan Orta ásir Shıǵısınıń eń kórnekli ilimpazları, kórkem

sóz sheberleri, kórkem óner ǵayratkerleri hám ataqlı diniy alımları Mawerennaxr hám Xorasannan jetilisip shıqtı. Biz bul jerde, birinshi gezekte, dúnyalıq ilimdi rawajlandırǵan ataqlı alımlar tuwralı qısqasha sóz etemiz. Bul haqqında birinshi Prezidentimiz Islam Karimov bılay dep atap kórsetedi: Bul pikirdiń oǵada durıs ekeni jurtımızdan shıqqan alımlar tuwralı sóz etiw arqalı dálillewge háreket etemiz. Bul dáwir ullı ilim-pán ǵayratkerleriniń dóretiwshiligine, atap aytqanda Xorezmiydiń jetiskenliklerine baha beredi, "Topıraǵımızda jasap ótken ullı danıshpanlarımız, oy-pikir iyeleri bolǵan babalarımızdıń ibratlı ómiri hám jolı, teńewi joq ilimiy dóretiwshilik ashılıwları búgin de dúnya xalqın tańlandırıp atırǵanın maqtanısh penen atap ótiw lazım. Mısalı, Muhammed Musa Xorezmiydiń onlıq sanaq sistemasın, algoritm hám algebra túsiniklerin dúnyada birinshi bolıp ilim-pán tarawına engizgeni hám usı tiykarda anıq ilimlerdiń rawajlanıwı ushın óz waqtında bekkem tiykar jaratqanı ulıwmainsanıy rawajlanıw jolında qanday úlken áhmiyetke iye bolǵanın bárshemiz jaqsı bilemiz. Búgingi kúni adamzattıń ilim-pán hám zamanagóy texnologiyalar salasında erisip atırǵan úlken jetiskenliklerin kóz aldımızǵa keltire otırıp, erksiz usı ullı babamız mısalında bunday joqarı sheklerge erisiwde ózbek xalqınıń da múnásip úlesi bar ekenliginen kewlimiz maqtanıshqa toladı".

Muhammed Musa al-Xorezmiy al-Májustiy (783-850) usınday danıshpan alımlardan dáslepkilerinen boldı. Ol Oraylıq Aziyalı Renessanstı baslawshı ilimpaz, ilimde IX ásirdiń birinshi yarımı «Xorezmiy dáwiri» dep ataladı. Onıń ómiri tiykarınan, Xiywa, Marv, Baǵdad qalalarında ótti. Al-Xorezmiy Baǵdadtaǵı «Bayt ul-Hikma»nıń («Danıshpanlar úyiniń») basshısı, ilimiy izertlew isleriniń shólkemlestiriwshisi boldı, bul házirgi tilde sol jerde shólkemlesken akademiyanıń Prezidenti edi degeni boladı. Al-Xorezmiy Oraylıq Aziyadan shıqqan alımlar menen birge islesti hám olarǵa ǵamxorlıq etti, ol bul lawazımda ómiriniń aqırına shekem isledi. Bárinen burın, al-Xorezmiy ullı matematik boldı. Onıń «Kitob ál-hisab ál-hindi» («Hind esaplawı haqqında kitap») hám «Kitob ál-djam va-t-tafrik» («Qosıw

hám alıw haqqında kitap») dep atalǵan arifmetikalıq traktatlarında onlıq poziciyalıq sistemaǵa tiykarlanǵan arifmetika ilim sıpatında birinshi ret bayan etildi. Eger bul sanaw sisteması bolmaǵanda adamzattıń ilimiy oy-pikiri házirgi dárejede rawajlanbaǵan bolar edi. Máselen, orta ásirlerde Evropada Rim cifrları bolıp, ol boyınsha alıw hám qosıwdıń ózi oǵada qıyın, al kóbeytiw hám bóliwdi professorlar ǵana qıyınshılıq penen ámelge asıra alar edi. Taǵı mısal sıpatında aytatuǵın 1.180.703.051.492.863 sanı bılay jazılar edi: «Mıń mıń mıń mıń mıń bes mártebe, mıń mıń mıń mıń tórt mártebe, seksen mıń mıń mıń mıń tórtew, jeti júz mıń mıń mıń úsh márte, úsh mıń mıń mıń úsh márte, eliw bir mıń mıń eki márte, tórt júz mıń hám toqsan eki mıń segiz júz alpıs úsh». Bunday sanaw sisteması ilim-pán rawajlanıwına unamsız tásir etiwi óz-ózinen kórinip tur. Xorezmiy hindlerdiń 1,2,3,4,5,6,7,8,9 degen sanların ala otırıp, oǵan ózi ashqan insaniyat iliminiń ullı tabısı bolǵan «0» - nol cifrın qostı. Sol arqalı esaplawdıń qosıw, alıw, kóbeytiw, bóliw, dárejege kóteriw, kvadrat koren shıǵarıw uqsaǵan altı ámellerdi ańsat orınlaw usılların oylap taptı.

Al-Xorezmiy – házirgi zaman arifmetikasınıń negizin salıwshı. Házirgi zaman esaplaw matematikasınıń tiykarǵı túsinikleri bolǵan «algorifm», «algoritm», «algoritmizaciya» sózleri al-Xorezmiy atınıń latınsha buzılıp aytılıwınan kelip shıqqan. Házirgi zaman algoritmler teoriyasınıń Xorezmiy atı menen baylanıslıǵı óz-ózinen kórinip tur. Xorezmiy shıǵarmaları latın tiline awdarılǵanda oqıwshıǵa túsinikli bolıwı ushın «al-Xorezmiy aytadı» - Daxi Algoritmus» baslanǵan hám usı sóz sońın ala «algoritm» dep aytılıp ketken. «Algoritm» túsinigi házirgi zaman elektron esaplaw mashinaları (EVM), kibernetika, informaciyalıq texnologiyalar máseleleriniń baslı túsinigi – kategoriyası. Xorezmiydiń «Ál-kitab ál-muxtasar fi-hisab ál-djabr val-muqobala» (Algebranı hám al muqobalanı esaplaw boyınsha qısqasha kitap) atlı miynetinde birinshi ret algebra teńlemeler haqqında ilim sıpatında islep shıǵıldı. Házirgi zaman ilimindegi «algebra» sózi Xorezmiydiń usı miynetiniń atındaǵı «ál-djabr» sóziniń latınsha ózgertilgen awdarması

bolıp tabıladı. Xorezmiy predmetlerdi ólshewdiń geometriyalıq qağıydaların Orta ásirde birinshi bolıp bayanladı. Xorezmiy astronomiyanı alğa ilgeriletken ataqlı alım. Onıń «Zidj ál-Xorezmiy» hám basqa da miynetlerinde dúnyalıq astronomiyalıq oy-pikirdiń hám Xorezmiydiń óziniń izertlewleri ulıwmalastırıldı, astronomiya ilimi jańa pikirler menen bayıtıldı. Xorezmiydiń astronomiyalıq shığarmaları astronomlardıń keyingi áwladları ushın qollanba wazıypasın atqardı.

Xorezmiy Orta ásirli geografiya hám kartografiya ilimleriniń negizin salıwshı ullı geograf. «Kitab surail-árd» («Jerdiń súwretlemesi kitabı») atlı miynetiniń geografiya iliminiń rawajlanıwına hám ullı geografiyalıq ashılıwlarğa úlken tásir etti. Bul kitaptıń jalğız bir nusqası Kairde saqlanbaqta. Onda 22 karta bolğan, biraq onnan tek 4 ewi ğana saqlanıp qalğan. Xorezmiy bunda «Avesto»ğa tiykarlana otırıp, jer júzin 7 ıqlımğa bólip tekseriwdi usınğan, anığırağı Sol Túslik Polyusten ekvatorğa shekemgi ıqlımdı 7 bólip úyreniwdi usınğan. Ol jer júzin meridian (gradus) penen birqatarda parallellerge bólip úyreniwdi baslap bergen. Bunıń nátiyjesinde, parallel menen meridiannıń kesilisken jerinen jer júzi koordinatlardı anıq belgilew múmkinshiligi ashıldı. Xorezmiy arab xalifatınıń tariyxın izertlewdi baslawshılardan biri. «Kitab at-tarix» («Tariyx kitabı») hám t.b. tariyx boyınsha shığarmalarında xalifat tariyxı isenimli bayan etiledi. Xorezmiy «Xorezmniń ataqlı adamları» atlı shığarma jazğan, onnan Beruniy tórt kóshirme alğan.

Xorezmiy ilimniń ayrıqshalığı hám ilimpazdıń roli haqqında tereń pikirler bildirdi. Ilimiy jámáättiń praktikalıq talaplar menen baylanıslı ekenligin, onıń tábiyattağı baylanıslardı sáwlelendiretuğınlığın kórsetti. Xorezmiydiń «Kitab mafatix ál-ulum» («Ilimlerdiń gilti kitabı») atlı miynetinde ilimlerdiń sistematizaciyasın hám klassifikaciyasın islep shıqtı. Xorezmiy dóretpeleri ilimniń bunnan keyingi rawajlanıwına tásir etti, onıń dúnyalıq mádeniy progresske salmaqlı úles qosqan ullı alım bolıp tariyxta atı qaldı. Ataqlı alımlar Xorezmiy dóretiwshiligine joqarı baha bergen. Belgili tariyxshı S.P.Tolstov “Xorezmiy óz shığarmaları

menen Shıǵıs hám keyinirek Evropa matematika ilimine tiykar saldı" degen bolsa, amerikalı Shıǵıstanıwshı alım D.Sarton "Xorezmiy barlıq zamanlardıń eń ullı matematikleriniń biri. Jáhán ilimi tariyxınıń IX ásiriniń birinshi yarımın hesh oylanbastan Xorezmiy dáwiri dep atawımız lazım" – degen edi.

Biz Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanda Xorezmiy miyrasına ǵana emes, onıń qaharmanlıq ómiriniń tárbiyalıq áhmiyetine de ayrıqsha dıqqat bóliwimiz zárúr.

Axmad ibn Muxammad al-Ferǵaniy óz xalqınıń ruwxıy qúdiretin, mádeniy múmkinshiliklerin pútkil jáhánge taratqan, VIII ásirdiń aqırı hám IX ásirdiń birinshi yarımında mádeniy-ilimiy álemniń eń jarqıraǵan juldızlarınan biri bolıp tabıladı. Ol al-Xorezmiy menen bir dáwirde jasaǵan, onıń menen baylanısta ilimiy jumıs alıp barǵan. Atlarınan-aq biziń jerleslerimiz ekeni kórinip turǵan, jer júzilik tábiyattanıw iliminiń tiykarın salıwshılardan bolǵan bul eki ullı alımlardıń birinshisi Baǵdadtaǵı «Bayt al-hikma»nıń basshısı bolsa, ekinshisi usı Baǵdad Akademiyasınıń ullı ilimpazı bolǵan. Al-Ferǵaniydiń tuwılǵan jılı anıq emes, biraq ol al-Xorezmiyden 11 jıl keyin, yaǵnıy 861-jılı qaytıs bolǵan. Ol Ferǵana oazisiniń Quva qalasında tuwılıp ósken, dáslepki bilimdi sol jerde alǵan, sońınan Marvqa, onnan keyin xalifat orayı Baǵdadqa barǵan. Ol dáslep Baǵdadtaǵı observatoriyada islegen, sońınan Baǵdadqa qaraslı bolǵan Damasktaǵı Kasiyut tóbeliginde qurılǵan observatoriyaǵa basshılıq etken.

Al-Ferǵaniy astronomiya ilimi tarawında óshpes iz qaldırǵan, onıń bul tarawdaǵı miynetleri astronomiya iliminiń bunnan sońǵı rawajlanıwına sheshiwshi tásir etken. Al-Ferǵaniydiń segiz kitabı dúnyalıq ilimiy jámáátke keńnen belgili. Olar mınalar:

1. "Kitab fi usul ilm an-nujum", yaǵnıy "Astronomiya iliminiń usılları haqqında kitap" yamasa "Astronomiya tiykarları haqqında kitap". Bul kitap bes túrli at penen, Angliya, Franciya, AQSh (Oksford), Marakosh, Mısır, Sankt-Peterburgta saqlanıp kelmekte. Rus tiline awdarılǵan, elege shekem basıp shıǵarılmaǵan. Ózbek tilinde de jarıqqa shıqqan joq.

2. “Jadval al-Ferǵaniy” yamasa “Al-Ferǵaniy tablicaları”. Qoljazba Hindstanda saqlanbaqta.

3. “Ay Jerdiń ústinde hám astında bolǵanda waqıttı anıqlaw kitabı”. Qoljazba Mısırda Kair qalasında saqlanbaqta.

4. “Usturlab penen ámel qılıw haqqında kitap”. Bul qoljazba Hindstanda saqlanbaqta.

5. “Jeti ıqlım esabı”. Bul kitaptıń qoljazbası Germaniyada saqlanbaqta.

6. “Usturlabtı jasaw haqqında kitap”. Qoljazbaları Berlin hám Parijde. 1919-jılı nemec tilinde basılǵan.

7. Otız baptan ibarat “Ptolomeyge kirish fasilları kitabı”. Al-Xorezmiydiń “Zij” atlı kitabına kommentariyler jazǵan.

## 3-TEMA. BATÍS FILOSOFIYASÍNÍŃ ÚSTIN TURATUǴÍN BAǴDARLARÍ HÁM OLARDÍŃ PÁN RAWAJLANÍWÍNA TÁSIRI

**Joba:**

1 Filosofiyalıq oylaw rawajlanıwı basqıshları.

2 Áyyemgi Greciya hám Rim filosofiyası.

Pútkil dúnya civilizaciyasınıń hám mádeniyatınıń tariyxına áyyemgi grekler ózleriniń sociomádeniy iskerliginiń tiykarǵı tarawların hám olardıń joqarı qádiriyatların bekkemleytuǵın ayırım túsinikleri kiredi. Antik dáwir etikasınıń túbirine yamasa civilizaciyalıq-mádeniy rawajlanıwınıń tiykarlarına kiriwimiz, onıń belgilegen reallıǵın yadımızda qayta tiklewimiz ushın tómendegi kórsetilgen túsiniklerge dıqqat awdarıwımız tiyis. Olarǵa polis (qala-mámleket), limen (gavan portı menen), komı (awıllar), agora (bazar maydanshası), ekkleziya (xalıq májilisi), akropol (joqarǵı qala), logos (sóz, nızam), etos (dástúr, minez-qulıq) kiredi.

Polis yamasa antikalıq qala-mámleketti áyyemgi greklerdiń civilizaciyasınıń payda bolıwınan baslap kompleksli sistema, awıl xojalıǵı hám sanaat (ónermentshilik) iskerliginiń birligi, taǵı da xojalıqlıq-ekonomikalıq, puqaralıq-siyasiy, kúndelikli-turmıslıq, ruwxıy-mádeniy turmıstıń birligi dep atawǵa boladı. Bir sóz benen aytqanda, polis antikalıq tariyxtıń ásirleri dawamında adamlardıń individuallıq hám toparlıq, kollektivlik turmısınıń barlıq kórinisleriniń jámlengen ornı bolǵan. G.Knabeniń aytıwı boyınsha polis grek sózi bolıp, onın awdarması «puqaralıq jámáát (obshina)» degenge sáykes keledi. Ol xalıq jasaytuǵın punktti, belgili territoriyanıń administrativlik orayın, qala-mámlekettiń xalqınıń administrativlik-siyasiy shólkeminiń birligin berip qoymastan, ol basqa qala-mámleketlerdiń bolmısına qarsı qoyılatuǵın turmıstıń ózgeshe, ishki puqaralıq birligin ańlatadı. Greklerdiń polislik turmısı grek emeslerdiń dúnyasına qarsı turatuǵın birlik sıpatında alıp qaraladı.

Polis grekler tárepinen olardıń turmısınıń sapalı bir pútinligi sıpatında, belgili bir sanlı sheklerge iye, kóp túrliliktiń dinamikalıq birligi (individlerdiń, turmıs tarawlarınıń, mashqalalardıń, sheshimlerdiń kóp túrliligi) sıpatında payda boladı, rawajlandırıladı hám saqlanadı. Kóp túrliliktiń birligi – grektiń polislik turmısınıń tiykarın beredi, ol dara polislerdiń rawajlanıwınıń real mashqalası sıpatında da, olardıń arasındaǵı qatnasıqlar sıpatında da alıp qaraladı. Al, greklerdiń polisiniń tariyxı áyyemgi grek civilizaciyasınıń qáliplesiw, háwij alıp rawajlanıw hám ıdıraw tariyxın ańlatadı.

Klassikalıq ideyalar civilizaciyasınıń gúlleniwiniń áhmiyetli tárepin korabl hám porttıń rawajlanıwı beredi. Bul jerde áyyemgi ideyalar civilizaciyaǵa tán bolǵan ózgeshelikti: adamnıń iskerliktiń hár qıylı usılları, quralları menen ózleriniń baslı wazıypaların nátiyjeli, racional orınlawı ushın bilimlerdiń, kónlikpelerdiń koncentraciyasın, sol waqıt ushın ájayıp shólkemlesiwshilikti – konkret, hár qıylı hám differenciyalanǵan miynetlik orınlawshı hám basqarıw funkciyalarınıń qanday da bir iste qatnasıwshı adamlar arasında racional bólistiriliwin,

bul ulıwma isti olardıń kelisimli, kompetentli túrde orınlawın kóriwimizge boladı. Grekler ózleriniń korabllerinde ápiwayı ǵana «tábiyat jemislerin» hám adamlar tárepinen dórelgen nárse, predmetlerdi emes, tovarlardı alıp ótedi. Bul nárse tek óziniń paydalanıwı ushın dóretilgen materiallıq predmetlerdi alıp júriwdi emes, al sawda-satıq ushın, basqa tovar óndiriwshiler menen almaslaw ushın kerek bolǵan materiallıq predmetlerdi ańlatadı. Ápiwayı adam, aqshalıq ekvivalent procesine kiriw menen, oyında obyektiv túrde simvollastırıw hám ideallastırıwdıń, aqshanıń konkret sapasın onıń ulıwmalıq mazmunın bóliw arqalı abstraktlestiriwdiń quramalı proceduraların isleydi. Filosofiyanıń payda bolıwı ushın sociallıq-tariyxıy stimul rolin adamlardıń arnawlı predmetlerde óz kórinisin tapqan «ulıwmalıq penen jumıs islewi» atqardı. Buǵan qosımsha, bul civilizaciyanıń materiallıq hám ruwxıy, ádep-ikramlılıq qádiriyatlıq fundamenti diyqanlar, ónermentshiler, sawdagerler, korabl soǵıwshıları, bir sóz benen aytqanda, konkret kúndelikli kásip penen shuǵıllanıwshı adamlar tárepinen qurıladı. Usıǵan baylanıslı basqarıw-siyasiy strukturanıń binası, ilimniń hám mádeniyattıń, sonıń ishinde filosofiyanıń «joqarǵı etajları» payda boldı.

Filosof-oyshıllar, ásirese Sakrat, Platon, Aristotel qanday da bir óz ara ǵárezli birlikke hár qıylı kásiplerdi, sociallıq funkciyalardı alıp keledi. Mısalı Áne usı jerden Sakrat súreniniń deregi kelip shıǵadı. "Óz-ózińdi bil". Sonday-aq Sakrat «Bilmegen masqara emes, bilgisi kelmegen uyatsızlıq» dese, biziń xalqımızda soǵan uqsas awır ǵarǵıs «Óziń bilmegeyseń, bilgenniń tilinde almaǵaysań» dep keltiredi ushın bul jerde T.V.Vasilevanıń Platonnıń ideyalar teoriyasın antikalıq demiurglardıń maqsetke baǵdarlanǵan miynetin baqlawǵa teńlestirgen pikirin qollap-quwatlawǵa boladı. Filosofiya ushın ónermentshilerdiń miynetinde áhmiyetke ne nárse iye bolıwı múmkin? Adam-demiurgtan olar tárepinen dórelgen nárseler ǵana emes, al olarǵa sarplanatuǵın qádiriyatlar, ólshemler, oylar, mánisler, emociyalar, ulıwma alǵanda – ruwxıy tiykarlar bóleklenedi hám ózbetinshe turmıs keshiredi. Usıdan

paydalanǵan halda filosoflar-idealistler ideyaǵa, formaǵa nárseniń «materiyasına» salıstırǵanda ústinlikke iye áhmiyetti beredi. Biraq onıń ushın ideyanıń, formanıń hám nárseniń óz ara qatnasın aldınnan barlıq procesti ruwxıy elementler bolǵan maqset, ideal, sızılma, joybar, model, princip, úlgi (paradigma) baǵdarlaytuǵın civilizaciyalıq dáwirden «alıw» kerek boladı. Filosofiyanıń, etikanıń payda bolıwı hám qáliplesiwine tuwrı yaki kerisinshe tásirin tiygizgen áyyemgi greklerdiń civilizaciyasınıń áhmiyetli qádiriyatlarına, jetiskenliklerine, siyasiy jańalıqlarına eń aldı menen xojalıq, siyasat, ritorika, etika haqqındaǵı oy-pikirlerinde óz kórinisin tapqan tómendegi mazmun kiredi:

Birinshiden, hár qıylı xojalıqlıq, mádeniy, siyasiy islerdi, máplerdi, funkciyalardı, jumıslardı biriktiriwge tiykarlanǵan intensivlik puqaralıq, mámleketlik turmıs, bóleklengen sociallıq iskerliktiń integraciyası payda boldı.

Ekinshiden, jańa siyasiy-huqıqıy institutlar, sonıń ishinde demokratiyalıq institutlar payda boldı, yaǵnıy saylaw, erkli tiykarda, jámiyetlik minnetti saqlaw principlerine boysınǵan halda olar jumıs isledi. Olardıń iskerligi hám kelisimi nızamshılıq, másláhátshi hám atqarıwshı hákimiyattıń bir pútin strukturalastırılǵan sistemasına barıp taqaladı.

Úshinshiden, mámleketlik dúzilistiń hám siyasattıń hár qıylı formaları grekler tárepinen júzege keltirildi hám birneshe ásirler dawamında olar birge ómir súrdi, bir-biri menen gúres alıp bardı, kórinislerin ózgertip otırdı. Olardıń shettegi polyusların konservativlik-aristokratiyalıq hám novatorlıq-demokratiyalıq polisler berdi. Keskin siyasiy, sonıń menen birge, filosofiyalıq aytıslarda grekler ushın bir pútinlikke iye bolǵan hám hár qıylı polislerdi bólekleytuǵın siyasiy-huqıqıy qádiriyatlar hám ideyalar qáliplesip basladı.

Tórtinshiden, siyasat individlerdiń hám olardıń úlken hám kishi, rásmiy hám rásmiy emes, mámleketlik hám jeke birlespeleriniń hár qıylı zatlıq, siyasiy-huqıqıy, ideyalıq-ádep-ikramlılıq mápleri soqlıǵısıw arqalı óz kórinisine iye bolatuǵın tarawǵa aylanadı. Basqasha aytqanda,

puqaralardıń jeke, sonıń ishinde jeke menshiklik mápleri anıqlanadı hám soqlıǵısadı, sociallıq toparlar hám olardıń partiyaları qáliplesedi hám gúreske túsedi.

Besinshiden, siyasat kóp túrli máplerdiń, kózqaraslardıń, usıllardıń, ideyalardıń hám qádiriyatlardıń soqlıǵısıw, keskin gúresiw tarawı bolıp qoymastan, olardıń jámiyettiń, mámlekettiń ómir súriwi ushın salıstırmalı kelisimge keliw, birigiw tarawın da beredi. Basqasha bolıw múmkin emes te. Sebebi, siyasat civilizaciya tárepinen qáliplesken adamlardıń, olardıń qatnasınıń óz  ara tásirin tártiplestiriw tarawın ańlatadı. Sociallıq hám siyasiy birlikti qorǵaw hám dálillew funkciyasın mádeniyattıń hár qıylı tarawları ózine aladı, olardıń ishinen aldınǵı qatarǵa filosofiya shıǵadı.

Altınshıdan, greklerdiń siyasiy eksperimentiniń ullılıǵı adamnıń huqıqları hám minnetlerin, «jeke» ómirdiń hám óz ishine jeke menshikke bolǵan huqıqtı, erkin tańlanatuǵın turmıs obrazına bolǵan huqıqtı, óziniń jeke kózqarasların sáwlelendiriwge hám qáliples-tiriwge bolǵan huqıqtı qamtıytuǵın erkinliktiń basqalar ushın qol qatılmaslıǵı haqqındaǵı túsiniklerdi islep shıǵıwda kórinedi. Basqasha aytqanda, Áyyemgi ideyalardaǵı siyasat, tiykarınan, tariyxta birinshi ret individuallıq huqıq hám erkinliklerdi, mámleketlik-huqıqıy, ideyalıq-ádep-ikramlılıq kepilliklerdiń payda bolıwın tek ǵana ashıp qoymastan, olardı qorǵaw múmkinshiliklerin iske asırdı da. Olardı filosofiyalıq jaqtan dálillew tez pát penen sociomádeniy áhmiyetke iye bolıp basladı.

Jetinshiden, xalıqlar arasındaǵı qatnasıqlardı tártiplestiretuǵın siyasattıń áyyemgi tarawında da áhmiyetli jetilistiriwler hám jańalıqlar júz berdi. Sol waqıtta ol, birinshiden, polisler arasındaǵı ishki greklik siyasattı, ekinshiden, basqa eller menen qatnasıqtı ańlattı. Ishki siyasattaǵıday, bul jerde de grekler arnawlı basqarıwdı, ózgeshe ideyalardı, koncepciyalardı, qádiriyatlardı tártiplestiriwdi talap etetuǵın intensivlik óz ara tásirdi alıp bardı.

Bul kórsetilgen mazmun dúnya júzi civilizaciyasınıń tariyxıy fondına greklerdiń bergen unamlı civilizaciyalıq miyrasın ańlatadı.

Bir formalardı olar basqa civilizaciya, xalıqlardan alıp ózgertedi, al basqaların ózleri oylap tabadı. Usı bağdarlarda adamzat tariyxı óziniń ishine zamanagóy basqıshtı qamtığan halda áyyemgi greklik miyrastı qabıl etiw hám bunnan bılay rawajlandırıwdı ańlatadı. Biraq áyyemgi greklerdiń tariyxı tek ğana unamlı sabaqlarğa iye emes. Ol civilizaciyanıń birinshi tariyxıy jetiskenlikleriniń bekkem emesligin de kórsetti. Usığan baylanıslı áyyemgi greklerdiń óz xalqınıń, óz polisiniń tájiriybesin sınğa alıwı dálillengen tiykarğa iye edi. Bul jerde filosofiya payda bolğanınan baslap kritikalıq siyasiy sana qáliplesetuğın áhmiyetli tarawlardıń birine aylanadı. Onı biz Platonnıń filosofiyasında ayqın kóriwimizge boladı. Áyyemgi waqıtlardan baslap-aq grekler sóz stixiyasında jasağan. Sóz antikalıq tariyxtıń háreketke keltiriwshi kelbetin beredi. T.Vasilevanıń pikirinshe, grekler ushın «logos» kóp obrazlı mánislerge iye bolğan. Sudtağı sóz – logos, grammatikalıq mánistegi gáp – logos, esaplaw – logos, esap – logos, aqıl –logos…

Solay etip, sóz mádeniyattağı oydı obyektivlestiredi, sol waqıttıń ózinde nárseni kózlerdiń kórgenindey, oydı aqıl menen «kóriw» múmkinshiligin dóretedi. Bul jerde filosofiyanıń eń qıyın mashqalalarınıń biri – sózler fakturasında materiallasatuğın, ulıwma alğanda til mashqalası, obyektivlik áhmiyetli ideyalar mashqalası sáwlelengen. Bul máseleni keyingi filosofiyanıń aldına antikalıq dáwirdiń klassikalıq basqıshı qoyadı.

Áyyemgi greklik filosofiyanıń tağı da bir ózgesheligin onıń etikalıq, estetikalıq qádiriyatlardıń dógereginde jámleniwi beredi.

Joqarıda bizler turmıstan, civilizaciyalıq tiykarlardan mádeniyattıń, sonıń ishinde filosofiyanıń shıńına qaray bağdar alğan edik. Bul paragrafta bizler áyyemgi greklerdiń turmısınıń qádiriyatlıq-ádep-ikramlılıq tiykarlarına mádeniyattıń, ásirese filosofiyanıń shıńınan qatnas jasawğa háreket etemiz. Áyyemgi greklerdiń qádiriyatların olardıń salıstırmalı pútinliginde, qádiriyatlardıń antinomiyalıq qarama-qarsılığında sistemağa túsiriwge háreket etemiz. Platonnıń traktatlarında da bizler áyyemgi greklerdiń ideyaların-qádriyatların, bağdarların,

principlerin kóremiz. Olarda óz ara shártli juwapkershilikke iye miynet qádiriyatı alıp qaraladı. Platonda basqa filosoflardaǵıday kvalifikaciyalı, aqıllı, juwapkershilikli, iniciativalı iskerlik sıyaqlı qádiriyatlıq túsinikti xojalıqlıq-ekonomikalıq, siyasiy, ádep-ikramlılıq-dástúriy, morallıq-etikalıq kontekstke kirgizedi. Ol bul qádiriyattıń óshpeytuǵın ulıwma adamzatlıq, ulıwma civilizaciyalıq mánisin kóredi, sol sebepli onı mámleketlik tártip hám iygilikli - ádillik penen barabar alıp qaraydı.

Áyyemgi grek oyshılları ózleriniń shıǵarmalarında erkinlik túsiniginiń qádiriyatına da ayrıqsha dıqqat qaratadı. Greklerdiń erkinlikke qatnası mashqalalı hám antinomiyalıq xarakterge iye. Grekler ushın erkinlik máselesi ishki polislik islerdi, polisler arasındaǵı qatnasıqlardı júrgizgende de áhmiyetke iye bolǵan. Biraq aldınnan jetkilikli dárejede xalıqtıń úlken toparların erkinlikke bolǵan huqıqtan ayırıw bul qádiriyattı túsiniwge tásirin tiygizedi. Erkinlik tek ǵana erkin tuwılǵanlar hám er adamlar ushın degenimiz erkinlik haqqında siyasiy hám ádep-ikramlılıq aytısların júrgizgenimizde turmıslıq birinshi derek, tiykar retinde alıp qaraladı. Bunday mazmundı, mısalı ushın, Platonnıń hám Aristoteldiń erkinlik haqqında onsha kóp sóz etpegenliginde kóriwimizge boladı. Olar erkinlikti ózińdi tárbiyalaw, ózińdi basqarıw, ózińdi sheklew sıpatında túsindiredi. Bunıń real sebepleri retinde tek ǵana qulshılıq yaki hayallardıń ezilgen halatı alıp qaralmaydı. Sebebi, erkinlik formal erkin insanlar ushın da birdey ólshemde «berilmeydi», hátteki adamlardıń kópshilik bólegi ushın ol sheklengen túrde beriledi. Sózsiz bunday jaǵday greklerdiń kóz aldında erkinliktiń bahalıǵın kóterip jiberdi. Grekler erkinlik haqqında barlıq waqıtta hámme jerde pikir júrgizedi. Erkinlik ideyasınıń qádiriyatın dodalaǵanda greklerdiń aytqan joqarǵı ideyaları hám sezimleri, onı iske asırıw menen baylanıslı bolǵan sheklewler hám qarsılıqlar dógereginde júrgizilgen qarsılıqlı aytıslar greklerdiń civilizaciyalıq miyrasınıń ayqın tárepin beredi. Sebebi, civilizaciya aldın hárekettiń hám oydıń erkinliginiń qanday da bir ólshemisiz, al keyin ala formallıq hám real erkinliktiń ólsheminiń, dárejeleriniń úzliksiz keńeyiwisiz múmkin emes.

Ulıwma greklik qádiriyatlardıń ishindegi eń ullısı – sulıwlıq, onıń sebepleri belgili dárejede tómendegishe túsindiriledi: tábiyat tárepinen óziniń formalarınıń dóretiliwi, greklerdiń pikirinshe, sulıwlıq principlerine boysınadı; adam tábiyatqa eliklep, al ayırım jaǵdaylarda onnan ústin kelip, jańa sulıwlıqtı dóretedi. Mısalı ushın, Platon formanıń sulıwlıǵın, jetikligin hám plastikasın bolmıstıń ózine «kirgizedi», al áyyemgi greklerdiń filosofiyasınıń bul belgisi, sózsiz ómirdiń tiykarında hám xalıqtıń, polistiń qádiriyatlıq dúnyası tiykarında bekkemlenedi. Ulıwma greklik qádiriyatlardı qáliplestiriw, bekkemlew, qorǵaw áyyemgi greklik civilizaciyanıń filosoflardıń aqılıy-danalıq Logos-sózi menen baylanısqan ruwxıy-ádep-ikramlılıq fundamentin beredi. Filosofiya úrp-ádetlerdiń buzılıwınıń kúsheyiwin «ashıp kórsetedi», jaqsılıqqa, miyrim-shápáátlikke shaqıradı, bir sóz benen aytqanda adamgershilikke, taza, qudaylıq iygilikke baslaydı. Olar búgingi kúnde óziniń aktuallıǵın joyıtpaǵan, sheshimin tappaǵan, ashıq ádep-ikramlılıq sorawların alǵa súrgen.

Taǵı bir grek filosofı Geraklit (eramızdan aldıngı 520-460-jıllar ) Kishi Aziyanıń batıs qurǵaqlıǵında Efes qalasında zerger shańaraǵında dúnyaǵa kelgen. Ol stixiyali dialektikaǵa tiykar salǵan, órt – álemniń tayaǵı, dep bilgen. onıń pikirine qaraǵanda, dúnyada hámme zat hárekette. «Aǵın suwǵa bir sekundta eki ret túsiw múmkin emes, sebebi suw hár minutta jańalanıp turadı». Dúnyada turaqlılıq joq. Háreket pútkil tábiyatqa, barlıq dene hám qubılıslarǵa tán bolıp tabıladı. Mańgi háreket – mańgi ózgeriw bolıp tabıladı. Háreket qarama-qarsılıq tiykarında júz beredi. «Gúres hámme zattıń ákesi, hámme zattıń patshası», degen eken Geraklit. Bunnan Geraklit adamlar arasında urıslardı en jaydırǵan eken, dep juwmaq shıǵarıw nadurıs. Geraklittiń pikirine qaraǵanda, turaqlı ózgeris, háreket hám óz ara keri táreplerge ótiw – deneler sapasınıń salıstırmalılıǵı menen baylanıslı. Mısalı, teńiz suwı insan paydalanıwı ushın jaramsız bolsa, balıqlar ushın eń kerekli suw bolıp tabıladı. Geraklittiń kózqarasları filosofiyalıq oylaw rawajlanıwına úlken tásir kórsetken.

Pifagor (eramızdan aldıńǵı 580-500-jıllar ) Greciyanıń Samos atawında jasap ótken. Ol áyyemgi Greciyada diniy-ideologiyalıq filosofiyalıq mektep, yaǵnıy pifagorshılıqqa tiykar salǵan. Pifagor óziniń siyasiy kózqarasları sebepli patsha Polikret penen kelise almaǵan hám Samostı taslap, qubla Italiyaǵa kóship ketken, sol jerde óz awqamın shólkemlestirgen. Onıń pikirinshe dúnyanı biliw procesi, áwele, nomerlerdi biliwden baslanıwı kerek. Pifagorshılardıń táliymatına kóre, álemniń tiykarında element te, tábiyat da emes, bálki ideallasqan nomerler jatadı; zat hám qubılıslar áyne áne sol nomerler jemisi bolıp tabıladı. Pifagor birinshi bolıp Greciyada tábiyatdaǵı zat hám qubılıslarǵa túsindirme berip muǵdar kategoriyasın alǵa súredi. Ol «tártip» haqqındaǵı táliymatın jaratıp, tek aristokratlar ornatqan tártip sociallıq ómirde zárúrli rol oynaydı, degen. Onıń pikirine qaraǵanda, demokratiya bul intizamnıń buzılıwı bolıp tabıladı.

Eley filosofiyalıq mektep wákili Ksenofan (eramızdan aldıńǵı VI –V ásir) shayır hám filosof bolǵan. Ol Kishi Aziyada dúnyaǵa kelgen. Ilim alıw maqsetinde Greciyaǵa, qubla Italiyaǵa sayaxat etip, omiriniń sońǵı jılların Eley qalasında ótkergen. Tariyxshı Diogen Laertskiydiń jazıwınsha, Ksenofant «Tábiyat haqqında» shıǵarmasınıń avtorı bolıp tabıladı. Ashınarlı tárepi, bul miynettiń yarımı ǵana saqlanǵan, ol insanlarǵa tán sapalardı haywanlarǵa, ósimlik dúnyasına tiyisli dep biliwshi táliymatqa qarsı shıǵıp, mifologiyanı biykarlawǵa háreket etken. onıń filosofiyalıq táliymatına kóre, tábiyat ózgermeytuǵın hám háreketsiz bolıp tabıladı, «Hámme zat jerden kógerip shıǵadı hám sońında taǵı jerge qaytadı». Biz hámmemiz jerden tuwılǵanbız hám jerge sheńbermiz». Ksenofan áyyemgi grek filosoflarınan birinshi bolıp, biliwdiń múmkinshiligi hám shegarası haqqında pikir júrgizgen. Bul áyyemgi grek gnoseologiyasınıń rawajlanıwına tiykar boldı.

Ksenofant ilgeri súrgen ideyalar onıń shákirti Eley filosofiyalıq mektebiniń kózge kóringen wákillerinen biri, eramızdan aldıńǵı 504-jılı tuwılǵan Parmenid tárepinen rawajlandırılǵan. Eley filosofiyalıq mektebiniń wákillerinen biri Parmenidtiń shákirti hám dosı Zenon (490-430-jıllar) óz ustazınıń táliymatın rawajlandırdı.

Áyyemgi Grek mádeniyatında sofistlar filosofiyası úlken orın tutadı. Sofistlar antropologiya (insan haqqındaǵı pán) hám gnoseo-logiya (biliw tuwrısındaǵı pán) máseleleri menen shuǵıllanǵan. Sofistlar jańa kásiplerdiń sheber ustaları, yaǵnıy oqıtıwshılar, diplomatlar, aratorlar, sud mákemelerinde isleytuǵın qánigelerden ibarat bolıp, haqıyqat, ádalat ornatıwǵa xızmet etken. olardıń táliymatı Sakrat filosofiyasına da málim dárejede tásir kórsetken.

Sakrat (eramızdan aldıngı 469-399-jıllar.) (tiykarı – Sakrat) – áyyemgi Grek filosofı. «Afinanıń sociallıq ómirinde aktiv qatnasqan, jaslar tárbiyası menen shuǵıllanǵan, erkin pikirli insan, kámbaǵal shańaraqtan shıqqan, tas jonıwshınıń balası, oǵada bilgir kisi retinde ataqlı bolǵan.

Onıń turmısı baxıtsız tawsılǵanı tuwrısındaǵı mısal filosofiyalıq ańızǵa aylanıp ketken. Óz dáwirinde Afinadaǵı húkimran basqarıw principi tártip-qaǵıydalarına qarsı shıǵıp, jańa pikirlerdi ilgeri súrgeni ushın ruwxaniylar onı dahriylikda ayıplaǵan Oǵan jaysha ayıp emes, siyasiy ayıp qoyılǵan. Sonday bolsa da nızam hám jámiyet tártiplerin húrmet etkenligi sebepli, ol jazadan qutılıp qalıwdı oylamaǵan hám záhár iship ólgen. Sakrat jáne onıń tárepdarları jámiyet nızamlarına, olar qanday bolıwına qaramastan, sózsiz boysınıwdı en jaydırǵan Sakrat jáne onıń shákirtleri Afinada ámel etken nızamlardı nadurıs hám ádalatsız dep esaplaǵan hám de olardı qattı sınǵa alǵan, biraq olarǵa boysınǵan. Usı mánisten alıp qaraǵanda, Sakrat ózin ayıplı dep tapqan sud húkimine boysınǵan hám ózin onıń qolına tapsırǵan. «Platon meniń dostım, biraq nızam doslıqtan joqarı turadı» degen hikmetli sóz sol dáwir ruwxıylıǵınıń ayqın kórinisi bolıp tabıladı.

Sakrat óz táliymatın awızsha túrde kóshede, qıyabanlarda shákirtleri hám isin dawamlawshıları menen birge qáliplestirgen hám xalıq sanasına sińiriwge háreket etken, lekin qanday da bir de dóretpe jazbaǵan. Onıń filosofiyalıq, etikalıq táliymatları mánisin shákirtleri Ksenofant, Aristofan hám Platonnıń dóretpelerinen bilip alıwımız múmkin. Ksenofant «Sakrat haqqında eskertkishler» shıǵarmasında

óz ustazı haqqında jıllı sózler aytıp, onı ullı, etika ádep boyınsha sın pikir júrgizgen insan retinde táriyiplegen. Jaslardıń etikasın buzǵan dep oǵan siyasiy ayıp qoyıw – jala ekenin  aytıp ótken. Platon bolsa onı tereń oy-pikirli, insandı ullılaytuǵın oyshıl, dep táriyiplegen, onıń filosofiyalıq kózqarasların óz dóretpelerinde keltirip ótken. Sakrattıń pikirine qaraǵanda, filosofiyanıń orayında etika máseleleri turıwı kerek. Elimizdiń gúlleniwi, tınıshlıq hám párawanlıǵı, abat turmısı etika hám ádeptiń jaǵdayına baylanıslı Bul máseleler Shıǵıs filosofiyasında da ayrıqsha orın iyelegeni sebepli xalqımız, ullı oyshıllarımız Sakrat atınıń ayrıqsha húrmet penen tilge alǵan, onıń tártip-intizam haqqındaǵı úgit-násiyatlarına  ámel etken.

Sakrattıń shákirti Platon (tiykarı – Platon) jáhán filosofiyası tariyxında óshpes iz qaldırǵan ullı oqımıslı insan bolıp tabıladı. Ol tek ǵana filosof alım, bálki artist, shayır hám dramaturg bolǵan, óz ideyaların dialoglar formasında bayanlaǵan. Platon 428-jıl 21-mayda Delos atawında tuwılǵan. Ózinnen keyin 35 ten zıyat dialog formasındaǵı dóretpeler jazıp qaldırǵan. Aristoteldıń ol haqqındaǵı maǵlıwmatların birden-bir tuwrı dálil dep qaraw múmkin. Sebebi Aristotel Platonnıń eń jaqın  dosı hám shákirti bolǵan.

Platon «Ideyalar dúnyası hám sayalar dúnyası» táliymatınıń tiykarshısı bolıp tabıladı. Onıń oyınsha, ideya haqıyqıy bolmıs, biz biletuǵın hám jasaytuǵın dúnya bolsa onıń sayası bolıp tabıladı. Haqıyqıy ózgeris hám rawajlanıw ideyalar dúnyasına tán, sayalar dúnyasındaǵı háreket bolsa onıń kerisi bolıp tabıladı. Ideyalar dúnyasınıń nızamlıqların hámme de bile almaydı. Olardı biletuǵın zatlar asa kem ushıraydı, olar úlken aqıl iyesi boladı hám tariyxta tereń hám óshpes at qaldıradı. Kópshilik adamlar bolsa, sayalar dúnyası menen sheklenedi.

Platonnıń jámiyet hám mámleket tuwrısındaǵı táliymatı onıń dúnyaǵa kózqarasında oraylıq orınlardan birin quraydı. Ol tek áyyemgi dáwir filosofiyası – ontologiya hám gnoseologiyanıń klassigi bolıp qalmay,  áyyemgi siyasiy teoriya hám pedagogikanıń bilgir insanlarınıń

biri bolǵan. Platon sociallıq-siyasiy máselelerge tiyisli «Mámleket», «Nızamlar», «Siyasat» hám «Kritiy» atlı dóretpeler jazıp qaldırǵan. «Mámleket» shıǵarmasında jámiyet haqqında, onıń ideal siyasiy basqarıw principi haqqındaǵı kózqaraslarıń oraylıq táliymatı – ideyalar teoriyası menen tıǵız baylanıslı halda ilgeri súrgen. Onıń pikirine qaraǵanda, mámlekettiń tórt forması ámeldegi: teokratiya; oligarxiya; demokratiya ; tiraniya. Platonnıń ideal mámleket tuwrısındaǵı ármanları negizinde ádalat ideyası jatadı. Platon aytqanı sıyaqlı, jámiyet barlıq aǵzalarınıń ádil jámiyettegi nızamlarǵa baǵınıwı social rawajlanıwdıń tiykarǵı girewi bolıp tabıladı.

Platonnıń shákirti hám áskeriy xızmette bir sapta bolǵanları Aristotel (384–322-jıllar) (tiykarı – Aristotel) áyyemgi Greciyanıń ullı filosofi, óziniń ayrıqsha, jáhándi lal qaldırǵan ilimiy miyrasları menen ataqlı bolıp tabıladı. On jeti jasında óz bilimin asırıw maqsetinde Afinaǵa kelip, Platon tiykar salǵan akademiyaǵa oqıwǵa kirgen hám 20 jıl dawamında (Platonnıń ólimine shekem) bul jerde oqıǵan. Keyinirek Makedoniya patshası Filipp II usınısı boyınsha, onıń balası Aleksandrǵa 3 jıl úzliksiz ustazlıq etken. Sonlıqtan, keyinirek dúnyanı jawlap alıp, patshalıq mártebege kóterilgen Iskenderdiń kámalı da Aristoteldiń xızmetleri kútá úlken bolǵan. Filipptiń óliminen keyin Aleksandr taxtqa otırǵannan soń, Aristotel Afinaǵa qaytıp kelip, 50 jaslarında «Likkey» atlı mektep ashqan. Ilimiy jumısınıń nátiyjeli bolıwında, ulıwma, Greciyadaǵı ilim rawajlanıwında Aleksandr tárepinen kórsetilgen saqıylıq hám qollap-quwatlawlar zárúrli áhmiyetke iye boladı. Iskender qaytıs bolǵanınan keyin oǵan qarsı kúshler qozǵalań kóterip, Aristoteldi ayıplaǵan hám sudqa bergen. Suddan aldın Evbey aralına kóship ketken Aristotel kóp ótpey sol jerde qaytıs bolǵan. Aristotel záberdes alım bolıp, logika, psixologiya, filosofiya, etika, aratorlıq kórkem óneri, tábiyiy pánler boyınsha ólmes, bahalı dóretpeler jazıp qaldırǵan. Onıń barlıq dóretpeleri bolmıstı úyreniwge qaratılǵan. Logika tiyisli shıǵarmalarınıń barlıǵın «Organon» («Qural») atlı shıǵarmasına jıynaǵan. Filosof barlıq pánlerdi eki túrge – teoriyalıq hám ámeliy pánlerge ajıratqan. Ámeliy

pánler shákirtlerge jol-joba kórsetiwge, qanday da bir paydalı jumıstı ámelge asırıwǵa jóneltirilgen. Ol teoriyalıq pánlerdi úsh bólekke - filosofiya (metafizika), matematika hám fizikaǵa ajıratqan.

Dúnyadaǵı zat hám qubılıslar tórt sebepke iye. Bular materiallıq sebep, yaǵnıy element (materiya); kórinis yamasa forma ; jaratıwshı sebep; sońı sebep yamasa maqset sebepler bolıp tabıladı. Jaratıwshı sebep, Aristoteldiń pikirinshe, háreket deregi bolıp tabıladı. Mısalı, áke hám ana balanıń úlkeyiwinde qollap-quwatlawshı bolıp tabıladı. Aristotel sebep (maqset sebep) járdeminde insanǵa tán bolǵan maqsetti tábiyat hádiyselerine de qollanbaqshı bolǵan. Háreket jaratılıs sıyaqlı máńgi bolıp tabıladı. Usı waqıtta, álem óziniń máńgilik sebebi, yaǵnıy háreketlendiriwshi kúshine iye.

Aristoteldiń jámiyet hám mámleket tuwrısındaǵı táliymatı «Mámleket», «Siyasat» sıyaqlı dóretpelerinde aytılǵan. Onıń pikirine qaraǵanda, mámleket basqarıwı jámiyettiń erkin hám párawan turmısı ushın xızmet etiwi kerek. Baxıtlı turmıs mazmunı tek materiallıq baylıq penen belgilenbeydi, bálki ruwxıy baylıq penen uyqas bolǵanda ǵana, jámiyet baxıtlı turmıs keshiredi. Mámlekettiń baylıǵı, tiykarınan, ortasha múlkke iye bolǵan puqaralardıń miyneti menen támiyinlenedi. Aristoteldiń buǵan baylanıslı kózqarasları búgingi kúnde watanımızda kishi hám orta biznes salasın rawajlandırıw jolında alıp barılıp atırǵan reformalar .

Grek filosofiyasında Demokrittiń kózqarasları da zárúrli orın tutadı. Ol haqıyqıy bolmıs – materiallıq dúnya, máńgi hám túpsiz, sheksiz-shegarasız ómir bolıp tabıladı, qorshaǵan ortalıq mayda materiallıq bólekshelerden, yaǵnıy atomlardan hám boslıqtan ibarat dep tálim beredi. Atomlar hám boslıq óz ara pútin máńgi baslanıw bolıp tabıladı. Atomlar – bólindisi ózgermeytuǵın, sapa tárepten birdey, onıń muǵdarı forması sıyaqlı esapsız bolıp tabıladı. Háreket, degen edi Demokrit, atomlardan ibarat elementtıń máńgi, tábiyiy jaǵdayı bolıp tabıladı. Demokrit tosınnan bolıwshı qubılıslardı biykar etken. Ol « tábiyatta yamasa jámiyette heshbir zat kútilmegende payda bolmaydı», dep

jazǵan. Demokrittiń filosofiyalıq kózqaraslarında etikalıq táliymat zárúrli orın tutadı. Onıń buǵan baylanıslı kózqarası siyasiy kózqarası menen tıǵız baylanıslı bolıp tabıladı. Jaqsı basqarılıp atırǵan mámleket – ullı qorǵan bolıp tabıladı. Mámleket mápleri hámmesinen ústin turıwı kerek.

Norma, deydi filosof, etikanıń tábiyat insanlarǵa sawǵa etken kúsh hám qábiletke sáykes keliwi bolıp tabıladı. Danalıq úsh túrdi keltiredi: jaqsı pikirlew; jaqsı sóylew; jaqsı háreket etiw. Demokrittiń etikalıq kózqarasları óz dáwirindegi ámeliy ruwxıy múnásibetlerdiń ulıwmalasqanı bolıp tabıladı. Onıń táliymatı búgingi kúnde insanlardı ádep-ikramlılıqqa, ar-namısqa shaqıradı.

Epikur (341-270-jıllar ) – áyyemgi Grek oyshılı. Demokrit ilgeri súrgen atomshılıq táliymatın jáne de rawajlandırıp, onı kóklerge kótergen hám tiyisli qaraslar menen bayıtqan filosof. Epikur táliymatı boyınsha, álem – materiallıq, máńgi hám sheksiz. Atomlar – bólinbeydi, álem – dene hám boslıqtan ibarat, dep jazǵan edi ol. Barlıq denelerdi Epikur eki gruppaǵa bólgen. Birinshi gruppaǵa denelerdi quraytuǵın atomlardı kirgizgen bolsa, ekinshi gruppaǵa atomlardıń qosılıwınan quralǵan denelerdi kirgizgen. Epikur ishki háreket nızamlıǵın jańalıq ashıp, Demokrit ilgeri súrgen atomshılıq táliymatına úlken úles qosqan. Epikurdıń filosofiyalıq-etikalıq táliymatı óz dáwirinde ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan. Ráhát-tınıshlıq, kewilshilik degende, házlik, kúndelikli turmıs, patshalarday turmıstı emes, bálki fizikalıq eziliw hám de psixikalıq uwayımlardan qutılıwdı, azatlıqtı túsinemiz, deydi Epikur. onıń pikirinshe, mámleket adamlardıń óz ara kelisiwi tiykarında dúziliwi kerek. Epikur ilgeri súrgen social shártlesiw ideyası keyinirek XV ásir francuz ilimpazları hám de XX ásir filosofları tárepinen dawam ettirilgen.

Epikur táliymatın rimlik Lukretskiy Geren (eramızdan aldıńǵı 99−55-jıllar ) dawam ettirgen. Ol «Zatlardıń tábiyatı haqqında» atlı shıǵarması menen ataqlı bolǵan. Jasawdan maqset, dep jazǵan Lukretskiy, baxıtlı turmıs keshirimnen ibarat esaplanadı. Jámiyet de,

tap tábiyat sıyaqlı, óz nızamlarına iye hám de tábiyat nızamlıqlarına súyengen halda rawajlanadı, deydi ol. Onıń filosofiyalıq kózqarasları óz dáwiri hám orta ásir filosofiyasına aytarlıqtay tásirin kórsetken.

Onıń pikirine qaraǵanda, element (materiya) – máńgi, bir jaǵdaydan ekinshi jaǵdayǵa ótip, formasın ózgertirip jasaw – onıń ózgesheligi. Dúnyadaǵı barlıq zatlar ekige – ápiwayı hám quramalı túrge bólinedi. Lukretskiy Geren atom háreketiniń ush túrin sanap ótken. Bular – zattıń salmaqlıqqa iye bolǵanı ushın tuwrı sızıqlı háreketi, zattıń ózinshe iyiw háreketi, zatqa sebep bolǵan tiykarǵa qaratılǵan háreket. Lukresiydiń teoriyası ápiwayı bolsada, tábiyattanıwlıqqa úlken tásir kórsetken.

1. Evropada Áyyemgi Grek hám Rimnen orta ásirler filosofiyasına shekem, yaǵnıy eramızdan aldıńǵı I ásirden eramızǵa shekemgi X1 ásirde, bir yarım mıń jıl dawamında birqansha aǵıslar payda boldı hám ámel etti. Bul dáwir filosofiyasında eki túrli procesti kóriw múmkin: 1. Xiristianlıqtıń qáliplesip mámleket dini hám ideologiyasına aylanıwı ; 2. Orta ásirlerge kelip inkvizisiyanıń ústin jóneliske aylanıwı. Gnostika, apologetika, patristika, realizm, nominalizm hám basqa aǵıslar sol dáwir filosofiyasınıń jaǵdayın belgileydi.

Gnostiklar. Bul dáwir filosofiyasında óz ornına iye bolǵan gnostisizm eramızdıń 150-jıllarında óziniń joqarı rawajlanıwına erisedi. Olar sonday filosofiyalıq táliymat jarattı, olardıń pikirine qaraǵanda Quday ruwxlanıw retinde jawızlıqtı ulıwma saplastırıp, insan bolsa óz xarakteriniń psixik tárepi menen qudayǵa sáykes bolǵan. Bul máselede gnostisizm filosofları xristianlıqtı grek filosofiyası menen birlestiriwge háreket etti. Eger bul urınıwda gnostisizm jeńis qılsa, xristianlıq áyyemgi dúnyanıń náwbettegi filosofiyalıq dini bolıp qalar edi hám sonday boldı da. 354-jılda Pompey xristianlıqtı Rim imperiyasınıń tiykarǵı dini dep járiyaladı.

Dualizm – gnostisizmniń tiykarǵı baǵdarı, bul aǵım tárepdarları materiallıq hám psixik dúnya ortasında bekkem shegara dep aytadı. Olar táliymatında materiya hámme waqıt jawızlıq tımsalı bolıp tabıladı. Bunnan olar quday hesh mezgil materiallıq dúnyanı jaratıw múmkin

emes, dep esaplaydı. Gnostiklar tárepinen dağaza etilgen darveshlik (asketizm) orta ásirlerde monarxshılıqtıń payda bolıwına sebep boldı.

«Sxolastika»- sózi grekshe «shkola»dan («shola») alınǵan bolıp, «mektep» mánislerin ańlatadı. Ullı Karl sarayında oqıtıwshılıq etkenlerdi, yamasa ulıwma saray mekteptegi oqıtıwshılardı sxolastlar dep ataǵan. Sonıń menen birge, dindi úyreniwde filosofiyanı qollap-quwatlaǵan etken orta ásir ilimpazların da sxolastlar dep ataǵan. Sxolastikanı málim dárejede teologiyanı aqılǵa sáykeslendiriw, dindi oylaw járdeminde sáwlelendiriwge umtılıw dep de bahalaw múmkin. Sol dáwirde teologiyanı muqaddes kitaplar isenimleri tiykarında emes, bálki filosofiyalıq kózqarastan izertlew talap etiler edi. Sxolastlardıń maqseti boysınıw aqılǵa muwapıqpa degen sorawǵa juwap beriw bolǵan.

Aristotel táliymatınıń kóp táreplerin qabıl etken orta ásir sxolastlari orta realistlar dep atalǵan. Olardıń iri wákilleri Per Abelyar hám Foma Akvinskiylar bolǵan.

Foma Akvinskiy (1224-1292) realizmniń taǵı bir iri wákili bolıp esaplanadı. Foma sol dáwir ushın Aristotel natur filosofiyasın teologiya menen birlestiriwge háreket etken. Bunda ol ortasha realizm poziciyasıda turǵan hám sxolastikanıń eń iri wákili bolǵan. Onıń pikirine qaraǵanda, natural filosofiyada oylaw hám Aristotel logikalıq táliymat járdeminde quday bar ekenligi haqqındaǵı haqıyqatqa jetiwi múmkin.

Fomanıń «Ilahiy kriteriyalar» shıǵarması 3000 maqaladan ibarat bolıp, 600 máseleni jaqtılandırıwǵa arnalǵan. Ol teologiyanıń sistemalı baylanısıw wazıypasın atqaradı. «Ilahiy kriteriyalar»dıń birinshi bólegi qudaydıń bar ekenligi hám barlıǵı máselesinde tartıs júrgizedi. Ekinshi bólegi «Qudayǵa qaray háreket» haqqında gúrriń etedi.

Akvinskiy táliymatı, dúnya ierarxik nárwannan ibarat esaplanadı. Onıń eń tómen bóleginde jer hám 4 elementten ibarat bolǵan hámme zatlar bar bolıp tabıladı. Adamnıń sezimi quday hám materiallıq dúnya ortasındaǵı orındı iyeleydi. Dúnyalıq jámiyet joqarısında bolsa, papa basshılıǵındaǵı ilahiy mámleket turadı. Jerden uzaqlasqan tárepke

ol ilahiylasıp baradı. Planetamız dúnyasınıń joqarısında perishteler dúnyası bar. Pútkil álem dúzilisi úsh shaxstı birlestirgen birden-bir quday tárepinen basqarılıp turadı. Akvinskiy táliymatınan keyinirek «tomizm» ağımı qáliplesti hám ol «neotomizm» formasında batısta házir de saqlanıp qalǵan.

Sol dáwirdiń ataqlı filosoflarınan biri Vilyam Okkam bolıp tabıladı (1309-1349 ). Onıń pikirine qaraǵanda, teologiya isenimleri racional (aqıl ) jol menen tastıyıqlanıwı múmkin emes. Olar tek Muqaddes kitap orını boyınsha qabıl etiliwi múmkin. Bul kózqaras boysınıw hám oylawdı bir-birinen ajıratadı, olardı omuxta qılıwdı qaralar edı. Okkam, sonıń menen birge, universallardıń obyektiv bar ekenligin biykar etedi. Onıń pikirinshe, universaliylar oylaw túsinikleri ushın tek atı esaplanadı. Bul túsiniklerdi adam óz sanasında jaratqan. bólek adam insanǵa salıstırǵanda real hám áhmiyetlilew bolıp tabıladı.

Bekon (1214-1292) Okkamǵa tiyisli bolǵan aǵım wákillerinen bolıp tabıladı. Ol óz ómirin ilimiy tájiriybelerge baǵıshlaǵan. Olar járdeminde tájiriybelik ilimge tiykar salındı. Bunday metodtı XYII ásirde Frensis Bekon islep shıqtı. Haqıyqattı tabıwda tábiyattı tájiriybelik úyreniw metodın qollaw nominalistlar qaraslarına tolıq uyqas keler edi. Nominalistlar hám realistlar ortasındaǵı qarama-qarsılıq orta ásir sxolastikasınıń zárúrli máselelerinen biri edi. Pútkil orta ásirlerde sxolastikanıń bul eki aǵımı ortasında gúres bolǵan. Sxolastikanıń shıńına jetken dáwiri – 1150 hám 1300-jıllarda – Foma Akviniyskiydiń ortasha realizmi nominalizm ústinen jeńiske eristi. Lekin 1300-jıldan keyin shirkew teologiyashıları oylawında nominalizm joqarı mártebeni iyelep basladı. Bul kóp tárepten oyanıw dáwiri filosofiyasına tásir kórsetti. Sonıń menen birge, haqıyqatqa erisiwdiń tájiriybelik metodınıń (racionalizm) payda bolıwında úlken xızmet etti.

Evropa filosofiyasınıń rawajlanıwında universitetler zárúrli orın tutadı. Olar bilim hám ilimniń oshaǵı retinde 1200-jıllarda payda boldı. 1400-jıllarǵa kelip, Evropada 23 universitet ámeldegi bolǵan. Universitet programmasınıń kútá úlken bólegin sxolastika menen shuǵıllanıw quraydı.

Universitetlerdiń payda bolıwınıń sebebi ataqlı ilimpazlardıń iskerligi bolıp tabıladı. XII asirde Iteriy Rim huqıqınıń ullı izertlewshisi retinde ataqlı boladı hám studentler onı esitiw ushın Bolonya qalasına oqıp kele baslaydı. Nátiyjede Bolonya qalası universiteti tabıslı iskerlik kórsete baslaydı. Abelyardıń oqıtıwshı retindegi jetiskenligi kóp tárepten Parij universitetiniń payda bolıwına sebep boldı. Universitetler, sonıń menen birge, studentlerdiń shıǵıwları nátiyjesinde de payda bolǵan. Mısalı, XII ásirde Angliya hám Franciya patshaları arasındaǵı daw aqıbetinde, Angliya studentlerine jaqsı múnásibet bildirilmegenligi olardıń Parijdan Angliyanıń Oksford qalasına kóship ótiwlerine sebep boldı. Bunıń nátiyjesinde ataqlı Oksford universiteti dúzildi. Kembridj universiteti bolsa Oksford universiteti studentleriniń kóterilis qılıwı hám 1209-jılda olardıń Oksforddan Kembridjge kóship ótiwi nátiyjesinde payda boldı.

Universitetler Áyyemgi Greciya hám Rimde, sonıń menen birge biziń mámleketimizde de ataqlı bolǵan ustaz hám shákirtler toplanıp ilim úyrenetuǵın, úyretiletuǵın hám ilimiy tartıslar alıp barılatuǵın mektepler formasında qáliplesken bolsa-da, biraq ilim tarawlarınıń kópligi sebepli bólek ilim oshaǵına aylanıp qaldı. Olardıń tájiriybesi dúnyaǵa tarqalıp ketti. Áyyemgi dáwir filosofiyasınıń taǵı bir dizbegi Greciya hám Rimge tiyisli bolıp tabıladı. Bul dáwirdegi filosofiyalıq qaraslar – áyyemgi dáwir filosofiyası dep júritiledi. Ol jaǵdayda Millet filosofiyalıq mektep, Eley filosofiyalıq mektep, Sakrat, Pifagor, Platon, Aristotel hám basqalardıń filosofiyalıq, tábiyiy – ilimiy, social – ádep-ikramlıq táliymatları úyreniledi.

Greciyada dáslepki filosofiyalıq táliymatlar eramızdan aldıńǵı VII-VI ásirler ortasında Milet qalasında júzege kelgen hám rawajlanǵan. Milet mektep wákilleri Fales, Anaksimandr, Anaksimenlar bolıp tabıladı. Onıń tiykarlawshısı Fales (eramızdan aldıńǵı 624 – 547-jıllarda jasaǵan ). Ol Grek páni hám filosofiyasınıń tiykarlawshısı bolıp, óz dáwiriniń jetik siyasiy ǵayratkeri, geografı, filosofı bolǵan. Fales táliymatına kóre, tábiyattaǵı hár túrli dene hám hádiyseler dáslepki baslanıw – suwdan payda bolǵan hám taǵı suwǵa aylanadı jáne bul materiallıq birlik mudamı ózgeriste boladı.

# 4-TEMA. BOLMIS FILOSOFIYASI (ANTOLOGIYA)

## Joba:

1. Bolmıs túsinigi. Dúnyadaǵı bolmıs hám dúnyanıń bolmısı, olardıń universallıq xarakteri.
2. Materiya hám háreket kategoriyaları.
3. Rawajlanıw túsinigi hám mazmunı.
4. Dialektika - rawajlanıw hám ulıwma baylanıs haqqında táliymat.

Kóp sanlı filosofiyalıq kategoriyalardıń ishinde hár qıylı filosofiyalıq mekteplerdiń, táliymatlardıń kategoriyalıq apparatınıń strukturasın qurawshı bolmıs kategoriyası oraylıq orındı iyeleydi. Bolmıs túsinigi filosofiyanıń negizgi hám baslanǵısh kategoriyası bolıp tabıladı, sebebi ol qálegen nárseniń hám qubılıstıń eń tiykarlıq sıpatlamasın olardıń jasaw, ómir súriw uqıplılıǵın belgileydi. Bolmıs kólemi jaǵınan keń, al mazmunı jaǵınan tar túsinik bolıp, barlıqtı óz ishine qamtıydı hám tek bir qásiyetti – bar bolıw, ómir súriwdi ańlatadı. Bolmıs túsinigi filosofiyada eki mánide qollanıladı.

Tar mánide «bolmıs» túsinigi materiya túsinigi menen barabar alıp qaraladı. Al keń mánide jasaw, haqıyqatlıq haqqındaǵı sheksiz ulıwma túsinikti ańlatadı. Bolmıs hám reallıq hámme nárseni óz ishine qamtıytuǵın sinonim túsiniklerdi beredi. Bolmıstıń antitezası retinde bolmaslıq alıp qaraladı. Bolmıs hám bolmaslıq biri birisiz ómir súre almaydı. Sol sebepli, bolmıstıń bolmaslıqqa óz ara ótiwi haqqında aytıwımızǵa boladı. Bir de qubılıs, nárse, process joqtan payda bolmaydı hám bardan joq bolmaydı. Olar bolmıstıń tek ǵana basqa formalarına ótip otıradı. Jasaw belgisine barlıq predmetler, procesler, qásiyetler, qatnaslar iye. Usıǵan tiykarlanǵan halda bolmıstıń formaları retinde filosofiya tariyxındaǵı mazmunǵa tiykarlanıp aktuallıq, potenciallıq, bahalıq, ideallıq bolmıstı bólip kórsetiwge boladı.

Aktuallıq predmetlik bolmıs dep shınlıqqa iye, ómir súrip turǵan nárselerdiń, qubılıslardıń, proceslerdiń bolmısına aytamız. Potenciallıq bolmıs bolsa ele reallıqta joq, biraq payda bolıw múmkinshiligine iye nárselerdiń bolmısın beredi. Jasaw múmkinshiligine iye bolıw da aktuallıq bolmıstıń qásiyetine, yaǵnıy ol ómir súriw múmkinshiligine iye boladı. Bul belgi bahalıqlarǵa, bahalıq qatnasıqlarǵa da tiyisli. Ideallıq bolmıs bolsa, nárselik-substratlıq bolmıstıń tuwındısın beredi. Ol psixikalıq hám ruwxıylıq dúnyasınıń bar bolıw, ómir súriw belgisin ańlatadı.

Kópshilik filosofiya boyınsha oqıw qollanbalarında bolmıstıń tómendegishe klassifikaciyası keltiriledi.

Bolmıstıń ulıwma súwretlemesiniń qurılısı piramidanı beredi. Onıń tiykarında jansız tábiyat jaylasadı, ústinde janlı tábiyat, onnan keyin adam jansız, janlı hám ruwxtıń birligi sıpatında alıp qaraladı. Bul bolmıstıń ulıwma formalarınıń hárbiri, óz gezeginde, qaytalanbaytuǵın tiykarǵa hám specifikaǵa iye boladı.

Jansız tábiyattıń nárseleriniń hám procesleriniń bolmısı – tábiyiy hám jasalma dúnyanı beredi, buǵan qosımsha tábiyattıń barlıq halatları menen qubılısların (juldızlar, planetalar, jer, suw, hawa, imaratlar, mashinalar, raduga, aynadaǵı sáwle h.b.) ańlatadı. Bir sóz benen aytqanda, buǵan birinshi hám ekinshi tábiyat kiredi.

Janlı tábiyattıń bolmısı eki dárejeni óz ishine qamtıydı. Birinshisi, tiri, biraq ruwxıy kúshke iye emes denelerdi ańlatadı, yaǵnıy oǵan qorshaǵan ortalıq penen zat almasıwdı iske asıratuǵın, kóbeyiwge uqıplı, biraq sanaǵa iye emes deneler kiredi (planetanıń faunası hám florası túrinde berilgen barlıq biosfera).

Janlı tábiyattıń bolmısınıń ekinshi dárejesin adam hám onıń sanasınıń bolmısı ańlatadı. Ol óz ishine konkret adamlardıń bolmısın, sociallıq hám ideallıq bolmıstı qamtıydı.

Bul kórsetilgen bolmıstıń formalarına qosımsha materiyanıń atributı (keńislik bolmıs, waqıtlıq bolmıs), hárekettegi materiyanıń formaları (mexanikalıq, fizikalıq, ximiyalıq, biologiyalıq h.b.), materiyanıń

shólkemlesiwiniń strukturalıq dárejeleri boyınsha (molekulyarlıq, populyaciyalıq h.b.) bolmıstıń formaların bólip kórsetiwge boladı.

Bolmıstıń eń áhmiyetli forması sıpatında «jámiyetlik bolmıstı» alıp qarawımızǵa boladı. Jámiyetlik bolmıs retinde birinshi gezekte óndiris usılı túsiniledi. Ol jámiyettiń ómiriniń materiallıq jaǵdayların hám adamlardıń bir-birine hám tábiyatqa bolǵan materiallıq qatnasların ańlatadı. Jámiyet ómiriniń materiallıq jaǵdaylarına adamlardıń ómirlik iskerliginiń materiallıq-texnikalıq bazası (miynet quralları hám predmetleri, qatnas, informaciya quralları), jámiyet ómiriniń geografiyalıq, demografiyalıq jaǵdayları, al materiallıq jámiyetlik qatnasıqlarǵa óndiris qatnasıqları, basqa da jámiyetlik qatnasıqlardıń materiallıq tárepleri, ekologiyalıq qatnasıqlar kiredi.

Jámiyetlik bolmıs jámiyetlik sana túsinigi menen baylanısta úyreniledi. Jámiyetlik sana dep jámiyetlik bolmıstı sáwlelendiretuǵın seziwlerdiń, kózqaraslardıń, ideyalardıń hám teoriyalardıń quramalı sistemasına aytamız. Jámiyetlik bolmıs hám jámiyetlik sana arasındaǵı baylanıs tómendegishe mazmunǵa iye:

– Jámiyetlik bolmıs óziniń rawajlanıw barısında aqırında jámiyetlik sananı anıqlaydı.

– Jámiyetlik bolmıs jámiyetlik sananı sáwlelendiredi.

– Jámiyetlik sana jámiyetlik bolmısqa aktiv keri tásir etiw múmkinshiligine iye.

Bul keltirilgen bolmıstıń formaları búgingi kúni ilimge belgili bolǵan baqlaw, izertlew, analiz h.b. predmeti bola alatuǵın mazmunnıń hámmesin óz ishine qamtıydı.

Ulıwma alǵanda, bolmıs, onıń fundamentallıq principleri hám qásiyetleri haqqındaǵı táliymat ontologiya dep ataladı. Eń birinshi ret bolmıs haqqındaǵı táliymat elatlardıń filosofiyasında óz aldına másele sıpatında qoyıladı. Keyin ala bolmıs túsinigi Platon, Aristotel h.b. filosoflar tárepinen rawajlandırıladı. Antologiya filosofiyanıń eń áhmiyetli bólegi bolıp, onıń mashqalaları, kategoriyaları, principleri gnoseologiyanıń, sociallıq filosofiyanıń, filosofiyalıq antropologiyanıń

hám filosofiyalıq bilimniń basqa da bólimleriniń mashqalaların qoyıwǵa hám sheshiwge tiykar boladı.

Usınday antologiyalıq mashqalalardıń biri retinde bolmıstıń birligi máselesi alıp qaraladı.

Filosofiya predmetin analizlegende filosofiyanıń dúnyanı bir pútinlikte (adam menen birlikte) alıp qaraytuǵınlıǵına toqtap óttik. Dúnyanı bir pútinlikte úyreniwimiz ushın, bizler birinshi gezekte hámme qubılıslardı bir-birinen parqın kórsetiwshi belgilerden bas tartıp, olardı biriktiretuǵın mazmunǵa dıqqat awdarıwımız tiyis. Sol sebepli, bizler materiallıq hám ideallıqtıń, tábiyat hám sociallıqtıń arasındaǵı ayırmashılıqtı esapqa almaymız. Janlını jansızdan, bir konkret nárseni basqasınan ayırıp kórsetiwshi qásiyetlerden qashıqlawımız kerek. Nátiyjede barlıq ómir súrip atırǵan nárseler ushın ulıwma bolǵan tek bir belgi qaladı. Bul belgi jasawdı yamasa barlıq qubılıslardıń bolmısın ańlatadı. Dúnyanıń barlıq qubılısları materiallıq ta, ideallıq ta, tábiyiy hám sociallıq ta h.b bolmısqa iye boladı.

Bul belgi menen jaqınnan tanısayıq. Bolmıs - nárseniń barlıq konkret belgilerin saplastırıp taslaǵannan keyin qalatuǵın mazmun. Bul tilde de sáwlelenedi. Nárseler hám qubılıslar haqqındaǵı pikirlerdiń hámmesi anıq yaki anıq emes dárejede bolıp tabıladı degen mánini óz ishine qamtıydı. Bizler Baltabaev adam, buǵan qosımsha ol doktor, ol bul hayaldıń kúyewi, Ózbekstan puqarası h.b. bolıp tabıladı deymiz. Berilgen pikirlerdegi Baltabaevtıń konkret qásiyetlerin alıp taslasaq, onda tek ǵana bolmısqa iye Baltabaev qaladı. Solay etip, bolmıs túsinigi hawa sıyaqlı tilde óz kórinisine iye boladı.

Sonıń menen birge aytıp ótiwimiz zárúr, qálegen konkret nárseniń bolmısı – fakt máselesi bolıp, berilgen nárse ol haqqındaǵı bizlerdiń pikirlewlerimizden ǵárezsiz túrde ya ómir súredi yaki ómir súrmeydi. Baltabaev familiyalı adamnıń bar ekenligin logikalıq jaqtan dálillegenimizdi kóz aldımızǵa keltireyik, biraq keyin ala ol ómir súrmewi de múmkin. Bizlerdiń barlıq dálilimiz orınsız boladı. Ya bolmasa Baltabaevtıń jasamaytuǵınlıǵın dálillesek, ol dúnyaǵa keliwi

de múmkin. Sol sebepli, belgili berilgen nárseniń yaki qubılıstıń ómir súriwi haqqındaǵı qálegen logikalıq dáliller tiykarsız boladı.

Tábiyat hám logika nızamlarına arqa súyey otırıp, qanday da bir qubılıstıń ómir súriw múmkinshiligi yaki múmkin emesligin dálillewge boladı. Mısalı ushın, D.Mendeleevtiń tablicasınıń qásiyetlerinen belgili ximiyalıq elementtiń ómir súrip atırǵanlıǵın yaki termodinamika nızamlarına tiykarlana otırıp máńgilik dvigateldiń ómir súriwiniń múmkin emesligin dálillewge boladı. Biraq konkret berilgen almanıń ómir súrip yaki ómir súrmey atırǵanlıǵın logikalıq jaqtan dálillew múmkin emes.

Biraq ta dúnyada anıq hám konkret nárseniń ómir súriwi gúman tuwdırmaydı, sol sebepli dúnyada hesh nárseniń ómir súrmeytuǵınlıǵın kóz aldımızǵa keltiriw logikalıq qarsılıqqa alıp keledi keminde dúnyada hesh nárseniń ómir súrmeytuǵınlıǵı haqqında pikirleytuǵın adamnıń ózi bolıwı kerekligi anıq.

Solay etip, barlıq nárseler hám qubılıslardıń ómir súretuǵınlıǵın, bolmısqa iye ekenligin moyınlawımızǵa boladı. Dúnyanıń belgili nárseleriniń hám qubılıslarınıń bolmısına qaray otırıp, olardıń ulıwmalıqqa iye ekinshi qásiyetin kóriwimizge boladı: nárselerdiń hám qubılıslardıń bolmısı ótkinshi xarakterge iye boladı. Nárseler hám qubılıslar payda boladı, ómir súredi hám qanday da bir waqıt aralıǵında joq boladı, buǵan qosımsha olar keńislikte sheklengen orındı iyeleydi. Tildiń ózi bul qásiyettiń barlıǵın kórsetedi, sebebi bizler «belgili nárseler hám qubılıslar» haqqında sóz etemiz, yaǵnıy olardıń bolmısın waqıtta hám keńislikte shekleytuǵın sheginiń barlıǵı haqqında aytamız.

Meniń aldımda stolda turǵan alma keńislikte belgili, sheklengen orındı iyeleydi, ol keńisliktiń kórsetilgen tochkasında baslanadı, al kelesi tochkasında tamamlanadı. Waqıtta da ol sheklengen` belgili bir waqıtta ol payda boladı hám belgili waqıttan keyin joq boladı, mısalı, alma jelingennen yaki shirip ketkennen keyin, yaǵnıy qálegen jaǵdayda ol almalıq qásiyetin joyıtadı. Baltabaev familiyalı adam da keńislikte belgili, sheklengen orındı toltıradı, waqıt aralıǵında da onıń bolmısı

sheklengen múddet aralıǵında dawam etedi, sebebi ol óledi. Sol sebepli, meniń oyım basqa adamǵa emes, al tek ǵana maǵan tiyisli. Usı mánide ol keńislikte de sheklengen hám waqıtta da sheklengen, meniń basqa oyım menen ol shıǵarılıp taslanıwı múmkin. Qálegen qubılıstıń hám qálegen nárseniń ótkinshi xarakterin bizler «dúnyadaǵı bolmıs» túsinigi járdeminde beriwimizge boladı. Solay etip, qálegen nárse hám qubılısqa dúnyadaǵı bolmıs degen tán.

Nárseler hám qubılıslardı úyrene otırıp, olarǵa tán ulıwmalıqqa iye olardıń úshinshi qásiyetin kóriwimizge boladı: qálegen «dúnyadaǵı bolmıs» óziniń keńisliklik hám waqıtlıq shegarasında hesh nársege ótpeydi, al ol qanday da bir nársege ótedi, konkretlestirip aytqanda, dúnyadaǵı basqa bolmısqa (nárse yaki qubılısqa) aylanadı. Alma óziniń shegarasında onı qorshaǵan hawaǵa aylanadı, ol óz gezeginde jaydıń diywalları menen baylanısadı, al bul diywallardıń sırtında planetanıń atmosferasın quraytuǵın hawa menen tolı keńislik baslanadı. Bul atmosfera kosmoslıq gazge ótedi, onda óz gezeginde planetalar, juldızlar, galaktikalar h.b. hárekette boladı. Waqıtta da nárse hám qubılıslar joq bolıp, hesh nársege ótpeydi, al qanday da bir nársege ótedi, basqa halǵa ótedi: jelingen alma asqazannıń mazmunına ótedi, adam denesi ólgennen keyin joq bolıp ketpeydi, biraq ximiyalıq bóleklerge bólinedi.

Filosofiya dúnyanı tutaslıq, onıń ústine mudamı ózgeristegi hám rawajlanıwdaǵı tutaslıq sıpatında teoriyalıq jaqtan sáwlelendiriwge umtıladı. Bul mashqalanıń sheshiliwi ásirlerge sozıldı. Onıń óz ishinde ayrıqsha táliymat--dialektika qáliplesti. Dialektikanıń járdeminde oyshıllar dúnyadaǵı ǵalaba baylanıslardıń tábiyatın hám rawajlanıwdıń ulıwma nızamlarınıń tábiyatın túsiniwge umtıldı. Filosofiyalıq mániste dialektika degen ne? Onıń mánisi nede Hámme filosoflar dialektikler me? Dialektikada alternativalar bar ma? Bul sorawlardı biraz keńirek qarap kóreyik. Dialektika greksheden awdarmalaǵanda «gúrrińlesiw óneri», «tartıs, aytısıw óneri» degendi ańlatadı. Áyyemgi grek mádeniyatında dialog júrgiziw mádeniyatı joqarı bahalandı. Al bul úlken

tayarlıqtı hám sheberlikti talap etti. Hár túrli kózqaraslardı soqlığıstırıp biliw, óziniń pikirleriniń durıslığın dálillew Sakrat penen Platonda júdá anıq kórindi. Olar dialogtı shınlıqtıń, jańanıń payda bolıwı ushın járdem beretuǵın qubılıs sıpatında túsindirdi. Jańa tartıstıń baslamasında bolmaǵan, biraq dodalaw procesinde payda bolǵan. Bunday procesti evristika dep ataydı. Greksheden awdarmasında evristika ashılıwdı ańlatadı. Bul nárseden dialogtıń dóretiwshilik baslamasın kóremiz. Oydıń rawajlanıwı alternativlik kózqaraslardıń soqlığısıwında, qarama-qarsılıqlardaǵı ulıwmalıqtıń kóriniwinde, hár túrli pikirlerdiń belgili kelisimleriniń tastıyıqlanıwında ótedi. Pikirdiń bunday soqlığısıwlarına mısallardı  Sakrattıń dialoglarında tabamız. Bular Platonnıń Parmenid, Gippiy úlken, Mámleket miynetleri. Sakrat bularda «aqıl-parasatlıq», «gózzallıq», «ádalatlıq» túsinikleri tuwralı tartısadı. Ne sebep adamnıń dóretiwshilik oylawı dialektikalıq xarakterge iye. Sebebi bolmıstıń ózi mudamı ózgeriste hám rawajlanıwda hám ol tuwralı adamlar aytısıp tartısadı. Bolmıstıń qarama-qarsılıǵı bolmıs tuwralı pikirlerdiń qarama-qarsılıǵında óz sáwleleniwin tabadı. Dúnyanı quramalı, rawajlanıwdaǵı qubılıs sıpatında qaraw ózgeriwsheńlik penen saqlanıwdıń óz ara baylanısı tuwralı qıyınshılıqlar menen dus keledi. Aytayıq, uzaq waqıt dúnya ózgermeydi dep túsindirilip keldi. Sońınan dúnyanıń ózgerisi tuwralı qarama-qarsı ideya húkim súredi. Áyyemgi Qıtay, Indiya, Áyyemgi Greciya filosofiyasın eske túsireyik. Geraklittiń bir dáryaǵa eki márte túsiwge bolmaydı degen sózi hámmege málim. Hátteki, Kratildiń bir dáryaǵa bir ret túsiwge bolmaydı degen tastıyıqlawı da bar. Filosoflardıń qaysısı durıs aytadı. Dúnyanı ózgermeydi deytuǵınları ma ya onıń ózgeriste bolatuǵınların moyınlaytuǵınlar ma ? Málim pikir júritkende dúnyanıń ózgermeliligi da turaqlılıǵı da esapqa alınadı. Biraq olardıń qarama-qarsılıqlı birligin túsiniklerdiń tilinde sáwlelendiriw júdá qıyın. Bunday mashqala menen áyyemgi grek filosofı Zenon hárekettiń mánisin túsiniwge háreket etti. Logikalıq pikirlewleriniń juwmaǵında ol tikkeley qarama-qarsılıqlı juwmaqqa keldi. Háreket múmkin emes. Bul logikalıq paradokslar aporiy atına iye boldı. Olardıń geybirewlerin

qarayıq. Máselen, ǴDixotomiya Ǵ atı menen belgili aporiya. Zenon anaw ya mınaw predmettiń háreketin bastan baslap sońǵı punktqa shekem qaraydı. Ol bılay pikirleydi- hárekettegi predmet dáslep óz jolınıń yarımın ótedi, sońınan qalǵan yarımın hám solay sheksizlikke sozıladı. Sonıń ushın hám predmet ótiw múmkinshiligine iye emes joldıń belgili bir bólegi qalıp qoya beredi. Usınıń tiykarında Zenon mınaday pikirge keledi  hárekettegi predmet qanday tezlikke iye bolsa hám sońǵı punktqa jete almaydı. Sebebi joldıń ótken bókleriniń aqırǵı jámi tutas jolǵa heshqashan teń bolmaydı. Onıń ústine Zenon háreket ulıwma múmkin emes degen juwmaqqa keledi. Álbette, Zenon hárekettiń múmkin emesligin logikalıq dálillew menen onıń múmkinligin seziwlik qabıllaw arasındaǵı ayırmashılıqtı kórdi. Hátteki usı búginliginde hám bul qarama-qarsılıq ashıq-aydınlıqqa iye emes. Bul mashqalanıń házirgi izertlewlerinde bul dixotomiya integrallıq operaciyalardıń differenciallıq mashqalaǵa qarama-qarsısınıń tiykarları sıpatında formulirovkalanadı. Aytayıq, belgili bir nızam boyınsha sońǵı bólek potenciallıq jaqtan sheksiz izbe-izlikke bólinetuǵın bolsa, tutaslıqtı qayta tiklew boyınsha qayta operaciyalardı qalay tiklew múmkin ?

Hár túrli filosofiyalıq mektep hám baǵdarlarda dialektika ideyasınıń tarqalıwı mınaday sorawdı qoyıwdı da talap etedi filosoflar dialektikadan basqa qanday metodlardı paydalana aldı. Dialektikaǵa alternativalar barma. Dialektikanıń qarama-qarsısı metafizika degen pikir keń tarqalǵan. Metafizika degen ne hám onı qalay túsiniw kerek.  B. e. sh. birinshi ásirde Rodoslı Andronnik Aristoteldiń ózin «birinshi filosofiya» dep ataǵan shıǵarmaların engizedi. Bular bolmıs penen biliwdiń joqarǵı, birinshi, baslanǵısh principlerin biliw tuwralı shıǵarmaları edi. Olar Andronnika «Metafizika» (naqma-naq «fizikadan keyin» degendi ańlatadı). Bul dástúrge sáykes sońǵı waqıtları hám «metafizika» termini arqalı bolmıs penen biliwdiń joqarı baslamaları tuwralı filosofiyalıq izertlewlerdi túsinedi (máselen, sxolastikler, Kampanella, Gassendi h.t.b.). Kanttan baslap metafizikanıń jańa traktovkası  baslanadı. Ol óziniń filosofiyasın kritikalıq metafizika dep ataydı. Aqırı, ol biliwdiń

shegaraları tuwralı barlıq ótkendegi filosofiyalıq bilimlerdi kritikalıq kózqaras tiykarınan analizleydi. Pútkil filosofiya Kantta kritikalıq hám kritikalıqqa deyingi, dogmatikalıq metafizika bolıp bólinedi. Gegel filosofiyalıq bilimniń burıngı sistemasın metafizikanı tolıǵı menen biykarlaydı. Burıngı filosofiyanıń barlıq metodların (metafizika) ol metafizika dep atap, oǵan dialektikanı qarama-qarsı qoyadı. Filosofiyalıq biliwdiń eki qarama-qarsı metodınıń bóliniwi Gegelden baslanadı. Dialektika menen metafizikanıń alternativası tuwralı aytqanda, metafizikanı dialektikaǵa tek sheklewli jaǵdayda, konkretlirek aytqanda biliw principlerdiń, biliw koncepciyalardıń shegaralarında ǵana qarama-qarsı qoyıwdı esapqa alǵan abzal.

Biliwdiń konkret metodları, priyomları tuwralı aytsaq, dialektika biliw iskerliginiń metafizikalıq metodların hám usılların organikalıq túrde óz ishine aladı. Haqıyqatında, adamzat biliwi óz iskerliginiń birinshi basqıshlarında janlı dúnyanı ápiwayılastıradı, turpayılastıradı, jansızlandıradı da. Aqırı, tiri organizmdi úyreniw ushın, biz onı jansızlandıramız hám sońınan bóleklerge bólemiz. Bul bóleklerdi úyreniw barısında janlınıń ne ekenligin bilemiz. Basqasha bolıwı da múmkin emes- tutaslıqtıń mánisin, onıń qanday bóleklerden turatuǵınlıǵın bilip almay biliw múmkin emes. Biziń biliwimiz usınday. Biliw iskerliginiń tariyxında tutaslıqtı jansızlandırıw hám maydalap bóliwdi filosoflardıń, alımlardıń absolyutlendirgen hám buzılǵan tutaslıqtı biriktiriwge, sintezlewge, qaytadan tiklewge óte almaǵan dáwirleri de boldı. Mine metafizikanıń dialektikaǵa qarama-qarsı princip sıpatında deregi hám usında. Degen menen olardıń ara-qatnası bıraz qıyın hám quramalı. Tariyxıy jaqtan dáslep izertlewdiń metafizikalıq metodları qáliplesti, al sońınan dialektika óziniń metodlarınıń arsenalına metafizikalıq metodlardı da engizgen. Biraq bul boyınsha metafizikalıq metodlar qollanılıwı boyınsha belgili sfera menen sheklengen. Dialektikaǵa alternativalar mashqalasında taǵı bir másele bar: Obyektiv dialektikaǵa, demek obyektiv reallıqtıń ózindegi dialektikaǵa alternativalar bar ma? Juwap birew: Aqırı

metafizikalıq, dogmatlıq oylaw - bul adamdı qorshaǵan dúnyanı hám onıń oylawınıń belgili táreplerin, qásiyetlerin absolyutlendiriw. Bunday oylaw qubılıslardıń baylanısların hám óz ara tásirin onshelli esapqa ala bermeydi, oǵan predmetlerdiń jeke element hám qásiyetlerin bólip qarawdı absolyutlendiriw tiyisli. Baylanıslardı, óz ara tásir hám ótiwlerdi metafizika dıqqat orayınan joq etip, dúnyanıń túrli tárepleriniń pútkil baylıǵın ashıw hám dúnyanıń birligin tastıyıqlaw da qatnaspaydı. Eger dialektika baylanıslar tuwralı táliymat bolsa, metafizika onı esapqa almawǵa umtıladı. Dogmalıq oylaw ushın eń qıyını qarama-qarsılıqlardıń baylanısı. Dogmatikler hámme waqıt qarama-qarsılıqlardı ózleriniń pikirlewlerinen shıǵarıp taslawǵa umtıldı. Olardıń oylawın oylawdıń ya qara ya aq dep oylaw tipi menen teńlestirse boladı.

Qarama-qarsılıqlardıń birligine deyingi aralıqta baylanıslardı anıqlap túsine biliw - bul dialektikanı uǵınıw. Solay etip dialektika - bul dúnyanı solay túsiniw hám onı meńgeriwdiń, ózlestiriwdiń sonday usılı, bunda hár túrli qubılıslar olardıń baylanıslarınıń kóp túrliliginde, qarama-qarsılıqlı kúshlerdiń óz ara tásirinde, ózgerislerinde hám rawajlanıwında qaraladı. Endi dialektikanıń tariyxıy tipleri máselesine kelsek, dialektikanıń elementleri Áyyemgi Shıǵıs, ayrıqsha Indiya hám Qıtay filosofiyasında kórinis tapqan. Máselen, daosizm filosofiyasına sáykes dúnyada turaqlılıq joq: bir zatlar joq boladı, basqaları keledi, birewleri gúlleydi, gúllep jaynap-jasnaydı, al birewleri joq boladı. Qubılıslar belgili ómirge jetiskennen keyin, ózleriniń qarama-qarsısına aynaladı: tolıq emes tolıq, qıysıq dúziw, bos-tolıq, góne jańa menen almasadı. Filosofiyanıń tariyxında ayrıqsha áyyemgi grek, antikalıq dialektikanı atap ótiw zárúrli. Geraklittiń pikirinshe, hámme nárse ómir súredi hám sonıń menen birge ómir súrmeydi, hámme nárse aǵısta, mudamı payda bolıw hám joq bolıw procesinde boladı. Onıń fragmentleriniń birewi: «Bizde tiri hám óli, zeyindi ashatuǵın hám uyıqlatatuǵın, jas hám ǵarrı bar. Aqırı bul ózgeriske túskennen keyingi hám onnan keyingi». Aristotel filosofiyasında dialektika dálillew usılı. Basqalardan alınǵan, biraq haqıyqatlıǵı belgisiz juwmaqlardan kelip shıǵadı. Dialektikalıq kózqaraslar Aristotelde onıń materiya menen

formanıń ara-qatnasın, múmkinlik penen haqıyqatlıqtıń ara-qatnasın analizlewde, olardıń bir-birewine ótiwine baylanısı bar. Hárbir zat basqaǵa aynalıwı múmkin, mramor statuyaǵa, aǵash stolǵa aynalıwı h. t. b múmkin.

Dialektikalıq ideyalar orta ásirlik filosofiyanıń shegarasında, ásirese Jaqın hám Orta Shıǵısta filosofiya teologiyanıń xızmetkerine aynalǵan Batıs Evropaǵa qaraǵanda rawajlanıwǵa iye boldı. Jańa dáwir tusında dialektikalıq ideyalardı Dekart, Spinoza, Leybnic hám basqalarda kóriw múmkin. Degen menen, tolıq túrde XVII-XVIII ásirler filosofiyasınıń oylaw usılın metafizikalıq dep xarakterlese boladı. Eger antiklik dialektika oy juwırtıwshılıqtaǵı boljawlarǵa tiykarlanǵan bolsa (máselen, dúnyanıń ózgergishligi, onıń qarama-qarsılıǵı tuwralı ideya), Gegeldiń dialektikası tiykarınan sol dáwirdiń ilimiy jetiskenliklerine súyendi hám teoriyalıq ideyalardıń kemshiliksiz sistemasın quraydı. Gegel eń aldı menen dialektikanıń tiykarǵı túsiniklerin-túsinik apparatın qáliplestirdi. Ol búgingi kúnde de tabıslı háreket etiwde. Gegel dialektikasınıń tiykarǵı túsinikleri hám nızamlarınıń sisteması kóp túrli baylanıslar, ótiwler hám rawajlanıwdı process sıpatında sáwlelendirdi. Qullası, rawajlanıwdıń tiykarǵı nızamların: sapalıq hám sanlıq ózgerislerdiń bir-birine ótiw nızamın, qarama-qarsılıqlardıń birligi hám gúresi nızamın, biykarlaw nızamın formulirovkalaw Gegelge tiyisli. Gegel dialektikasınıń tiykarǵı principlerin dialektikalıq oylawdıń normaları sıpatında qáliplestirip dúzdi: qubılıslardıń universallıq baylanısınıń principi, qarama-qarsılıqlardıń birligi principi, dialektikalıq biykarlaw arqalı rawajlanıw principi. Taǵı bir márte atap ótemiz: Gegel dialektika boyınsha óz koncepciyasında úlken ilimiy hám tariyxıy materialdı ulıwmalastırdı. Bunda onıń filosofiyalıq izleniwleriniń bahalılıǵı óz kórinisin tabadı. Gegel ruwxıy rawajlanıwdı jámiyetlik rawajlanıwdan ajıratıp qoydı, sebebi ol tariyxtı, tábiyattı hám adamdı túsiniwde idealistlik poziciyada boldı. Dúnyanıń sapalı kóp túrliliginiń reallıǵı yamasa illyuzorlıǵı haqqında bunnan sońǵı pikirlewler sonday juwmaqqa keldi, «birinshi» sapalar sezim organlarınıń járdeminde qabıllanadı (Priborlardıń kómegi hám biykarlanbaydı).

# 5-TEMA. RAWAJLANÍW FILOSOFIYASÍ

## Joba:

1. Kategoriya túsinigi hám olardıń túrleri: ilim kategoriyaları, jeke ilimiy kategoriyalar, filosofiya kategoriyaları.
2. Dialektikanıń tiykarǵı túsinigi nárse, baylanıs. Baylanıslardıń bóliniwi.
3. Filosofiya kategoriyalarınıń bóliniwi, sistema, element, struktura.

Birinshi másele: Kategoriyalar grekshe, kategoriya – belgi, túsinik beriw filosofiyalıq oydıń tereń ayrıqsha forması, álemdegi ózgeris, rawajlanıw, baylanıslıq hám úzliksiz baylanıslıqqa tán ulıwma tárepleriniń kórinisi : nárse hám qubılıslardıń ózine tánligi, uqsaslıǵı hám parıqların, turaqlılıǵı hám ózgeristi ańlatıwshı, biliwdi tiykarǵı payda etiwshi ulıwma túsinikler.

Belgili bolǵanınday hárbir pán ekinshi bir pánnen óziniń izertlew obyektiniń qásiyetine, onda islep atırǵan sistemanıń ózine uqsaslıǵına qarap ajıraladı. Túsinikler sisteması bolsa hárbir pánniń qáliplesiwi hám rawajlanıwı basqıshların kórsetedi. Mısalı, massa, awıllıq, tezlik, atom, yadro, elektr, magnitizm, jarıqlıq, lazer, energiya hám t.b. fizikaǵa tiyisli bolıp onıń mazmunın belgileydi. Natural sil, mavhum sil, kompleks san, ózgermes muǵdar, norma, sekiriw, qarsılıq, ózgeriwshi muǵdar, integral, differencial, teorema, vektor, esap, tenzor esap t.b. matematikanıń rawajlanıw basqıshların belgileydi. Filosofiyanıń óz túsinikleri bolıp, óziniń ulıwma xarakteri mazmunı menen ajıralıp turadı. Mısallar keltirsek, álem, háreket, mákan, waqıt, muǵdar, norma, sekiriw, qarsılıq, qarama-qarsılıq, erkinlik, tafovut, siyasat, biykarlaw, bolmıs, miyraslıq, sebep, aqıbet, zárúrli, imkaniyat, sana, waqıyalıq, pútin, bólim, mánis, qubılıs, mazmun, nızam, ulıwmalıq, dialektizm, metafizika t.b. Filosofiyada úyreniletuǵın kategoriyalardıń basqa anıq pánler kategoriyalarınıń parqı sonda, olar waqıyalıqtaǵı nárse hám qubılıslardıń ayırım, ayrıqsha qatnasların sáwlelendirmesten, bálki

pútkil álem, insan ómirin, oyı álemine tán bolǵan ulıwma belgiler, baylanıslar, qásiyetler hám qatnaslardı sáwlelendiredi. Usı sebepli hárbir konkret pán ózi úyrenip atırǵan tarawdıń qásiyetin hám belgilerin ashıwda, filosofiyalıq kategoriyalarǵa itibar beredi. Usı mániste kategoriyalardıń kelip shıǵıw hám mánisin tuwrı túsiniw filosofiya ushın hám barlıq pánler ushın ilimiy hám ámeliy áhmiyetke iye.

Kategoriyalardı birinshi bolıp filosofiya tariyxında, Aristotel óziniń «Kategoriyalar» shıǵarmasında táriyplep beredi. Aristoteldiń pikirinshe tómendegi kategoriyalar bar: (substanciya), muǵdar, sıpat, qatnas, orın, waqıt, halat, abıray, háreket, azap-aqıret. Bul toparlastırıw óz waqtında ilimiy biliwde júdá úlken áhmiyetke iye bolǵan. Aristoteldiń «Metafizika» shıǵarmasında «áhmiyet», «halat» hám «qatnas» kategoriyaları aytılǵan.

XVII-XIX ásirlerge kelip, filosofiyalıq kategoriyalar analizinde jańa dáwirinde payda boladı. Tiykarınan, I.Kant kózqaraslarında kategoriyalar «sıpat» (reallıq, biykar, shegaralaw), «muǵdar» (birlik, kóplik, jaqsılıq), qatnas (substanciya hám qásiyet, sebep hám háreket, óz ara tásir), «modallıq» (imkaniyat hám imkaniyatsızlıq waqıyalıq hám waqıyalıq emes, zárúriyat hám birdelik) tárizinde kórsetilgen. Kanttan ajıratılǵan halda Gegel bolsa logikalıq kategoriyalardı: «bolmıs» (sıpat, muǵdar, norma) (tiykar, qubılıs, barlıq), túsinikleri (obyektiv, subyektiv, absolyut ideya).

Filosofiya pániniń kategoriyaları haqqında túrli kózqaraslardı ulıwmalastırıp aytqanda, olardıń logikalıq túsinikleri sıpatında tómendegi sıpatlamalar bar: 1) álemniń ekosı; 2) zat hám qubılıslardıń óz ara baylanısıwı, logikalıq ulıwmalastırıwshı biliw usılı; 3) nárse hám qubılıslardıń rawajlanıwı menen ózgerip turıwshı logikalıq túsinik; 4) bolmıstıń barlıǵınan kelip shıǵatuǵın tariyxıy-logikalıq biliw dárejeleriniń biri. Kópshilik qánigeler kategoriyalar álem ondaǵı nárse hám waqıyalar, olardıń tiykarǵı hám tákirarlanıp turatuǵın baylanıslıǵın sáwlelendiredi degen pikirge qosıladı. Bul mániste bolmıs, waqıyalıq, háreket, mákan, zaman, muǵdar, sıpat filosofiyanıń kategoriyaları.

Filosofiyada óz sıpatlamasına kóre, «jup kategoriyalar» dep atalatuǵın; ulıwma baylanısıw hám qatnaslıq múnásibetlerin sáwlelendiriwshi túsinikler bar. Olar zat hám qubılıslardı belgili baǵdardaǵı eń kerekli, zárúrli, turaqlı, dáwirli tákirarlanıp turıwshı baylanıslıq qatnasların sáwlelendiredi.

Filosofiya tariyxında kategoriyanı birinshi bolıp Aristotel ilimiy táriyplegen hám filosofiyalıq sistema elementleri sıpatında sıpatlanǵan. Tariyxta olarǵa túrli kózqaraslar bar. Mısalı, I.Kannt kategoriyalardı insan sanasındaǵı álemdi biliwge deyin bar edi. Olar járdeminde insan tábiyiy, sociallıq qubılıslarǵa tásir kórsetedi dep esaplaǵan.

Házirgi zaman neopozitivistleri usı kózqaraslardı tákirarlap: kategoriyalar subyektin sezgisi menen baylanıslı túsinikler, olardıń insannan tısqarıdaǵı álemge baylanısı joq deydi. Gegeldiń pikirinshe kategoriya álemnen tısqarıda turǵan dúnyalıqtıń ruwxtıń tiykarı ózin-ózi ańlaw momenti, yaǵnıy ulıwma ideyanıń ónimi. Tiykarınan kategoriya insan oy-órisiniń nátiyjesi, ekinshi tárepten bolsa álemniń adam miyindegi sáwleleniwi, usı tiykarda insan sanasınıń reallıqqa jaqınlasıwı hám dúnyanı biliw quralı bolıp esaplanadı.

Ekinshi máselege toqtaymız. Dialektika grek sózinen alınǵan – dialegoomai gúrrińlesiw alıp barıp atırman, dodalap atırman tábiyat, jámiyet hám oy rawajlanıwınıń ulıwma nızamları haqqındaǵı pán, waqıya qubılıslardıń olardıń rawajlanıwında, ishki qarsılıqlar nátiyjesinde payda bolatuǵın óz háreketinde biliw teoriyası hám metodı.

Dialektika qadimde gúrrińlesiw pikirlesiwler, talqılawlar haqıyqattı ashıw jolı hám ústinlik tiykarında analiz etilgen. Dialektika haqqındaǵı filosofiyalıq bilimler rawajlanıp barıwı hám mazmunı bolıp baradı.

Dialektika bolmıstaǵı barlıq nárseler, qubılıslar, procesler óz ara baylanısta, ózgeriste rawajlanıwda dep aytıladı. Dialektika haqqında antik dáwir filosoflarınan Sakrat birinshi bolıp qollanǵan, ol dialektikanı mayevtika (hárip jaratıw óneri) menen salıstırǵan. Geraklit ulıwma ózgeriwsheńliktiń universallıǵı, Sekonnıń operaciyaları, Eley mektebi wákilleriniń háreket hám barlıq formaları. Demokrittiń atomlar bar

ekenligi háreketi, Aristoteldiń ózgeriwsheńlik mashqalasınıń rawajlanıw faktorı, qarsılıqlar, biykarlaw, miyraslıq, biliw qásiyetleri, mazmun hám forma, metodları haqqındaǵı kózqarasları antik dialektikaǵa tán.

Biraq ne ushın insannıń dóretiwshilik oy-órisi dialektika? Bolmıstıń qarsılıǵı bolmıs haqqındaǵı pikirdiń qarsılıǵında óz kórinisin tabadı. Bolmıstıń ózi hámiyshe ózgeris hám rawajlanıwda bolǵanlıǵı ushın adamlar kóbinshe usı haqqında dodalaydı. Uzaq waqıtqa deyin, dúnya ózgermeydi dep kelingen edi. Keyinshelli onıń ózgeriwsheńligi haqqındaǵı ideya payda boldı. Barlıq nárseler ózgeriste. Sol sebepten «bir dúnyaǵa eki ret túsiwge bolmaydı …» degen edi Geraklit. Demek filosoflardıń qay biri haq? Dúnya ózgermesdur  Degenime yaki ol ózgeriwsheń be degenime, Salamat pikir dúnyada ózgeriwsheńlik, turaqlılıq barlıqtan belgi beredi. Sonı aytıwımız kerek, olardıń qarsılıqlı birligin túsinikler tilde aytılıwı ańsat emes. Hárekettiń intasın túsiniwge urınǵan áyyemgi grek filosofı Zenon (490-430 ) Minis usınday mashqalaǵa dus keledi. Ol óziniń logikalıq dodalawlarında tuwrıdan-tuwrı qarama-qarsı juwmaqqa háreket múmkin emes, degen pikirge keledi. Bul logikalıq parodokslar aporiyalar dep atala basladı.

Baylanıs (svyaz) baylanıs, baylanısıw, baylanıslı bolıw – bul túsinik sonday bir fakttı sáwlelendiredi, bir qubılıs, bir qubılıs ekinshi qubılısqa belgili dárejede baylanıslı bolǵan, boysınǵan halda bar boladı, yaki rawajlanadı. Bunday baylanıslı bolıw, boysınıw ya bir jaqlama, yaki eki jaqlama boladı. Bir jaqlama bolǵanda belgilewshi ádette waqıt tárepten belgileniwshi qubılıstan aldın boladı (Mıs., ata-ana menen balalar ortasındaǵı baylanıs; eki jaqlama bolǵanda baylanıs tuwrıdan-tuwrı), qaytarma tárizinde boladı, yaǵnıy baylanıslı bolǵan hár eki qubılıs óz ara bir-birin belgileydi, biraq olardan biri jetekshi orındı iyelewi múmkin. Bunday óz ara baylanısqa jámiyet turmısındaǵı islep shıǵarıw hám paydalanıwshılar, haywanlar hám ósimlikler evolyuciyasında ózgeriwsheńlik mısal bolıwı múmkin. Házirgi zaman iliminde baylanıstıń túrli tipleri bar.

Baylanıs kategoriyası materiallıq dúnyanıń barlıǵı hám ondaǵı qatnaslardı tek bir tárepten sáwlelendiredi. Ayırım alınǵan waqıya

qubılıs, baylanıs predmet hám procesler, olarǵa tán belgiler menen, oyın waqıtında kategoriyanıń konkret kórinisleri, predmet waqıya hám proceslerdi uqsas, ayrıqsha táreplerin bildiriwshi ulıwma belgileri bar. Ulıwmalıq kategoriyası nárse qubılıs, proceslerge tán tiykarǵı, bárqulla tákirarlanatuǵın belgiler hám qásiyetler jıyındısın bildiredi. Bul kategoriya nárselerdiń kelip shıǵıw tárepinen ulıwma ekenligin, olar rawajlanıw ulıwma shınjırdıń úzliksiz baylanıslı ekenligi, bir qıylı nızamlılıqlarǵa boysınıwı múmkinligin ańlatadı.

Mısalı, hárqanday ótiw dáwiri eski jámiyetten jańasına ótiw mashqalaların sheshiw forması bolıp, onıń mazmunı barlıq social-ekonomikalıq qatnas, tártiplerin túpten ózgerttiriwden ibarat. Tiykarınan, Ózbekstandaǵı házirgi ótiw dáwirinde usınday ózgeris ámelge aspaqta. Ulıwmalıq ayrımlılıq keń kólemdegi mazmunǵa iye, ol ayırım nárse, qubılıs hám proceslerge tán bolǵan ishki nızamlıqtı, ulıwma tiykarın, uqsaslıqtı ańlatadı.

Baylanıs hám ulıwmalıqtı baylanıstırıwshı jekelik kategoriyası bolıp tabıladı. Mısalı: vodorod – baylanıs, gaz – jekelik, ximiyalıq element – ulıwmalıqtı sáwlelendiredi. Baylanıs, jekelik, ulıwmalıq ortasındaǵı qatnasıq dialektikalıq xarakterge iye bolıp esaplanadı. Dúnyada biliw procesinde belgiler túsinikler anıq shart-sharayatqa kóre bir-birine ótiwi, orın almasıwı múmkin. Biraq filosofiyada, jáne basqa birqatar ulıwma túsinikler bar, solar keń mazmundı sáwlelendirgenligi sebepli jekelik kategoriyasına mısal bolıwı múmkin emes. Mısalı, «álem», «háreket», «mákan», «zaman» hám t.b.

Úshinshi másele. Filosofiyalıq kategoriyalar, táriyp beriw, pikir aytıw – obyektiv reallıqtaǵı qubılıslardıń tiykarǵı qásiyetlerin nızamlıqların sáwlelendiriwshi dáwirdiń ilimiy-teoriyalıq oydıń xarakterin belgilep beretuǵın ulıwma túsinikler: kategoriya, háreket, sana, sıpat, muǵdar, sebep, nátiyje taǵı basqa kategoriyalardıń mısalı.

Sistema (grek sózi - bólimlerden payda bolǵan, qosılǵan) anıq bir pútinlik sıpatında payda bolǵan obyektti sáwlelendiriwshi filosofiyalıq kategoriya kóbinese sistema ulıwma tárizde elementler ortasındaǵı óz

ara baylanıslı birligi sıpatında táriypleydi. Sistema túsinigi óz mánisine kóre «baylanıs», «element», «pútin», «birlik», «struktura» (elementler ortasındaǵı baylanıslar sxeması) túsinikler menen baylanıslı. Sistema antik dáwir filosofiyasında oy hám bilimniń ulıwma principlerin izlew procesinde júzege keldi. Mısalı, antik filosofiyada ilgeri súrilgen pútkil onıń óz bólimleri jıyındısınan úlken degen pikir oy sistemasınıń mashqalasın ózinde sáwlelendiredi. Platonnıń pikirinshe, «barlıq» birlik bir waqıtta birlik, kóplik pútin hám bólim. Tek kópliktiń birligi, yaǵnıy sistema biliw predmeti bolıwı múmkin. Antik filosofiyada sistema túsiniginiń genezisi tiykarınan epistomologik metodologiyalıq áhmiyetke iye. Ol oydı shólkemlestiriwshi bilimlerdi sistemalastırıwdı talap etedi. XIX ásirden baslap sistema antologiyalıq hám naturalistik jaqtan analiz etile basladı.

Sistemalıq biliw obyektleriniń qásiyeti sıpatında qarala basladı. Endigide tek bilimlerdi sistemalastırıw haqqında emes, bálki bilimde obyekttiń aymaǵı sistema sıyaqlı jaratıw haqqında pikir júritile basladı. Sistema mánisin túsiniwdegi bunday burılıw jańa mashqalalardı keltirip shıǵaradı. XX ásirde texnologiyanıń rawajlanıwı sistemanı jasalma-texnikalıq dárejede ózlestiriwge jańa dáwirdi baslap berdi. Sistemanı izertlew barasında joybarlastırıw isleri jolǵa qoyıldı. Basqarıw obyektlerine sistema sıpatında qarala basladı. Sistema ataması barlıq tarawlarǵa kirip keldi. XX ásir ortalarında sistemanıń ulıwma teoriyasın izertlew, sistemanı jaqınlastırıw ayırım kásip tarawları boyınsha islep shıǵarıw keń rawajlandı.

Sistemalı analiz – qıyın quramalı obyektlerdiń izertlew ámeliyatında joybarlastırıwda qollanılǵan metod hám qurallar kompleksi. Sistemalı analiz XX ásirdiń 60-jıllarında payda boldı. Onıń teoriyalıq hám metodologiyalıq tiykar sisteması baylanıslı jantasıw hám sistemanıń ulıwma teoriyası. Sistema kóbinese, jasalma obyektlerdi ámeliyatta qollanıladı. Bunday sistemalarda insan xızmeti sheshiwshi rol oynaydı. Sistemalı, analizde principke kóre, jámiyet aldında payda bolǵan qanday da bir qıyın mashqala (basqarıw mashqalası) eń dáslep qanday da bir anıqlıq, sistema sıpatında qaraw kerek.

Element (latın sózinen alınǵan − elementum) – burınǵı, dáslepki manoriya birlemshi, eń ápiwayı dáslepki bólekshelerin bildiriwshi túsinik. Tábiyat túrli  bólekshelerden quralıp, baylanıs hám usılda qosılıwda payda boladı, rawajlanadı. Áyyemgi zamanlardan baslap, filosoflar tábiyattanıwshılardıń bir tárepten, materiallıq pitpeytuǵın – tamamlanbaytuǵınlıǵı sebepli, tábiyatta bunday elementler joqlıǵı haqqındaǵı pikirler ortasında qarsılıqlar bolıp kelgen. Bul pikirler ortasındaǵı qarsılıqlardıń anıqlanıwı sheshiliwi sebepli materiyanıń dúzilisi haqqındaǵı insan bilimleri bayıp bardı.

Sonday-aq, áyyemgi grek filosofları materiyanıń jalǵız elementi suw Foles, hawasına Anaksimen, eki ot Geraklin. ol dúnyanıń zatları hám qubılısları ottıń hár qıylı halda bolıwınıń nátiyjesi. Demokrit, Levkini, keyin ala Opikur materiyanıń eń mayda, bólinbes bólekleri sıpatında atom haqqında táliymattı ilgeri súredi.

Áyyemgi Mısr, Hindstan, Qıtay, Iran hám Orta Aziyada dúnyanıń tiykarında topıraq, ot, suw, hawadan ibarat bolǵan tórt elementten ibarat, degen materiyadan quralǵan, degen kózqaraslar bolǵan. Bul kózqaraslarda Shıǵıstıń úlken oyshılları Farabiy, ibn Sina, Alisher Nawayı rawajlandırǵan.

XIX ásir aqırlarında islengen ullı tábiyiy-ilimiy ashılıwlar materiya haqqındaǵı eski kózqaraslarǵa, atap aytqanda anıq birlemshi hám strukturasız bóleksheleriniń bar ekenligi haqqındaǵı túsinik kóz aldımızǵa keltiriwge zıyan jetkizedi. Házirgi zaman fizikası elektronlar, neytronlar hám basqa «elementar» bólekshelerdiń quramalılıǵın sıpatlaw arqalı tábiyattıń sheksizligi haqqındaǵı ilimiy-filosofiyalıq ideyanı jáne bir márte sıpatladı. Mısalı: házirgi zaman fizikasında bar bolǵan «elementar» bóleksheler túsinigi belgili proceslerdi bir pútin atomında óz ara tásir etiwshi eń ápiwayı mikro obyektlerdi sáwlelendiredi, olardıń 250 den artıq hár qıylı kórinisleri bar Onıń anıq sistema sıpatında shólkemlestiriwshi quramında óz ara baylanısta boladı.

Struktura (latın sózinen alınǵan   dúzilis) – sistemanıń dúzilisi hám ishki forması, usı sistema elementleri ortasındaǵı turaqlı óz ara

baylanıslardıń birligin sáwlelendiriwshi filosofiyalıq túsinik. Sistemanıń mazmunı, yaǵnıy sistemalardı shólkemlestiriwshi elementlerdiń jıynaǵı, bular bir-biri menen óz ara baylanısta boladı. Sistemalardıń materiallıq quramı jalǵız bolǵanda olardıń strukturası elementler baylanıslarınıń xarakterlerine, olardıń Fazoda jaylasıwına qarap túrlishe bolıwı múmkin. Struktura, funkciya túsinikleri bir-birine uqsas bolıp, olar sistemanıń dúzilisi menen oǵan tán qattı háreket islew usılı ortasındaǵı baylanıslıqtı sáwlelendiredi. Sistemalardıń materiallıq substadtan (negizinen) qattiy názer olardıń bazı bir toparı ushın xarakterli bolǵan qatnaslardıń jıyıntıǵınan, sistemanıń bárhama (invariant) tárepinen ibarat bolǵan struktura funkciyaǵa qaraǵanda sistemaǵa tán qattı háreket islew usılında ashılatuǵın ishki negiz sıpatında payda boladı. Funkciya birdeyin óz is-háreketi boyınsha strukturaǵa tuwırlanǵan boladı. Mısalı, biologiya obyektler funkciyasınıń ózgeriwi pirovard esapta olardıń strukturasınıń ózgeriwine alıp keledi. Struktura funkciya biliw teoriyasında, ilim metodologiyasında ayrıqsha rol oynaydı.

Ilimiy izertlewlerde obyektlerdi úyreniwdiń bunday metodları háreket etpekte: substrat – struktura metod (strukturanı ashıwdaǵı háreketti analizlew) funkcional metod háreketlerdi analiz etiw t.b.

Ayrımlılıq, ulıwmalıq, jekelik (единичное, всеобщее, особенное) – predmettiń dialektikaǵa tárizde óz ara baylanıslı xarakteristikaları bolıp, olar predmettiń basqa predmetlerge bolǵan qatnasların sáwlelendiredi. Ayırımlılıq predmettiń basqa predmetlerge bolǵan qatnasların sáwlelendiredi. Ayırımlılıq predmettiń sıpat kórsetkishlerin, onıń individuallıǵın, ózine tánligin, mákan, zamanagóy anıqlıǵın kórsetedi. Tek eki predmet qubılısı bir-birine salıstırıp, olardan hárbiriniń ózinshe tánligin anıqlaw, ayırımlılıqtı bayqaw múmkin. Ulıwmalıq, birinshiden, hámme qubılıslarda tákirarlanatuǵın ayırım qásiyetlerdi, sonday-aq topardaǵı predmetlerge tán bolǵan belgini sáwlelendiredi (abstrakt, ulıwmalıq); ekinshiden, barlıq ayırım qubılıslardıń barlıǵı rawajlanıw nızamlıqların sáwlelendiredi (konkret ulıwmalıq). Abstrakt ulıwmalıq predmettiń mánisin kórsetpeydi. Tek konkret – ulıwmalıq jekeliktiń,

individuallıǵınıń, ayırımlılıq pútkil bay mazmunın ózinde jámleydi; ol qubılıslardıń hár qıylılıǵın qanday da birlikke baylanıstıratuǵın nızamda bar hám onı predmettiń óz ara qatnaslarınıń rawajlanıw sistemasında anıqlap alıw múmkin. Ayrımlılıq anıqlap alınatuǵın eki predmet ortasındaǵı qatnasıqlardıń belgili rawajlanǵan sistemasınıń bir momenti. Ayırımlılıq penen ulıwmalıq ortasında dialektikalıq tárizde óz ara baylanısta bolıp, óz ara ótip ajıratadı. Mısalı, Petrovtıń ózine tánligin anıqlaw ushın onı Ivanov penen salıstırıp kóriw kerek. Usı eki adamdı salıstırıp kórgende jeke olardıń hárbiriniń individuallıǵın biliw múmkin.

Antologiya (grekshe, antinomia – nızamdaǵı qarsılıqlar) – logikalıq sıpatlanatuǵın eki nızam, usınıslar yaki juwmaqlaw ortasındaǵı qarsılıqlar. Áyyemgi dúnya oyshılları tárepinen oporiya formasında isletilgen. XVIII ásirde antinologiya haqqındaǵı táliymattı Kant islep shıqtı. Antinomiyalıq payda bolıwı insan aqılınıń álemdi pútin bir anıqlawǵa urınıwlar payda boladı. Antinoliya 4 faktorda payda boladı: 1) álem, zaman, óz kórinisin tawıp mákanda sheklengen. Álem, zaman óz mákanda sheksiz; 2) Hárqanday quramalı materiya ápiwayı bólimlerden payda bolǵan. Heshqanday buyım ápiwayı bólimlerden payda bolmaǵan, ulıwma álemde ápiwayı nárseniń ózi joq; 3) tábiyat nızamlarına kóre, sebep, hámme qubılıslardı túsindiriw jeterli emes; erkin sebep bar. Heshqanday erkinlik joq, dúnyada hámme nárse tábiyat nızamlarına tiykarlanıp payda boladı; 4) álemde zárúrli mániles onıń sebebi sıpatına tán. Ya álem ishinde, ya álemnen tısqarıda tek zárúrli mánistiń ózi joq. Sebep tap usınday joq. Insan bir waqıtta erkin,hám erkin emes. Kant antinoliya haqqındaǵı táliymatın rawajlandıradı. Gegel antinoliya haqqındaǵı táliymattı bekkemleydi. Onıń analizinde qarsılıqlar rawajlanǵan ruwxtıń ajıralmas, obyektiv deregi. Gegeldiń kórsetiwinshe qarsılıqlar sintetik tiykarda sheshilse bolatuǵın jaǵday bir tárepleme.

Pútin hám bólek (части и село) – filosofiya kategoriyaları bolıp, bul kategoriyalar predmetler jıynaǵı menen bul predmetlerdi birlestirgen,

komplekske pıtırańqı jaǵdaydaǵı predmetlerge tán bolmaǵan jańa kassalar hám nızamlıqlardıń payda bolıwına alıp keletuǵın baylanıs ortasındaǵı qatnastı sáwlelendiredi. Bul baylanıs pútin sıpatında, predmetler bolsa oǵan qarap bólimler sıpatında júzege keledi. Ápiwayı bir mısal: ximiya elementlerden natriy menen xlor jeke-jeke alınǵanda olardıń birigiwi (as tuzı) iye bolǵan zatlarǵa iye bolmaydı. Bunda predmetlerdiń (bólimlerdiń) baylanısı dúziliwshi pútin tipin belgileydi: dúzilis baylanısları struktura pútin, háreketleniw baylanısları háreketlendiriwshi pútin, rawajlanıw baylanısları rawajlanıwshı pútindi belgileydi t.b. Basqa kóp filosofiyalıq mashqalalar sıyaqlı, pútinlik mashqalası, antik zamanlarda ortaǵa qoyılǵan edi. Mazmun hám forma – dúnyadaǵı túrli zat, qubılıs hám proceslerdiń dialektikasın úyreniwde, olar ortasındaǵı baylanıs hám qatnaslarda biliwde ayrıqsha orın tutatuǵın kategoriyalar. Mazmun bul belgili nárse, hádiyse proceslerdiń ózine tán sıpat qásiyetleri jıyındısın ańlatadı, filosofiya, logika, tiltanıwshılıqtıń mánisi mazmunı degende, tiykarınan, predmet, predmet haqqındaǵı pikir, belgili bir predmet ústinde orınlanatuǵın jumıslardıń kompleksi túsiniledi. Al forma mazmunnıń bar usılı, zat hám qubılıslardıń ishki hám sırtqı dúzilisin sáwlelendiredi. Forma degen ne? Adamlardıń turmısta qollanatuǵın forma haqqında túsinikleri tek geometriyalıq eleslewler menen baylanıslı. Olar zatlardıń tek sırtqı kórinisin, sırtqı pishimin bildiredi. Al forma haqqında filosofiyalıq túsinik basqasha. Forma bul zatlardıń proceslerdiń qubılıslardıń jasaw hám rawajlanıw usılın kórsetetuǵın figuralar, obrazlar, strukturalar baylanıs hám qatnasıq túrleri bolıp tabıladı.

Sebep hám nátiyje  Latınsha (Cousa) – sebep-qubılıslardıń tábiyiy, social, obyektiv genetik baylanısın bildiretuǵın kategoriya. Sebep dep atalatuǵın ekinshisiniń (nátiyje yaki ámelde júz beriwge sebep boladı). Tolıq sebep  ózine tán bir-birinen ajıralıp turadı. Tolıq sebep bul – barlıq sharayatlardıń jıynaǵı bolıp, sharayatlar bar bolǵanda, nátiyje baslanadı. Ózine tán sebep, bul – birqansha sharayatlar kompleksi bolıp, bul sharayatlardıń payda bolıwı (jaǵdayda) nátiyjeniń payda

bolıwına alıp keledi. Házirgi zaman iliminiń pikirinshe, predmetler menen hádiyseniń ortasındaǵı sebepli baylanıstıń materiallıq mazmunı pirovard esabında bazı predmetler hám qubılıslardıń basqa predmet hám qubılıslarǵa tásiri, olar ortasındaǵı óz ara tásirinen ibarat, bul óz ara tásir bolsa miniriyti, energiyanı, informaciyanı bir predmetten ekinshisine, bir sistemadan ekinshisine tapsırıw procesinen ibarat. Zárúrlik hám tosattan júz beriw filosofiyalıq kategoriyalar bolıp, bul kategoriyalar predmet hám qubılıslardıń bir-biri menen baylanıslardıń túrin tiplerin kórsetedi. Zárúrlik bul – qubılıslardıń, predmetiniń túpkilikli qásiyetlerinen kelip shıǵatuǵın ishki, kerekli baylanıs. Bul – belgili jaǵdaylarda bar bolǵanında payda bolatuǵın nárse. Filosofiyanıń bull kategoriyası házirge deyin kóplegen filosoflardıń itibarın ózine qaratıp keldi. Tosattan júz beriw bolmaydı, hárqanday qubılıs belgili sebeplerge baylanıslı boladı. Dúnyada tosattan júz beriwshilikke orın joq, barlıq hám rawajlanıwdıń, bir ǵana zárúrligin belgileydi dep esaplaǵan. Antik filosofiyalıq wákilleri Levkini hám Demokrit sıyaqlı wákilleri jańa zaman filosofiyasınıń Golbax, Spineza sıyaqlı wákilleri metafizik determenizm poziciyasında turdı. Levkini qanday da bir buyım sebepsiz júzege kelmeydi, biraq ol belgili zárúrlik sebepli tuwıladı.

Sinergetika óz-ózin basqarıw, qubılıslardı úyreniw, óz-ózin shólkemlestiriw teoriyası. Dúnyaǵa jańasha kózqarasta qarawǵa baǵdarlanǵan quramalıqtı úyrenetuǵın, tábiyiy hám social-ekonomikalıq proceslerdiń tábiyatın biliwge qaratılǵan ilimiy baǵdar, oy usılı. Sinergetika ilimiy baǵdarda XX ásirdiń 60-70-jıllarında qáliplesti. Onıń qáliplesiwinde G.Xoken, I.Prigojin, I.Stengers, G.A.Nikolis, Klimotovichlerdiń xızmeti ayrıqsha.

Sinergetika dialektikanıń tómendegi ideyasın tastıyıqlaydı, hárbir obyekt álemdegi hádiyselerdiń ulıwma baylanıslıǵı aqıbetinde onı qorshap turǵan hár qıylı procesler menen úzliksiz baylanısqan bolıp, túrli bólim sistemalardan payda bolǵan. Obyekttiń hárbir quramlı bólimi basqa quramlı bólimi hám sırtqı dúnya menen óz ara baylanısta bar boladı. Sol sebepli hárbir bólim ózine tán individual baylanıslar

sistemasına iye boladı, demek ózine tán hárekettegi hám ishki háreketke iye boladı. Aqıbetinde obyekttiń ishki óz-ózinen differenciyalasıwı tendenciyası payda boladı.

Óz-ózinen differenciyalasıw óz-ózinen integraciyalasıw hár qır sızıqlı obyekti quramında bir-birine qarama-qarsı turıwshı tárepleriniń qáliplesiwine alıp keledi.

## 6-TEMA. BILIW FILOSOFIYASÍ (GNOSEOLOGIYA)

### Joba:

1. Biliw teoriyası haqqında túsinik.
2. Biliw iskerligi biliwdiń basqıshları.
3. Sananıń kelip shıǵıwı hám mánisi.
4. Sananıń dúzilisi. Sananıń formaları hám tipleri.
5. Ilimiy biliw formaları.

Sana kólemi boyınsha keń hám tereń kategoriya. Ol subyektiv reallıqtı, adam tárepinen, onıń miyi hám psixikası arqalı sırtqı dúnyanı ideallıq dárejede sáwlelendiriw bolıp tabıladı. Usı sebepli sana adamnıń ruwxıy dúnyası, onıń sanalı túrde dúnyadaǵı hám bolmısı tuwralı keshirmeleri, sırtqı dúnyaǵa qatnası boladı.

Adam esi bar, aqılı bar qubılıs sıpatında sırtqı dúnyada aktiv orientaciyaǵa iye. Sanaǵa iye bolǵanlıqtan adamnıń ruwxıy dúnyası, onıń emociyaları, keshirmeleri, qáwpi hám ármanları úmit-arzıwları, qıyalı ómir súredi. Basqasha aytqanda adam tek sanası arqalı ǵana ómir súredi.

Adamnıń sanası, onıń janınıń ishki dúnyası tek filosofiyanıń ǵana emes, adam tuwralı kóp ǵana arnawlı ilimlerdiń (psixologiya, pedagogika, psixiatriya, joqarı nerv sistemasınıń fiziologiyası) izertlew obyekti.

Ilimler sananı adamzat iskerliginiń faktorı sıpatında qarap, tábiyat penen jámiyettiń ara-qatnasın tártipke salıwshı, sociallıq qarım-qatnastıń ónimi sıpatında qaraydı. Bul jaǵdayda sana biliwlik (gnoselogiyalıq),

bahalılıq (aksiologiyalıq), erkinlik hám kommunikativlik (sociallıq) parametrlerge iye.

Antiklik dáwirden usı búginge deyingi aralıqta sananı óz izertlewiniń obyekti etpegen birde-bir filosof joq shıǵar. Álbette adamzat sanasın analizlew ele tolıq dárejede emes desek qátelespeymiz. Ele tanıp bilinbegen, anıq emes, alımlardıń kóz-qarasınan sırtta qalǵan momentler ele kóp. Sana bolmıstıń sociallıq jámiyetlik bolmısınıń tariyxıy ónimi. Sonıń ushın sananı túsiniwdiń gilti adamnıń, sociumnıń tariyxında. Aqırı, sana bolmısınıń sociallıq formasına aktiv, dóretiwshilik xarakter engizedi. Sana bizdi qorshaǵan ortanı sáwlelendiriwdiń joqarǵı forması, adamnıń qorshaǵan ortada hám ózine baylanıslı orientaciyasınıń forması. Jeke adamnıń sanası jámiyetlik sananıń rawajlanıwısız múmkin emes. Ilimde hám filosofiyada sana mashqalası bul psixikalıq, fiziologiyalıqtıń hám sociallıqtıń ara-qatnası haqqında mashqala. Eger aqılı bar adam materiyanıń rawajlanıw shını bolsa, oy-oylawshı materialdıń adamnıń bas miyiniń, onıń bas yarım sharlarınıń qásiyeti. Sananıń payda bolıwı sóylewdiń, tildiń payda bolıwı menen baylanıslı. Aqırı, til, sóylew - praktikalıq sana, adamzattıń sociallıq tájiriybesin alıp keliwshi. Til hám biliw tıǵız baylanıslı, til oydıń materiallıq qabırshaǵı, oydıń, aqıl-oydıń reallıǵı tilde kórinedi. Oydıń mazmunı haqqında adam onıń materiallasıwında kóredi. (Máselen, awızsha, jazba pikirde). Sana, onıń kelip shıǵıwı, mánisi hám rawajlanıwı haqqında máseleler hár túrli filosofiyalıq mekteplerde hám baǵdarlarda hár túrli sáwlelengen. Sana fenomenin analizlewde filosoflar antikalıq dáwirde-aq eki bólekke bólinedi. Olar materialistler hám idealistler. Sana fenomenin analizlew boyınsha hár qıylı kózqaraslar bar. Olar materializm, idealizm, dualizm, gilozoizm, panteizm. Materialistlik sistemalardıń kópshiligin sananı sáwleleniwdiń ayırıqsha forması dep qaraydı. Bul boyınsha sáwleleniw-hárekettegi, rawajlanıwdaǵı materiyanıń atributlarınıń biri. Al sana materialistlik poziciyalar boyınsha sırtqı dúnyanıń adamnıń miyinde sáwleleniwiniń joqarǵı forması, tiri tábiyattıń evolyuciyasınıń juwmaǵı, materiallıq birliktiń - adam miyiniń qorshaǵan ortanı ideallıq obrazlar

formasında sáwlelendiriw uqıbı. Materialistler sananı materiyanıń evolyuciyası sáwleleniw formalarınıń qıyınlasıwı kózqarasınan qarasa, idealistler ushın sana bul dóretiwshi, demiurg, demek tábiyat óziniń rawajlanıw barısında oydı payda etpeydi, kerisinshe oy tábiyattı dóretedi. Sonday-aq, tábiyat bul oylawshı subyekttiń sezimleriniń kompleksi. Obyektiv idealistlerdiń pikirinshe, ideallıq haqıyqıy, jetilgen bolmıs. Materiallıq bolmıs bolsa, jetilmegen, illyuzorlıqqa iye. Ruwx, aqıl-oy, ideallıq materiyanıń aldında ya birge júredi (Platonnıń «ideyalar dúnyası», Gegeldiń «absolyutlik ideyası»). «Ideyalar dúnyası», «absolyut ideya» aktiv, materiya, tábiyat passiv. Aristoteldiń pikirinshe aktiv ruwx materiyaǵa zárúrli túr beredi. Subyektiv idealizm subyektten biyǵárez obyektiv reallıqtıń barlıǵın maqullaydı. Adam jasap turǵan dúnya oylawshı subyekttiń sezimleriniń, kóz-qaraslarınıń, keshirmeleriniń jıyındısı ǵana (Fixte, D. Berkli, YUm). Bunday ya usıǵan uqsas poziciyada neopozitivizm, kritikalıq racionalizm hám ekzistencializmnıń geybir wákilleri turadı. Subyektiv idealizmniń shetten shıqqan forması-solipsizm. Ol tek adamnan hám onıń subyektiv dúnyasınan kelip shıǵadı hám obyektiv dúnya tek adamnıń sanasında ómir súredi.

XIX-XX ásirler aralıǵında solipsizmniń subyektiv-idealistlik ideyaların Germaniyada E. Max, R. Avenarius, Rossiyada N. O. Losskiy h.t.b. rawajlandırdı. Dualizm (máselen, R. Dekart) bolmıstıń tiykarında bir-birinen biyǵárez eki baslama materiallıq hám ideyallıq bar dep esaplaydı. Gilozoizm pútkil materiyaǵa (tiri jansız) sezim, psixika, jan tiyisli dep qaraydı. Panteizm «quday», «tábiyat», «jan» túsiniklerin jaqınlastıradı. Panteizm ideyaları ertedegi sufizmge jaqın (Al-Tazali). Evropa filosofiyasında panteizm ideyası jańa dáwirde Dj. Bruno hám B. Spinozada rawajlandırıldı. Házirgi postklassikalıq filosofiyada, psixoanaliz filosofiyasında

(Z. Freyd, K. YUng, E. Fromm) sana mashqalası qaraladı. Ásirese sanasızlıqtıń sanaǵa tásiri izertlenedi. Neotomizm házirgi katolicizmniń filosofiyası pútkil dúnyanı bir jaratqan allanıń dóretpesi dep qaraydı. Ekzistencializm, máselen,

J. P.Sartrdıń pikirinshe psixikalıqtıń bolmısınıń ólsheminiń tiykarı, jeke adamnıń óziniń ómir súriwin sanalı tanıp biliwi «óz bolmısınıń gúwası». Házirgi ilim kózqarasınan sana adamnıń ruwxıy aktivliginiń joqarǵı dárejesi, reallıqtı seziwlik hám oylaw obrazlarında sáwlelendiriwdiń joqarǵı forması. Sana, oylaw, psixika sáwlelendiriwdiń materiallıq tiykarındaǵı zárúrli aqıbeti. Sáwleleniw óz ara tásir etiwshi obyektlerdiń óz ara tásiriniń nátiyjesiniń kórinisi. Tiri emes tábiyatta sáwleleniw kóp qırlılıqqa iye. Materiyanıń hárbir strukturalıq dárejesine óz ara tásirdiń specifikalıq xarakterli túrdegi hám tipleri tiyisli. Demek, olar mexanikalıq, fizikalıq, ximiyalıq sáwleleniw formaları. Jer betinde biologiyalıq ómirdiń payda bolıwı menen universal óz ara tásirdiń jańa túri - tiri organizmniń qorshaǵan ortaǵa beyimlesiwi payda boladı. Tiri tábiyattaǵı sáwleleniw bul organizmlerdiń iskerliginde tártipke salıwshılıq rol atqarıp, onıń sırtqı ortaǵa baylanıslı aktivligine de tiyisli. Titirkeniwshilik biologiyalıq dárejeniń sáwleleniwiniń birinshi forması. Biologiyalıq dárejede sáwleleniw tiri organizmniń maqsetleri menen, tańlaw hám informaciya menen belgilenedi. Informaciya bul haqıyqatlıqtıń hár túrli qubılısların maqsetke muwapıq tártipke túsken halda sáwlelendiriw, ol sáwlelendiriwshi sistemanıń maqsetleri hám bir waqıtta bul maqsetlerge jetiwdiń zárúrligin ańlatadı. Usı sebepli biologiyalıq dárejeden baslap informaciyalıq sáwleleniw tuwralı aytıw bar. Informaciyalıq sáwleleniwdiń tiri organizm dárejesindegisi - titirkeniwshilik. Bul ápiwayı reakciyalar sırtqı ortanıń paydalı hám zıyanlı faktorlarına baylanıslı juwap beriw uqıbı. Titirkeniw pútkil tirishilikke, ósimliklerge hám haywanlarǵa da tiyisli. Titirkeniwshilerdiń tiykarında seziwliktiń tiykarǵı organiziminiń ortanı ózgertiwge reakciyalıq uqıbı boladı. Seziwsheńliktiń tiri biologiyalıq sistemalarǵa qarapayım amebalardan baslap rawajlanǵan nerv sistemasına iye joqarǵı dárejedegi haywanlarǵa deyin tiyisli. Sońınan bas miydiń oraylıq nerv sistemasınıń hám seziw organlarınıń tiykarında sáwleleniwdiń psixikalıq forması payda boladı. Joqarı haywanlardıń oraylıq nerv sisteması bul ayırıqsha sáwlelendiriw apparatı. Ol haywanlarda evolyuciya barısında

payda boldı, ol ómir súriw procesinde sırtqı dúnya tuwralı signal, informaciyanı qabıllaw hám qayta islew menen birge keleshektegi iskerligi ushın saqlawǵa iye. Bul  yad. Seziwsheńliktiń payda bolıwı menen sáwleleniwdiń organizmniń sırtqı tásirdiń informaciyasın qayta islew boyınsha ishki jumısı sıpatında roli kúsheyedi. Psixikalıq proceslerdiń payda bolıwı haywanlardıń predmetlik iskerligi menen baylanıslı.

Predmetlik iskerlik eki dárejede ámelge asadı. Haywanlardıń tikkeley ómir súriwge baǵdarlanǵan iskerligi hám qurallar menen úskenelengen adamlardıń materiallıq praktikası. Bul adamnıń hár túrli talapların qanaatlandırıw maqsetinde tábiyattı ózgertiwge qaratılǵan. Praktikanıń payda bolıwı menen tek adamzat tegine (rodına) tiyisli sáwleleniwdiń texnikalıq forması payda boladı. Álbette sananıń kelip shıǵıwına baylanıslı hár túrli kózqaraslar bar: a) diniy, sana (jan) qudaylıq dóretiw aktınıń nátiyjesi, b) Idealistlik: b/1) sana máńgi, b/2) sana qudaydıń dóretpesi, b/3) sana-belgili ruwxıy tiykardıń (absolyut ideya, jer-júzlik ruwx) belgili dárejesinde payda boladı. v) Materialistlik: fizikalistlik kózqaras. Bul boyınsha sana materiyanıń belgili bir túri (vid) boladı da, ideallıqtıń materiallıqtan ayırıqsha kelip shıǵıw probleması joq degen sóz. Biologiyalandırıw kózqarası. Bul boyınsha sananıń kelip shıǵıwı evolyuciyanıń biologiyalıq faktorları menen baylanıstırıladı. Házirgi ilimiy  materialistlik biliw sananıń kelip shıǵıwın adamnıń sociotábiyatlıq qubılıs sıpatında qáliplesiwi menen baylanısta qaraydı. Sananıń kelip shıǵıwı máselesin qaraǵanda, birinshiden uzaq aralıqtı qamtıytuǵınlıǵı, ekinshiden sananıń arxaikalıq forma hám faktları tikkeley beriliwi múmkinshiligine iye emes. Sananıń payda bolıwı máselesin adamnıń praktikalıq iskerliginiń xarakterine sáykes dárejede túsinbew múmkin emes. Adamzat iskerliginiń ayırıqshalıqlarınan sananıń ayırıqshalıǵı kelip shıǵadı. Usı sebepli hám haywanlarda hám adamlarda sáwleleniwdiń principiallıq ayırıqshalıǵı olardıń iskerliginiń xarakteri menen baylanıslı.

# 7-TEMA. LOGIKA

## Joba:

1. Abstraktlıq oylaw basqıshındaǵı dúnyanı sáwlelendiriw ózgeshelikleri.
2. Oylawdıń tiykarǵı formaları hám nızamları.
3. Túsinik oylawdıń forması.
4. Túsinikler menen ámelge asırılatuǵın logikalıq operaciyalar.

Logika sózi áyyemgi grek tilinen alınıp, «logos» termini «túsinik», «aqıl», «pikirlew» degendi ańlatadı. Házirgi waqıtları bul termin tómendegi tiykarǵı mánilerde qollanıladı. Birinshiden, bul termin menen obyektiv dúnyanıń nárseleri hám qubılıslarınıń ózgeriw, rawajlanıw nızamlıqların belgileydi hám onı obyektiv logika dep ataydı. Ekinshiden, logika túsinigin oy-pikirlerdiń baylanısınıń hám rawajlanıwınıń ózgeshe nızamlıqların belgilew ushın qollanadı hám bul nızamlıqlardı obyektiv nızamlıqlardı sáwlelendiriwshi subyektiv logika dep ataydı. Úshinshiden, «logika» oy-pikirlerdegi baylanıs hám rawajlanıw nızamlıqları haqqındaǵı ilim mánisinde qollanıladı hám oylaw haqqındaǵı ilimdi ańlatadı. Oylawdı basqa pánlerde (mısalı, psixologiya, joqarı nerv iskerliginiń fiziologiyası hám t.b.) izertleydi. Usıǵan baylanıslı oylawda logikanıń izertlew predmeti retinde ne alınıp qaraladı degen soraw payda boladı. Bul sorawǵa juwap beriwimiz ushın, birinshi gezekte bizler oylaw járdeminde dúnyanı sáwlelendiriwdiń ózgesheliklerin anıqlawımız kerek. Biliw obyektiv reallıqtıń adam sanasındaǵı sáwleleniwin ańlatadı. Sáwlelendiriw xarakterine baylanıslı biliw procesinde bir-biri menen tıǵız baylanısqan eki basqıshtı bólip alıp qarawǵa boladı: 1) seziwlik biliw; 2) abstraktlik oylaw yamasa logikalıq biliw. Seziwlik biliwdi biz tikkeley biliw dep qarasaqta boladı, sebebi bul basqıshta haqıyqatlıqtı (reallıqtı) biz tikkeley seziw organlarımızdıń járdeminde sezim, qabıl etiw hám eleslew formalarında sáwlelendiremiz.

Sol sebepli bul sáwlelendiriwdiń járdeminde biz qubılıslardıń, nárselerdiń ómir súriw hám rawajlanıw nızamlıqların, olardıń tiykarın bile almaymız. Bulardıń, yaǵnıy nárseler hám qubılıslardıń tiykarların biliw abstraktlik oylaw basqıshında iske asırıladı. Abstraktlıq oylaw basqıshı onıń seziwlik biliwden parqın kórsetiwshi tómendegishe ózgesheliklerge iye: a) Abstraktlıq oylaw dúnyanı tikkeley emes (qıya) sáwlelendiredi. Yamasa logikalıq usıl menen seziwler járdeminde alınǵan tiykarlardı qayta islew jolı menen biz tikkeley baqlawǵa bolmaytuǵın mazmundı bile alamız. b) Abstraktlıq oylaw dúnyanı ulıwmalastırılǵan halda sáwlelendiredi. Seziwler járdeminde alınǵan maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan halda nárselerdegi hám qubılıslardaǵı ulıwma (qaytalanatuǵın, eń tiykarǵı) qásiyetler bólip alınadı. Usı qásiyetlerdiń tiykarında zatlardaǵı, qubılıslardaǵı ulıwmalıqtı biliwge hám olardı belgili bir tipke ajıratıwǵa boladı (mısalı, adam, millet, bolmıs, mámleket, huqıq hám t.b.). Predmetlerdi ulıwmalastırıw hám bóleklewdiń járdeminde usı nárseler haqqında túsinikler payda boladı. Bul túsinikler óz gezeginde biliwdiń metodologiyalıq instrumenti sıpatında xızmet etedi. Oylawdıń ulıwmalastırıwshı xarakteri nárseler hám qubılıslar klaslarınıń qásiyetlerin sáwlelendiriwshi nızamlardı payda etiw múmkinshiliklerinde óz kórinisin tabadı. v) Oylaw til menen tıǵız baylanıslı. Til oy-pikirlerdiń qáliplesiw usılı sıpatında alıp qaralıp, onda oylaw nátiyjeleri bekkemlenedi. Til járdeminde adamlar arasında oy-pikirler menen almasıw bolıp turadı. g) Oylaw aktiv hám maqsetke baǵdarlanǵan iskerlik bolıp tabıladı. Sebebi oylaw procesinde belgili maqsetler qoyıladı hám wazıypalar, máseleler belgilenedi. Usı qoyılǵan máselelerdi sheshiw, alǵa qoyılǵan maqsetlerge erisiw ushın oylaw is-háreketleri ámelge asırıladı.

Bul kórsetilgen ózgesheliklerdiń hámmesi logikalıq metodlardı, biliw usılların qollanıw járdeminde dúnyanı belgili bir logikalıq formalarda sáwlelendiriw menen anıqlanadı. Usınday oylawdıń tiykarǵı formaları retinde túsinik, pikir, oy-juwmaǵı alıp qaraladı. Logika oylawdıń usı kórsetilgen formaların, abstraktlıq oylaw basqıshında

qollanılatuǵın biliw usılların hám metodların, jáne de oylawdıń ózgeshe nızamların úyretedi. Logika iliminiń predmetin tolıq túrde analizlew ushın oylawdıń formalarınıń hám nızamlarınıń mazmunın anıqlawımız shárt. Oylaw procesiniń hám hár qıylı oy-pikirlerdiń logikalıq formaların anıqlaytuǵın usıldı tabıwımız ushın, biz nárseler hám qubılıslardıń ulıwma belgilerin, nárseler hám qubılıslar arasındaǵı qatnaslardı, oy-pikirlerdiń ózleriniń qásiyetlerin hám sıpatlamasın, olar arasındaǵı qatnasıqlardı anıqlawımız tiyis. Bul belgiler, qásiyetler, qatnas hám sıpatlamalar logikanıń izertlew predmeti retinde alıp qaraladı. Olar "bolıw", "esaplanıw", "bolıp tabıladı", ("sut"), "hámme", "hárkim", "heshbir", "ayrımlar", "egerde ..., onda.." ("esli..., to.."), "hám", "yamasa", "demek" ("solay etip"), "durıs emes,.." ("neverno, chto") hám t.b. logikalıq terminler dep atalatuǵın sózler yamasa sóz dizbekleri menen belgilenedi. Oydıń logikalıq formasın anıqlawımız ushın oy-pikirdi ańlatatuǵın sózlerdegi logikalıq emes terminlerdiń mazmunın dıqqatqa almawımız tiyis. Onıń ushın logikalıq emes terminlerdi kóp tochkalar yamasa shtrixli sızıqlar menen almastırıwǵa boladı. Mısalı, "Gruppanıń barlıq studentleri logika dógereginiń aǵzaları bolıp tabıladı" degen pikirdi alatuǵın bolsaq, ondaǵı logikalıq emes terminlerdi tómendegishe túrde belgilewge boladı: "Barlıq bolıp tabıladı. (sut, yavlyayucya)". Bul kórsetilgen bayanlama oydıń logikalıq forması dep ataladı. Solay etip, oydıń logikalıq forması oydıń strukturasın beredi, yaǵnıy logikalıq emes terminlerdiń mánisine itibar berilmey anıqlanatuǵın oydıń dúzilisin ańlatadı. Oydıń logikalıq forması mazmunlıq hám informaciyalıq xarakterge iye boladı. Oylardıń logikalıq formalarınıń tiplerine qaray otırıp olardı belgili klaslarǵa bóliwge boladı. Bunday tiykarǵı klaslar retinde túsinik, pikir hám oy-juwmaǵı dep atalatuǵın oy-pikirlerdiń formaların alıp qarasaq boladı. Túsinik dep belgili bir predmetler ushın ulıwma bolǵan belgiler sistemasına tiykarlanıp predmetlerdi ulıwmalastıratuǵın hám ayırıp kórsetetuǵın oydıń formasına aytamız. Mısalı, nızam tárepinen jazalanatuǵın dep belgilengen háreket yamasa háreketsizlikti biz jınayat túsinigi menen

anıqlaymız. Pikir dep predmetlerdegi qásiyetlerdiń, olar arasındaǵı qatnaslar hám baylanıslardıń biykarlanıw yamasa maqullanıw formasında beriliwin sáwlelendiriwshi oydıń formasına aytamız. Mısalı, Nókis - Qaraqalpaqstan Respublikasınıń paytaxtı. Astrologiya − ilim emes. Oy−juwmaǵı dep pikirlerde sáwlelengen bilimlerden jańa pikirde sáwlelengen bilimdi alıw procesin ańlatatuǵın oydıń formasına aytamız. Solay etip, oylawdıń logikalıq forması dep mazmunnıń jasaw hám reallıqtı sáwlelendiriwin támiyinlewshi oy mazmunınıń bólekleriniń arasındaǵı baylanıs usılına, onıń dúzilisine aytıladı. Mısalı, bir-biri menen baylanısqa iye oy-pikirdiń birewi shın bolsa, onda oy-pikirdiń ekinshiside, oydıń logikalıq emes mazmunınan ǵárezsiz túrde shın boladı. Oy-pikirdiń shın bolıwı, onıń haqıyqatlıqqa sáykes keliwi menen baylanıslı. Oydıń shınlıǵı oylawdıń zárúrli shárti bolıp tabıladı. Sol sebepli, oyımız (pikirlerdi payda etiwshi) mazmunlıq jaqtan shın bolıwı shárt. Buǵan qosımsha shınlıqqa erisiwdiń ekinshi shárti oylar arasında durıs baylanıstıń bar bolıw zárúrligin talap etedi. Bul shárt orınlanbasa, durıs pikirlerden de nadurıs juwmaqtıń alınıwı támiyinlenedi. Pikirlew procesinde oylar arasındaǵı durıs baylanıstı oylawdıń nızamları anıqlaydı. Solay etip, formaları boyınsha oylardıń arasındaǵı baylanıstı formal-logikalıq nızamlar belgileydi hám olar oylardıń konkret mazmunınan ǵárezsiz túrde pikirlew procesinde qátelikler jiberiwden saqlaydı. Oylawdıń nızamları bul oylar arasındaǵı ishki, zárúrli hám eń áhmiyetli baylanıstı sáwlelendiredi. Bunday nızamlarǵa logikada birdeylik (teńlik), qarsılaspaw, úshinshisin jibermew, jetkilikli tiykar nızamları jatadı. Bul nızamlar oylawdıń tiykarǵı nızamları dep aytıladı, sebebi olar logikalıq oylawdıń tómendegi qásiyetlerin: onıń anıqlılıǵın, qarama-qarsılıqsızlıǵın, izbe-izligin hám jetkilikli tiykarǵa iye bolıwın sáwlelendiredi.

Birdeylik (teńlik) nızamı pikirlew procesinde oylawdıń anıqlıqqa iye bolıw talabın támiyinleydi. Bul nızamǵa tiykarlanǵan halda hárqanday oy pikirlew procesinde ózi menen teńlikke iye bolıwı shárt. Yaǵnıy, qollanılıp atırılǵan termin belgilengen bir mánide, anıq bir nárseni

túsindiriwi tiyis. Bul nızamnıń formulası “a=a” túrinde belgilenedi, “a” degenimiz hárqanday oydı ańlatadı. Birdeylik (teńlik) nızamınıń orınlanıwı durıs oylawdıń zárúrli shártleriniń biri bolıp tabıladı. Bul nızamnıń talaplarınıń orınlanbawına kópshilik jaǵdayda hár qıylı túsiniklerdi bir sóz yamasa sóz dizbegi menen belgilew alıp keledi. Sol sebepli pikirlew processinde qanday túsinik qanday sóz yamasa sóz dizbegi menen belgilenetuǵının biliwimiz shárt. Sebebi forması boyınsha birdey sózlik konstukciyalar hár qıylı mánige iye bolıwı múmkin, sonıń menen birge keri jaǵday da, yaǵnıy birdey oyımız hár qıylı kóriniste sáwleleniwi múmkin. Ilimde birinshi jaǵday omonimiya, al ekinshi jaǵday sinonimiya dep aytıladı. Omonimiya obyektiv jaqtan hár qıylı mazmundı durıs emes halda betlestiriw múmkinshiligin berse, al sinonimiya teń mániles mazmundı nadurıs baǵdarda ayırıp kórsetedi.

Hár qıylı túsiniklerdi teńdey mánige iye dep tán alıw oylaw processide keń tarqalǵan logikalıq qáteshilikke túsiniklerdi almastırıp qollanıwdı payda etedi. Bul qáteshiliktiń tiykarın berilgen túsiniktiń ornına yamasa sol túsinik retinde basqa túsinikti qollanıw quraydı. Túsinikti almastırıp qollanıw táriplep atırǵan predmetti almastırıwdı ańlatadı. Bunday jaǵdayda táriplew hár qıylı predmetlerge tyisli boladı, biraq olar qátelesip bir predmet retinde tán alınadı. Qarsılaspaw nızamı oydıń izbe-izligin támiyinleydi. Bul nızam birdey waqıtta bir pikirdiń maqullanıwın hám biykarlanıwın qadaǵan etedi. Bir biri menen úylespeytuǵın eki pikir birdey waqıtta shın (durıs) bola almaydı, olardıń birewiniń jalǵan (nadurıs) bolıwı shárt. Bul nızam birdey waqıtta “a” hám “a nıń biykarlanıwınıń” jalǵan (nadurıs) ekenligin, yaǵnıy birin biri biykarlaytuǵın eki oy birgelikte shın (durıs) bolıwı múmkin emes degen mánige iye bolıp,-a formulası menen belgilenedi.

Bul nızamnıń tiykarında nárselerdiń hám qubılıslardıń sapalıq anıqlıqqa iye bolıwı, olardıń qásiyetleriniń salıstırmalı turaqlıǵı alıp qaraladı. Haqıyqatlıqtıń kórsetilgen tárepin sáwlelendire otırıp, bul nızam adamlar tárepinen pikirlew procesinde qarsılıqqa iye juwmaqlardıń jiberilmewin talap etedi. Mısalı, eger qanday da bir

predmet anıq qásiyetke iye bolsa, onda bul predmet haqqında pikirlew barısında bizler berilgen qásiyetti biykarlamay yamasa predmetke tiyisli bolmaǵan belgini maqullamay, al onı (kórsetilgen qásiyetti) tastıyıqlawımız zárúr. Bul nızam sanalı túrde faktlerdi hám qubılıslardı túsindiriwde olardaǵı qarama-qarsılıqlardı júzege shıǵarıwda, olardı joq etiwde, kritikalıq oylawdı qáliplestiriwge járdem beredi.

Ádette bul nızam dálillew barısında, eger qarama-qarsılıqlı pikirlerdiń birewiniń durıslıǵı anıqlansa, onda bul tastıyıqlawdan basqa pikirdiń jalǵanlıǵı kelip shıǵatuǵınlıǵın túsindiriw ushın qollanıladı. Qálegen juwmaqlarǵa qarsı turǵanda kúshli argument retinde pikirdiń qarama-qarsılıqlı ekenligin ashıp kórsetiw alıp qaraladı. Biraqta, egerde bizler bir predmet jayında birinshiden, hár qıylı waqıtta hám ekinshiden, hár qıylı qatnasta qanday da bir pikirdi moyınlap hám sol pikirdi biykarlasaq, onda qarsılıqsız nızam háreket etpeydi. Mısal retinde birinshi jaǵdaydı alıp qarayıq. Egerde qanday da bir adam bir waqıtta «Jawınnıń awıl xojalıǵı ushın paydası oǵada ullı», al basqa waqıtta qarama-qarsılıqlı pikirdi, yaǵnıy «Jawın awıl xojalıǵı ushın qolaysız» dese, onda eki pikirdi de shın pikirler dep alıp qarawǵa boladı. Sebebi birinshi jaǵdayda báhár, yaǵnıy ósimliklerdiń ósiwi dıqqatqa alınsa, ekinshi jaǵdayda gúz, yaǵnıy ónimlerdi jıynap alıw payıtı esapqa alınadı. Ekinshi jaǵdayǵa (hár qıylı qatnastı) mısal retinde qanday da bir adamnıń shet tilin (aytayıq, anglichan tilin) jaqsı biliwin alıp qarayıq. Onıń shet tildi jaqsı biliwi joqarı oqıw ornınıń talapların tolıǵı menen qanaatlandıradı, biraq bul adamnıń bilimleri onıń dilmash bolıp jumıs islewi ushın jetkiliksiz. Eki pikirdi de shın dep alıp qarawǵa boladı. Sebebi bul pikirlerde kórsetilgen adamnıń shet tilin biliwi hár qıylı talaplardan shıqqan halda alıp qaralmaqta, yaǵnıy bir adamnıń óziniń hár qıylı qatnastan kóriliwi qarama-qarsılıqlı, biraq birdey dárejede shınlıqqa iye bahalardıń beriliwine tiykar bolmaqta. Úshinshisin jibermew nızamı qarsılıqsız pikirlewdi talap etedi. Birdey waqıtta eki qarsılıq qatnasında bolatuǵın pikirler jalǵan (nadurıs) bolıwı múmkin emes, olardıń birewi zárúrli túrde shın (durıs) boladı. Bul nızam bir-

birine qarsı bolǵan eki pikirdiń birewiniń jalǵan, al ekinshisiniń shın bolıwın talap etedi. Úshinshisiniń bolıwı múmkin emes. Bul nızam A yamasa V, yamasa V nıń biykarlanıwı boladı degen formula menen belgilenedi: ( a yamasa a nıń biykarlanıwı durıs). Mısalı, eger «Biziń zavod paydalı ónimlerdi shıǵaradı» degen pikir shın bolsa, onda «Biziń zavod paydalı ónimlerdi shıǵarmaydı» degen pikir jalǵan boladı. Bul nızam qarama-qarsılıqlı pikirler ushın háreket etpeydi, sebebi bunday pikirlerdiń hár qaysısı bir-birin biykarlap qoymastan, al oǵan qosımsha maǵlıwmat ta beredi. Mısalı, eki pikirdi alayıq: «bul toǵay tiken japıraqlı», «bul toǵay aralas». Bul jerde ekinshi pikir, birinshi pikirdi tek ǵana biykarlap qoymastan, al ol qosımsha da maǵlıwmat bermekte, yaǵnıy berilgen pikirde toǵaydıń tiken japıraqlı ekenligi biykarlanıp qoymastan, al, onıń qanday ekenligi de aytılǵan. Úshinshisin jibermew nızamı faktlerdi bayanlaǵanda izbe izlikti hám olardıń qarsılıqsız bolıwın talap etedi. Bul nızam eki qarsılıqlı pikirdiń birewiniń shınlıǵın tán almay olardıń arasınan úshinshisin izlewdiń kerek emesligin talap etedi. Solay etip, úshinshisin jibermew nızamı oylawdıń tómendegi eń áhmiyetli talabın belgileydi: bir-birine qarsı eki pikirdiń birewiniń shın bolıwın (durıslıǵın) moyınlamay, olardıń arasınan úshinshi pikirdi izlewdiń kerek emesligin kórsetedi (birdey waqıtta berilgen oydı hám onıń biykarlanıwın qabıllamawǵa bolmaytuǵınlıǵın talap etedi).

Abstraktlik oylaw procesinde reallıqtı sáwlelendiriwshi oydıń eń áhmiyetli túri retinde túsinikti alıp qarawǵa boladı. Sol sebepli, abstraktlik oylawdı túsinikli oylaw (ponyatiynoe mıshlenie) dep te ataydı. Logika páninde túsinik oydıń ózgeshe túri sıpatında izertleniledi (túsiniklerdiń logikalıq formasın anıqlaw, olar arasındaǵı baylanıslardı belgilew hám t.b. usılları). Ol jeke predmettiń yaki bir tekles predmetler klasınıń áhmiyetli hám ayrıqsha ulıwma belgilerin sáwlelendiretuǵın oydı ańlatadı. Sebebi, tek usı jaǵdayda ǵana predmet haqqında aytqanımızda, «ol ne?» - degen sorawǵa juwap bere alamız. Óz waqtında Platon da adamǵa «pársiz eki ayaqlı janzat» - dep anıqlama bergen. Bul anıqlama onıń opponentleri tárepinen sınǵa alınǵannan

keyin, ol anıqlamaǵa eki – úlken ayaqlarǵa hám jalpaq tabanlarǵa iye degen belgilerdi qosadı. Bul Platonnıń bergen belgileriniń áhmiyetli emesligin hám adamdı kórsetilgen belgilerge iye haywanlar klasınan (maymıl, ayıw, pingvin, kenguru) bólip kórsetiw múmkinshiligin bermeytuǵınlıǵın seziwimizge boladı.

«Adam» túsinigi eger oǵan haywanatlar dúnyasınıń joqarı wákili, sóylewge, sanaǵa, ruwxıy qádiriyatlarǵa, ar-namısqa, óndiris hám miynet quralların dóretiw uqıplılıǵına iye, abstraktlik oylaw múmkinshiligine iye hám maqsetke baǵdarlanǵan túrde háreket ete alıwı múmkin degen qásiyetler kirgizilse ǵana haqıyqatlıqqa sáykes keledi. Bul kórsetilgen belgiler adam ushın áhmiyetli, onıń sapalı ózgesheligin ańlatadı.

Túsinik sózlerdiń hám sóz dizbekleriniń járdeminde bekkemlenedi hám óz sáwleleniwin tabadı. Túsinik hám sóz óziniń kelip shıǵıwı hám funkciyaları boyınsha bir-birinen ajıralmaydı. Sóz túsiniklerdiń materiallıq tiykarı bolıp, sózsiz olardıń payda bolıwı da, olar menen operaciyalar islew de múmkin emes. Biraq túsinik hám sózdiń birligi olardıń absolyutlik teńligin ańlatpaydı. Túsiniktiń sózden parqı sonda, sózler barlıq tillerde hár qıylı, yaǵnıy bir túsinik hár qıylı tillerde hár qıylı sáwlelenedi. Bir tildiń ózinde de túsinik hám sóz arasında parıq bar. Birinshiden, qálegen túsinik bir sóz benen berilmeydi, kóplegen túsinikler sózler, sóz dizbegi menen de beriledi. Mısalı, «mámleket hám huqıq teoriyası tiykarları», «ekonomiklıq teoriya», «filosofiya bóliminiń birinshi kurs studentleri».

Ekinshiden, qálegen sóz túsinikti ańlatpaydı. Ol tańlaq sózlerge tiyisli, mısalı ushın, «ah», «way» h.b. Berilgen sózler hár qıylı sezimlerdi sáwlelendiredi, biraq olardıń atın aytpaydı. Túsinik «men», «sen», «olar» h.b. sıyaqlı almasıqlardı da ańlatpaydı. Bul sózler kórsetiwshi sózler bolıp, áhmiyetti kórsetpeydi. «Men» sóylep atırǵanǵa, «sen» – tıńlap otırǵanǵa kórsetedi, «ol» gúrrińlesiwge qatnası joq mánisti ańlatadı. Biraq bul áhmiyetli belgilerde áhmiyetli belgiler joq.

Úshinshiden, túsinik hám sóz barlıq waqıtta bir-birine sáykes kele bermeydi. Bunday jaǵday bir tilde sinonimli hám omonimli sózlerdiń

qollanılıwı menen baylanıslı. Sinonim hár qıylı kóriniske, biraq bir túsinikke tiyisli sózler bolsa (mısalı, Watan, Ata-mákan), omonim sózler esitiliwi boyınsha sáykes keledi, biraq hár qıylı túsinikke tiyisli boladı (mısalı, gilt, til, juldız). Buǵan qosımsha, oydıń logikalıq strukturası hám tildiń grammatikalıq qurılısı sáykes kelmeydi. Logika nızamları tiykarı boyınsha ulıwma adamzatlıqqa iye bolsa, al sóz dizbekleriniń formaları qálegen milliy til ushın ózgeshelikke iye boladı.

Solay etip, túsiniklerde tek ǵana eń áhmiyetli belgilerge tiykarlanǵan halda predmetler klası kórsetiledi. Belgi (priznak) degenimizdiń ózi predmetlerdiń bir-biri menen uqsaslıqqa yamasa ayırmashılıqqa iye bolıwın kórsetiwshi tiykar. Belgide predmetlerdegi qásiyetlerdiń barlıǵı yamasa joqlıǵı, predmetler arasındaǵı qatnaslardıń barlıǵı yamasa joqlıǵı kórsetiledi. Túsiniklerde predmetler belgiler sisteması tiykarında ulıwmalastırıladı. Sol sebepli, hárqanday predmet kóp túrli belgilerge iye bolıwı múmkin. Olardıń tiykarǵı túrlerine jeke, ulıwma, áhmiyetli, áhmiyetli emes, ápiwayı, quramalı, maqul, teris belgiler jatadı. Belgiler tek ǵana bir predmetke tán bolsa – jeke belgi, al predmetlerdiń gruppasına tán bolsa – ulıwma belgi, eger de predmetke tán zárúrli belgiler sol predmettiń ishki tábiyatın anıqlasa, onda olar áhmiyetli belgi, al olardıń tiykarın sáwlelendirmese, onda olar áhmiyetli emes belgi bolıp, al logikalıq formalardıń tiplerine qaray ápiwayı hám quramalı, teris hám maqul belgi bolıp bóliniwi múmkin.

Ápiwayı belgi dep predikatlar logikası tilinde logikalıq terminlerge (yaǵnıy, bir biykarlaw belgisinen hám logikalıq kvantordan basqa) iye emes belgige, al quramalı belgi dep joqarıdaǵı talapqa juwap bermeytuǵın belgige aytıladı. Mısalı, ápiwayı belgi retinde qanday da bir mámlekettiń paytaxtı bolıw belgisin, Ózbekstannıń paytaxtı bolıw belgisin; quramalı belginiń mısalı retinde "eki hám úshke bóliniwdi" alıp qarasaq boladı.

Al maqul hám teris belgilerge tek ǵana ápiwayı belgiler bólinedi. Maqul belgide belgiler biykarlaw formasına iye emes túrinde beriledi, al teris belgilerde belgiler biykarlaw túrine iye boladı.

Solay etip, túsinik bir tekles predmetlerdiń kópliginiń eń áhmiyetli belgilerin ulıwmalastırıw nátiyjesinde payda bolıp, reallıqtı (haqıyqıylıqtı) ilimiy biliwdiń eń tiykarǵı formalarınıń birin beredi. Ol, birinshiden, ulıwmalıqqa iye ayrıqsha belgilerdi sáwlelendiriwshi bilimlerdiń kóriniw forması, ekinshiden, informaciyanı jetkerip beriwshi usıl wazıypaların atqaradı. Túsiniktiń sızılmalıq kórinisin tómendegishe beriwge boladı.

Túsiniklerdi payda etiw ushın predmettiń eń áhmiyetli qásiyetlerin bólip kórsetiwimiz shárt. Onıń ushın predmetlerdi bir-biri menen salıstırıw nátiyjesinde, olarǵa tán ulıwma belgini ajıratıwımız tiyis. Buǵan salıstırıw, analiz, sintez, abstrakciyalaw, ulıwmalastırıw sıyaqlı logikalıq usıllardı qollanıwdıń járdeminde erisemiz.

Salıstırıw dep predmetlerdiń uqsaslıǵın yamasa ayırmashılıǵın anıqlawshı logikalıq usılǵa aytıladı. Bul usıldıń járdeminde belgili bir predmetler gruppasına tán ulıwma belgiler anıqlanadı.

Predmettiń belgilerin bólip kórsetiw ushın, oylaw dárejesinde predmetti quram bóleklerge bóliwimiz tiyis. Bunday logikalıq usıl analiz dep ataladı. Onıń járdeminde qanday da bir belgilerdi bóliw tiykarında, biz, olardıń hár qaysısın óz aldına izertlew múmkinshiligine iye bolamız.

Hárbir bólekti óz aldına úyrenip, oylaw dárejesinde predmettiń bir pútinligin qayta tiklewimiz tiyis. Analiz járdeminde bóleklerge bólingen predmettiń quram bóleklerin oylaw dárejesinde jámleytuǵın logikalıq usıl sintez dep ataladı. Sintez analizge qarama-qarsı logikalıq usıl bolǵanı menen olar hámme waqıtta biri birin tolıqtırıp otıradı.

Predmetlerdiń eń áhmiyetli belgilerin áhmiyetli emes belgilerden bólip alıp qaraw, oylaw dárejesinde predmettiń tek dara belgilerine dıqqat awdarıp, basqa belgilerin esapqa almaw abstrakciyalaw logikalıq usılı járdeminde iske asırıladı. Sol sebepli, abstrakciyalawda predmetlerdiń áhmiyetli emes belgilerin dıqqatqa almaw názerde tutıladı. Izertlenilip atırǵan predmetlerdiń belgilerin sol predmetlerge uqsas predmetlerdiń hámmesine qollanıwǵa boladı. Yamasa dara predmetlerdi olarǵa tán

bir qıylı belgilerdiń járdeminde bir tekles predmetlerdiń toparına jámlewge boladı. Bunday operaciya juwmaqlastırıw (ulıwmalastırıw) logikalıq usılı járdeminde iske asırıladı. Solay etip, predmetler arasında uqsaslıq yamasa ayırmashılıqtı anıqlap (salıstırıw), uqsas predmetlerdi elementlerge bóleklep (analiz), olardıń eń áhmiyetli belgilerin ajıratıp (abstrakciyalaw), bul eń áhmiyetli belgilerdi jámlep (sintez) hám olardı bir tekles predmetlerge qollanıwdıń járdeminde (juwmaqlastırıw) − abstarktlik oylawdıń eń tiykarǵı formasınıń biri − túsinikti payda etemiz. Ulıwmalastırıp aytqanda, túsinik dep predmetlerdiń eń áhmiyetli belgilerin sáwlelendiriwshi oydıń formasına aytamız. Túsinikler eki tiykarǵı funkciyanı atqaradı. Birinshisi – olardıń biliwlik funkciyası. Olarda adamlardıń biliwlik, abstraktlasqan iskerliginiń jemisleri jámlenedi. Aldıńǵı biliw procesiniń nátiyjesi bolıp, olar keyingi biliw usılı xızmetin iske asıradı. Bul process túsiniklerdi qollanıw (yamasa predmetti túsinikke alıp keliw) sıyaqlı keń túrli massalıq operaciya tiykarında júrgiziledi. Mısalı ushın, «nárse» degen túsinikti qattı denelerdi, suyıqlıqlardı hám gazlerdi ulıwmalastırıw jolı menen qáliplestirip, bizler onı nárseniń jańa túrlerine, mısalı plamaǵa da qollanamız. Empirikalıq bilimler toplanıp, erteli-kesh ilimge aylanıp sistemalasadı, tereńlesedi hám anıqlılıqqa iye boladı. Túsiniklersiz ilim bolmaydı. Al ilimsiz materiallıq óndiristiń, jámiyetlik turmıstıń basqa da tárepleriniń rawajlanıwı múmkin emes. Házirgi waqıtta bizler tek ǵana nárselerdiń úlken dúnyasında emes, al olarǵa sáykes túsinikler dúnyasında da jasaymız. Olar kúndelikli oylaw praktikasında keńnen qollanıladı. Hárbir ilim qatań sistemasın – túsiniklik apparatın dóretetuǵın óziniń túsiniklerine iye. Mısalı ushın, fizikada – «massa», «energiya» h.b., ximiyada – «element», «reakciya», «valentlilik» h.b, biologiyada – «tirishilik», «kletka», «túr», «organizm» h.b. Jámiyetlik ilimlerde – «jámiyet», «óndiris», «mámleket» h.b. Ilimiy túsinikler tábiyat hám jámiyettiń hár qıylı tárеplerin sáwlelendirip, adamdı qorshaǵan ortalıqta ózgeshe baǵdaralanıw menen támiyinleydi. Usı kórsetilgen funkciya menen baylanıslı bolǵan túsiniktiń basqa

funkciyasın kommunikativlilik, yaǵnıy  qatnasıq quralı funkciyası beredi. Adamlar ózleriniń bilimlerin túsinikler formasında bekkemley otırıp, keyin ala ózleriniń birgelikli iskerlik procesinde olar menen almasadı hám keyingi áwladlarǵa jetkerip beredi. Oylawdıń ápiwayı forması bolıp, túsiniktiń ózi quramalı strukturaǵa iye, yaǵnıy ol óz ara baylanısqan elementlerden turadı. Bul struktura túsiniktiń funkciyaları menen anıqlanadı hám olardıń iske asıw usılı xızmetin atqaradı. Eń aldı menen, túsiniklerde mazmun hám kólem bólip kórsetiledi.

Hárqanday túsinik oylawdıń logikalıq forması sıpatında óziniń strukturasına iye. Qálegen túsinik óziniń konkret mánisinen biyǵárez óz ishine eki tiykarǵı elementti: mazmun hám kólemdi qamtıydı. Túsiniktiń mazmunı (onı ayırım jaǵdaylarda «intencional» dep te ataydı) dep berilgen túsinikti ańlatatuǵın predmettiń eń áhmiyetli belgileriniń jıynaǵına aytamız. Mısalı, “2 yamasa 3ke bólinetuǵın sannıń” mazmunın “2 yamasa 3 bóliniw” beredi. Huqıq túsiniginiń mazmunın adamlardıń minez-qulqınıń jıynaǵı, olardıń mámleket tárepinen belgileniwi yaki sankciyalanıwı, olardıń mámleketlik organlarınıń májbúrlewshi kúshi tárepinen támiyinleniwi h.b. belgileriniń jıynaǵı beredi. Olar qálegen huqıq ushın ulıwma hám áhmiyetli bolıp tabıladı hám olardıń jıynaǵı onı basqa jámiyetlik qubılıslardıń arasınan – siyasattan, moraldan, iskusstvodan h.b. bólip kórsetedi. Túsiniktiń kólemin sxemalıq túrde tómendegishe kórsetiwimizge boladı: A(VSD…), bul jerde A – ulıwma qálegen túsinik, al VSD… – ondaǵı predmetlerdiń múmkin bolǵan belgileri, qásiyetleri. Túsinik hám onıń strukturalıq elementi - belgisi arasındaǵı ayırmashılıqtıń salıstırmalı ekenligin hámme waqıtta esapqa alıwımız tiyis: bir túsinikke qatnasta belgi bolıp xızmet etetuǵın mazmunı, basqa jaǵdayda óziniń belgilerine iye óz aldına túsinik boladı. Usı mániste túsiniktiń mazmunı óz gezeginde …túsiniklerden quralǵan. Biraq bul jaǵday paradoksti keltirip shıǵarmaydı, al dúnyanıń birligi hám obyektivlik óz ara baylanısın sáwlelendiretuǵın túsiniklerdiń  óz ara baylanısı hám birliginiń tereń kóriniwin ańlatadı. Túsiniktiń múmkin bolǵan belgileri  bólek emes, al bir pútin sistemanı dóretiwshi, bir-biri

menen úzilmeytuǵın baylanısta ómir súredi. Túsiniklerdiń mazmunın jaratıwshı belgiler sistemasında eki tiptegi belgilerdi bólip kórsetsek boladı: oydıń berilgen predmeti tiyisli bolǵan predmetlik tarawdıń hámmesi ushın ulıwma hám áhmiyetli teklik belgiler, hám oydıń berilgen predmeti ushın ǵana ulıwma hám áhmiyetli bolǵan hám onı sol predmetlik tarawdıń basqa predmetlerinen ajıratıp kórsetiwshi túrlik belgiler. Mısalı ushın, huqıqqa qatnasta teklik belgi retinde óz ishine morallıq normalardı da qamtıytuǵın «adamlardıń minez-qulıq normaları» belgisi alıp qaraladı. Biraq morallıq normalar adamlardıń ózleri tárepinen olardıń qatnasıqqa túsiw procesinde islep shıǵılsa hám jámiyetlik pikir kúshi menen támiyinlenilse, onda huqıqtıń túrlik ayrıqshalıqqa iye bolǵan belgilerin onıń normalarınıń mámleket tárepinen anıqlanatuǵınlıǵı hám sankciyalanatuǵınlıǵı, al olardıń orınlanıwı sáykes bolǵan mámleketlik májbúrlewshi organlar tárepinen támiyinlenetuǵınlıǵı beredi.

Túsiniktiń kólemi (onı ayırım jaǵdaylarda «ekstencional» dep te ataydı) dep túsinikte óz sáwlesin tapqan predmetlerdiń kópligine, jıynaǵına aytamız. Mısalı, huqıq túsiniginiń kólemi bar bolǵan, ómir súrgen, ómir súrip atırǵan hám keleshekte múmkin bolǵan huqıqıy normalardıń barlıq konkret jıynaǵın beredi. "Jınayat" túsiniginiń kólemine barlıq jınayatlar kiredi, sebebi olardıń hámmesine ulıwmalıq xarakterge iye bolǵan eń áhmiyetli belgiler tiyisli. Onıń sızılmalıq kórinisi sheńber túrinde beriledi.

Túsiniklerdiń kólemine kiretuǵın predmetlerdi logikada klass yaki kóplik dep te ataydı. Klass (kóplik) podklasslardan yamasa podkópliklerden turadı. Mısalı ushın, «huqıq» degen túsinik penen qamtıp alınatuǵın qubılıslar klası óz ishine huqıq formaları (qul iyelewshilik, feodallıq h.b.), onıń hár qıylı tarawları (miynet, jınayat, puqaralıq h.b.) sıyaqlı podklaslardı jámleydi. Álbette, klass hám podklastı bólip kórsetiw salıstırmalı boladı. Bir klass basqa keńlew klastıń podklası bolıwı múmkin. Mısalı ushın, huqıq jámiyetlik qatnasıqlardıń podklasın beredi. Al podklass óz gezeginde óz betinshe

klass sıpatında alıp qaralıwı múmkin (puqaralıq huqıq  miyraslıq huqıqına qatnasta). Predmetler klasına tiyisli bolǵan dara predmet element dep ataladı. Mısalı ushın, ulıwma huqıqqa qatnasta Rim huqıqı, burınǵı awqam huqıqı, zamanagóy Ózbekstannıń huqıqı. «Element» túsinigi de salıstırmalı boladı. Mısalı ushın, zamanagóy Ózbekstannıń miynet huqıqı hám puqaralıq huqıq – zamanagóy Ózbekstannıń  huqıqınıń  elementlerin beredi. Predmetlerdiń klası universallıq, jeke hám boslıq bolıwı múmkin. Universallıq klass izertlenilip atırǵan  tarawdıń predmetleriniń barlıq jıynaǵın óz ishine qamtıydı: mısalı ushın, Quyash sistemasınıń planetalar klası, dúnya qalaları klası, Ózbekstan Respublikasınıń joqarı oqıw orınlarınıń klası. Bir qatnasta  universallıq bolǵan klass, basqa qatnasta universallıq emes bolıwı múmkin (mısalı ushın, Quyash sistemasınıń planetaları ulıwma planetalarǵa, kosmoslıq denelerge qatnasta). Jeke klass dep bir predmetten turatuǵın klasqa aytamız (Jer planetası, Nókis qalası, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti). Boslıq (nollik) klass dep birde bir predmetke iye bolmaǵan klasqa aytamız (rusalka, kentavr, dúnya júzlik aqıl).  Túsiniklerdiń mazmunı hám kólemi bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Bul baylanıs túsiniklerdiń mazmunı hám kólemi arasındaǵı keri qatnas nızamı menen belgilenedi. Bul nızam boyınsha túsiniktiń mazmunınıń ulıwmalastırılıwı (keńeyiwi) túsiniktiń kóleminiń shekleniwine (tarayıwına), al kólemniń ulıwmalastırılıwı (keńeyiwi) mazmunnıń shekleniwine (tarayıwına) alıp keledi. Mısalı, "jınayat" túsiniginiń mazmunın jańa belgini qosıw tiykarında keńeytiw arqalı biz "xojalıq jınayatı" túsinigin alamız, birinshi túsiniktiń kólemi keń, al mazmunı tar, ekinshi túsinikte mazmundı keńeytiw arqalı tar kólemge iye jańa túsinikti payda etemiz.

# 8-TEMA. JÁMIYET FILOSOFIYASÍ

## Joba:

1. Jámiyet túsinigi hám onıń ilimiy-filosofiyalıq mánisi.
2. Jámiyetlik óndiris túsinigi.
3. Materiallıq hám ruwxıy óndiris, olardıń tariyxıy procestegi óz ara baylanısı.
4. Jámiyettiń sociallıq dúzilisi.

Biliwdiń ulıwma mánisi bilimlerge erisiw procesi bolıp tabıladı. Ol eń aldı menen haqıyqatlıqtı sáwlelendiriw hám onı túsindiriw procesin ańlatadı. Biliw obyekti sıpatında bir pútin dúnyanı, jámiyetti hám adamnıń ózin alıp qarawǵa boladı. Biliwdiń deregi hám usılı sıpatında adamlardıń seziwleri, aqıl hám intuiciya alıp qaraladı.Seziwlik biliw haqıyqatlıqtı ózlestiriwdiń negizi hám biliwdiń dáslepki forması bolıp tabıladı. Bizlerdiń barlıq eleslerimiz, obrazlarımız hám túsiniklerimiz seziwlik sáwlelendiriwdiń tiykarında qáliplesedi. Olardıń obyekti sıpatında nárselerdiń, proceslerdiń hám qubılıslardıń empirikalıq dúnyası alıp qaraladı. Biraq hárbir adam óziniń tájiriybesi tiykarında seziwlerdiń kópshilik jaǵdayda bizlerdi aldaw múmkinshiligine iye ekenligin biledi. Solay etip, seziwlik berilgenlerge tiykarlanǵan biliw qıyınshılıqları tez payda bolıw imkaniyatına iye. Olar, ásirese, keń dárejede jámiyetti úyrengenimizde júz beredi. Bul jerde orın alatuǵın kópshilik máselelerdi, mısalı ushın, sociallıq birlik, hákimiyat, ideal, ar-namıs h.b. sociallıq qubılıslardı seziwlerdiń járdeminde biliw múmkin emes. Biologiyalıq aspektte de adamda seziwlik sáwlelendiriw organları haywanlarǵa salıstırǵanda hálsizlew. Sol sebepli, eger adamnıń bilimleri tek ǵana seziwlerge tiykarlansa, onda dúnya haqqında maǵlıwmatımız hálsiz bolǵan bolar edi. Biraq haywanlarǵa salıstırǵanda adam racionallıq biliwge tiykarlanǵan aqılǵa iye. Bul dárejede bizler túsiniklik sáwleleniw, teoriyalıq oylaw, abstrakciyalar menen islesemiz. Tek ǵana berilgen dárejede ulıwma túsinikler, principler, nızamlar

qáliplesedi, dúnyanı tereńnen túsindiriwdi beretuǵın teoriyalıq modeller hám koncepciyalar qurıladı. Buǵan qosımsha biliwlik process bir adamnıń oyında ómir súretuǵın formada ǵana iske asıp qoymay, al bilimlerdiń rawajlanıwınıń ulıwma sociallıq-tariyxıy procesi túrinde de ómir súredi. Biraq bul biliwler (seziwlik hám racionallıq) bir-biri menen kelisimge kele almaytuǵın qarsılıq túrinde ómir súrip qoymay, bir-birin biykarlamay, al dialektikalıq jaqtan tolıqtırıp otıradı. Adamnıń talapları hám mútájlikleri biliwdi rawajlandırıwdıń háreketke keltiriwshi kúshlerdiń biri sıpatında alıp qaraladı, al adamlardıń jámiyetlik-tariyxıy procesi onıń shınlıǵınıń áhmiyetli ólshemin beredi, biliwdiń tiykarǵı hám baslı maqsetin ańlatadı.Seziwlik hám racionallıq biliw óziniń dialektikalıq birliginde obyektiv shınlıq dúnyasına tereńnen kiriwge uqıplı. Biraq dúnyanı túsindiriwde salamat gnoseologiyalıq skepticizmniń belgili bir bóleginiń barlıǵın dıqqattan shıǵarmawımız tiyis. Basqasha aytqanda, bilimlerdiń ósiwi menen onıń problemalıq tárepi kóbeyedi. Hárbir jańa ashılıw adam aqılınıń kúshin de, sheklengenligin de, shınlıq penen aljasıwdıń rawajlanıp baratırǵan bilimniń bir pútin procesinde úzliksiz baylanısqanlıǵın da kórsetedi.

Rawajlanıwdıń hárbir konkret basqıshında biliwdiń tamamlanbaǵanlıǵı nátiyjesinde qanday da bir «ózlik zat» (vash v sebe), úyrenilmegen taraw qaladı. Adam biliwiniń múmkinshilikleri haqqındaǵı sorawdı analizlegenimizde bul kórsetilgen irracionallıq «qaldıqtı» óz ishine qamtıwshı bolmıs bizdi sheksiz optimizmnen qorǵawı tiyis. Biliwde irracionallıq momenttiń bolıwı bolmıstıń xarakteri menen belgilenedi. Bul proceste racionallıq hám irracionallıq momentler birge jasaw múmkinshiligine iye boladı. Bul keltirilgen mazmun ásirese sociallıq bolmısqa hám sociallıq biliwge tiyisli. Teoriyalıq dárejede berilgen fakt on toǵızınshı ásirden baslap hár qıylı irracionallıq koncepciyalardıń payda bolıwı menen túsinildi. Ol ózinen aldın kelgen tariyxıy basqısh – jańa dáwirde qáliplesken racionalizmge qarsı turdı. Bul jerde ásirese R.Dekarttıń «Oylayman – demek, men jasayman» degen formulasın keltirip ótsek boladı. Batıs

filosofiyasındaǵı aǵartıwshılıq basqıshqa adamnıń aqılınıń qúdiretine hám kúshine sheksiz isenim tán qásiyet bolıp tabıladı. Biraq İ.Kant taza aqıldı sınǵa alıwdı baslaydı, onıń absolyut bilimge umtılıwınıń qáte ekenligin kórsetedi. V.Gegel bolsa aqıldıń sheksiz kúshine isenedi, ol aqıldı tek ǵana biliwdiń joqarı basqıshı sıpatında alıp qaramay, al dúnyanıń jaratıwshısı retinde de kórsetedi.

XIX ásirde filosofiyada irracionalizm baǵdarı qáliplesip baslaydı. Onıń iri wákilleri sıpatında S.Kyerkegor, F.Nicshe, A.Bergson, M.Xaydegger h.b. alıp qarawǵa boladı. Bir oyshıllar intuiciyanıń biliwdegi rolin ayrıqsha bólip kórsetse, basqaları – instinkti, úshinshileri – erkti, tórtinshileri – mistikalıq nurlanıwdı úlken áhmiyetke iye dep aytadı. Biraq olardıń barlıǵı jámiyet ómirinde hám biliwde irracionallıq faktordıń áhmiyetli rolin biykarlamaydı. Biliwde irracionalizmniń eki túrli roli haqqında aytıwǵa boladı. Bir tárepten, onıń wákilleri adamnıń aqılınıń asa ketken kúshke iye emesligin, olardan tısqarıda olarǵa baǵınbaytuǵın kúshlerdiń bar ekenligin durıs bahalasa (bul jerde adamnıń racionallıq iskerliginiń irracionallıq aqıbetleri dıqqatqa alınadı), ekinshi tárepten, olar racionallıq biliwdiń barlıq pozitivlik rolin biykarlay otırıp (ásirese, postmodernizm), sheksiz irracionalizm, intellektuallıq anarxizm koncepciyasın alǵa súredi. Sol sebepli, biliwde racionallıq hám irracionallıq momentlerdiń dialektikalıq birligin esapqa alıwımız tiyis. Bul aytılǵanlarǵa tiykarlanıp, bilim hám isenimniń ara qatnas máselesin qarawımızǵa boladı. Adam aqılınıń sheklengenligi, mudamı irracionallıq «qaldıqtıń» bar bolıwı isenimniń hár qıylı kóriniste ómir súriwine múmkinshilik beredi. Ómirde de, biliwde de barlıq waqıtta isenimge orın boladı dep aytsaq qátelespeymiz. Tertullianǵa tiyisli dep tabılǵan «Isenemen, sebebi biymáni» degen pikir qúdiretsiz aqılǵa hám onıń aqırına shekem dúnyanı bile almaw uqıplılıǵına shaqırıq bolıp tabıladı. Haqıyqatına kelsek, adam biliminiń rawajlanıw tariyxı aqıldıń progressin hám onıń jámiyet turmısındaǵı roliniń, qúdiretiniń keńeyip atırǵanlıǵın kórsetedi. Ilim óziniń erisken tabısları menen kózsiz isenimdi antologiyalıq hám gnoseologiyalıq

aspektlerde ekinshi dárejege ısırmaqta. Aqıl hám logikaǵa tiykarlanǵan ilimiy bilim rawajlanıp, dindi de óz dogmaların ózgertiwge iytermekte. Ol bilim hám isenimnniń ara qatnasında ústinliktiń diniy isenimge emes, al ilimge tiyisli ekenligin kórsetpekte. Dinniń tásiri astında ilim emes, al diniy dogmalar ilimiy ashılıwlardıń tásirinde ózgermekte. Biraq isenimdi tek ǵana diniy isenim dep túsiniwge bolmaydı, hám de onı tek ǵana irracionallıq faktor menen baylanıstırıw da kerek emes. Isenim produktivlik, tereńirek hám evristikalıq máni hám mazmunǵa iye. Olardıń mánisi adamnıń óz uqıplıqlarına, adam aqılınıń kúshine, óziniń obyektiv shınlıqqa hám nárselerdiń nızamlı tártibine erisiw múmkinshiligine isengende ashıladı. Usı baǵdarda isenim mistikalıqqa, irracionalizmge qarsı turadı hám aqıldıń hám ilimnniń progressinde ózin tastıyıqlaydı. Usınday isenimge filosofiyalıq isenim jatadı. Ol bar bilimdi kritikalıq qabıllawǵa tiykarlanadı hám sol waqıtta olar menen tıǵız baylanısta da boladı. Bunday isenimde hámme waqıtta optimizm jasaydı, ol dóretiwshi erkinlik, shınlıqtı biliwge umtılıw menen dem aladı. Buǵan qosımsha isenimnniń biliwdiń shınlıǵınıń ólshemi bola almaytuǵınlıǵın aytıwımız kerek. Ol bul másele boyınsha básekide argument te bola almaydı, ol adamzat biliwiniń maqsetin de, usılın da ańlatpaydı. Biraq bul berilgen mazmun isenimnniń adamzat biliminiń rawajlanıwındaǵı rolin hám áhmiyetin biykarlamaydı.

## 9-TEMA: TARIYX FILOSOFIYASÍ, CIVILIZACIYA HÁM MÁDENIYAT

**Joba:**

**1.** Filosofiya tariyxı, filosofiyalıq oydıń genezisi.

2. Civilizaciya túsinigi hám oniń túrleri. Civilizaciya hám mádeniyat sáykesligi.

3. Ózbek mádeniyatı hám etnomádeniyat dialektikası.

4. Mádeniyatlararalıq kommunikaciyanıń ádep-ikramlılıq tárbiyasına tásiri.

**1. Filosofiya tariyxı, filosofiyalıq oydıń genezisi.**

Filosofiyalıq ádebiyatta filosofiya tariyxın hár túrli – ilimiy ideologiyalıq pikirler, dáwirlestiriw halatları berilgen. Eń kóp dárejede tarqalǵan Evropa centrizmlestiriwge jantasqan bolıp, dúnya tariyxı-filosofiyalıq procestiń hár qıylılıǵı tiykarsız ráwishte taraytırıladı. Filosofiya tariyxı rawajlanıw basqıshların yaki bul sociallıq rawajlanıw basqıshlarınan keskin ráwishte parıq etedi. Nege túrli aymaqlar basıp ótken basqıshlar ózine tán qásiyetler menen bir-birinen ajıralıp turıwı múmkin. Áyyemgi Greciya hám áyyemgi Rimde tiykarǵı ekonomikalıq islep shıǵarıw quralı bolǵan qulshılıq, bul jámiyetler rawajlanıwında qulshılıq formaciyasın qáliplestirilgen bolsa, Oraylıq Aziya aymaǵı mámleketleri ushın bunday bolmaǵan. Kóp mámleketlerde qulshılıq bul yaki ol dárejede XIX ásirdiń ekinshi yarımına hátte usı ásirdiń aqırına deyin saqlanǵan bolsa, heshqashan olardıń ekonomikalıq tiykarı bolıp xızmet etpegen. Dáslepki qáliplesken filosofiyalıq sistemalar. Áyyemgi filosofiyalıq basqıshtı payda etedi. Filosofiyalıq rawajlanıwdıń keyingi basqıshı Batıs hám Shıǵısta qáliplesken hám rawajlanǵan. Evropada orta ásir filosofiyası degen at penen belgili.

Batıs Evropa filosofiyasınıń keyingi basqıshları. Oyanıw dáwiri, jańa hám Eń jańa zaman degen atlar menen atala basladı. Bazıda bul basqıshlardıń dáwirge bóliniwi: oyanıw dáwiri, filosofiyası, jańa zaman filosofiyası, aǵartıwshılıq filosofiyası, nemec klassik filosofiyası, házirgi zaman filosofiyası.

Filosofiya adamzat tárepinen áyyemgi jámáát dúziminiń kriziske ushıraw dáwirinde toplanǵan ruwxıy tájiriybe tiykarında payda boldı. Bul tájiriybege insan óz átirapın orap turǵan dúnyanı ózlestiriwshi proceste arttırılǵan átiraptı diniy-ápsanalı kóz aldımızǵa keltiriwdi baylanıslı dewge boladı.

Áyyemgi ruwshılıq jámááti onıń forması ápsana at edi. Bunday formaǵa tómendegi ózine tán belgiler kiredi: dúnyanı sezgi formasında qabıl etiw, associativlik, ámeliy jaǵdayǵa baǵdarlanǵanlıq, málim dárejede, logikalıqqa deyingi pikirlew (rásmiy qubılıslardıń joqlıǵın hám

olardı jaǵdayǵa baylanıslı ráwishte ámeliy saymalar menen almastırıw); ol animatizm (tábiyattıń janlı ekenligine isenim) animizmi, (átiraptı orap turǵan dúnya hám insanlarǵa tásir ótkeriwge baylanıslı bolǵan ruwxlar árwaqlarǵa isenim). Ilozoizm (dúnyadaǵı barlıq nárselerdiń janlı ekenligine isenim) totemizm, sıyqırlılıq jamanlıq sıyaqlı isenimlerge tiykarlanadı.

Filosofiyanıń áyyemgi shıǵısta, áyyemgi batısta belgili bir dáwirlerde payda bolıwı birden bolǵan qubılıs emes. Oǵan talap áyyemgi jámáát dúziminiń kriziske ushırawı jámiyettiń jańa rawajlanıw basqıshına ótiwine baylanıslı ráwishte payda boldı. Bul basqısh ushın civilizaciya mámleket, klastıń qáliplesiwi, aqılıy miynetiniń fizikalıq miynetten ajıratıw hám basqa usı sıyaqlı insaniyat táǵdiri ushın tariyxıy bolǵan institutlar hám jámiyettiń jasaw formaları bolǵan hádiyselerdiń payda bolıwı tán.

Eramızdan burıngı III-II ásirlerde erte klaslıq jámiyetlerde payda bolǵan jańa bronza ásirindegi diniy-ápsanawiy jıynaqlar ushın tán bolǵan filosofiyanı tolıq mánistegi filosofiya dep aytıp bolmaydı.

Olar ruwshılıqqa tiykarlanǵan jámiyettegi sociallıq sananıń kóp belgilerin saqlaǵan bolıp, waqtınshalıq ótiw dáwirine tán. Sonıń ushın da «Filosofiya aldı» (predfilosofiya) atamasın qollaw múmkin.

Diniy ápsanalar filosofiyanıń ruwxıy dereklerinen biri. Mısalı «ri iveda» (eramızdan b.e.sh. II mıńınshı jıllıqlar). «Konnot madhi» esteliginen qosıqlar toplamı. Bul dúnya neden payda bolǵan, atı kim, jaratqanba yaki joq pa? Bunday ápsanalardı áyyemgi Qıtay mámleketinde de kóriwge boladı. Mısalı «Qosıqlar kitabı» «Shi-zin» mısırda ádebiy estelik bolǵan «Arfa óriwshilerdiń» qosıǵı t.b.

Ájepleniw hám gúman – pikir júrgiziw deregi. XX ásirdiń eń iri fizigi M.Plagin jazǵan edi. «… Kim, júdá uzaqlasıp, endi hesh nárseden ájeplenbeytuǵın bolıp qalǵan bolsa, onıń menen ol tek sonı kórsetedi, tiykarǵı pikir júritiwdi esten shıǵarıp qoyǵan». Ápsanalı sana dógereginde jeke halda alınǵan pikirdiń tutqan ornı júdá az. Ápsanalı dáwirler kózqaraslarına, qaraǵanda urıwshılıq, jámáát, ápsanalı oy

haqqında aytıw orınlı. Ayrıqsha alınǵan adam ruw, jámáát isenim bildirgen nárse haqqında oylamaydı hám onnan gúmanlanbaydı. Insan filosofiyaǵa birinshi qádemdi ruwshılıqtıń ápsanalı kózqaraslarınıń bekkemlengenine gúman bildirip, pikir ete basladı. Ol dóretiwshilik jámiyet dóretiwshiligi  bálkim filosof-oyshıldıń jeke alınǵan sananıń ónimi edi. Bul baǵdarda sorawlar berip hám oǵan muwapıq juwaplar tabıwǵa umtılıp, insannıń turmıs tájiriybeleri, úrp-ádetleri, túsinikli, juwmaq shıǵarıwǵa, teoriyalıq jaqtan biliwge qádem qoydı. Filosofiya ilimi usınnan baslap qáliplese basladı.

1-keste




Ekinshi másele: Socium quramalı, kóp tárepleme, obyekt bolǵanı ushın tek bir ǵana pánniń predmeti sıpatında táriyplep bolmaydı. Onıń túrli tárepleri túrli pánler járdeminde úyreniledi. Sonıń ushın social biliw haqqında sóz júrgizgenimizde onıń jámiyet haqqındaǵı pánlerdiń kompleksli ekenligin esapqa alamız. Bul kompleksti social nızamlar hám institutlardı, social sistema hám stratifikaciyanı, túrli dárejedegi social dúzilmelerdiń social qatnaslar  óz ara qatnaslardı úyreniwshi pán. Sociologiya ayrıqsha rol oynaydı.  Sociologiya  jámiyettiń ózine tán social qásiyetleri, nızamlıqları, olardıń rawajlanıwı, adamlardıń háreketlerinde, óz ara qatnaslarında,  ulıwma jámiyette ámelge asırıw jolları formaları hám usılları haqqındaǵı pán.

Social biliw kompleksinde ayrıqsha pánlerdiń jáne biri psixologiya bolıp, ol insannıń ishki dúnyasın, sanasınıń qáliplesiwi hám áhmiyet kórsetiw nızamlıqların úyrenedi. Sociologiya hám psixologiya pánleriniń soqlığısıwı nátiyjesinde ilimiy pán – social-psixologiya júzege kelip, onıń predmeti. Social-psixologiyalıq qubılıslar, social xosh kewillik, seziwsheńlik, ádetler, dástúrler háreketler, normaları basqıshlarınıń payda bolıwı, rawajlanıwı hám transformaciyasınıń ulıwma ózine tán nızamlıqlardan ibarat. Social biliwde tariyx páni jáne bir ayrıqsha orındı iyeleydi.

Tariyx páni «Social rawajlanıwdıń nızamlıqların túsinip, tariyxtağı ótken waqıyalardı úyreniw menen birge bir tariyxıy waqıyanıń hárbir tariyxıy shaxstıń ózine tánligin qımbat bahalı baylıq ekenligin kórsetip beredi[1]. Tariyxta sociallıq biliwdiń basım bolıwı menen birge, onıń quramına arxeologiya, etnografiya ayrıqsha orındı iyeleydi.

Bul pánlerden tısqarı, siyasattanıw (siyasiy institutlar hám procesler), etika (jámiyettiń etikalıq rawajlanıwı ekonomika, kulturologiya, pedagogika, huqıqtanıw, kórkem óner, dintanıw t.b.) óz ishine aladı.

Jámiyet nelerden turadı degen soraw kóp ásirlerden berli filosoflardı qıynap kelgen. Jámiyet haqqında juwap anıq kórinip turğanday boladı: Jámiyet bul adamlardıń toparı. Bul juwap alımlardı qanaatlandırmay kelgen.

G.A.Sorokinniń pikirinshe «jámiyet bar bolıwı ushın hesh bolmasa eki adam bolıwı hám olar bir-biri menen óz ara baylanıslı qarım-qatnasta bolıwı kerek. Bul eń ápiwayı jámiyettiń kórinisi».

Social baylanıslardıń mánisin anıqlaw túsindirip beriw − jámiyet filosofiyasınıń tiykarğı wazıypası. Platonnıń pikirinshe, jámiyet adamlardıń talaplarınan payda bolğan. Aristotel «tábiyattıń nızamlığı»; orta ásir filosofiyası, Alla jaratqan, degen pikirdi alğa súredi. Farabiy jámiyettiń payda bolıwın teleologiya – aldınnan belgilengen maqsetke muwapıq túrde túsindiredi.

Jańa dáwirde «hámmeniń hámmege qarsı» urısınıń aldın alıw maqsetinde social shártnama teoriyası T.Gobbs, J.Lokx, V.Spinoza,

[1] Лигильский Б.Г. Введение в методологии истории. М., 199 . 28-бет.

J.J.Russo rawajlandırıladı. Olardıń pikirinshe, adamlar pitim dúzip, ózin-ózi saqlap qalıw ushın nızamlarǵa boysına basladı. Jańa dáwir oyshılları adamlardıń jámáát bolıp birlesiwiniń tiykarı haqqında sóz júritti. Sonday-aq olar jámáát haqqındaǵı pikirleriniń ulıwmalıǵın analiz ete bildi (E.Dyurkgeym), social tásirler, shólkemler (T.Vottomor, S.Linset) t.b. ibarat.

Endi jámiyet haqqındaǵı diniy, idealistlik, materialistlik pikirlerdi kórip shıǵamız. Itibar berseńiz jámiyette hárbir insan diniy jaqtan túsindiriwler, hárqanday táliymat jámiyet, onıń payda bolıwı, rawajlanıwı, xızmet kórsetiwi haqqında óz pikirin beriwge háreket etedi.

Buddaviylik social turmıstıń hárqanday kórinislerinen waz keshiwine, arqaǵa sheginip kirvannaǵa shomılıwǵa (arnawlı halatqa kiriwge) háreket etedi. Biraq bunday jaǵday budda qosıqların analiz etkende kórinedi. Buddizm menen jaqınnan tanısıw sonı kórsetedi, buddizm tárepdarları ushın kirvannaǵa umtılıw «baylıq», joqarı mártebe hám social kelisiw talabı menen[2] sáykes uyǵınlasıp ketedi.

Konfuciy tárepdarlarınıń pikirinshe jerdegi dúnya aspan obrazı hám oǵan usatıp jaratılǵan bolıp, oǵan heshqanday qosımsha ózgerisler kiritiliwi múmkin emes. Sociallıq ómirdiń tiykarǵı principleri (Konfuciy pikiri boyınsha): a) mámleket basshısına sadıqlıq; b) joqarıdaǵılarǵa húrmet; v) miynetke sadıqlıq t.b.

Konfuciylik insan hám jámiyetti túrli soqlıǵısıwlardan qorǵawǵa, ekinshi tárepten, insandı onıń, konkret sociallıq ideallarǵa erisiwge jol basshı dástúrler, úrp-ádetlerdi saqlap qalıwdı propagandalaydı. Konfuciallıqtıń sociallıq rawajlanıwındaǵı tiykarǵılarınan biri – zorlıq kórsetpew bolıp, áyyemgi Qıtay mádeniyatına buddanıń ideologiyalıq tásiri kórinip turadı.

Hindulik sociallıq pikirlerinde ornatılǵan tártiptiń ierarxiyaǵa tiykarlanǵanlıǵı bekkemligi ideyası ústin turadı: jámiyettiń hámmesi kastalarǵa bólingenligi, olar ortasındaǵı shegara qatań saqlanıwı shárt. Turmısta bul nárse kastalar ortasındaǵı qarsılıqlarǵa hám dushpanlıqlarǵa «pás» kastalarınıń kemsitiliwine, áyyemgi sociallıq teńsizliktiń saqlanıp

[2] Р. Ч. Лестер. Буддизм // Религиозные традиции мира. Б., 1997. 147-бет.

qalıwına alıp keldi. Bul mashqalalar boyınsha, Hindistannıń kózge kóringen oyshılları M.Gandi, R.Tolor, eń dáslep hinduiyliktiń onıń insan hám jámiyet haqqındaǵı ideyaların reformalawda úlken kúsh sarpladı.

Iudaizmniń social mashqalasınıń ózine tánligi yahudiylarǵa kóp ásirler dawamında basqa Socium jámáátlerden ayrıqsha ajıratılǵan jaǵdayda jasawǵa tuwrı kelgenligi menen belgilenedi. Sonıń ushın da iudaizmniń sociallıq mashqalası shańaraq jámáát dógeregi menen shegaralanǵan. Biraq waqıt ótiwi menen kóplegen sociallıq qádriyatlar ózgerip ketedi. Mısalı, jarlılarǵa járdem beriw (filantrorik) áhmiyetke iye bolıp, jámiyettiń gúllep jasnawı ushın xızmet etse keń sociallıq xızmet sıpatında qollap-quwatlanadı. átirapındaǵı álemdi, pútkil jámiyetti dushpan dep biliw kózqarasın ózgertti.

Zardushtiylik dini jámiyette jeterli dárejede óz kórinisin tapqan. Belgili alımlar M.M.Xayrullaev hám M.L.Usmanovtıń kórsetiwinshe, «Zardushtiylik tek ǵana din bolıp qalmastan ol, húkimdar ideologiya». Onda jámiyettiń tek ǵana social-siyasiy sisteması, bálki jámiyettiń úrp-ádetleri hám xalıq awızeki dóretpeleri, ádebiy dóretiwshiligi óz kórinisin tapqan[3]. Avestonıń mazmunın analizlegende, bir tárepten, Avesto – patshalar hám kózashıqlar hákimiyatın muqaddes tutıwshı kitap, ekinshi tárepten, onda ruwshılıq sisteması negizlerin klassifikaciyalawshı xalıqshıl elementler. bar bolıp ol ózine tán tárizde sáwlelendiriledi. Alımlardıń pikirine qaraǵanda «Gata», «Yasna», sonday-aq, «Yashta»lardıń (ilimleri) ayırım bólimlerin eski «Gata» mazmunında insannıń jámiyettegi ornı hám roli tolıq ashıp berilgen[4].

Usı kózqarastan zardushtiylik Oraylıq Aziya húkimdarlarına mámleket quralı bolıp xızmet etti, bunda tiykarınan siyasiy-huqıqıy principler, administrativlik basqarıw sisteması bar ekenligi belgili.

Ózbekstan Respublikasınıń birinshi prezidenti I.A.Karimov 2001-jılı 3-noyabrde Urgench qalasında «Avesto» kitabınıń 2700 jıllıǵı húrmetine qurılǵan estelik kompleksinde shıǵıp sóylegen sózinde: «Eger

---

[3] Очерки истории общественно-философской мысли в Узбекистане. Т., 1977. 12-б.

[4] Жумабоев Й. Өзбекистонда фалсафа ахлоқий фикрлар тарихидан.

bizler elege shekem áwladtan-áwladqa qaldırıp kiyatırǵan hám hárbir shańaraq hárbir úyde muqaddes bolǵan, biziń xalqımız húrmet-izzet etetuǵın biziń búgingi haqıyqatımızǵa tán bolǵan dástúrlerdiń áhmiyetin dıqqat penen túsinip, ańlap kelsek olardıń «Avesto»da da sáwlelengen túsinikler hám qádriyatlar menen qanshelli dárejede uqsas ekenliginiń guwası bolamız»[5] degen edi.

Sociallıq mashqalaları islamiy kózqaraslarda ilahiy táliymatqa tiykarlanadı. Islam668 dininde táǵdirge boysınıw, sabırlı bolıwǵa shaqıradı. Islamnıń ierarxiyalıq jaqtan keń tarqalıwı onıń oylaǵanındaǵı ózine tán bolǵan kórinislerdiń payda bolıwına alıp keldi. Islam tek ózine tán turmıs tárizi, «insan balasınıń hámme táreplerine tereń tásir etiwshi» sıpatında dúnya júzine taraldı.

Xristianlıqta social-filosofiyalıq mashqalalardıń rawajlanıwı keskin tús aladı. Buǵan sebep Avgustinniń «Ilahiy qala haqqında» dep atalǵan shıǵarması bolıp, onda adamzat jámiyetiniń rawajlanıw koncepciyası rawajlandırıladı. Bul shıǵarmada ol gúnaǵa batqan baylıqqa tiykarlanǵan jámiyetti diniy tazalıqqa tiykarlanǵan jámiyetke qarama-qarsı qoyadı, tap usı jámiyetti ilahiy qala dep ataydı.

Endi biz jámiyetti idealistlik baǵdarda túsindiriwge dıqqat awdarıwımız, jámiyet rawajlanıwın idealizm kózqarası negizinde túsindirip beriw antik dáwirge barıp taqaladı. Fukidid hám Geradot jasaǵan dáwir (e.sh. V ásir)ge tuwrı keledi. Platonnıń «Mámleket», «Nızamlar» t.b. shıǵarmalarında jámiyet haqqındaǵı idealistlik táliymat keń rawajlanǵan. Etatik dástúr usıdan baslanıp jámiyet penen mámleketti bir dep túsindiriwge háreket etip, Platon óziniń sociallıq klastan ibarat ideal mámlekettiń modelin islep shıqqan: filosoflar danıshpanlar mámleketti basqaradı; áskerler elimizdi qorǵaydı, azat miynetkeshler (diyqanlar, ónermentler). Sonday-aq, qunshar (jámiyet hám onıń sistemasınan sırtta) miynet etedi. Platon social rawajlanıwdıń antik idealistlik túsinigine tiykar saldı. Onıń pikirinshe social rawajlanıw jámiyetlik ideyanıń keńeyip bolıp, jámiyet haqqındaǵı pikirler payda bolmastan aldınıraq payda bolǵan. Platon hám onıń izindegiler

[5] Халқ сўзи. Тошкент, 2001. 3-ноябрь.

mámleket hám jámiyet túsiniklerin bir-birinen ajıratpaydı. Platonnıń pikirinshe, mámlekettiń dúzilisi ayrıqsha alınǵan individ ruwxtıń dúzilisi menen bir qıylı.

Jámiyet haqqında idealistlik pikir Aristotel shıǵarmalarında óz kórinisin tapqan. Tiykarınan siyasat, etika t.b. Ol sociallıq sistemanıń úsh basqıshın kórsetip berdi:

a) shańaraq; b) jámáát; v) mámleket. Bulardıń hámmesi bir-biri menen ierarxiyalıq baylanısta.

Jámiyettiń bunday programmalastırılǵan túsiniklerine shıǵıs oyshılları óz pikirlerin bildirdi. Farabiydiń «Fozil odamlar shahri», Beruniydiń «Ótmish xalıqlardan qalǵan estelikler», Yusup Has Hajibtıń «Kutadǵu bilig», Nawayınıń «Payǵambarlar hám danıshpanlar tariyxı», Ámir Temurdıń «Tuzikleri», Jámiydiń «Iskenderdiń danıshpanlıq kitabı» t.b. mısal bola aladı. Mısalı, Ibn Sinanıń pikirinshe, jámiyet úsh qatlamǵa bóliniwi kerek: basqarıwshılar, láshker, islep shıǵarıwshılar. Bul Platonnıń kózqarasların tastıyıqlaydı. Sonday-aq, Farabiydiń jámiyetke baylanıslı kózqarasların, Aristoteldiń pikiri menen sáykes ekenligi kórinip turıptı.

Jámiyet haqqında idealistlik pikirlerge jańa dáwirde  Gobbs hám Lonk, U.Vino, Volter, I.Kognt, Rasl XX ásirge kelip, neologistler R.Kollingvid, V.Kroshe, G.Glokper taǵı da basqalar qosıldı.

Endi jámiyetti materialistlik baǵdardaǵı túsiniklerine itibar beremiz. XIX ásirge deyingi dáwirde jámiyetke baylanıslı idealistlik diniy pikirler ústin bolıwına qaramastan, Levkipp Demokritlerden tartıp L.Geyervex hám N.G.Chernishevskiyge deyingi bolǵan dáwirde ayırım materialistlik ideyalar bar edi. Shıǵıs oyshıllarında da jámiyetti materialistlik baǵdarda túsindiriwdiń elementleri ushırasadı. Mısalı, Farabiy jámiyet payda bolıwınıń tábiyiy sebeplerin tabıwǵa umtıladı. Ol materiallıq talaplardı birinshi dárejege kóteredi hám jámiyettiń payda bolıw mashqalasın keltirip shıǵaradı.

Jańa dáwirde tábiyiy pánlerdiń mexanik materialistlik ideyalarınıń rawajlanıwı, sociallıq rawajlanıwdı materialistlik baǵdarda túsindiriw

názerde tuttı. Bul proceske XVIII ásirde francuz materialistleri úlken úles qostı.

Birinshiden: jámiyetti idealistlik geologiyalıq túsindiriwdi biykar etiw;

Ekinshiden: determenizm koncepciyası, sebeplerin anıqlaw;

Úshinshiden: jámiyette insanlardıń óz ara qatnasları óz ara pikirleri;

Tórtinshiden: rawajlanıwdıń tiykarı dep ámeliy tájiriybege itibar beriw.

Mısalı, L.Feyerbek óziniń naturalistlik koncepciyasında jámiyetti diniy idealistlik baǵdarda túsiniwge qarsı qoyadı. Sociallıq rawajlanıwdıń tiykarǵı háreketlendiriwshi kúshi insannıń seziw qábileti esaplanadı. Ulıwma L.Feyerbek materializmi antropologiyalıq xarakterge iye.

Social rawajlanıwdıń materialistlik analizi K.Marks, F.Akileniń «Kapital», «Shańaraqtıń jeke menshiktiń mámlekettiń kelip shıǵıwı», «Nemec ideologiyası» t.b. shıǵarmalarında kórsetip berilgen. Social rawajlanıwdı túsindiriwge házirgi zaman materialistlik baǵdarı jeterli dárejede kóp. Eń dáslep «dialektikalıq gumanistlik» aǵım kózqarasınan jámiyetti insanıylastırıw gumanizaciyalastırıw kerek. Sonlıqtan, filosofiyanıń mektepleri, materialistlik ideyalar menen birlesiwge háreket etiledi.

Mánawiyat insandı ruwxıy jaqtan pákleniwge, jetilisiwge shaqıratuǵını, adamnıń ishki dúnyası, erk-ıqrarın bekkemleytuǵın, iyman-isenimin pútinleytuǵın, hújdanın oyatatuǵın teńsiz kúsh, onıń bárshe kózqaraslarınıń ólshemi[6].

Neogegelshilik (Franfrut mektebi – G.Adorono, T.Mıruze, Ya.Xovermas t.b.); Freydizm freydomarksizm V.Rayx, E.Fromm t.b.; ekzistensializm (J.P. Sartr, A.Lefer, M.Merlo-Ponti hám t.b.); fenomenologiya (E.Pashi, F.P.Pikone t.b.); «Turlis filosofiyası» (E.Vlox) t.b. Mısalı J.P.Sırtr tuwrıdan-tuwrı «Social materiya»nıń barlıǵı haqqında aytsa, «Franfurtshılar» jámiyetiniń ekonomikalıq sistemasın analizleydi.

---

[6] Каримов И.А. Юксак маънавият енгилмас куч. Тошкент, 2008. 64-65-бетлер.

Úshinshi másele jámiyettiń ruwxıy tarawı kóbinese mádeniyat penen teńlestiriledi. Bunday teńlestiriw onshelli dárejede tuwrı emes, sebebi mádeniyat tek ǵana ruwxıylıǵımız ǵana emes, bálki materiallıq qásiyetlerge iye. Bunıń ústine mádeniyat integral qásiyetlerge iye bolıp, jámiyettiń barlıq tárepleri (ekonomika tarawı, materiallıq mádeniyat, siyasat tarawın, siyasiy mádeniyattı) óz ishine aladı. Materiallıq hám ruwxıylıq bir-birine qarama-qarsı tárepler (antitez) bolmastan, olar bir-birine óz ara tásir etiwshi hám óz ara bir-birin toltırıwshı social rawajlanıw faktorları.

Ruwxıylıq sociallıq qubılıs hám ilimiy túsinik sıpatında ózine tán kóplegen qásiyetlerge iye bolıp ǵárezsiz obyekt sıpatında filosofiyalıq analiz etiwdi talap etedi. Barlıq dáwirde jasaǵan oyshıllar «ruwx», ruwxıylıq sıyaqlı túsinikler haqqında bas qatıradı. Áyyemgi shıǵısta (Qıtay, Hindstan, Vavilon, Mısr t.b.). Sońın ala antik dáwir, orta ásirde jasaǵan oyshıllar ruwxıylıq mashqalasına itibar bergen. Konfuciy, Avesto táliymatları, Platon, Aristotel, Farabiy, Beruniy, ibn Sina, Nawayı t.b. qızıǵıwshılıǵı kúshli bolǵan.

Jańa dáwirge kelip, bul mashqalaǵa qızıǵıw jánede kúsheyedi. Ilim hám texnika qanshelli dárejede rawajlansa, mánawiyat haqqındaǵı máselege itibar kúsheyedi.

Ruwxıylıq hám sanalıq mánawiyatı hám intellektuallıq túsinikleriniń mánislerin bir-biri menen ajıratıp jiberiw halatları tez-tez júz berip turdı. Sonı aytıp ótiw kerek, ruwxıy taraw racional (aqıllılıq) tarawına qaraǵanda keńirek. Ruwxıylıqtıń qáliplesiwine tiykarǵı nárse bilim alıw ǵana emes, bálki bilim alıwdıń mánisi hám maqseti. Ruwxıylıq maqsetler qádiriyatlar ierarxiyasınıń indikatorı bolıp xızmet etedi. Ol individti qorshap turǵan waqıyalıqtı mánawiyat jaqtan joqarı dárejede úyreniwin ózinde jámleydi.

Zamanagóy jámiyet tek texnologiya hám ekonomika boyınsha joqarı dárejege iye bolǵan mánawiyattan ibarat boladı. Ruwxıy taraw – bul ruwxıy islep shıǵarıw (keń mánis túsiniginde) onıń process hám nátiyjeleriniń birligi. Ruwxıylıq eń joqarǵı táreplerinen biri milliy ózin-

ózi ańlaw. Milliy ózin-ózi ańlaw sociallıq nızamnıń ayrıqsha kórinisi bolıp onda milliy turmıs óz kórinisin tapqan. Milliy ózin-ózi ańlaw sistemasında tómendegi elementlerdi ajıratıw múmkin:

- milliy indentifikaciya;
- aymaqlıq birlikti kóz aldına keltiriw;
- til hám mádeniyat birligin ańlaw;
- social-mámleketshilikke tiyisli ekenin ańlaw;
- milliy mápler.

Jámiyet: túsinigi, dúzilisi, tiykarǵı tarawları






Jámiyettiń tiykarǵı tarawları




Jámiyettiń siyasiy sisteması máselesine toqtaymız, jámiyetlik turmıs óz ara baylanısqan hár qıylı tarawlardan turadı. Olardıń eń irileri – ekonomikalıq, sociallıq, siyasiy tarawlar. Bulardıń hárbiri ózine tán shólkem hám basqarıw usıllarına iye belgili bir sistemanı quraydı. Siyasiy sistema jámiyette mámleketlik basqarıwdı shólkemlestiriw basqarıw xızmetin atqaradı.

Áhmiyetli siyasiy procesler, jámiyet táǵdirin sheshetuǵın siyasiy sheshimler siyasiy sistema arqalı iske asadı. Siyasiy sistemanı ápiwayılastırıp – siyasattı qáliplestiriw hám turmısqa engiziw menen baylanıslı bolǵan qatnaslar, háreketler, shólkemler dóretiwiniń ulıwmalastırılǵan kórinisi dep túsindiriw múmkin.

Siyasiy sistemanıń óz ara baylanısqan tórt kishi sistemadan turadı.

1. Institucionallıq sistema – siyasiy sistemanıń negizi, fundamenti. Buǵan siyasiy institutlar, siyasiy basqarıw formaları, (respublika monarxiya) siyasiy tutımlar, (demokratiyalıq, avtoritarlıq, totalitarlıq) nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı, sudlawshı hákimiyat organları; siyasiy partiyalar hám háreketler, jámiyetlik shólkemler, saylaw sisteması hám t.b. Bul jerde siyasiy sistemanıń rawajlanıw múmkinshiliklerin belgileydi.

2. Tártipke salıwshı funkciya. Siyasiy institutlar. Konstituciyalıq normalar boyınsha iskerlikti támiyinleydi.

3. Kommunikativlik sistema. Siyasiy sistema rawajlanıwında payda bolatuǵın qatnaslardıń birligi. Siyasiy institutlar, shólkemler, siyasiy liderler, siyasiy elita, wákilleri, puqaralar.

4. Siyasiy-ideologiyalıq sistema.

Mine usı 4 sistema jámiyetlik turmıstıń basqa tarawlarındaǵı sistemalarǵa tán.

Siyasiy sistema 4 elementten turadı.

1) siyasiy shólkem; 2) siyasiy qatnaslar; 3) siyasiy huqıq normaları; 4) siyasiy sana hám siyasiy mádeniyat.

## 10-TEMA. INSAN FILOSOFIYASÍ (FILOSOFIYALÍQ ANTROPOLOGIYA)

### Joba:

1. Adam mashqalasınıń filosofiya tariyxında dodalanıwı.
2. Insannıń kelip shıǵıwı mashqalası.
3. Insandaǵı biologiyalıq hám sociallıq birlik.

Tariyxıy procesti óz maqsetin ámelge asırıwǵa umtılǵan insannıń iskerligi sıpatında maqullar ekenbiz, jámiyetti filosofiyalıq-sociologiyalıq analizlewdi adamnan baslaw aqılǵa uqsas keledi. Degen menen, filosofiya boyınsha jazılǵan kóp ǵana ilimiy kópshilik ádebiyatlarda, hátteki sabaqlıqlarda hám oqıw qurallarında jámiyetti tikkeley onıń ózinen baslap túsindiriw dástúriylikke iye. Bunıń da durıslılıǵı bar. Sebebi, adam jámiyetlik qubılıs sıpatında kóp túrli baylanıslar arqalı jámiyetke qáliplesip ketken jámiyetti analizlewdi adamnan baslawdıń belgili artıqmashıqları bar. Aytayıq tariyxtı adamnıń iskerligi sıpatında maqullap qoyıw jetkiliksiz. Adamnıń tábiyatın hám onıń iskerligine tán bolǵan xarakterli belgilerdi anıqlaw zárúrligi payda boladı. Onıń ústine filosofiyanıń ózi adam mashqalası menen sabaqlas. Onıń baslanıwı adam mashqalası menen birge payda bolǵan. Usı sebepli eń aldı menen máseleniń filosofiyada qoyılıw tariyxına qısqasha toqtap óteyik.

Álbette, adamlar haqqında oylar, pikirler, tolǵanıslar filosofiya payda bolmastan burın payda bolǵan. Bulardıń baslamaları, ásirese, adamnıń jámiyettegi ornın anıqlawǵa baǵdarlanǵan ertek hám ańızlardaǵı eń sada

pikirler. Biraq bul pikirlerdiń adamdı filosofiyalıq túsiniw boyınsha táliymatlarǵa belgili dárejede negiz bolǵanlıǵın da umıtpawımız kerek. Buǵan áyyemgi Hindstan filosofiyalıq oyında adamnıń qalayınsha payda bolǵanlıǵı tuwralı sorawlarǵa juwap izlewleriniń ózi gúwa. Bul tolǵanıslarda adamnıń bárshe janlı janzatlar menen ulıwmalıqqa iye qásiyetleri menen onıń jámiyetlik - ruwxıy mánisine kóbirek dıqqat bólinedi. Áyyemgi Hind ádebiyatınıń esteliklerinen esaplanatuǵın Vedalardıń dawamı Upanishadlarda belgili nızamlıqlar shegarasında erkinlikke umtılıw adamǵa ǵana tán qásiyet dep tastıyıqlanadı.

Adam mashqalası qıtaylı filosof hám siyasiy isker Konfuciy (b.e.sh. 551-479) táliymatında oraylıq orınǵa iye. Onıń filosofiyalıq kózqaraslarında insannıń ádep-ikramlıǵı, shańaraqtaǵı turmısı, mámleketti basqarıwı siyaqlı máseleler tiykarǵı obyekt etip alınǵan. Bul boyınsha Konfuciydiń «ózińe neni qálemeseń, basqalarǵa hám onı ráwa kórme» degen pikiri onıń táliymatındaǵı altın qáde esaplanadı hám Jen (adamgershilik) principiniń negizin quraydı.

Konfuciylik penen birqatar Qıtayda payda bolǵan daosizm (b.e.sh. 3-4 ásirler) atlı filosofiyalıq baǵdar wákilleri hám insan mashqalasına úlken dıqqat bóldi. Bul baǵdar wákilleriniń pikirinshe adam óziniń ómirinde pútkil álemniń ózinen-ózi kelip shıǵıwı hám rawajlanıwına ámel etip jasawı kerek. Basqasha aytqanda, óziniń hámme is-háreketi álem nızamı hám insan tábiyatına say bolıwı kerek. Adam mashqalasınıń filosofiyalıq túsindiriliwi áyyemgi grek filosofiyasında biráz ilgeriledi. Olar adamdı kosmostıń bir bólegi sıpatında túsindirdi. Sonı da aytıw kerek, táliymatlar ishinde adam mashqalasın arnawlı másele sıpatında da eń dáslep qoyǵanlardıń biri Protagor (b.e.sh 490-420) Oǵan «adam - hámme nárseniń ólshemi» degen pikir tiyisli. Bul qanatlı sózdiń mánisi: adam dúnyanı qanday bolsa, solay ǵana qabıllaydı.

Demokrit (b.e.sh 461-370) adamdı tábiyattıń bir bólegi, atomlardan dúzilgen dep túsindirdi. Al, ómirdiń maqsetin adamnıń mánili jasap, baxıtqa jetisiwi dep bildi. Al, Sakrat bolsa, (b.e.sh 470-399) «ózińdi tanıp bil» degen Delfadaǵı Apollon xramınıń kirer awızına oyılıp

jazılǵan tereń mánili sózdi qaytadan jańǵırttı. Durıs, Sakrat adam principinde ózin-ózi, óziniń mikrokosmın tanıp biliwi múmkin, biraq makrokosm adamnıń biliwinen tısqarıda ekenligin tastıyıqlaydı. Sóytse de «ózińdi tanıp bil» principiniń qayta-qayta hám qayta oylanatuǵın halda qoyıla beriwiniń ózi adam ushın biliwdiń hám úyreniwdiń adamnan artıq obyekti joqlıǵın ańlatadı. Sakrattıń shákirti Platon (b.e.sh. 428-347) adamnıń janınıń ólmeytuǵının tastıyıqladı. Onıń pikirinshe jan hárdayım ólgen denege enisip otıradı. Adam ózin qorshaǵan dúnyanı tanıp biliwge umtıladı bul jannıń máńgi ideyalar dúnyası tuwralı eske túsiriwleri, olardı jan denege kirmesten burın bayqaǵan. Platon ushın adamnıń idealı danıshpan, filosof, onıń janı kóp «sayaxatta» boladı, sonlıqtan da biliwleri durıs hám bahalı. Aristotel (b.e.sh. 384-322) adamdı jámiyetlik maqluq (zoon politikon) dep atap, erkin puqaraǵa múnásip bul praktikalıq yaǵnıy siyasiy hám teoriyalıq biliwlik iskerlikke tolı ómir bolıp tabıladı deydi. Ulıwma alǵanda, antikalıq dáwir filosofiyası adam máselesin sheshiwden góre onı kóbirek másele qılıp qoyıw menen sheklendi. Orta ásirlik filosofiya, tiykarınan, diniy bolıp, adamǵa eki baslamanıń kóterińkiliktiń (jan) hám pásliktiń (dene) mudamı ushlasıwında hám úziliksiz gúresinde adamnıń negizin kórdi. Orta ásirlik diniy filosofiyanıń atası Avgustin Blajennıy (430-356) adamnıń tiykarı jan, al dene bolsa jannıń waqıtsha qabırshaǵı ǵana, adamnıń tiykarǵı wazıypası deneniń gúnaǵa azǵırıwshılıǵı menen mudamı gúreste bolıwı tiyis deydi. Foma Akvinskiydiń (1226-1274) pikirinshe dene menen jannıń birligin maqullaǵanı menen adamda deneliktiń basımlıǵı onı haywanǵa uqsatsa, ruwxıylıqtıń basımlıǵı onı perishtelerge jaqınlatadı. Orta ásirlik sxolastika wákilleriniń pikirinshe (Albert Velikiy, Anselm Kenterberiyskiy h.tb.) adam óziniń negizin tanıp bilgennen góre qudaylıq tiykarın tanıp biliwge umtılıwı kerek. Shıǵıstıń Islam tarqalǵan territoriyalarındaǵı diniy-filosofiyalıq táliymatlarda adam mashqalasına racionallıq qatnas basım boldı. Sufizm táliymatların mısalǵa alsaq, adam ózinide álemniń tiykarın jámlegen. Adam ózin-ózi tınımsız biliw arqalı ǵana hár tárepleme rawajlanǵan insan dárejesine

erisiw imkaniyatına iye. Islam filosofiyasında adam mashqalasınıń derlik tiykargı tárepleriniń barlıǵı qaraladı. Islam filosofiyasınıń wákillerin, ásirese, adamnıń kelip shıǵıwı, onıń álemdegi tutqan ornı, dúnyanı ózgertiw imkaniyatları, jaqsılıq jolın tańlaǵan adamnıń idealı hám basqa da máseleler qızıqtırǵan edi. Farabiy bul boyınsha insannıń pútkil tirishilikten ayırmashılıǵı onıń aqıl oyında dese, Ibn Sina aqıldıń ózin ulıwma kózqaraslar hám tikkeley nárseler tuwralı pikir júritiwge baǵdarlanǵan halda analizleydi. Beruniy adamnıń quday tárepinen jaratılǵanlıǵın maqullaydı hám onıń pútkil turmısı hám fizikalıq dúzilisi geografiyalıq faktorlar menen baylanıslı ekenligin dálilleydi. (Qarańız: Abu Rayxan Beruniy Tanlangan asarlar. I jild T.,FAN 47-bet).

Ulıwma alǵanda Shıǵıs filosofiyasındaǵı adam mashqalasına baylanıslı ózine tán ózgeshelik sonnan ibarat, onda aldın ala belgilewshilik dogmatına súyeniw basım. Insannıń táǵdiri aldın ala, belgilengen eken, tek mańlayǵa jazılǵanǵa ılayıq is barıp barıwı tiyis. Biraq Farabiy Beruniy, Ibn Sina, Nawayı, Mırza Bedildi ǵana emes, sonday-aq, XIX-XX ásir oyshılları Axmad Donish Muqimiy, Berdaq, Ájiniyaz, Abay hám basqalar adamnıń gumanistlik aǵartıwshılıq, belgili dárejede demokratiyalıq koncepciyasın qáliplestiriwde salmaqlı úlesti qostı. Olardıń dóretiwshiliginde adamǵa, onıń kúsh ǵayratına, aqıl -oyına, erkine isenim xarakterli. Máselen, qaraqalpaq shayırı Ájiniyaz «Bul dúnyanıń kórki adam balası, sol adamnıń kókke jeter nalası» - deydi. Oyanıw dáwiri filosofiyasın insandı individuallıq sıpatında qarap onı ulıǵlaw tán hám nátiyjede jeke adam menen ulıwma adamzatlıq máپleriniń ushlasıwına baylanıslı juwmaqlar shıǵarıladı. Jańa dáwir filosofiyasında adamǵa baylanıslı eki máseleniń qoyılıwın kóriw múmkin. Bir jaǵınan insannnıń imkaniyatlarınıń sheksizligi maqullansa, ekinshi jaǵınan individualizm, egoizm, mapgóyliktiń filosofiyalıq tiykarlanıw tendenciyası basım. Aytayıq, inglis filosofı T.Gobbsqa «adam adamǵa qasqır» degen fraza tiyisli. Degen menen, Evropa filosofiyasınıń antropologiyasında bul dáwirge kelip insandı analizlewde basqa da momentler júz berdi. Máselen, B.Paskal

adamnıń ullılıǵın onıń oylaw, pikirlew qábiletinde kórse. Dekartqa adamnıń  dualistlik koncepciyası tiyisli. Onıń pikirinshe, adam dene menen jannıń birligin quraydı. oǵan «oylap turıppan, demek, jasap turıppan» degen princip tiyisli. Niderland  filosofı Benedikt Spinoza ushın adam  tábiyattıń bólegi, dene menen jannıń birligi. Adamnıń pútkil psixikalıq ómiri aqıl - oyǵa hám affektke (quwanısh qayǵı) baǵdarlanǵan. Adamnıń  ózin-ózi saqlawǵa hám paydaǵa umtılıwı onı mudamı háreketsiz qoymaydı. Adam tuwralı táliymattıń islenip shıǵılıwına XIX ásir francuz materialistleri J.O.Lametri, K.A.Gelbeciy. P.A.Golbax, D.Didro hám basqalardıń qosqan úlesi ayrıqsha. Buǵan Lametriydiń «Adam mashina», Gelveciydiń «Adam tuwralı» h.t.b miynetleri mısal bola aladı. Lametri jámiyetlik rawajlanıwdıń tiykarǵı sebeplerin jeke adamlardıń iskerliginen hám bilimlendiriwden izledi. Didronıń pikirinshe adam bul álemniń aqılǵa sıyımlı orayı, pútkil mádeniyattı dóretiwshi,  sol sebepli ol  eń joqarǵı bahalıq. Al, Golbaxtıń pikirinshe  adam tábiyattıń bir bólegi,  sonıń ushın onıń nızamlarına baǵınǵan. Adamnıń qáliplesiwi procesinde tiykarǵı roldi Gelveciy adamdı qorshaǵan orta menen baylanıstıradı. Onıń pikirinshe, adamlar ózleriniń  uqıp hám múmkinshilikleri boyınsha tábiyiy jaqtan teń, gáp tárbiyada. Adamlardıń hámme múmkinshilikleri tárbiyaǵa ǵárezli. Ulıwma alǵanda, arnawlı ádebiyatlarda XVI ásir francuz materializmniń adamnıń tiykarın, túsindiriwde gumanistlik qatnastıń rawajlanıwında úlken rol atqarǵanlıǵı tastıyıqlandı.

Nemec filosofı I.Kantta «adam degen ne? degen soraw filosofiyanıń tiykarǵı máselesi sıpatında qaraladı. Ol da Dekart sıyaqlı antropologiyalıq dualizm poziciyasında turadı. Biraq onıń dualizmi ruwx penen deneniń dualizmi emes, al ádep-ikramlıq tábiyiylik dualizm. Bunıń mánisi ol tárepinen bılay túsindiriledi. «Adam bir tárepten tábiyiy zárúrlikke, ekinshi tárepten ádep-ikramlıq erkinlik hám absolyut bahalıqlarǵa tiyisli. Seziwlik dúnyanıń bir quram bólegi sıpatında ol zárúrlikke baǵınadı, al ruwxıylıqtı alıp keliwshi sıpatında erkinlikke iye hám bul boyınsha tiykarǵı rol adamnıń ádep-ikramlıq iskerligine tiyisli».

Gegeldiń antropologiyalıq koncepciyası onıń pútkil filosofiyası sıyaqlı racionalizmge tolı. Onıń pikirinshe adamnıń haywannan ayırmashılıǵı oylawǵa iye bolıwında. (Qarańız: G.Gegel Filosofiya prava M 1990 s 97). Adamdı ruwxıy iskerliktiń subyekti mádeniyat dúnyasında jasaytuǵın ulıwma áhmiyetke iye sananıń, ǵalaba baslamanıń-ruwxtıń, aqıl-oydıń jetekshisi sıpatında túsiniw Gegelde júdá basım.

Jeke adamnıń individten ayırmashılıǵı sonda jeke adam ózin tek sheksiz, ǵalaba hám erkin qubılıs sıpatında sanalı túrde tanıp biliwden baslanadı. Sociallıq planda Gegel táliymatı metodologiyalıq hám sociologiyalıq kollektivizmdi ańlatadı. Basqasha aytqanda sociallıq tutas túrde individtiń ústinen artıqmashılıqqa iye principin ańlatadı. Bul kózqaraslardı sınǵa ala otırıp, L.Feyerbax tiri, empiriyalıq adamnıń áhmiyetin, artıqmashılıǵın tastıyıqladı. Adam Feyerbaxta eń aldı menen tábiyattıń bólegi, seziwlik-denelik jan. Antropologiyalıq princip Feyerbax filosofiyasınıń pútkil ózegin quraydı hám ol adamdı idealistlik túsinidiriwge, ruwx penen tánniń dualizmine qarsı. Biraq Feyerbaxtıń adamdı abstraktlı túsingenligi sonshelli, onda adam real sociallıq qatnas hám iskerlikten birotala bóleklenip qalǵan. Onıń filosofiyalıq antropologiyası «Men» menen «Senniń» qarım-qatnaslarına tiykarlanǵan hám bul boyınsha, ásirese er menen hayaldıń arasındaǵı qatnaslarǵa kóbirek dıqqat bólingen. Qullası, Feyerbax adamnıń mánisi, tiykarı mashqalasın birinshi planǵa shıǵarıp, onı filosofiyanıń birden-bir, universal hám joqarǵı predmeti sıpatında qaraǵanı menen ol tiykarınan adamdı biologiyalandırıp jiberdi. hám nátiyjede onıń jámiyetlik mánisin túsindire almadı. Antropologiyalıq princip, demek jámiyetti adamnıń tiykarınan tuwındı sıpatında qaraw ekzistencializm, turmıs filosofiyası, filosofiyalıq antropologiya sıyaqlı kóp ǵana filosofiyalıq hám sociologiyalıq baǵdarlarǵa tán. Aytayıq ekzistencialistlerdiń (J.P.Sartr, A.Kamyu K. Yaspers h.t.b) pikirinshe, filosofiya ushın tiykarǵı mashqala bul adamnıń ómir súriw jasaw (ekzistenciya) máseleleri bolıwı kerek. Adamdı qorshaǵan dúnyanıń

qorqınıshlıǵı sonshelli, ol adamnıń aqılına sıyımsız dárejede. Sonlıqtan adam tek ǵana ózin-ózi tanıp biliwi múmkin. Máselen, K.Yaspers ómir súriw, jasaw bul tanıp biliw hám men sana sıpatında ómir súremen deydi.

Ekzistencializmniń bas principi − erkinlik. J.P.Sartrdıń pikirinshe adam ázelden erkin bolıwǵa ǵana sazawar. Jámiyetlik ómirdegi daǵdarıstan shıǵıwdıń jolın ekzistencialistler jeke, ishki individuallıq bolmısınan izleydi. Ekzistencializmge jaqın bolǵan filosofiyalıq táliymatlardıń birinen esaplanatuǵın hám búginliginde filosofiyalıq antropologiya atamasına iye baǵdar (A.Gelen E.Rotxamer M.Landman) kózqarasınan filosofiyanıń wazıypası insan bolmısınıń mánisin túsindiriwden ibarat. Biraq bul boyınsha itibar kóbirek insan bolmısınıń obyektiv táreplerine emes al subyektiv táreplerine qaratılǵan hám usılayınsha adamnıń erkin dóretiwshilik iskerligi, onıń haqıyqıy bolmısı tiykarında insan turmısınıń mánisin ashıw múmkin dep kórsetiledi.

Baslaması avstriyalı psixiatr-vrach Zigmund Freydtiń (1856-1939) atı menen baylanıslı freydizm táliymatı jeke adamnıń strukturasın «shala túsinik» «men» «mennen joqarı» degen úsh bólimge bólip adamda shala túsinik (подсознание) qálipleskenligi ushın, demek, sanadan, aqıl-oydan kúshlirek dep oylaydı. Freydtiń bul oyına izbasarlarınıń biri E.Fromm mınaday taqilette túsinik beredi. Freyd aqıl-oydı adamdaǵı eń bahalı adamzatlıq qásiyetlerdiń biri dep esaplaydı. Biraq aqıl oy onı burmalaytuǵın qumarlıqlardıń tásirine berilgen hám tek bul qumarlıqlardı túsiniw ǵana aqıl - oydı azat etip, onıń normal háreketin támiyinley alıwı múmkin. Sóytip Freyd adamzat aqıl - oyınıń kúshin hám ázziligin de kórsetti. (Qarańız: Fromm E. Psixoanaliz i religiya Sumerki bogov M.,1989 s. 147). Filosofiyada adam mashqalasın úyrener ekenbiz, onıń kelip shıǵıwı máselesi boyınsha kózqaraslarǵa itibar beriwimiz zárúr.

Belgili, XIX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap adam biologiyalıq evolyuciyanıń ónimi ekenligin moyınlaw ǵalabalıq xarakterge iye bola basladı. Bul boyınsha adam biologiyalıq túr sıpatında maymıl tárizli janzatlardan kelip shıqqan hám buǵan juwmaq insannıń ótkendegi

ata-babalarınıń súyekleriniń qaldıqları menen baylanıstırıladı. Házirgi ilim kózqarasınan jerde ómir mıń million jıllar burın payda bolǵan. Al maymıl tárizli janzatlardan insannıń kelip shıǵıwı birneshe million jıl burın bolǵan . (Qarańız Xirsion Dj, Wayner Den, Tennor Dj. Bar-nokot N., Renoll. Biologiya cheloveka. M., 1979 13 b).

Házirgi waqıtta jer júzinde tarqalǵan Homo Sapeins (aqıllı adam) túri zamanagóy genetika maǵlıwmatlarına qaraǵanda bunnan shama menen 200-250 mıń jıl burın Afrikada payda bolǵan. Biraq, evolyuciyalıq táliymat kózqarasınan kelip shıǵatuǵın bul juwmaqtı ilim maqullaǵanı menen filosofiyalıq aspektte onı insannıń kelip shıǵıwı boyınsha tolıq tiykar etiw onshelli isenimli emes. Aqırı bul táliymat adamnıń haywanat dúnyasınan ajıralıp shıǵıwınıń sebeplerin tolıq asha almaydı. Bul degen sóz adamzat tariyxınıń hámme dáwirlerine (ásirese ertedegi) tiyisli juw-maqlardı filosofiyalıq aspektte ulıwmalastırıw zárúrligi payda boladı. Onıń ústine adamnıń kelip shıǵıwı máselesine házirgi antropologiya ilimi menen filosofiyanıń jantasıwında belgili ózgeshelikler sırttan qaraǵanda qarama-qarsılıqlar da bar. Ádette antropologlar adamnıń maymıl tárizli ata-babalarınan Homo Sapeinske baǵdarlanǵan biologiyalıq evolyuciyasında jetispey turǵan zvenonı izlew menen táshiwishlense, filosoflar «mudamılıqtıń dúzilisin» - adamzattıń qáliplesiwindegi revolyuciyalıq sekiriwdi maqullawǵa umtıladı. Zamanagóy izertlewlerdiń juwmaqlarına súyensek, adamnıń qáliplesiwi de (antropogenez) jámiyettiń qáliplesiwi (sociogenez) uzaq process, olar 3-3,5 milion jıllarǵa sozılǵan antroposocionogezdiń ajıralmas eki tárepi. Bul aralıq pútkil «jazılǵan tariyxtan» mıń ese kóp.

Antoposociogenezdiń ulıwma mánisin túsiniwde miynet gipotezasınıń roli joqarı. Durıs, adamnıń kelip shıǵıwına baylanıslı diniy túsindiriwler de barshılıq. Degen menen usı búginge deyin adamnıń kelip shıǵıwına baylanıslı diniy túsindiriwlerdiń haqıyqatlıǵın dálilleytuǵın juwmaqlarǵa iye emes. Sonıń ushın biraz ellerde adamnıń payda bolıwına baylanıslı diniy hám evolyuciyalıq kóz-qaraslardı oqıtıwdıń ámelge asıwı haqıyqıy gúres sharayatında baratır. Máselen,

sońǵı jıllarda Nobel sıylıǵınıń 72 jaslı Amerikalı insan laureatı oqıw baǵdarlamalarında kreacionizm hám evolyuciya teoriyalarınıń teń huqıqlıǵın támiyinlewge umtılǵan kózqarasqa ashıqtan-ashıq qarsı shıqtı (Qarańız: Osnovı filosofii T., 1988 358b).

Sonday-aq jańasha dáwirde «kosmoslıq eksperimentler» teoriyaları payda boldı. Diniy kózqarastan «ayırmashılıǵı sonda, teoriyalarda dóretiwshi basqa planetalardaǵı civilizaciya. jer betindegi kóp ǵana unikallıq dárejedegi Egipet piramidaları, Pasxa atawındaǵı tastan soǵılǵan álp sıyaqlı qurılıslar basqa planetalardaǵılardıń iskerliginiń dóretpesimish.

Búginliginde ilim basqa planeta civilizaciyalardıń ómir súriw, olardıń jerge kelip turıw múmkinligin birotala biykarlamaydı. Biraq adamnıń basqa planetadaǵılardıń dóretpesi sıpatında túsindiriliwine házirshe dáliller jetkiliksiz. Bul boyınsha barlıq pikirlewler gipotezalıq xarakterge iye.

Endi antroposociogenez procesinde miynettiń belgilewshilik roline qaytıp keletuǵın bolsaq, onı qalay bolsa solay bir tárepleme ǵárezlilik sebeplilikte mexanikalıq túsindiriw shınlıqqa tuwrı kelmeydi. Nege degende,miynet birden-bir antropogenetikalıq faktor bolıwı menen birge onıń ózi de geneziske iye.Sebebi tutas, tolıq predmetlik-praktikalıq iskerlikke aylana otırıp, sociallastırıwdıń (latınsha sózinen alınǵan bolıp adamnıń jámiyettiń tolıq huqıqlı aǵzası sıpatında múmkinshilik beretuǵın belgiler, normalar, kriteryalardıń belgili sistemasın meńgeriw, procesin ańlatadı) til, sana, ádep-ikramlıq, mifologiya, rituallłıq praktika h.t.b. faktorlar menen óz ara birlikte ǵana boladı. Sóz joq, adamnıń haywannan ayırmashılıǵınıń bir belgisi onıń miynet quralın jasaw uqıbına iye bolıwı. Onıń ústine ásirese qurallardıń járdeminde tayarlaw adamnıń óndiriwshilik iskerliginiń mudamı ózegi, tabıslardıń úzliksiz toplanıw sferası.

Ilimiy maǵlıwmatlarǵa súyensek, ápiwayı qurallar jasaw, sóylew hám oylaw payda bolmastan 1-1,5 million jıl burın baslanǵan. Biraq, bul process uzaq waqıt adamzat birligine uqsamaǵan gominidler úyiriniń

ishinde rawajlandı hám sociodóretiwshilik funkciyaǵa tolıq iye bola almadı. Durısraǵı bunday óndiris jámiyetke qatań talap qoydı. Onıń mánisi: sociumnıń óz funkciyaların ámelge asırıwı tildiń járdemisiz, ápiwayı ádep-ikramlıq normalarsız, túsinikler dárejesinde oylawsız múmkin emes. Aytayıq, endi payda bolıp kiyatırǵan miynettiń ámelge asıwı ushın ishki uyımlıq dárejede tınısh qarım-qatnasqa zárúr edi. Bul ushın qarım-qatnastıń usılı ózgeriwi, demek eń aldı menen, úyirlik haldan jámiyetke ótiliwi tiyis edi. Shınında da kem-kem instinktlik dárejede miynet qurallarınıń tayarlanıwınıń ózi aq «haywanlıq formadaǵı» qarım-qatnas penen sáykes kelmey, ol endi biologiyalıqtan táwir-aq ústinlike iye birlespeniń óndirislik xojalıq birge islesiwiniń wazıypalarına juwap bermese bolmaytuǵın bolıp qaldı. Bul boyınsha sociallastırıwdıń taǵı bir faktorı tildiń ornı hám roli ayrıqsha . Keń mániste til-mádeniyattıń pútkil siteması, onıń járdeminde adamlar arasında baylanıslar ornaydı. Demek ázel bastan-aq til adamlardıń praktikalıq iskerligine enisken. Til, tar mániste, sóylew dep atalatuǵın informaciyalıq-belgililik iskerlik. Sóylew, sóylesiwdiń kómeginde ǵana qarım-qatnas procesiniń adamlardıń kúndelikli bolmısındaǵı tásirsheńligi kúsheye aladı. Sebebi ol bir jaǵınan ashıq-aydın predmetlik - praktikalıq xarakterge iye bolsa, ekinshi jaǵınan onıń ózi adamlardıń predmetlik praktikalıq iskerliginiń tabıslı rawajlanıwın boldıradı. Ilimiy dereklerge súyensek, tildiń sociallastırıwdı ámelge asırıwınıń baslaması dım ǵana ápiwayı sóylew aktlarınan-atawdan kórinedi. Ataw rituaallıq, kiyeli , muqaddes xarakterge iye háreket sıpatında boldı. Bul akttıń qatnasıwshıları atalǵan zattı birdey túsiniwge birlesti. Bul bir. Ekinshiden, ataw aktınıń arqasında ǵana sırtqı reallıq birinshi ret praktikalıq jaqtan jaramlı hám jaramsız, zárúrli hám zárúrsiz, paydalı hám paydasız h.t.b zatlardıń túrlerine bólindi hám aqıbetinde bul shaqalanǵan materiallıq mádeniyattıń payda bolıwı ushın dáslepki shárt boldı. Bul hám usı taqılette faktlar sonı kórsetedi, predmetlik-praktikalıq iskerlik, demek materiallıq óndiris shın mánisinde til menen birge payda bolǵan. Álbette tildiń sociallastırıwshılıq múmkinshilikleri

de sheklengen. Nege degende, uyım bolıp ómir súriwdiń ishindegi tınıshlıq, qarım-qatnas ayrıqsha ámeliyat - adamlardıń ózlerin ózleri tárbiyalaw arqalı, urpaqtıń dóreliwiniń kollektiv túrde tártipke túsiwi zárúr edi. Bul antroposociogenezdiń qáliplesiw barısındaǵı adamǵa predmetlik-praktikalıq iskerliktiń subyekti sıpatında túpkilikli tásir etken proceslerden esaplanadı. Gáp haywanlıq úyirdiń óndiriliwi menen adamzat birliginiń ápiwayı formasınıń alǵashqı obshina arasındaǵı ayırmashılıq tuwralı bolıp otır. Úyirlik tusında endogamiya (grekshe endo-ishki, gamos-nekelik baylanıs) basım bodı. Bul degen sóz, nekelik jup ekinshi úyirden tańlanbaydı hám juwmaǵında násillik jaqın ruwlıq qatnaslar tiykarında boladı.

Obshinalıq jasaw tusında, hátte onıń eń ápiwayı basqıshında da agamiya (jaqın tuwısqanlıq jınısıy qatnaslardı biykarlaw) principine hám ekzogamiyaǵa (grekshe exo-sırtqı, gamos-nekelik baylanıs) tiykarlanǵan. Obshina óziniń aǵzalarına nekelik juplaslardı qatań túrde basqa, dáslep belgili obshinalardan ǵana tabıwdı buyıradı. Bulardıń sebebi usı búginge deyin anıq emes. Bar faktlarǵa súyensek, bunıń sebebin ádette antropogenezdiń dáslepki stadiyasındaǵı mutaciya (latınsha mutatio-ózgeris) procesi menen incestke (qannıń aralasıwına) jiyirkenishli ádep-ikramlıq qatnastı tiykarlaw bar. Bunıń tiykarın biziń ata-babalarımız eń dáslepki jaylasqan jerlerindegi radiaciyalıq tásirdiń kúsheyiwi menen baylanıstırıw arnawlı ádebiyatlarda orın alǵan. Hátteki radioaktivlik nurlanıw procesin antroposocionegezdiń qáliplesiw procesindegi nızamlılıqtı tolıqtırıwshı faktorlardıń qatarına kirgizedi. (Qarańız: S.E.Krapivenskiy Socialnaya filosofiya Volgograd 1994 s 38).

Al, incestke ádep-ikramlıq jiyirkenishtiń payda bolıwın amerikalı tariyxshı M.Morgannıń (1818-1881) miynetleriniń payda bolıwı menen antropologiyada «sanalı túsinilgen» atamasına iye intellektualistlik koncepciyaǵa baǵındırıp túsindiriw payda boldı. Bul koncepciyanıń tárepdarları miydiń úlkeyiwi hám qural menen atqarılatuǵın iskerlikke iye bolıw menen adamnıń aqılı ene baslaydı. Ólshestirip kórip qannıń aralasıwınıń aqıbetiniń zıyanlı ekenligin túsinedi hám jaqın tuwısqanlıq jınısıy qatnaslardı biykarladı. Bul kózqaras XX ásirde sınǵa alındı.

Sonday-aq, úyirlik  ómir súriw shegarasında tınıshlıqtı, mámile qarım-qatnastı saqlawǵa umtılıwdı ańlatatuǵın racionallıq túsindiriwler menen birge irracionallıq túsindiriwler de bar. Sońǵısı boyınsha ásirese, totemlik kultlar tiykar etip alınadı.

Totemizm indeeclerdiń tilinen alınǵan bolıp, «óz qáwimi» degendi ańlatadı. Ol ádette haywan, ósimlik, tábiyattıń málim predmeti, qubılısınıń ruwlıq topardıń diniy, tabınıw, húrmet etiw obyektin simvollaydı hám «óz qáwimi» (onıń ishinde jınısıy baylanıs qadaǵan etilgen) belgili bir tótemge bas iygen topar sıpatında tán alınadı. Kóbinese belgili bir haywan pir tutıladı. Máselen, krokodil, tasbaqa. Totem ruwdıń miflik ata-babası sıpatında túsindiriledi hám onıń barlıq aǵzaları qásiyetli totem menen qanlas, sol sebepli onı jewge hám jınısıy qatnastıń obyekti etiwge bolmaydı.

Juwmaǵında nekelik baylanıslar úyirlik  túrlik birliklerdiń payda bolıw quralı bolıwdan qalıp, belgili sociomádeniyatlıq tártipke, irracional túrde baǵınadı. (Dáslep totemlik, sońınan miflik jaǵdayda). Sóytip jaqın tuwısqanlıq qan aralasqan baylanıslardıń qadaǵan etiliwi menen jınısıy sezimniń artıw, ruwxı kóterilgen dáwiri baslanadı. Sebebi ápiwayı ekzogamiyalıq juplasıw uzaqtı jaqınlastıratuǵın jat penen doslastıratuǵın faktorǵa aylanadı. Dúnya xalıqları kórkem óneriniń ǵáziynelerinde ornı ayrıqsha kóp ǵana dóretpelerde bul reallıqtıń sáwleleniwin ańızlıq dárejede bolsa da kóriw múmkin. Aytayıq Romeo hám Djulettanıń bir - birine ańızlıq dárejedegi qumarlıǵı hám buniń mudamı jawlasıwdaǵı Montekki  hám Kapuletta ruwların mámilege keltiriwi. Bul máselede taǵı bir moment sonnan ibarat, agamiyanıń ámelge asıwı hám miflik ata-baba tuwralı kózqarastıń payda bolıwı menen tuwısqanlıq ideyası biraz kúsheyedi. Bunnan juwmaq: ruwdıń sociallıq qubılıs sıpatında basımlıǵı tuwısqanlıq túsiniginiń áyyem zamanlardan berli tek adamlar tárepinen ǵana qollanılatuǵınlıǵı menen de dálillenip tur. Tek adamlar ǵana  tuwısqanlıq qatnaslardı sanalı túrde ulıwmalastırıp biledi hám kategoriyalarǵa bóledi. Bul degen sóz, Homo sapIensti tek biologiyalıq túr sıpatında qaraw jetkiliksiz, ol

haqıyqıy adamzat teginiń miyrasxorı, xalıqlardıń tutas birligi . Álbette antroposociogenezdiń qáliplesiwinde jaqın tuwısqanlıq baylanıslardı qadaǵan etiw ápiwayı ádep-ikramlıq-sociallıq qadaǵan etiwlerdiń qatarında eń dáslepkilerden esaplanadı. Biraq, ol bunda, sóz joq, óshpes iz qaldırǵan úlken áhmiyetke iye burılıs. Bul bir. Ekinshiden ulıwma ádep-ikramlıq-sociallıq qadaǵan etiwlerdi sóz eter ekenbiz, olardıń antroposociogenezdiń faktorı sıpatında ózgeshelikleri alǵashqı ruwlıq obshinanı haywanlıq úyirge qarama-qarsı qoyıwı menen xarakterlenedi. Onıń úyirlik instinktlerdiń qálegen túrinen eń keminde úsh túrli belgi menen ayrıqshalanıp turatuǵınlıǵı arnawlı ádebiyatlarda bar. Olar: ádep-ikramlıllıq penen sociallıq qadaǵan etiwler obshinanıń hámme aǵzalarına tán bolsa úyirlik awhalda «ruqsatsız» jaǵı tek ázzileri shın ǵana. Sonday-aq bul ádep-ikramlıq-sociallıq qadaǵan etiwler tek ǵana ózin-ózi saqlaw instikti de emes. Individuallıq planda adamǵa ziyanlı is-háreket de máselen, onıń ózin-ózi qáwimniń mápi ushın anaw ya mınaw dárejede sheklewi hátteki ózin-ózi qurban qılıwı da buyırıladı. Qadaǵan etiwler,sóz joq minnetlemelik xarakterge iye. Bul, máselen, ostrakizm. Gúnakardan, qılmıskerden hámmeniń waz keshiwi. Ol qáwimnen quwıladı hám jámiyetten shıǵarılıp jiberiledi. Quwǵınǵa ushıraǵan adam basqa qáwimniń adamına ya haywanǵa barabar. Hátteki bul statusqa iye bolǵan adamnıń gúnasınıń dárejesine ılayıq ólimge griptar bolıwı da táájip emes. Bular menen qosa úsh ápiwayı ádep ikramlıq-sociallıq talaptı ayrıqsha atap kórsetiw orınlı. Olar ulıwma adamzatlıq qásiyetke iye bolǵanlıqtan áyyemgi adamlardıń kúndelikli bolmısına enisken. Olar: qannıń aralasıp ketiwin qadaǵan etiw: óziniń qáwimlesin óltiriwdi absolyut dárejede qadaǵan etiw:, jasawdı, ómir súriwdi qollap quwatlaw. Bul boyınsha bir qáwimlestiń fizikalıq múmkinshilikleri tómen bolsa, onıń ómir súriwine, jasawına baylanıslı qollap-quwatlaw qatań túrde talap etiledi. Álbette bular qanshelli áhmiyetli bola bersin, alǵashqı-obshinalıq ádep-ikramlılıqtı hayran qalarlıq etikalıq altın ásir menen teńlestiriw nadurıs bolǵan bolar edi. Sebebi, adamnıń tariyxıy qubılıs ekenligin názerde tutsaq, áyyemgi

ádep-ikramlıq talaplardıń etikalıq mániste ele jetilmegenligi ózinen-ózi túsinikli. Sebebi áyyemgi morallıq talaplardıń názik «qashırımları» ashımayrıqlanıp úlgermegen. Máselen, jaqsılıq penen jamanlıqtıń qarama-qarsılıǵı paydalılıq penen ziyanlılıqtıń, súykimlilik penen jiyirkenishliliniń muqaddeslik penen qádirsizliktiń qarama-qarsılıǵı menen almastırılıp jiberiler edi. Sonday-aq ol talaplar lokal xarakterge iye boldı: obshinanıń óz ishinde ǵana háreket etti. Máselen, qáwimles tuwısqandı óltiriwdi qatań qadaǵan etiw basqa qáwim aǵzaları ushın tiyisli bolmadı. Obshinalar arasındaǵı qatnaslarǵa baylanıslı hiyle, kúsh h.t.b uzaq waqıtlar xoshametlenip turdı.

Bunnan juwmaq sonday, adamzattıń morallıq sanasınıń morallıq iskerligi hám qatnasınıń qáliplesiw, rawajlanıw jolı ápiwayı ádep-ikramlı normaları bir waqıtta hám miyraslanıw hám olardıń sheklengen mánisin biykarlaw bolıp tabıladı. Bári bir nárseni túsiniwimiz kerek, antropogenezdiń qáliplesiw barısında adamzattıń ádep-ikramlıq jetiskenliklerine qaray endi izge burılmaytuǵın dáwir keldi. alǵashqı ruwlıq obshina óz aǵzaların ápiwayı ǵana ádep-ikramlı qádelerge boysındırıwda qanday qatal ilajlardı qollanbasın, bulardıń hámmesi eń dáslepki adamnıń haywanlıq halatqa ótip ketiwin irkip turdı. Nátiyjede biologiyalıqtan ústinlikke iye tileklesli hám juwapkershilikke baǵdarlanǵan kollektiv iskerlikti sanalı ámelge asıratuǵın tariyxıy rawajlanıwǵa jol ashıldı. Anıǵıraq aytqanda, alǵashqı ruwlıq obshinanıń sociallıq-ádep-ikramlıq birligi paleontroplardıń kollektivliginiń sonday forması boldı, onıń ishinde birinshi mártebe óndirislik xojalıq kooperaciyasınıń rawajlanıwı ushın múmkinshilik payda boldı. Jámiyettiń obshinalıq-ruwlıq dúzilisiniń tastıyıqlanıwı menen miynet spefikalıq adam qásiyetleriniń ápiwayı «buyırtpashısı» ǵana emes, tikkeley olardı dóretiwshige, adamlardıń ullı tárbiyashısına aynaldı. Sóytip adamdı adam miyneti menen dóretiw ámelge asar eken, miynet procesi barısında adamlardıń erki hám konstruktiv uqıpları, intellekti hám qıyallawları qáliplesedi. Bul kóp aspektli predmetlik-iskerlikli rawajlanıw jámlewshilikten hám ańshılıqtan óndiriwshilik halda ómir

súriwdi, jasawdı támiyinlewge ótiw boladı. Bul process jer menen, mal sharwashılıǵı menen, ónermentshilik penen shuǵıllanıwǵa ótiwde anıǵıraq kórinedi. Birneshe mıń jıllar dawamında adamlar ottı boldıra aldı, haywanlardı qolǵa úyretti, dóńgelekler oylap taptı, qurılıs texnikasınıń baslamaların meńgerdi. Kóshpeli turmıstan otırıqshı turmıs obrazına ótti. Iri qáwimlik birlespeler qáliplesti. Aqırı, keń masshtabtaǵı migraciyalıq procesler baslandı. Alǵashqı - ruwlıq obshina jer sharınıń kóp rayonlarında jer menen shuǵıllanatuǵın obshina menen almastı. Birinshi qala - mámleketler payda bodı. Olardıń payda bolıwı menen áyyemgi civilizaciyalardıń tariyxı baslanadı. Qullası, arnawlı ádebiyatlarda «neolitikalıq revolyuciya» dep atalatuǵın dáwir baslanadı da, adam jámiyetlik, tariyxıy maqlıq sıpatında barlıq minezlemelerge iye bola aladı hám bul belgili juwmaqlar jasawǵa imkaniyat berdi. Bul boyınsha, birinshi gezekte, adamnıń ázelden isker qubılıs ekenligi dálillendi.. Onıń barlıq ózine ǵana tán qásiyetleri predmetlik iskerliktiń alǵa ilgerilew barısında, demek tariyxıy rawajlanıw procesinde qáliplesedi. Sebebi jámiyetten tábiyatqa baspúkil ısırılǵan adam haywanǵa taqapbil. Sebebi, ol bul awhalda basqa adamlardan ajıralıp ǵana qalmastan adamzat balası neshe mıń jıllar boyı iyelegen miynet qurallarınan, bilimlerden, birotala júdá bolǵan. Al, adamnıń óziniń ómir súriwin, jasawın támiyinlep turatuǵın birden-bir usıl bul miynet. Sońǵısı óziniń genezisi boyınsha kollektivlik birge islesiwge barıp tireledi. Al, jámiyetlik miynet hám óndiristiń tiykarında qáliplesken kóp túrli qatnaslar sistemasındaǵı adamnıń ornı hám roli hár qashan onıń jámiyettegi áhmiyetin belgiledi. Usı sebepli adamlardı bir-birinen ajıratıp turatuǵın paziyletlerdiń hámmesi de, aytayıq, talant mártlik, ádalat h.t.b jámiyetlik qatnaslardıń ramkasında, demek hárbir individtiń basqa adamlarǵa, olardıń talaplarına, kútiwlerine iskerliginiń usıllarınıń qatnası sıpatında ámelge asqanda ǵana haqıyqıy bola aladı. Taǵı bir moment. Kóp ǵana sociallıq filosofiyalıq izertlewlerde adamlardıń tuwıslıq (jámiyetlik) bolmısınıń individtiń sanalı jigerli bolmısına baylanıslı birinshiligi moyınlanadı. Bul durıs kózqarastı azı-kem

anıqlastırsaq, áweli adamlar jámiyetlik (rodlıq) maqluqlar al sońınan olar ózlerin individlar dep sanalı túsingen maqluqlar degen juwmaq shıqpasa kerek. Nege degende, biologiyalıqtan ústinlikke (jámiyetlik - ruwlıq) iye birlespe júzege keler eken, ol jerde hárqashan adam ózin usı birlespege sanalı túrde tiyisli dep esaplaydı. Bul qásiyetler haywanlarǵa tiyisli emes: olar ózleriniń biologiyalıq túrge qatnaslıǵı menen xarakterli. Álbette adamǵa  jámiyetlik qatnaslardıń jıyındısı sıpatında xarakteristika menen shekleniw hám bir táreplemelikke iye. Adam bul tek sociallıq maqluq ǵana emes tábiyattıń bir bólegi de Bul kózqarastan adamlar iliminiń tastıyıq-lawınsha, joqarı sút emiziwshiler toparına kirip, Homo sapienstiń  ayrıqsha túrin ańlatatuǵın biologiyalıq maqluq  boladı. Belgili, Homa sapins qálegen biologiyalıq túr sıyaqlı túrlik qásiyetlerdiń belgili jıyıntıǵı menen xarakterlenedi. Degen menen adamnıń tábiyatına baylanıslı pikirler de hár qıylı. Onı tiykarınan sociallıq penen biologiyalıqtıń birliginde qaraw basım, biraq bul ekewiniń qaysısı jetekshilikke, durısıraǵı, belgilewshilikke iye degen máselege baylanıslı pikirlerde kelispewshilikler bar. Onıń ústine adamdı úsh túrli tábiyatqa biopsi-xosociallıqqa  iye dep túsindiriwler arnawlı ádebiyatlarda belgili dárejede orın alǵan. Túsiniwimizshe, gáp psixikanıń bizdi qorshaǵan reallıqtı  psixikalıq sáwlelendiriwdiń dárejelerinde bolsa kerek. Máselen, hár túrli instinktler, quramalı shártsiz refleksler siyaqlı joqarı haywanlarǵa tán psixikalıq sáwlelendiriwdiń dáreje hám formaları bar. Biraq bular olardıń iyelerin heshqashan da materiyanıń ómir súriwiniń biologiyalıq formasınıń shegarasınan shıǵara almaydı. Al endi psixikalıqtıń sonday dáreje hám formaları bar, olar ózleriniń payda bolıwı hám rawajlanıwı boyınsha sociallıq dúnyaǵa sińisiwge minnetli. Usı sebepli de materiya-nıń háreketiniń sociallıq formasınıń atributı boladı. Olar: sananıń joqarı aktları. Solay eken,  adamnıń tábiyatın túsindiriw boyınsha psixikalıqtıń roli, tiykarınan, ondaǵı biologiyalıq penen sociallıqtıń óz ara baylanısınıń parametrleri menen qamtıladı degen sóz. Sonıń ushın da  bul boyınsha tákirarlawlarımız biologiyalıq penen sociallıqtıń arasındaǵı óz ara baylanıstıń  specifikalıq ózgesheliklerin ashıwǵa baǵdarlanıwı tiyis.

# 11-TEMA. QÁDIRIYATLAR FILOSOFIYASÍ (AKSIOLOGIYA)

## Joba:

1. «Qádiriyattanıw», «aksiologiya», «qádiriyatlar filosofiyası», «qádiriyatlar teoriyası», atamaları, olardıń mánis, mazmunı hám parıqları.
2. Qádiriyatlardı úyreniwshi ilim tarawınıń burıńgı awqamdaǵı táǵdiri.
3. Jámiyetimiz rawajlanıwınıń házirgi dáwirinde qádiriyattanıw hám qádiriyatlarǵa múnásibettiń túpten ózgergenligi.

Búgininde paydadan góre insaniyat qádirdi, qunnan góre qádiriyattı ústinlikke qoymaqta. Payda, payda dep adamzat jerde biraz qıyınshılıqlarǵa tap boldı, bolıp atır. Olar ekologiyalıq apatshılıqlar, urıs qáwipi, mánawiy krizisler h.t.b. Endilikte adamzat kosmos, álem, tábiyat hám adamzat násilin birligin saqlap qalıw ushın qádir hám qádiriyattıń zárúr ekenligin júdá sezbekte. Qádiriyatlar filosofiyasınıń tariyxı, durıs, uzaqtan aylanadı, biraq bul tuwralı ilim – aksiologiya ótken ásirdiń ortalarında qáliplesti. Ótken ásirdiń ekinshi yarımında nemec aksiologı E. Gartman hám francuz alımı P. Lani tárepinen kiritilgen. Aksiologiyanı qádiriyatlar tuwralı pán yaki tuwrıdan-tuwrı qádiriyattanıw dep ataw múmkin bolǵanınday qádiriyat túsinigi de qádiriyattanıw ataması ushın usınday roldı atqaradı. Batısta bul atama «oxio» (qádiriyat) hám «logos» (pán, táliymat) túsiniklerine tiykarlanadı.Hárqanday pándi ilimiy bilimlerdiń tiykarǵı bólegi sıpatında qaraw usı pánge temalar, funkciyalar, túsinikler, nızamlar, kategoriyalar barlıǵın da zárúrlikke aylandırdı. Aksiologiyanı sociallıq-filosofiyalıq bilimlerdiń arnawlı tarawı sıpatında qaraw da bunnan awlaq emes. Qádiriyattanıw aksiologiyalıq sana, qádirlew tuyǵısı, aksiologiyalıq biliw, qádiriyatlıq jantasıw hám basqalar tiykarında toplanǵan qádiriyatlar tuwralı bilimler sisteması. Durıs, bul bilimler

házirge deyin biziń mámleketimizde, tolıq pán dárejesine jetken ilimiy sistema sıpatında, anıq túrde bayan qılınbaǵan, olar tiykarında ayrıqsha, arnawlı qollanba yaki sabaqlıqlar joq. Biraq, bul máseleniń mánisin ózgertpeydi. Qala berse, «Mádeniyattanıw», « Siyasattanıw» kibi bilim tarawlarınıń arnawlı ilimler sıpatında kóriniwi hám olardıń mámleketimizdegi jámiyetlik pánler sistemasında óz ornına iye bolǵanına da kóp bolǵanı joq. Házir aksiologiya kópshilikke júdá tanıs bolıp qaldı. Alımlar hám qánigeler arasında qádiriyatlar tuwralı bilimlerge baylanıslı túrli qatnas bar: «aksiologiya», «qádiriyattanıw», «qádiriyatlar filosofiyası», «qádiriyatlar teoriyası» dep atala beredi. Mısalı «aksiologiya» hám «qádiriyattanıw» pán sıpatında bilimler sistemasın sáwlelendiredi, «qádiriyatlar filosofiyası» bolsa, qádir hám qádiriyatlar menen baylanıslı filosofiyalıq jónelisti ańlatadı, biraq bunda ayrıqsha pán tarawı tuwralı gáp bolmaydı.

«Qádiriyatlar teoriyası» kóbirek Burıńgı awqam túrinde isletildi. Aksiologiya kishi teoriya sıpatında, kóbirek burjuaziyalıq pán sıpatında sınǵa alınatuǵın edi. Aksiologiyalıq jámiyetimiz qádiriyatların qayta bahalaw procesi baratırǵan házirgi dáwirdiń nızamlıqların túsinip alıwdaǵı áhmiyeti tuwralı aytıw zárúrli. Mashqalalardıń analizi uzaq tariyxqa iye. Adamlar áyyemgi zamanlardan aq ózlerin orap turǵan álem, ondaǵı nárse, waqıya hám hádiyseler, adamlar ortasındaǵı múnásibetlerge baha bergen, olardıń qádiri tuwralı pikir júritken Zamanlar ótiwi, jámiyetimiz rawajlanıwı dawamında bul boyınsha mashqalalar kóbeygen, olardı sheshiwdiń áhmiyeti arta bergen. Qádiriyatlar teması birqatar dástúrler tiykarında bolǵan, olardıń oraylıq bólegin tutqan. Kóp ǵana filosoflar, oyshıllar bul temanı shetlep ótpegen. Temanıń filosofiyalıq-tariyxıy analizine baǵdar alǵan Batıs hám Evropa, Rossiya hám burıńgı Awqamnıń regionımızdıń basqa territoriyalarında jasaytuǵın alım hám qánigelerge tiyisli kitap hám broshyuralarda, bul analiz, tiykarınan, Evropa alımlarınıń miyrası hám qádiriyattanıwǵa qosqan úlesi tuwralı boladı. Bunda Sakrat, Platon, Aristotel, Geraklit, Demokrit, J.J.Russo, A.Sen-Simon, Sh.Fure, R.Ouen, I.Kant, M.SHeler, N. Gartman, V.Vindelband, G.Rikkerid,

Ujeims, J.Dyuk, N.Berdyaev, P.Sorokin, E.Dyurkgeym, T.Parsons hám basqalardıń atları tilge alınadı. Olardıń ilimdegi ornı, shıǵarmalarınıń áhmiyeti úlken, «sofizm», «platonizm», «kantshılıq», «pragmatizm», «pozitivizm», «industriallıq jámiyet», «postindustriallıq jámiyet» sıyaqlı aǵım hám táliymatlar sol alımlardıń, filosoflardıń atları menen baylanıslı. Durıs, joqarıda atı keltirilgen alımlardıń qádiriyattanıwǵa qosqan úlesi hár qıylı, bul salada áhmiyetke iye hám bul olardıń zamanagóy aksiologiya ushın bioraglaw tárepinde emespiz. Sonda qádiriyatlar teması eski hám nawqıran Shıǵıs, onıń strukturalıq bólegi bolǵan Oralıq Aziya hám Ózbekstan oyshılları hám alımları ushın da tanıs emes!!! Qádiriyattanıwdıń tariyxınıń eń tereń tárepleriin tek Batıstan emes, bálkim Shıǵıstan qıdırıw da kóp payda tiygizedi. Xorezmiy, Farabiy, Beruniy, Ibn Sina, Najmiddin Kubro, al Buxariy, at-Termiziy, Yassawiy, Jamiy, Nawayı, Mashrab, Bedil, Maqtımqulı, Berdaq, Ájiniyaz, Abay, Behbudiy, A.Avloniy sıyaqlı oyshıllar hám alımlardıń dóretiwshiliginde de bul máseleniń izleri bar. Gáp sol izlerdi tabıwda, zaman reallıqları kózqarasınan analiz etiwde bolıp tabıladı. Bul boyınsha máseleni «aziyakantrizm» tárizde emes, al bálkim áwlad hám ata-babalarımız jaratqan qádiriyatlar tariyxın jáhán mádeniyatınıń strukturalıq, quram bólegi civilizaciyalıq mádeniyatınıń ajıralmas bólegi sıpatında úyreniwge háreket etiw. Bul boyınsha qádiriyatlar mashqalasın analiz etkenimizde gáp ózimizde taralǵan áyyemgi ańızlar, ráwiyatlar, ápsana, hikaya, dástanlar, xalıq awızeki ádebiyatına barıp tireledi. Xalıq awızeki ádebiyatındaǵı ulıwmainsanıylıq qádiriyatlarǵa analiz kóbirek dıqqat bólinedi. Spitamen, Alpamıs, Tumaris, Shıraq tuwralı dástanlarda watanpárwarlıq, xalıq hám jurt azatlıǵı jolında pidáyılıq ruwxı kórkem dárejede sáwlelengen «Bul dástanlardı áyyemgi Greciyalıq «Iliada» hám «Odisseya» dástanları menen teńlestiriw múmkin». Áyyemgi adamlar bolmıs tuwralı oylaǵanında ápsana, hikaya yaki dástanlar dóretkeninde adamnıń qádiri, onıń sheksizligi, kosmos hám adamzat baylanısları, insan ómiriniń mánisi, mazmunı, maqseti, batırlıq, aqıllılıq, miyirmanlıq, jaqsılıq, opadarlıq, watanpárwarlıq sıyaqlı qádiriyatlarǵa dıqqat bólgen, hátte olardıń geybirewlerin ilahiylastırǵan. Qádiriyatlar

teması dúnyaqaraslar hám olardıń eń áyyemgi formalarında hám óz sáwleleniwin tapqan, hárbir din ózine táń ilahiy qádiriyatlar sistemasına iye. Olar bir-birinen áne sol dinlerdiń tiykarǵı kitapları Quran, Injil, Vega, Upanishad hám basqalar bul jáhán qádiriyatlar sistemaları óz sáwleleniwin tapqan. Dinlerdiń tariyxıy formaları turaqlasıp barǵanı siyaqlı, olardaǵı qádiriyatlar sisteması da jańa qırlarda kórinislerge iye bolıp bara bergen. Ata-babalarımızdıń áyyemgi kitabı Avesto diniy-filosofiyalıq miyrasımızdıń eń jarqın úlgisi, áyyemgi xalıqlarımızdıń ulıwmainsaniy qádiriyatları jaratılǵan shıǵarma. Avesto zardushtiyliktiń muqaddes kitabı bolǵanlıǵı sebepli, onda bul dinniń qádiriyatlar sisteması óz sáwleleniwine iye. Sonıń menen birge kitapta ulıwmainsaniy qádiriyatlarǵa, olardıń insan mánawiyatı hám ámeliy iskerligi ushın áhmiyetine úlken orın berilgen. Shıǵarmada? jaqsılıq, jaqtılıq kúshleri, sanalı pikirlew, insaniylıq siyaqlı sezimler Axuramazda obrazı arqalı beriledi. Kitap avtorlarınan biri Zaratushtra (Zardusht) pikirinshe, adamlar jaqsılıq, jaqtılıq kúshlerine erisiwi, jaqsılıqtı jaqsılıqtan, ádalattı haqsızlıqtan parıqlap alıwı, ómir boyı Axuramazda tárepinde bolıwı lazım. Insannıń bul procestegi qádiri bolatuǵın bolsa jaqsılıqtıń jeńisi ushın gúreste biyparıq bolmawında, jasaw obrazında, mánawiy obrazında, sociallıq iskerliginde óz sáwleleniwin tabadı.

## 12-TEMA: MORAL FILOSOFIYASÍ (ETIKA)

1. Etika moral filosofiyası.
2. Etikanıń ilimler sistemasındaǵı ornı.
3. Etika pániniń wazıypaları hám áhmiyeti.

Etika filosofiyalıq ilimlerdiń biri bolıp ol birneshe mıń jıllıq tariyxqa iye. Ol áyyemgi dáwirlerden baslap-aq arab Shıǵısı ellerinde “Ilmi ravish”, “Ilmi axloq”, “Axloq ilmi”, “Ádepnama” degen atamalarda ádep-ikramlılıq haqqındaǵı táliymattı bildirgen. Al, kópshilik Batıs ellerinde bolsa, “Etika” degen atamada bolıp, onı eń dáslep ilimge

kirgizgen áyyemgi grek filosofı Aristotel bolıp esaplanadı. Aristotel ilimlerdi klassifikaciyalawda olardı úsh toparǵa bóledi: teoriyalıq, ámeliy hám dóretiwshilik. Birinshi toparǵa ol filosofiya, matematika hám fizikanı, ekinshi toparǵa bolsa etika hám siyasattı, úshinshi toparǵa kórkem óner hám ónermentshilikke tán bolǵan ámeliy ilimlerdi kirgizedi. (Qarańız: Axloqshunoslik. T.,2000 3-bet) Etika termini shıǵısı boyınsha áyyemgi grek sózi ethos sózi bolıp, ol dáslep adamnıń jasaytuǵın ornı, mákanın bildiretuǵın bolǵan, sońın ala bul termin úrp-ádet, yosh, xarakter degen mánislerge iye bolǵan. Áyyemgi grek oyshılı Aristotel (b.e.sh. 384-322 j) ethos sóziniń xarakter, yosh mánislerine tiykarlanıp ethicos (etikalıq) terminin qollanıp ol onıń menen adamlardıń ayrıqsha adamgershilikli qásiyetler klasın xarakterleydi, al sońın ala bul terminnen ethika (etika) sózi payda bolıp ol arqalı adamgershilik, ádep-ikramlılıq haqqındaǵı ilimge atama beriledi. Solay etip, etika ilimi b.e.sh. IV ásirde ádep-ikramlılıq haqqındaǵı táliymat sıpatında óz atamasına iye boldı.

Etikanıń tiykarǵı izertlew obyekti moral bolıp esaplanadı, yaǵnıy moraldiń kelip shıǵıwı, mánis-mazmunın, jámiyettegi adamgershilikli qatnasıqlardı uyrenedi. Moral terminin (moralis) ilimiy aynalısqa birinshi mártebe áyyemgi rim oyshılı Ciceron tárepinen b.e.sh. IV ásirde kirgizilip, ol dástúr, minez-qulıq, minez degen tusiniklerdi ańlatadı. Moral termini arab tilinde “Axloq” yaǵnıy minez-qulıq degen túsinikke sáykes keledi. “Axloq” sózi eki turli mazmunǵa iye bolıp, ulıwma tusinik sıpatında pánniń izertlew obyektin ańlatsa, konkret túsinik sıpatında adamnıń minez-qulqı, xarakteri, is-háreketin óz ishine qamtıytuǵın ádep-ikramlılıq haqqındaǵı túsinikler sistemasınan ibarat. Ádep-ikramlılıqtı ulıwma túsinik sıpatında alıp, onı sheńber formasında kórsetetuǵın bolsaq onda bul sheńberdiń eń kishkene bólegin ádeplilik, onnan ulkenirek bólimin minez-qulıq, eń úlken bólegin moral iyeleydi. Hárbir ilim ózinshe bir pán. Onı anıqlaw - sol ilimniń ózine tán ózgesheligin, xızmet kórsetiw shegi menen maqsetin anıqlaw degendi ańlatadı. Etika kursınıń tiykarǵı maqseti bul adamnıń jámiyetke hám basqa adamlarǵa

baylanıslı minnetin belgileytuǵın normalar sistemasın, adamnıń ádep-ikramlılıq, minez-qulıq rejelerin uyreniw, tusindiriwlerden ibarat. Etika páni sonday-aq hár qıylı jámiyetlik qatnasıqlar sistemasında moraldıń ornın anıqlaydı, onıń tábiyatın hám ishki dúzilisin analizleydi, ádep-ikramlılıqtıń tarixıy rawajlanıwın, kelip shıǵıwın úyrenedi, onıń anaw yamasa mınaw jámiyetlik sistemaǵa sáykesleniwin teoriyalıq jaqtan tiykarlap beredi. Etika moral haqqındaǵı bir putin, hár tárepleme ilimiy teoriya bolıp, ol óz predmetin sociallıq qatnasıqlar menen baylanıstıradı, tek ǵana moraldıń payda bolıwı hám tariyxıy rawajlanıw nızamların, onıń funkciyaların anıqlaw menen sheklenip qoymay, ol moraldıń sociallıq mazmunı, adamlardıń júris-turısın, minez- qulqın tártipke salıw nızamların jáne de ol arqalı sociallıq mazmunın uyreniw menen shuǵıllanadı.

Ádep-ikramlılıq degenimiz tek ǵana qanday da bir belgili minez, úrp-ádetler, adamlar arasındaǵı sociallıq qatnasıq forması emes, al onnan da basqa minez-qulıqtıń anıq aytılǵan pikirleri, oǵan oy juwırtıw bolıp esaplanatuǵın tereń filosofiyalıq mazmunǵa iye túsinik esaplanadı. Dáslepki dáwirlerde etika filosofiyanıń bir quram bólegi, hátteki onıń ózegi bolıp esaplanıp kelgen. Filosoflar dunyaǵa kózqaras mashqalalarına juwap beriw barısında jámiyette adam qalay jasawı kerek, onıń jámiyetlik wazıypası nelerden ibarat, minez-qulıq normaları qanday bolıwı kerek hám basqa da usı sıyaqlı sorawlarǵa juwap tabıwǵa, yaǵnıy adam túsiniginiń eń zárúr máselelerin sheshiwge umtılıp kelgen. Etikanıń filosofiyalıq bilimler sistemasında kelip shıǵıwına kelsek, etika filosofiyanıń áyyemgi bir tarmaqlarınan esaplanıp ol antikalıq dáwirde payda bolǵan. Bul dáwirde filosofiya eki tarawdan:

1. praktikalıq (etika, pedagogika) h.t.b.
2. teoriyalıq (tábiyattı úyreniw máseleleri) tarawlarınan turadı dep esaplanǵan.

Onıń bul dáwirde payda bolıwı materiallıq óndiristen ruwxıy óndiristiń bólekleniwi hám moraldıń jámiyetlik sana formasında ajıralıw procesi menen tikkeley baylanıslı. Filosofiyalıq oy-pikirler tariyxına

názer taslasaq, onda etikanıń filosofiyanıń salıstırmalı ayrıqsha bir tarawına aylanıp qalmaǵanlıǵına iseniwge boladı. Etikanıń erkin bir tarawǵa aylanıwı konkret pánlerdiń filosofiya ishinen ajıralıp shıǵıwına qaraǵanda basqasha ózgeshelikke iye. Anıq pánler filosofiyadan ajıralıp shıǵıp óziniń erkin rawajlanıw huqıqına iye boldı. Etikanıń moral hám ádep-ikramlılıq haqqındaǵı táliymat sıpatında erkin tarawǵa aylanıwı menen de onıń filosofiyalıq mánisi joytılıp ketpedi. Etika áyyemgi ilimlerdiń biri bolǵanlıǵı ushın ǵana emes, al birinshi náwbette filosofiyalıq mashqalalardı bul ilimnen (pánnen) ajıratıw múmkin bolmaǵanlıǵı sebepli ol filosofiya menen de, dúnyaǵa kózqaras menen de metodologiyalıq tiykardaǵı tereń baylanısqa hám birdey dereklerge hám kózqaraslıq principlerge de súyengen halda bolıp qala beredi. Etika páni óziniń aldına qoyǵan tiykarǵı máselelerdi sheshiwde filosofiyanıń baslı máselesi oylawdıń bolmıs penen óz ara qatnası haqqındaǵı máselege berilgen juwaplarǵa tiykarlanadı hám sociallıq turmıs, morallıq sananıń óz ara qatnası haqqındaǵı máselelerde etika mudamı filosofiyalıq pán bolıp qaladı. Etika filosofiya menen birge ol bir jaǵınan erkin pán bolıp esaplanadı, sebebi onıń bir qansha metodları tiykarınan alǵanda filosofiyadan alınbay, etikanı ózine tán predmeti hám onıń basqa da pánlerdiń metodlarına súyeniwi menen belgilenedi. Idealistlik etika dúnyadaǵı etikalıq baylıqlar absolyut ruwxtıń yamasa jeke subyektivliliktiń tuwındısı, al moraldıń rawajlanıwı bolsa absolyut ideyalıq rawajlanıw basqıshlarınıń nátiyjesi dep qaraydı. Materializm bolsa dúnyanıń etikalıq baylıqlarınıń obyektivligin tastıyıqlaydı hám onı materiallıq (tábiyiy hám jámiyetlik) derekler menen baylanıstıradı. Etikanıń ilim sıpatında qáliplesiwi álbette áyyemgi grek filosofı Aristoteldiń filosofiyalıq táliymatı menen baylanıslı. Ol ózine shekemgi dáwirlerdegi etikalıq, ádep-ikramlıq pikirlerdi jámlestirip olardı sistemalastırǵan. Aristotel óz shıǵarmalarında qanday da bir máńgi normalar haqqındaǵı pikirlerdi biykarlap, morallıq túsiniklerdi analizlep, olardaǵı ulıwmalıq mazmundı tabıwǵa háreket etedi, etika túsinikleriniń ilimiy klassifikaciyasın islep shıǵadı, olardıń mánilik shegaraların

anıqlaydı. Etikanıń tiykarǵı teoriyalıq hám ámeliy mashqalaların izbe-izlik penen dálillep beredi.

Aristotel etikanı moraldı úyrenetuǵın ámeliyat pán, jámiyet haqqındaǵı pánlerdiń bir túri dep qaraydı. Ol moraldıń jámiyet ómirinde úlken áhmiyetke iye ekenligin moyınlaydı Etika basqa jámiyetlik pánler sıyaqlı óziniń bay túsiniklerine iye bolıp ulıwma etika teoriyası, tariyxıy etika, normativ-aksiologiyalıq etika, professionallıq etika, morallıq tárbiyanıń etikalıq tárbiyası siyaqlı bólimlerge bólinedi. Ulıwma etika teoriyası metodologiyalıq mashqalalardı sheshiw menen shuǵıllanadı. Moraldıń tábiyatı, mazmunı, specifikası, onıń quram elementleri hám bul elementlerdiń óz ara baylanısı kórsetiledi, morallıq rawajlanıw ózgeshelikleri, moral rawajlanıwındaǵı jámiyetlik-klaslıq ózgesheliklerin onıń házirgi jaǵdayı hám rawajlanıw tendenciyaların úyrenedi. Tariyxıy etika moraldıń tariyxıy formaların, onıń tariyxıy rawajlanıw nızamların hám klaslıq jámiyettegi moraldıń klaslıq xarakterleniwin, morallıq teoriyalardıń tariyxıy rawajlanıwın hám olardıń tariyxtaǵı tutqan ornın analiz etedi. Normativ-aksiologiyalıq etika konkret moral normaların, morallıq sananıń tiykarǵı principleri sıpatında qarap, olardıń áhmiyetliligin kórsetip morallıq bahalılıqlardı úyreniw hám tiykarlaw menen qızıǵadı. Progressiv adamzattıń ádep-ikramlılıq miynetleriniń ishindegi professionallıq etikanıń talapları úlken bahalılıqqa iye. Professionallıq etika eń aldı menen adamnıń óziniń kásiplik wazıypasına qatnasın belgileytuǵın morallıq normalardıń jıyındısı. Ádette jámiyettiń rawajlanıw barısında hár qıylı kásiptiń adamları bir-birine teń bolmaǵan praktikalıq konkret-sociallıq jaǵdaylarda ayırımlarında miynettiń obyekti joq, ayırımlarında bar, biraq hár qıylı dárejedegi qatnasta miynet etedi.. (Máselen, shıpakerler-nawqaslar, oqıtıwshılar menen oqıwshılar, kórkem óner xızmetkerleri hám tıńlawshılar). Sonıń menen birqatarda belgili bir kásiptiń ózinde de miynetke baylanıslı kásiplesler arasındaǵı qatnas, birdey mazmunǵa iye bolıwıda múmkin. Bul jaǵdayda iskerliktiń professionallıq sferası individlerdiń ádep-ikramlılıq psixologiyasınıń belgili bir dárejede modifikaciyalanıwına (hár qıylı ózgeriwsheńligine) alıp keledi.

Jámiyettiń tariyxıy rawajlanıw barısında etikada ádep-ikramlılıq normaların sáwlelendiriwshi tiykarǵı túsinikler sisteması yaǵnıy kategoriyalar qáliplesti. Bul tiykarǵı kategoriyalar qatarına jaqsılıq hám jamanlıq, minnet, hújdan, ar-namıs hám qádir-qımbat, baxıt, ómirdiń mazmunı uqsaǵan kategoriyalar kiredi.

Etika kategoriyaları bul– belgili bir jámiyettegi ádep-ikramlılıq qatnasıqlarınıń specifikası haqqında bir tutas kózqaras payda etiwshi morallıq sananıń eń ulıwmalıq hám negizgi túsinikleri bolıp esaplanadı. Morallıq sananıń hám etikanıń kategoriyalarınıń xarakterli ózgesheligi: bul olardıń sáwlelendiriwshilik funkciyası, konkret-tariyxıy mazmunı, bahalawshılıǵı, normativligi, racionallıqtıń hám emocionallıq-psixologiyalıqtıń birligi, olarda qarama-qarsı polyarlı baslamalardıń sáwleleniwi (jaqsılıq hám jamanlıqtıń, baxıt hám baxıtsızlıq, ádalat hám ádalatsızlıq h.t.b.) bolıp tabıladı.

Jaqsılıq hám jamanlıq morallıq sananıń tiykarǵı túsiniklerinen esaplanadı. Usı túsinikler arqalı adamnıń is-háreketleri, onıń barlıq iskerligi bahalanadı. Bul túsinikler morallıq sana tárepinen erteden-aq islenip shıǵılǵan. Etikanıń tariyxı sonı kórsetedi, adamlardıń jaqsılıq hám jamanlıq haqqındaǵı pikirleri jámiyettiń rawajlanıwınıń konkret tariyxıy jaǵdaylarınan hám anaw yamasa mınaw etikalıq teoriyanıń qanday klaslıq máplerdi bildirgenliginen ǵárezli túrde ózgerip otıradı.

Jaqsılıq-bul adamlar arasındaǵı qatnasıqlarda adamgershiliktiń ósiwine, jámiyetlik progresske járdem etiwshi ayırım adamlardıń yamasa sociallıq toparlardıń háreketleri, olardıń háreketleriniń normaları, motivleri, maqseti, ádep-ikramlılıq qásiyetleri bolıp tabıladı. Jaqsılıq bul kewildiń, aydınlıǵın júrektiń tazalıǵın kórsetiwshi insaniy páziylet. Jaqsılıq isenim, mehr-aqıbet sıyaqlı ádep-ikramlılıq sıpatları menen ajıralmas baylanısqa iye. Jaqsı pikirler, jaqsı sezimler, jaqsı isler adamnıń kewlin tawday kóterip, kewline quwanısh baǵıshlaydı.

Jaqsılıq shın mánisinde insanıylıq bolıp, ol xalqımızdıń insanpárwarlıq kóz-qarasların, quwanıshların sáwlelendiredi. Ata-babalarımız óz turmısında barlıq waqıtta jaqsı niyet penen, arzıw-úmitler qanatında jasap kelgen hám olar ózleriniń jaqsı isleri, islegen jaqsılıqları

arqalı dúnyaǵa dańq taratqan. Saxıpqıran Ámir Temur, Alisher Nawayı, Mırza Babur sıyaqlı mámleketlik isker hám oyshıllar ózleri jasaǵan dáwirde hámme waqıtta adamlarǵa jaqsılıq etiw maqsetinde jasaǵan. Óz dáwirinde Ámir Temur «Jaqsılarǵa jaqsılıq qıldım, jamanlardı bolsa óz jamanlıǵına tapsırdım. Kim maǵan doslıq qılǵan bolsa, doslıq qádirin umıtpadım hám oǵan miriwbet, húrmet-izzet kórsettim» - degen edi.

Morallıq jamanlıq bul adamlar arasındaǵı qatnasıqlarda adamgershilik qásiyetlerdiń ósiwine hám jámiyetlik progresske qarama-qarsı keliwshi is-háreketler, normalar hám ideallar jıyındısı bolıp tabıladı.

Adamnıń minez-qulqında minnet hám húјdan belgili bir moral normaları hám ádep-ikramlılıq principleri boyınsha háreket etiwdiń ishki talabı sıpatında xızmet atqaradı. Jeke adamnıń jámiyetke sociallıq qatlamǵa, jámáátke, basqa adamǵa hám ózine bolǵan qatnastaǵı morallıq wazıypaları minnet seziminde bekkemlenedi.

Morallıq sananıń bul elementleriniń specifikalıq funkciyası sonnan ibarat, olar jámiyetlik wazıypalardı minnetlerdi adamnıń óz qálewine, erkine aylandıradı. Óziniń tábiyatı boyınsha morallıq sananıń bul túsinikleri tariyxıy rawajlanıwdıń ónimi bolıp tabıladı. Tariyxıy jaqtan individuallıq morallıq sananıń túri sıpatında birinshi gezekte húјdan payda bolıwı itimal. Ol adamnıń óziniń is-háreketiniń ádep-ikramlılıq mánisin seziw hám biliw uqıplılıǵı, adamnıń ózine huqıq shıǵarıwshı ishki sudya retinde qaralınadı. Minnet ádep-ikramlılıq sananıń qubılısı retinde jeke adamnıń ádep-ikramlılıq juwapkershiliginiń kúsheyiwi hám morallıq erkinliktiń ósiwi menen birge keyinirek payda boldı. Óziniń negizi boyınsha minnet hám húјdan túsinikleri adamlardıń jámiyetlik turmıs jaǵdaylarınıń sáwleleniwi bolıp esaplanadı, sonıń ushın olardıń mazmunı dáwirden-dáwirge, áwladtan-áwladqa berilip baradı.

Minnet hám húјdan kóplegen ulıwmalıq qásiyetlerge iye. Ózleriniń mazmunı boyınsha adamnıń is-háreketlerin morallıq tártiplestiriwde uqsas funkciyalardı atqaradı.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında puqaralardıń minnetlerine úlken itibar berilgen. Onıń 11-babında barlıq puqaralardıń Konstituciyada belgilep qoyılǵan minnetlerdi orınlawǵa, nızamlarǵa

boysınıwǵa, basqa adamlardıń huqıqları, erkinliklerin húrmet qılıwǵa, Ózbekstan xalqınıń tariyxıy, mádeniy hám ruwxıy miyrasın abaylap-saqlawǵa, qorshaǵan ortalıqqa jaqsı múnásibette bolıwǵa, nızam menen belgilengen salıqlar hám jergilikli jıyımlardı tólewge májbúr hám Ózbekstan Respublikasın qorǵaw Ózbekstan Respublikası hárbir puqarasınıń minneti dep tastıyıqlanadı.

Konstituciyada kórsetilgenindey áskeriy xızmetti ótew hárbir jigittiń ádiwli minneti esaplanadı. Óz minnetine sadıqlıq hárbir adamnıń ádep-ikramlılıǵın belgileydi. Óz sóziniń ustinen shıqpaǵan, óz minnetin atqarmaǵan adamlar xalıq arasında da abırayǵa iye bolmaydı. Minnet óz-ózinen qáliplespeydi, ol tárbiya procesinde rawajlanıp baradı. Minnetti tárbiyalaw procesinde adamnıń óz-ózine talapshańlıǵı rawajlanadı. Nátiyjede hárbir adam óz isine, bilimine, kúsh-quwatına isenim payda boladı . Minnet hám hújdandı pák tutıw, óz qádir-qımbatın saqlay biliw hárbir jas yamasa kekse adamnıń abırayın arttıradı. Úlken jastaǵı adamlardı húrmetlew - bul biziń minnetimiz esaplanadı.

Hújdan bul jeke adamnıń jámiyet aldındaǵı minneti hám juwapkershiligin subyektiv túsinip jetiwi.

Hújdan da basqa bazı bir morallıq kategoriyalar sıyaqlı bahalaw belgisine iye. Biraq, bul bahalaw heshqashan obyektke qaratılmaǵan, ol subyekttiń is-háreketlerin bahalaydı, yaǵnıy onda subyekt ózi ushın ishki obyekt wazıypasın óteydi. Kópshilik jaǵdayda hújdan túsiniginiń ornında iyman túsinigin ushıratıw múmkin. Iyman tiykarında diniy túsinik. Lekin kúndelikli turmısta hújdan túsiniginiń sinonimi retinde qollanıladı. Máselen, kimdidur birewdi «iymanlı adam» degende, onıń musılmanlıqqa iyman keltirgen-keltirmegeni haqqında oylap otırmaydı, bunıń ústine ol adam musılman emes, xristian bolıwı da múmkin. Bul jerde gáp ol adamnıń dindarlıǵı haqqında emes, al onıń hadal, hújdanlı, haqıyqatshıl ekenligi haqqında ketip atır. Usı mániste hújdan menen iymandı bir-birine jaqın túsinikler dep qabıl etiwimizge boladı.

Tilekke qarsı ayırım ádebiyatlarda hújdan kategoriyası túsinigine «subyektiv» qubılıs sıpatında qarap ádalat, minnet, namıs sıyaqlı

túsiniklerdi oǵan qaraǵanda sociallıq jaǵınan áhmiyetlirek dep bahalaw, olardı «joqarıǵa shıǵarıw» halatları da ushıraydı. Óz-ózinen kórinip turǵanınday hújdansız adamnan heshqashan ádalattı da, minnetke sadıqlıqtı da, ar-namıstı da kútiw múmkin emes. Hújdanlı, ar-namıslı adamlar ǵana haqıyqıy erkin, demokratiyalıq, puqaralıq jámiyetti qura aladı.

Ar-namıs hám qádir-qımbat adamdı tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye bolǵan etikanıń hám morallıq sananıń tiykarǵı kategoriyaları. Mazmunı boyınsha bir-birine jaqın bolǵan bul túsinikler adamnıń óz-ózine qatnasın, jámiyettiń adamǵa qatnasın ashıp kórsetedi, adamnıń ádep-ikramlılıq normaların bildiriw xızmetin atqaradı.

Ar-namıs túsinigi adamnıń hám jámiyettiń abırayında sáwlelenedi. Sonıń ushın da ar-namıs shaxstan jeke adamnıń óziniń yamasa jámááttiń jámiyetlik abırayın kóteriwshi, onı qollap-quwatlawshı minez-qulıq hám is-háreketlerdi talap etedi.

Namıs túsinigi bir tárepten minnet penen baylanıslı bolsa, ekinshi tárepten qádir-qımbat túsinigine de baylanıslı. Namıs óziniń mazmunı boyınsha shaxstıń óz qádir-qımbatınıń jámiyet tárepinen tán alınıwı yamasa tán alınbawı múnásibeti menen belgilenedi. Tiykarında namısqa salıstırǵanda ar túsinigi tar mazmundaǵı (kólemdegi) túsinik. Biz ar-uyatlı adam degende, óz sóziniń ústinen shıǵatuǵın, óziniń ar-uyatın hárqanday nárseden joqarı qoyatuǵın adamdı túsinemiz. Arı joq adam óz atına qarap aytılıp atırǵan sózlerge biypárwa qarap, jumısın islep kete beretuǵın, aytılǵan, aytılmaǵan jerge kirip bara beretuǵın uyatsız adam. Ar-uyatqa qaraǵanda namıstıń «tası awır», ol sociallıq belgige iye. Namıs jolında adam hátteki óz ómirinen de waz keshiwi múmkin, adamlar óz namısı, shańaraq namısı, millet namısı dep gúresedi. Bul haqqında kóplegen kórkem shıǵarmalar da jaratılǵan, tariyxta da kóplegen anıq faktler bar. Miynet, sport sıyaqlı tarawlarda jámáát namısı da úlken áhmiyetke iye, usı jerde namıs abıray túsinigi menen de baylanısıp ketedi. Bulardıń hámmesi insannıń ózin húrmet qılıwı, ózine salıstırǵanda átirapdaǵılardıń húrmet-izzetin joǵaltpaw ushın ózin-ózi qadaǵalaw seziminen kelip shıǵadı.

Qádir-qımbat túsinigi barlıq adamlardıń teńlik principine tiykarlanǵan halında jeke adamnıń morallıq bahalılıǵın bildiredi. Bul túsinik ar-namıs túsinigine qaraǵanda keńirek túsinik, sebebi ol adamnıń qanday funkciyanı atqarıwına, qanday sociallıq rolde bolıwına qaramastan adamǵa insan sıpatında baha beredi.

## 13-TEMA. GÓZZALLIQ FILOSOFIYASÍ (ESTETIKA).

### Joba:

1. Estetika predmeti haqqındaǵı kózqaraslar.
2. Estetikanıń ilimler sistemasındaǵı tutqan ornı.
3. Estetikanıń jámiyetlik turmıstaǵı áhmiyeti

Estetikalıq oy-pikirdiń rawajlanıwınıń tiykarǵı basqıshların adam jámiyetiniń rawajlanıw tariyxınan óndiris kúshleri menen óndiris qatnasıqlarınıń rawajlanıwınan klaslıq gúrestiń barısınan, sonday-aq ulıwma jámiyettiń ruwxıy mádeniyatınıń rawajlanıwınan bólek ayırıp qarawǵa bolmaydı, sebebi estetikalıq pikir adam jámiyeti tariyxınıń tutas rawajlanıwın názerde tutadı.

Estetikalıq oy-pikir qul iyelewshilik jámiyette kelip shıqqanı menen kórkemlik-estetikalıq iskerlik penen estetikalıq sananıń baslamalarınıń payda bolıwı orta paleolittiń aqırına (Muste dáwiri)hám eń aqırǵı paleolitke (Orinyak — biziń eramızǵa shekemgi 40-35 mıń jıllıqlar), Solyutre - b,e.sh. 35-25 mıń jıllıqlar, Madlen — b. e. sh. 25-12 mıń jıllıqlar) qaraǵan oǵada áyyemgi dáwirge tuwra keledi. Mına fakt oǵan mısal bola aladı: Aytayıq, Muste dáwirinde adam tájiriybede quramalı qural jasap, olarǵa reńli belgiler salǵan, olarǵa belgili tártipte ornalasqan oyıqlar islegen. Arxeologlar diywallardaǵı, úńgirlerdiń tóbesindegi jazıwlardı relefler menen domalaq skulpturalardıń payda bolıwın keyingi paleolitke jatqaradı. Áyyemgi xudojnikler oxra boyawınıń járdemi

menen attıń, suwınnıń, ógizdiń, bizonnıń, nosorogtıń, arıslannıń súwretlerin salǵan.

Qola dáwirinde qul iyelewshilik formaciya kelip shıǵadı. Egipette, Qos dáryada, Qıtayda klaslıq mámleketler payda boladı. Usı dáwirde estetikalıq oy-pikirdiń dáslepki baslamaları tuwıladı, olar teoriyalıq rejeler, traktatlar túrinde qatań qáliplespeydi. Egipette qurılıs isiniń qol óneriniń skulpturanıń rawajlanıwı bayqaladı. Áyyemgi egipetliler tek gózzallıq haqqında, gózzallıqtıń jaqsılıq penen baylanısı haqqında ǵana emes, al soǵan sáykes estetikalıq terminler haqqında da túsinikke iye bolǵan.

Shumerlilerdiń (b.e.sh. 4-3-mıń jıllıq) mádeniyatı hádden tıs baylıǵı menen ajıraladı. Ájayıp arxitekturalıq estelikleri, relefleri, kórkem óneri, sóz sheberligi sol dáwirdegi estetikalıq iskerlik hám estetikalıq sananıń joqarı dárejede rawajlanǵanlıǵın kórsetedi.

B.e. sh. 2-mıń jıllıqtıń birinshi yarımında Vavilon mádeniyatı birinshi planǵa shıǵadı. Bul jerde súwretlew óneri ǵana emes[1] kórkem ádebiyat ta rawajlanadı. (Gilgamesh haqqındaǵı dástannıń baslı teması adamnıń ólmewi hám qudaydıń ádalatsız tártiplerine qarsı gúres bolıp tabıladı).

B. e. sh. XII ásirden baslap b. e. II ásirine shekemgi úlken tariyxıy dáwir dawamında jaratılǵan áyyemgi evreylerdiń til sheberliginiń ájayıp esteligi «Bibliya». («Táwrat») úlken qızıǵıwshılıq tuwdıradı. bul jerde gáp Tozıǵı jetken wásiyat dep atalatuǵın kitap haqqında bolıp otır). gózzallıq haqqındaǵı túsinik diniy-mifologiyalıq formada kórinedi.

Orta Aziya adam jasaytuǵın en áyyemgi orınlardıń biri, adamzat mádeniyatınıń eń áyyemgi oraylarınıń biri bolıp tabıladı. Parfiya, Margiana, Xorezm, Sogd Baktriya, Chach, Ferǵana sıyaqlı áyyemgi mámleketlerdiń esteliklerin eske túsiriwge boladı. Bul jerlerde biziń eramızdıń 1-mıń jıllıǵına shekem qurǵan qurılısları, saraylar, xramlar boy tiklegen. Tashkent, Samarqand, Buxaranıń muzeylerinen ájayıp terrakot figuralardı, hayran qalarlıq ıdıslardı, qımbat bahalı tabaqlar

menen keselerdi, adamlardıń súwretleri sáwlelengen teńgelerdi hám áyyemgi sheberlerdiń epli qolları menen islengen kóplegen basqa da zatlardı kóriwge boladı.

Qaraqalpaq xalqı — eń áyyemgi xalıqlardıń biri, Orta Aziyanıń eń bay mádeniy miyrasların dóretiwshilerdiń biri. Qaraqalpaqstannıń belgili arxeologları V.Sh.Egolinnik, M. Mámbetmuratovtıń, E. Biyjanovtıń, N. Yusupovtıń, G. Xojaniyazovtıń, M. Tórebekovtıń, M.Qıdırniyazov hám basqalardıń kóp kúsh salıwları nátiyjesinde Araldıń qubla jaǵalawınıń turǵınlarınıń ózine tán bolǵan mádeniyatı bizlerge málim boldı.

Biraq mına nárseni aytıwǵa turarlıq, yaǵnıy estetikalıq kózqarastan qaraǵanda Qaraqalpaqstandaǵı Áyyemgilik ele izertlenbegen.

Sonlıqtan júdá erte dáwirde Qaraqalpaqstandaǵı estetikanıń rawajlanıwı haqqında gáp etkenimizde Dóretiwshiliktiń rawajlanıw nızamlılıqlarınıń konkret kórinislerin túsindiriw, biymálim xudojniklerdiń haqıyqatlıqqa kózqarasın anıqlaw menen ǵana shekleniwimizge tuwra keledi. Bul payıtlar xalıqtıń, turmısında áyyemgi kórkem ónerdiń rolin belgili dárejede ashıp beredi, estetikalıq kanonlardıń, principlerdiń haqıyqatlıqtı kórkemlik jaqtan ózlestiriw procesinde estetikalıq kózqaraslardıń da qáliplesiw hám rawajlanıw basqıshlarınıń ashılıwlarına járdem etedi.

Bul máselelerdi túsindiriwge járdem etetuǵın tiykarǵı faktorlardıń biri arxeologiyalıq oljalar menen materiallıq mádeniyat estelikleri bolıp tabıladı.

Áyyemgi jámiyetlik dúzim dáwirinde jasalǵan miynet quralları, mádeniy yamasa turmıs mútájlikleri ushın ılaydan jasalǵan ıdıslar Qubla Aral jaǵalawın jaylaǵan xalıqlardıń arasında kórkem ónerdiń rawajlanıw dárejesin bahalawǵa tiykar beredi.

Qubla Aral jaǵalawın mákan etiwshilerdiń estetikalıq sezimleri, estetikalıq talǵamlarınıń kórinisleri haqqında hár qıylı naǵıslar maǵlıwmat beredi. Miynet qurallarına, ıdıslarǵa soǵılǵan Janbas-4

bándirgisi Aral jaǵalawındaǵı eń áyyemgi estelik bolıp tabıladı (b. e. sh. IV ásir) .[36]

Bándirgide tastan, kvarnitten jasalǵan miynet quralları, súyekten islengen qarıw-jaraqlar, sonday-aq dushshı suw hám teńiz baqanshaqlarınıń qabıǵınan islengen bezeniw zatları tabılǵan. Bándirgiden tabılǵan ıdıslardıń hámmesi derlik ónerlep taslanǵan. Orınlanıw texnikası boyınsha háreketleri hár qıylı. Naǵıslar hár qıylı kólemdegi taraq tárizli shtamp penen ushlı qural (keskish, teskish), ushı topır tayaqshalar menen islengen. Dóńgelek hám úshmúyeshli etip oyıp salınǵan naǵıslar, tútikshe sımatizler, tıshqan iz hám «shırsha» naǵıslar keń qollanılǵan. Cilindr formasındaǵı ıdıslar ushın tolıq hónerlep taslaw xarakterli bolǵan. Sonda ıdıstıń beti tolıǵı menen gorizontal belbewler menen qorshalǵan, bul belbewlerdiń ishki jaǵınıń naǵısları tigine hám kesesine jaylasqan. Kasa hám badıya tárizli ıdıslardıń ernekleri naǵıslanǵan.

Bándirgidegi keramikanı xarakterleytuǵın áhmiyetli belgilerdiń, biri ıdıslardıń diywalların qızıl hám sarı boyaw menen boyaw usılı bolıp tabıladı. Bulardıń hámmesi gózzallıq tarawına jatatuǵını sózsiz. Qoyqırılǵan qala (b.e.sh. 1-mıń jıllıq) tı qazıw waqtında tabılǵan terrakot[37] statuetkalar da haqıyqatlıqtı estetikalıq ózlestiriwden dálalat beredi. Eń eski estelik hayaldıń bası, shaması ol Ónimdarlılıq qudayı Ana quday — Anaxitanıń bası bolsa kerek. Qolına júzim solqımı menen pıshaq uslaǵan er adamnıń jalańash gewdesi Dioniske[38] jaqın táńirdiń simvolı bolsa kerek. Hátte bul denesheler arxeologlardıń shamalawı boyınsha mádeniy áhmiyetke iye hám mádeniy dástúrler menen baylanıslı bolǵan, olar kórkem ónerdiń rawajlanıw dárejesin ańlatadı. Bul dáwirdegi terrakot ushın xarakterli nárse betlerdi, túrlerdi, jıyrıqlardı, islep shıǵılǵan kórkemlew usılların tiplestiriw, ájayıp plastika bolǵan. Dionisti súwretlewde sheber bareleftin[39] ózgeshelikleri menen principlerin júdá jaqsı sezgen. Onıń artqı jaǵı tegis jiyegine qaray qırlanıp jumırlanǵan, jiyekleri bir pishindi payda etkendey, organikalıq túrde

oń tárepiniń plastikasına ótip ketedi. Skulpturanıń bul ózgeshelikleri orınlanıw texnikasınıń ózine baylanıslı: terrakotanıń oń jaǵı qálipke túsirip qoyılǵan da, al artqı jaǵı qural menen qoldan jonıp islengen. Bul qudaylardıń deneleriniń ayırım bóleklerin súwretlewde áyyemgi xudojniklerdiń usınday dállikke erisiwi ushın qanshama dıqqat hám anıqlıq kerek bolǵan. Xudojnik ılaydan qudaylardıń músinin jasap ǵana qoymay, ullı figuralar menen óz muhabbatın da bere bilgen.

Tastaǵı izlerde, sonday-aq Qoyqırılǵan qaladan tabılǵan súwretlerdegi ayaǵı jerge tiymey shawıp baratırǵan suwınlar yamasa jırtqısh atlar talap atırǵan suwınlar qanshelli qaytalanbas sheberlik penen súwretlengen. Xudojnik haywanatlardıń dene bóleklериniń dálligin keltiriw menen bir waqıtta súwretlep otırǵan obyektine óziniń emociyasın, sezimin hám estetikalıq kózqarasın bildirgen. Bunday súwretler olardıń dóretiwshilerinde tábiyattaǵı sáykeslik haqqında túsinik bar ekenliginen derek beredi. Qorshaǵan ortalıqtaǵı zatlarda gózzallıqtı qabıllay biliw uqıbına iye adam ǵana bunday súwretlerdi jarata aladı.

Estetikalıq iskerliktiń (negizin) tiykarın, mánisin, strukturasın hám funkciyasın anıqlaw – estetikanıń baslı mashqalalarınıń biri. Óytkeni onıń tiykarında estetika iliminiń predmetiniń specifikası, kategoriyalarınıń mazmunı, estetikalıq túsinikler óz kórinisin tabadı.

Hárbir is-hárekettiń negizinde estetikalıq baslama jatadı. Al estetikalıq iskerliktiń (basqa da is-hárekettiń) tiykarında bolsa zárúrlilik jatadı. Hárqanday is-hárekettiń mazmunı zárúrliktiń xarakteri (ózgesheligi) menen anıqlanadı. Zárúrliksiz is-hárekettiń konkret forması bolmaydı. Sebebi zárúrlilik (talap) adamdı (miynetke) úndeydi. Sol miynettiń nátiyjesi bolsa, jańa zárúrlilikti talap etedi.

Solay etip, “estetikalıq is-háreket” dep tiykarında estetikalıq baslaması bolǵan hárqanday iskerlikti aytıwǵa boladı.

Adamzat iskerliginiń barlıq formalarınıń ishinde biz onıń biliw iskerligin ayrıqsha atap ótiwimiz kerek, sebebi iskerliktiń barlıq formalarınıń tiykarında zárúrlilik penen birlikte *b i l i w* boladı.

Biliw – bul dóretiwshilik kásip. Adam óziniń estetikalıq dóretiwshilik procesi barısında álemde, tábiyatta, jámiyette bolatuǵın bir nárseni bilip, materiallıq mútájligin qanaatlandırıw menen birge, belgili bir sezilerli, aqılǵa muwapıq, estetikalıq zawıq beretuǵın ózi ushın qanday da bir jańa nárseni ashadı.

Ulıwma, adamzat iskerliginiń túrleri hár qıylı: materiallıq hám ruwxıy, reproduktivlik hám passiv, produktivlik, aktiv yaǵnıy dóretiwshilik (tvorchestvolıq), miynet hám miynetsiz h.t.b.

Biliwdiń dóretiwshilik baslaması onıń dáslepki basqıshı – reproduktivlik, passiv, biliwdiń yadlaw basqıshında, ekinshi aktiv, produktiv basqıshında hám estetikalıq dóretiwshilik darejesinde kórinedi.

Biliwdiń reproduktivlik dárejesi adamda ruwxıy ózgeris payda bolıwına hám onıń aktiv xızmetke ótiwge tayarlaydı, onıń menen birge dóretiwshilik jumıs ushın zárúrli tiykar dúzip beredi.

Estetikalıq iskerlik hárqanday miynettiń yamasa istiń belgili bir tárepi. Ol óziniń materiallıq-ekonomikalıq nátiyjesi menen adamda qanaatlanıwshılıq sezimin oyatıp ǵana qoymaydı. Adam óziniń bar kúshin, uqıbın, bilimin jumsap zatlardıń tábiyiy kórinisin ózgerte alǵanınan, olardıń gózzallıǵın ashıp, basqa da adamlarǵa kórsete alǵanınan úlken estetikalıq qanaatlanıwshılıq aladı.

Sananıń áhmiyetli hám ózgeshe forması bolǵan estetikalıq sana estetikalıq iskerlik penen tıǵız baylanısta boladı.

Estetikalıq sana tek estetikalıq iskerliktiń nátiyjesinde gana qáliplesedi. Ol estetikalıq iskerliktiń aktiv ruwxıy bólegi, azıǵı bolıp esaplanadı.

Estetikalıq sana – tariyxıy jámiyetlik-praktikalıq mútájlikten kelip shıǵıp, shınlıqtıń obrazlı sezimlerde sáwleleniwi.

Estetikalıq sananıń eń ayrıqsha ózgesheligi onıń emocionallıq xarakteri haqıyqatlıqtı sáwlelendiriw waqtında ayrıqsha qabıllawdıń, qarama-qarsılıqtıń quramalı gamması payda boladı, yaǵnıy gózzallıq penen sıqılsızlıq, kóterińki hám pás (nákás), qayǵılı hám kúlki sezimleri. Bul waqıtta estetikalıq sana bizge haqıyqat jańa dúnyanı sáwlelendirgen

sıyaqlı bolıp kórinedi, biraq ol eliwli qatnaslardı kórsetedi, bunda estetikalıq sananıń aytarlıqtay ózgesheligi seziledi.

Estetikalıq sana quramalı quramǵa iye estetikalıq sananıń tiykarǵı komponentleri *estetikalıq zárúrlilik, estetikalıq sezim, estetikalıq qabıllaw, estetikalıq talǵam, estetikalıq ideal, estetikalıq qanaatlanıw (qanaatsızlanıw), estetikalıq bahalaw hám estetikalıq teoriya.*

Estetikalıq sezimler tek adamǵa ǵana tán qásiyet. Ol haqıyqatlıqtı, gózzallıqtı, adamnıń, tábiyattıń, óz qolı menen dóretken buyımlardıń gózzallıǵın qabıl etkennen payda bolatuǵın sezim. Estetikalıq sezimler adamnıń minez-qulqına retlestiriwshi tásirin tiygizedi, sociallıq aktivligin kúsheytedi, ómirin gózzal etedi, onıń etikalıq hám estetikalıq idealınıń qáliplesiwine tásir etedi.

Estetikalıq sananıń formalarınıń arasında *estetikalıq talǵamnıń* ornı ayrıqsha. Talǵamnıń eń qısqasha anıqlamasın nemec filosofı I.Kant bergen: "gózzallıq haqqında pikir bildiriw – talǵam". Kanttıń bul anıqlamasında estetikalıq talǵamnıń estetikanıń basqa kategoriyaları, ásirese gózzallıq kategoriyası menen tıǵız baylanısı ayqın kórinip tur.

## 14-TEMA. GLOBALLASÍW HÁM TURAQLÍ RAWAJLANÍW FILOSOFIYASÍ

### Joba:

1. Globallıq mashqalalar túsinigi.
2. Filosofiyada globallıq mashqalalardı klassifikaciyalaw.
3. Aral ekologiyalıq krizisiniń kelip shıǵıwı hám aqıbetleri.
4. Globallıq mashqalalardıń sheshiliw máselesi.

Búgingi kúnde házirgi zamannıń ǵalabalıq mashqalaları dep atalatuǵın urıs hám paraxatshılıq, ekologiyalıq demografiyalıq, energetikalıq, shiyki zat h. t. b mashqalalar tuwralı esitpegen adam joq desek qáte bolmaydı. Durıs, bul mashqalalar burında bolǵan, biraq, XX ásirde ǵalabalıq (globallıq) xarakterge iye boldı. Basqa

mashqalalardan olardıń ayırmashılıǵı sonda, ǵalabalıq mashqalalar planetalıq masshtabqa iye bolıp atır. Basqasha aytqanda dúnyada bolıp atırǵan qıyın jaǵdaylar: ekologiyalıq krizis, rawajlanıwdaǵı ellerdegi ashlıq, hár túrli ellerdegi urıslar, energetikalıq hám basqa da resurslardıń qurıp joq bolıwǵa keliwi, mádeniyattaǵı krizis, demografiyalıq jarılıwlar h.t.b. endi lokal, jergilikli, milliy mashqalalar bolıwdan qalıp, planetalıq, ǵalabalıq xarakterge iye boldı. Ǵalabalıq mashqalalar bul pútkil adamzattıń mápin óz ishine alıp, onıń keleshegi ushın qáwip tuwǵızatuǵın hám tek jer júzilik birliktiń qatnasıwında óz sheshimin tabatuǵın mashqalalar.

XX ásirge shekem payda bolǵan mashqalalar pútkil planetalıq birliktiń ómir súriwi ushın qáwip tuwǵızǵan joq. Sonıń ushın kóp ǵana alımlardıń pikirinshe bul mashqalalardıń sheshimin tappawı keleshekke qáwip tuwǵızadı. Ǵalabalıq mashqalalar XX ásirdiń azıǵı hám olardıń payda bolıwı tikkeley adamnıń iskerligi menen baylanıslı. Ǵalabalıq mashqalalarınıń payda bolıwınıń sebebi adamnıń iskerligi menen búginliginde jámiyet penen tábiyat tap bolǵan halattıń arasındaǵı qarama-qarsılıqtıń ósip barıwında. Ilim hám texnikanıń rawajlanıwı menen adam jer betinde iyelik qıla beredi. Biraq onıń “xojeyinshiligi» ele onsha jetilmegen. Adam ele óz úyinde Jer planetasında aqılǵa sıyımlı, júdá aqıllı háreket etetuǵın xojeyinge aynala almay atır. Payda dep umtılıwda óziniń ómir súriw jaǵdayın qáwip astına qoyıp atır. Joqarıda aytılǵan sebep mınaday sebeplerge bólinedi: 1. «Jámiyet- tábiyat» sistemasındaǵı qarsılıqlar menen baylanıslı sebepler. 2.Jámiyettiń óz ishindegi sociallıq birlikler (individler, sociallıq toparlar, mámleketler hám mámleketler aralıq strukturalar) arasındaǵı qatnasıqlar. Bul sebeplerdiń mánisi nede

XX ásirge shekem tábiyiy baylıqlardı meńgeriw hám tábiyatqa tásir lokal xarakterge iye boldı. XX ásirde adamzattıń xojalıq iskerligi planetalıq xarakterge iye boldı. Tábiyatqa antropogenlik júkleme kúsheydi. Izine qaytpaytuǵın procesler payda boldı. Bul boyınsha ozon qatlamlarınıń qıyrawı menen tropikalıq toǵaylardıń joq bolıp ketkenligin aytıwı hám jetkilikli. Situaciya, házir sonday, adamzattıń óziniń jasap

qalıwı ayrıqsha másele bolıp qaldı. Jámiyetlik rawajlanıwdıń teńsizligi, kolonializm, sonday-aq jer júzilik baylıqtı bólistiriwdegi sociallıq ádalatsızlıq jarlı hám bay ellerdiń kelip shıǵıwına jaǵday jasadı. Al bul bolsa eller arasındaǵı rawajlanıwdıń úzikligin boldırmaw zárúrligine baǵdarlanǵan jańa globallıq problemanı payda etti. Bul jámiyetlik rawajlanıwdaǵı teńsizlik bir jaǵınan urıslardıń hám deregine aynaldı. Durıs, XX ásirge shekem mámleketler arasındaǵı konfliktler hám olardıń aqıbetleri lokallıq regionallıq xarakterge iye boldı. XX ásir jer júzilik urıslardı payda etti. Házirgi qurallanıwdıń jaǵdayın esapqa alsaq, úshinshi jer júzilik urıstı pútkil adamzattı qurtıw qáwpi payda boladı. Sonıń ushın da xalıqlardıń, mámleketlerdiń jer júzilik birge islesiwi adamzattıń ǵalabalıq mashqalaǵa aynalıp atır. Ǵalabalıq mashqalanı sheshiwde adamzattıń birligi, jer júzilik birlik dárejesinde integraciyanıń ósiwi, óz ara túsiniwdiń kúsheyiwi h.t.b. zárúrli. Ǵalabalıq mashqalalardıń biri urıs hám paraxatshılıq.

XX ásirge shekem urıslar lokal xarakterge iye boldı, aqırı ádette jeke máplerdi gózledi. Durıs, bir waqıtları urıs zárúrli hátteki adamlardıń rawajlanıwı ushın paydalı degen kózqaraslar boldı. (N. Makiavelli, F. Venon, T. Gobbs, D. J. Prudon, F. Nicshe h. t. b). F. Nicshe bılay degen: hám urıs hám erlik jaqınǵa, muhabbatqa qaraǵanda kóbirek ullı isler dóretti. Degen menen, ótkendegi oyshıllardıń bári urıstı usılay maqullaǵan joq. E. Rotterdamskiy, J. J. Russo, I. Kant, M. V. Lomonosov h. b. urıstı qaraladı. XIX-XX ásirde urıs hám militarizmge qarsı gúres pacifizm formasına iye boldı. Eskertiwimiz kerek, hárbir júz jıllıqtaǵı urıslar birinen-biri ótken zulımlıq hám qan tógispeler menen belgili. XVII ásirde Evropada 2 million, XVIII ásirde 5,2 million (onıń 2 millionı Napoleon urıslarında) qırıldı. XX ásir bul boyınsha júdá alda. Birinshi dúnya júzilik urısta 10 million, ekinshi dúnya júzilik urısta 60 million adam qırıldı. Onda 61 mámleket qatnastı. Ol jer betindegi xalıqtıń 80 procentin quraydı. Áskeriy háreketler Evropa, Aziya hám Afrikanıń 40 mámleketiniń territoriyasında bolıp ótti. Massalıq joq etiw qurallarınıń hár qıylı túrleriniń rawajlanıwı (yadrolıq, vodorod, neytron, ximiyalıq, bakteriologiyalıq h.t.b.) sonı ańlatadı, toplanǵan

arsenallardıń adamzattı joq qılıp jer betin tirishilikten mahrum etiwge múmkinshiligi mol. Házir «salqın urıs» tamamlandı, áskeriy- siyasiy bloklar aqırın qıyrap atır hám urıstıń qáwpin biraz tómenletti. Biraq urıstıń birden payda bolıp ketiw qáwpi saqlanıp tur. Sonıń ushın quralsızlanıw, birinshi gezekte massalıq qırıw quralların joq etiwdi qolǵa alıw kerek. Taǵı bir globallıq mashqala-energetikalıq mashqala. Amerikalı alım ekolog V. Smil «úsh kitti» ataydı. Olar: energiya, azıq-awqat hám bizdi qorshaǵan orta, barlıq qalǵanları ekinshi dárejede.

1945-jıldan energiya óndiriwdiń sanı úsh mártege arttı. Rawajlanǵan ellerdiń sanı (jer sharındaǵılardı 7 procenti) energiyanıń 70 procenti paydalanıladı. Al rawajlanıwdaǵı eller (planetanıń 78 procenti) islenip shıǵılatuǵın energiyanıń tek 18 procenti menen shekleniwge májbúr. Bul ayırmashılıq (rawajlanǵan hám rawajlanıwdaǵı eller) tek sanlıq jaqqa ǵana emes, sapalıq jaqqa da iye. Eger rawajlanǵan eller ushın energiya tiykarınan neft, gaz bolsa, az jaǵdayda kómir, rawajlanıwdaǵı eller tiykarınan aǵash, hár túrli texnikalıq mádeniyatlar awıl xojalıǵı óndirisiniń qaldıqların (máselen, Bangladesh 90 procenti. Nigeriyada-80 procenti, Indiyada 66 procenti) tutınadı. Álbette, alternativalıq dep atalatuǵın energiya derekleri ózin onsha aqlamay atır. Buǵan AES lerdiń isten shıǵıwları, ásirese 1986-jılǵı Chernobıl AESiniń avariyası hám onıń jaramsız aqıbetlerden mısal bola aladı.

BMSH nıń esabı boyınsha tek 1990-jılı 143 AES tiń nasaz ekenligi anıqlanǵan. 2000-jılǵı 300 yadrolıq reaktordı jabıw názerde tutılıp atır. Energetikalıq mashqalalardı sheshiwdiń jolları: 1. Shıǵarılatuǵın produkciyanıń energiya jutıw múmkinshiligin azaytıw. 2. Dástúriy sanaat materiallarınıń ornına jeńil, arzan, az energiya jutatuǵın arzan materiallardı (máselen, polattıń ornına alyuminiydi, mıstıń ornına ayna materialdı, metalldıń ornına plastikti) qollanıw. Energiyanı tabıw hám onı paydalanıw shiyki zat mashqalası menen tıǵız baylanıslı. Házirgi waqıtta 1970-jıl menen salıstırǵanda úsh mártebe kóbirek paydalı qazılma óndiredi. Bunnan rawajlanıwdaǵı eller (xalıqtıń 78 procenti) tek 12 procenti ǵana paydalanadı.

A. E. Fersmannıń esaplawınsha XVI-XX ásirlerde jer betinde 50 milliard tonnaǵa deyin kómir, 2 milliard tonna temir 20 million tonna mıs, 20 mıń tonna altın h.t.b. jerden óndirilgen. Házirgi waqıtta jıl sayın jerden 100 milliard tonna qazılma (50 kv. km ge jaqın) alınadı. V. I. Vernadskiy aytqanınday, adamzat tutas alǵanda kúshli geologiyalıq kúsh bolıp baratır. Shiyki zat mashqalasın sheshiw shiyki zattıń qımbat túrlerin arzanları menen almastırıw hám resurslardı saqlawshı texnologiyanı engiziwdi, óndiristi sanlıq kórsetkishlerdi sapalıq kórsetkishlerge baǵdarlaw menen baylanıslı.

## 15-TEMA. KORRUPCIYANÍŃ MÁNISI, AQÍBETLERI HÁM OǴAN QARSÍ GÚRES MEXANIZMLERI

**Joba:**

1. Korrupciya hám oǵan qarsı gúres túsinigi.
2. "Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqında"ǵı nızamı.
3. Korrupciyaǵa qarsı gúres jumıslarında puqaralar hám de puqaralıq jámiyeti institutlarınıń aktivligin asırıw mexanizmleri.

Korrupciya sózi latınshadan alınǵan bolıp, "aynıw", "paraǵa satılıw" - lawazımlı shaxstıń óz hámeli boyınsha berilgen huqıqlardı jeke bayıw maqsetinde tikkeley qıyanet etiwinen ibarat ámeliyat. Xalıqaralıq dárejede 1970-jıllarda Yaponiyaǵa samolyotlar satıwda kompaniya tárepinen joqarı mámleket hámeldarların satıp alıw boyınsha "Lokxid ishi" eń iri korrupciya kórinisi esaplanadı. Birlesken Milletler Shólkemi qáwenderliginde qabıl etilgen EKOSOS (BMSh nıń ekonomikalıq jáne social keńesi) dıń Korrupciyaǵa qarsı gúres rezolyuciyası (1995-jıl ), Mámleket lawazımlı shaxslarınıń xalıqaralıq etika kodeksi (1996-jıl). Milletlerara birlesken jınayatlarǵa qarsı gúres konvenciyası (2000-jıl). 2008-jıl iyul ayında Ózbekstan Respublikasın BMShnıń "Korrupciyaǵa qarsı gúres konvenciyası"na qosılıwı. (2017-jıl ).

Mámleketimiz turmısına qáwip salıp atırǵan túrli qawip-qáterler haqqında gáp keter eken, birinshi náwbette hámeldarlar arasındaǵı

Korrupciya, paraxorlıq, jebirlik sıyaqlı jınayattı, jaramas illetlerdi joq etiwge bólek itibar qaratılıp atır. Mámleketimizde usı mashqalaǵa qarsı gúres máselesine ǵárezsizliktiń dáslepki kúnlerinen-aq saldamlı itibar qaratıp kelinip atır. Korrupciya puqaralarda húkimetke isenimsizlik oyatadı, mámlekettiń xalıqaralıq maydanda óz abırayına ziyan etiwine alıp keledi, investiciya artıwın páseyttiredi, intellektuallıq elita mámleketin tastap ketiwge májbúr etedi, lawazımlı adamlardıń jınayatlı gruppalar menen til biriktiriwlerin tezletedi, yaǵnıy ekstremizm, terrorshılıq penen baylanıslı jınayatlardıń kóbeyiwine alıp keledi, pul qurallardıń shetke aǵıp ketiwine hám soǵan uqsas unamsız jaǵdaylardı keltirip shıǵaradı. Korrupciya dúnya kóleminde sheshiliwi kerek bolǵan global máselelerden biri bolıp tabıladı. Bul illet hárqanday mámleket hám jámiyettiń siyasiy-ekonomikalıq rawajlanıwına saldamlı ziyan jetkizedi, insan huqıq hám erkinlikleriniń ayaq astı bolıwına alıp keledi. Sol sebepli oǵan qarsı gúres xalıqaralıq áhmiyetke iye bolıp, jáhán siyasatınıń zárúrli máseleleri qatarınan orın alǵan. Mámleketimizde de Korrupciyaǵa qarsı gúresiw máselesine bólek itibar qaratılıp, onıń aldın alıwdıń bekkem huqıqıy bazası hám anıq sisteması jaratılǵan. 2017-jıl 3-yanvardan Ózbekstan Respublikasınıń « Korrupciyaǵa qarsı gúresiw tuwrısında» ǵı nızamı kúshke kirgeni Korrupciyaǵa toqtatıw beriw ushın barlıq tiykarlardı jaratıp berdi. Usı nızam atqarıwı tolıq hám nátiyjeli támiyinleniwi ushın 2017-jıl 2-fevralda mámleketimiz basshısınıń "Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqında"ǵı Ózbekstan Respublikası nızamınıń qaǵıydaların ámelge asırıw ilajları tuwrısında"ǵı sheshimi qabıllandı. Hújjette Korrupciyaǵa qarsı gúrestiń tiykarǵı principleri retinde nızamlılıq; puqaralardıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı mápleri ústinligi; ashıqlıq, ashıqlıq hám sistemalılıq; mámleket hám puqaralıq jámiyetiniń óz ara sherikligi; Korrupciyadan eskertiw hám juwapkerliktiń anıqlıǵı boyınsha sharalar ústinligi keltirip ótilgen. Nızam Korrupciyaǵa qarsı gúres salasında mámleket siyasatınıń tiykarǵı baǵdarların keltirip ótedi:

– Xalıqtıń huqıqıy sawatlılıǵı hám huqıqıy mádeniyatın asırıw, jámiyette Korrupciyaǵa qarsı gúresti qáliplestiriw;

– Mámleket hám jámiyet ómiriniń barlıq tarawlarında Korrupciyadan eskertiw boyınsha sharalardı ámelge asırıw;

Korrupciyalıq huqıqbuzıwshılıqtı waqtında anıqlaw, olardıń aqıbetleri, sebepleri hám keltirip shıǵarǵan sharayatlardı saplastırıw hám de korrupciyalıq huqıqbuzarlıqlar ámelge asırılǵanı ushın anıq jazalaw principin nátiyjeni ámelde qollanıw.

Nızamda Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha iskerlikti ámelge asırıwshı hám ol jaǵdayda qatnasıwshı organlar hám de shólkemler, Korrupciyaǵa qarsı gúresiw salasında huqıqıy mádeniyattı kóteriw, Korrupciyanıń aldın alıwǵa tiyisli ilajlar, Korrupciyaǵa tiyisli huqıqbuzıwshılıqtı anıqlaw, olarǵa shek qoyıw, juwapkershiliktiń anıqlıǵı sıyaqlı máseleler anıq belgilep qoyılǵan. Usı nızam menen jaqınnan tanısıw, onıń hárbir statyasın tereń úyrenip, turmısımızda qollanıwǵa umtılıw, ápiwayılastırıp aytqanda, Korrupciya bálesiniń qanshelli qorqınıshlı illet ekenin túsiniw, eń áhmiyetlisi, oǵan qarsı gúresiw hárbirimizdiń puqaralıq minnetimiz bolıp tabıladı. Dúnyada Korrupciyanıń túri de, xarakteristikası da júdá kóp. Onıń kelip shıǵıw sebeplerin ashıw, oǵan qarsı gúresiwdiń nátiyjeli jolların tabıw boyınsha ilimpazlar, túrli institutlar hám xalıqaralıq shólkemler tárepinen júzlegen, mıńlaǵan izertlewler ótkerilgen. Túrli kórsetkish hám nomerler sáwlelengen kesteler jaratılǵan, ayrıqsha reytingler dúzilgen. Hátte Korrupciyanıń hár túrli formulaları da islep shıǵılǵan. Buǵan baylanıslı jumıslar hám izertlewler izbe-iz dawam etpekte. Social-tariyxıy jaǵday, puqaralardıń huqıqıy dúnyaǵa kózqarası, mámleket dúzilisi, ekonomikalıq rawajlanıw faktorlarınan kelip shıǵıp, hárbir mámleket Korrupciyaǵa qarsı ayrıqsha usıllarda gúresip atır. Buǵan baylanıslı eń nátiyjeli jol ele tabılǵan emes. Sebebi Korrupciya bir qarasta ápiwayı jınayat bolıp kóringeni menen tiykarınan onıń kelip shıǵıwı hám jasaǵıshlıq sebepleri júdá quramalı hám quramalı bolıp tabıladı. Bir mámlekette nátiyje bergen usıl basqa mámlekette oǵan shekem nátiyje kórsetpesligi múmkin. Sonıń ushın hárbir mámleket hám jámiyet Korrupciyaǵa qarsı gúresiw jolın ózi tańlaydı, anıqraǵı, qanday jol tuwrı ekenin turmıs kórsetedi. Nızamda korrupciyaǵa qarsı

gúresti keń túrde alıp barıw ilajları názerde tutılǵanı, buǵan baylanıslı hárbir máselege bólek itibar qaratılǵanı biykarǵa emes.

Ózbekstan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti I. Karimov aytıp ótken sıyaqlı: "Hárbir mámleket tariyxında jańa social sapa jaǵdayına ótiw, eń ashınarlısı, Korrupciya hám jınayat sıyaqlı jerkenishli hádiyse menen birge júz bergen. Sol menen birge, jınayat ósiwi tek ǵana reformalar jolına saldamlı tosıq, bálki ótiw dáwirinde belgilengen maqsetlerge erisiwge de qarsı tikkeley tosqınlıq tuwdıradı".

Oraylıq Aziyanıń basqa mámleketleri sıyaqlı Ózbekstan Respublikası da bunnan awlaq emes. Korrupciya sózi « satıw», "satılıw" degen mánislerdi de ańlatadı. Baslıq yamasa juwapker kisi qalayınsha Korrupciyaǵa qol uradı? Buǵan qanday faktorlar sebep boladı? Bul sorawlarǵa juwap hár túrlı bolıwı múmkin. satılatuǵın adam heshbir wazıypanı shın kewilden atqarmaydı. Korrupciyaǵa baylanıslı adam nızamdı buzıwdan tısqarı, óziniń kimligin, sanası, qay dárejede ekenin kórsetedi. Bunday adam tek ǵana finanslıq zıyan jetkizedi, bálki mámleketke, demokratiyaǵa húrmetsizlik etip, abırayın tógedi, oǵan nan-duz berip ilim, bilim bergen el-jurttıń júzine ayaq qoyadı. Korrupciyaǵa qarsı gúresiw salasındaǵı mámleket siyasatınıń tiykarǵı baǵdarları hám principlerin belgilewde bunday huqıqbuzarlıq ushın juwapker anıqlıǵın támiyinlew máselesi qatań qadaǵalawǵa alınǵan. Qalaberse, Korrupciya puqaralar, ásirese, jas áwladtıń social ideyalarına, haqıyqatqa, mámleket shólkemleri hám lawazımlı shaxslarǵa bolǵan isenimin páseytedi. Sonlıqtan, ósip kiyatırǵan jas áwladtı, ásirese joqarı oqıw orınların pitirip, kásiplik jumısın baslaw bosaǵasında turǵan jaslarǵa Korrupciyanıń qanshelli qáwipli illet ekeni haqqında maǵlıwmatlar beriw kerek, álbette. Sebebi, búgingi kún jasları erteńgi qánige, jámiyet hám mámleket basqarıw qatnasıwshısı bolıp tabıladı. Sonı da aytıw kerek, mámleketimizde házir ishki jumıslar, prokuratura shólkemleri hám basqa huqıq uyımları sistemalarında « Korrupciyaǵa qarsı gúres» bólimleri dúzilgen. Bul bólimler áyne waqıtta sol illetke qarsı gúresip, ǵárezsizligimizdi bekkemlewde de ayrıqsha xızmet etpekte. Tuwrı, turmısta túrli jaǵdaylar hám

waqıyalarǵa dus kelemiz. Korrupciyaǵa qarsı gúresiw bárshemizdiń jumısımız. Jámiyetimizde Korrupciya, túrli jınayatlardıń júz beriwi hám basqa huqıqbuzarlıq jaǵdaylarına qarsı gúresiw, olarǵa jol qoymaw, jınayatqa jaza álbette anıq ekeni haqqındaǵı nızam talapların ámelde támiyinlew boyınsha qatań sharalar kóriw zárúrligi aytıp ótilmekte. Jámiyette Korrupciya sheshiliwinde turaqlı múnásibet qarar taptırıw oǵada aktual másele bolıp, eger onı orınlaw sheńberinde juwapker keńseler belgilengen bolsada, onıń tolıq ámelge asıwı ushın hárbir puqara ózinde juwapkershilikti sezingen halda, qoyılǵan maqset hám mashqalalardıń sheshimi payda boladı. Hárbirimiz qayda, qanday mashqalaǵa dus kelsek, onıń sheshiliwinde juwapker adamlardıń juwapkershiliksizligi yamasa dámegóyligine gúwa bolǵanda jaǵdayǵa baǵınıw, úndemey keteberiw yamasa shıdaw ornına gúres alıp barıwımız kerek. Juwapkershiliksizlikke, ádalatsızlıqqa salıstırǵanda mawasasızlıqtı ózimizden baslawımız dárkar. Sonda uyqıdaǵı lawazımlı shaxs oyanadı, moynında qanday juwapkershilik bar ekenin sezinedi. «Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqında» ǵı nızamda biziń buǵan baylanıslı huqıqlarımız kepillik berilgen. Nızamǵa kóre, fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń Korrupciyaǵa tiyisli huqıqbuzıwshılıq faktlerine tiyisli shaǵımları tolıq, qalıs hám waqtında kórip shıǵıladı. Korrupciyaǵa tiyisli huqıqbuzarlıqlar haqqında informaciya bergen adamlardıń qorǵalıwı támiyinlenedi. Mámleketimiz basshısınıń «Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqında» ǵı Ózbekstan Respublikası nızamınıń qaǵıydaların ámelge asırıw ilajları haqqında ǵı sheshimi tiykarında 2017−2018-jıllarǵa mólsherlengen Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha mámleket programması tastıyıqlandı. Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha respublika keńseleraralıq komissiyası dúzildi. Usı komissiya Korrupciyaǵa qarsı gúresiw salasındaǵı mámleket programmalarınıń hám basqa programmalardıń islep shıǵılıwı hám de ámelge asırılıwın quraydı. Korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha iskerlikti ámelge asırıwshı hám ol jaǵdayda qatnasıwshı organlar hám de shólkemlerdiń iskerligin muwapıqlastıradı hám sherikligin támiyinleydi.

# PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR


1.Mirziyoyev Sh.M. Yangi O‘zbekiston taraqqiyot strategiyasi. – Toshkent: O‘zbekiston, 2022. – 416 b

2.Mirziyoyev Sh.M. Erkin va farovon demokratik davlatini birgalikda quramiz. 10 Toshkent: O‘zbekiston, 2021

3.Shermuhamedova N. Falsafa, darslik – Toshkent: Idris Abdurauf nashr, 2021.667-b.

4.Davronov Z., Shermuhamedova N, Qahharova M, Nurmatova M, Husanov B, Sultonova A. Falsafa, o‘quv qo‘llanmasi – Toshkent: TMU, 2019. – 375 b

5.Saifnazarov I., Muxtorov A., Ernazarov D, Usmonov F. Falsafa, o‘quv qo‘llanmasi – Toshkent: Innovatsion rivojlanish nashriyot –matbaa uyi, 2021. – 424 b

6.Madaeva Sh., Shermuhamedova N.va boshqalar Falsafa, o‘quv qo‘llanmasi. – Toshkent: 2019

7.Чумаков А.Н. Философия, учебник.– М.: INFRA. 2018.– 320 с

8.Muxammadjonova L.A. Davlat xizmatchisi etikasi va imidji. – Toshkent: Universitet, 2017

9.Ўзбекистоннинг коррупцияга қарши кураш стратегияси/Алиев Б, Мухтаров А., Норов Т., / ўқув қўлланма. – Тошкент: ТДИУ, 2022. –320 б

10.Nishonova O.Dj. O‘zbek etnomadaniyatining estetik xususiyatlari. – Toshkent: Universitet, 2023

11.Раматов Ж. Лойко А., Жоголь Н., Кушаков Ф. Основные проблемы философии. –Ташкент: 2022

12.Саифназаров И. Мухтаров А., Абдуллаханова Г, Алиматова Н., Эрназаров Д, Философия. Учебник (для вузов экономических специальностей). – Ташкент: Innovatsion rivojlanish nashriyoti – matbaa uyi. 2021. – 424 с.

13.Xakimov N.X. Amriddinova D. Jadidchilik ta’limotida komil inson konsepsiyasining falsafiy mohiyati.–Toshkent: Iqtisodiyot, 2023.

14.Sharipov M. Mantiq. – Toshkent: Universitet, 2003

15.Shermuxamedova N.A. Falsafaga kirish –Toshkent: Innovatsiya – Ziyo, 2024.

**MAZMUNÍ**

1-Tema. Filosofiyanıń mánisi hám jámiyet rawajlanıwındaǵı roli........3
2-Tema. Shıǵıs filosofiyasınıń mánisi jáne social rawajlanıwdaǵı roli.................................................................................23
3-Tema. Batıs filosofiyasınıń ústin turatuǵın baǵdarları hám olardıń pán rawajlanıwına tásiri ...........................................36
4-tema. Bolmıs filosofiyası (Antologiya)..........................................54
5-tema. Rawajlanıw filosofiyası ....................................................65
6-tema. Biliw filosofiyası (gnoseologiya)..........................................76
7-tema. Logika ..........................................................................81
8-tema. Jámiyet filosofiyası...........................................................95
9-tema: Tariyx filosofiyası, civilizaciya hám mádeniyat....................98
10-tema. Insan filosofiyası (Filosofiyalıq antropologiya) .................111
11-tema. Qádiriyatlar filosofiyası (aksiologiya).................................127
12-Tema: Moral filosofiyası (Etika).................................................130
13-tema. Gózzallıq filosofiyası (Estetika). ........................................139
14-tema. Globallasıw hám turaqlı rawajlanıw filosofiyası ..................145
15-tema. Korrupciyanıń mánisi, aqıbetleri hám oǵan qarsı gúres mexanizmleri......................................................................149
Paydalanǵan ádebiyatlar.....................................................................154

**JAMALOV NURLAN YUSUPOVICH**

# FILOSOFIYA PÁNINEN

**Metodikalıq qollanba**

NÓKIS – «NUR TURAN PRINT» – 2025

Redaktorı Sh. Tursınbaeva
Tex.Redaktorı N. Qaypbergenova

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 19.08.2025.
Formatı $60x84^{1}/_{16}$. Tip «Times New Roman» garniturası.
Kegl 12. Ofset qaǵazı. Ofset baspa usılında basıldı.
Kólemi 9.75 b.t. Nusqası 100 dana.
Bahası shártnama boyınsha.
Buyırtpa № 80/25.

Baspa licenziyası 940893. 25.01.2021. sánesinde dizimnen ótken.

«NUR TURAN PRINT» baspası, 230100,
Nókis qalası, Zıyalı kóshesi, 40 úy.

«NUR TURAN PRINT» tipografiyasında basıp shıǵarıldı.